63.3
Б 63

Данияр БЕЛАСАРОВ

# ХОЖЕЛИ





*Данияр Беласаров Хожели қаласында туўылған. Ол 1977-жылы Алматы Политехникалық институтын питкерди. 1983-жылы Москва МИСИ ди (Москва инженерлик қурылыс институты) тамамлады. Соңынан Халықаралық Академияның юридика факультетин сырттан оқып питкерген. 1977—1983-жыллары Тақыятас қаласындағы оңлаў-механика заводында цех баслығы, 1983-84-жылларда Нөкис қаласы №1 автокәрхана баслығы, 1984—1986-жыллары «Қарақалпақ оңлаў-қурылыс» басқармасының баслығы, 1988—1992-жыллары Хожели районлық шөлкемлестириў бөлиминиң инструкторы, 1992—2001-жыллары Хожели қаласындағы «Хожели» мәмлекетлик кооперативлик концерни президенти, 2001-2009-жыллары Нөкис қаласы хәкимиятының болим баслығы, 2001-жылдан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бас қәнийгеси лаўазымларында иследи.*

*Д. Беласаров 2006-жылдан Қарақалпақстан хәм Өзбекстан Жазыўшылар Аўқамының ағзасы, халықаралық Antique World Илимий Академиясы сыйлығының лауреаты, доцент, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген жаслар устазы. «Қашарман топ» федерациясы президенти. Оның дәслепки шығармалары 1970-жыллардың басларында жарық коре баслады. Хәзирге шекем ол «Ер Қосай»(1996), «Сатыпалды палўан»(2000), «Табын шежиреси»(2001), «Әдил батыр ким еди»(2006), «Қашарман топ»(2007) сыяқлы гүрриң хәм публицистикалық, прозалық топламларын бастырып шығарды.*

63.3
Б63

ДАНИЯР БЕЛАСАРОВ



# ХОЖЕЛИ

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
НӨКИС
2011

ББК 63.3 (О-Қар) Б-63

**Д. Беласаров. Хожели.** «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис. 2011-жыл. 180 бет.

**УДК: 94 (575.172) + 39(575.172)**

Д. Беласаровтың «Хожели» атлы бул китабында Хожели қаласының тарийхы, раўажланыўы, усы жерде туўылып, өзлериниң ҳадал мийнети, исшеңлиги, билими менен халқымызға танылған азаматлар ҳаққында сөз етиледи.

*Пикир билдириўшилер:*

**Р. БАЗАРБАЕВ** — *тарийх илимлериниң кандидаты.*
**О. ДОСПАНОВ** — *тарийх илимлериниң докторы.*

81662 ~~298829~~

MA RESURS ORAYI

**ISBN 978-9943-346-29-1**

© **«Қарақалпақстан» баспасы, 2011-ж.**

## КИРИС СӨЗ

*Киндик қаным тамған туўған жерим,*
*Хожелиге бағышлайман.*

Тарийхың теренде сениң — Хожели!
Не дәўир өтпеди сеннен — Хожели!
"Жипек жоллар" дәрбентисең, Хожели!
Сап жүректиң ҳүрметисең, Хожели!
Бес қаланың биреўисең, Хожели!
Шын дослықтың тиреўисең, Хожели!
Әзелден мийнеткеш халқың, Хожели!
Сонлықтан бәлентдур даңқың, Хожели!
Дәрбент жоллар тутасқан ел Хожели!
Тиллерде дәстансаң бүгин — Хожели!
Билим дәргайысаң өзин — Хожели!
Атақлы перзентлерди берген — Хожели!
Ҳәмме уйып тыңлар сени — Хожели!
Сен Қыдыр дарыған елсең — Хожели!
"Жипек жол"ға уллы дәрбент, Хожели!
Бақшасы, бағлары — жәннет Хожели!
Мында бир дәртлерге дәрман, Хожели!
Миллион жүреклерге әрман, Хожели!
Бес қаланың бири, тарийх Хожели!
Таўсылмас шежире, тәрип Хожели!
Берекет дарыған — бостан, Хожели!
Жарқырап атырған — аспан, Хожели!
Уллылыққа уллы — ўатан, Хожели!
Сулыўлыққа ата мәкан, Хожели!
Топырағы - зер, халқы - зергер, Хожели!
Қудай берекетти берген, Хожели!

Ели тыныш, халқы абадан турмыс кеширип атырған муқаддес Ана — Ўатанымыз Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның ғәрезсиз ел деп жәрияланғанына мине быйыл 20 жыл толады. Әсирлер бойы әрман еткен халқымызды еркинлиги, азатлығы иске асқан күни орынланып, Хожели халқы да абадан турмыста жасамақта.



Республикамызда айырықша орны бар, бес қаланың бири — Хожелиниң мийнетте зәбердес халқыда жылдан-жылға айтарлықтай табыслар менен ислемекте. Тынымсыз мийнеттиң нәтийжесинде барлық тарауларда көзди қуўандыратуғын жаңалықлар жүз бермекте. Бүгинги күнге келип, Хожели Қарақалпақстан Республикасының аўыл хожалығы ҳәм санааты раўажланған, экономикалық жақтан бираз турақласқан районының бирине айланды.

Адамзат жәмийетиниң алға илгерилеўинде оғада әҳмийетли орын туткан қалалардың гүллеп раўажланған турмысын, мәдениятын ҳәм олардың пайда болған заманында әзелги тарийхына байланыслы көпшиликтиң дыққатына ылайық қызықлы мәселелерди изертлеў ҳәм сол арқалы халқымыздың руўхый талабын қанаатландырыў тарийх илимлериниң алдындағы айрықша әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып есапланады.

Қарақалпақстан Республикасының аймағы тарийхый естеликлерге оғада бай. Қарақалпақстан тарийхының биринши томында Қарақалпақстандағы "сахралар ашық даладағы кең музейге усап турады" деп жазылған. (Қарақалпақстан Республикасы тарийхы. Нөкис. 1975. "Қарақалпақстан". 19-бет)

Қарақалпақстан Республикасындағы қалалардың ҳәр бири өзине тән әжайып шежире-тарийхына ийе. Биз сөз етип отырған Хожели қаласының шежире-тарийхы да қызық.

Халықты социаллық қоллап-қуўатлаў, турмыс дәрежесин еле де беккемлеў барысында көплеген жумыслар исленбекте. Әсиресе, жасларға болған итибар айырықша.

Хожелиде пахта зүрәәти ушын 299 фермер хожалығы менен 23200 тонна пахта жетистириў бойынша шәртнамалар дүзилип, мийнеткеш халқымыз белгиленген шартнаманы ақ жүзли-абырой менен орынлап шығыў ушын мийнет ислемекте. 299 фермер хожалығына 33 мың гектар жер майданы ажыратылып берилген. Фермер хожалықларында 2250 адам жумыс ислейди.

Районда барлығы болып 521 бизнес субъектлери дизимнен өткен, усы киши бизнес субъектлери тәрепинен 824 жумыс орны жаратылған. Соның менен бирге 3 қоспа кәрхана, яғный сырт ел инвесторлары менен жумыс ислейди.

Ғәрезсизлик шарапаты менен әтирапты абаданластырыў, жасап турған мәканды көклемзарлыққа айландырыў ири-ири қурылыслардың пайда болыўы, халыққа турмыс хызметин көрсетиў орынларының заманагөй көринислери Хожели халқын сүйсиндиреди. Миллетлер аралық татыўлықты беккемлеўге, олардың дос-туўысқан болып, жасаўына кең мүмкиншиликлер жаратылған.

Экономикамыздың алға илгерилеўи — халқымыздың тынымсыз мийнетиниң жемиси. Қурылыс тараўында барлық дереклер есабынан ири қаржылар өзлестирилип, өткен дәўирге салыстырғанда әдеўир өсимге ерисилди. 360 орынға мөлшерленген байланыс колледжи қурылысы толық питкерилип, пайдаланыўға тапсырылды.

Ана топырақ, туўған жер, Ана-Ўатан деген сөзлердиң қаншелли дәрежеде уллылығын ҳәр биримиз жүдә жақсы түсинемиз. Сонлықтан Ана жеримиздиң қәдир-қымбатын, оның ҳәр бир шөп ҳәм гиясын асырап-абайлаў, қәдирлей билиўимиз дәркар. Себеби, бул әзийз Ўатан- бәршемиздики!

Усы китапты жазбасам болмайтуғын болды, себеби Хожели мениң туўған жерим, мениң балалық, жаслық-жигитлик, ересек жигит ағасы болған ўақтымның гүўасы. Өзимниң туўған жерим, Хожелини ҳеш жерге алмастырғым келмейди. Азияда, Европада, Африкада соның ишинде Мекке-Мадинада, Нью-Йоркта, Вашингтонда, Парижде, Берлинде ҳәм басқа жерде жүргенимде де, туўған жерим — Хожелини сағындым. Хожелиниң елин сағындым, дәрьясының ылай суўын сағындым, жағымлы ҳаўасын, жумсақ-сазлы топырағын сағындым, Хожелиниң аққөкирек, ақыллы, көпти-көрген, данагөй, ақыл-кеңеслерин аямайтуғын ақсақалларын, яр-досларымды, сәлеми дүзиў инишеклерди сағындым, салдамлы сулыў, ақыллы апа-қарындасларымды сағындым. Хожелини сағынбасқа болмайды, себеби ол-Хожели. Атының өзи айтып турыпты. Кийели жер. Қыдыр дарыған, Қудай берген жер!

Усы китапты жазарда, көп жақсы инсанлар менен сөйлестим, ақыл- кеңеслерин алдым. Уллы устазымыз, академик, Қарақалпақтың Герадоты, жатқан жери жәннетте болсын Сабыр аға Камаловтың ақыл-кеңеслери хеш есимнен шықпайды. Ондай жақсы адамлар дүньяға бир келеди. Хожелининң тарийхы үлкен, жазыў керек иним деп жақсы-жақсы илимий кеңеслерин айтты. Оннан басқа белғили инсан, Хожелининң тарийхын жақсы билетуғын Ғайратдин аға Хожаниязов пенен көп саатлап пикир алыстық, жақсы кеңеслерин айтты. Мухаммедшарип Кдырниязов, Мақсет Қарлыбаев, Сабит Нуржанов, Асқар Жумашев, Рахим Базарбаев, Мырзалы Турабеков, Султан Сайпанов, Максет аға Тилеўмуратов, Мырзамурат аға Мәмбетуллаев, Бахыт Коцанов, Оңғарбай Юсупов, Октябрь Доспанов, Аяп Қалилаев, Айсулыў Искандерова, Алишер Қудияров, Хожахмет аға Есбергенов, Мәтибай Бердиев, Хайтбай Абдисадықов, Ғайиб аға Якубов, Халила Дәўлетназаровлар өз кеңеслерин берди. Соның менен бирге материалларды топлаўда ҳәм анализлеўде Улмекен Айтимованың ҳәм Гүлбәҳәр Нуратдинованың орны гиреўли болды. Жоқарыда аты аталған инсанлардың ақыл-кеңеслеринен ҳәм жазба мийнетлеринен пайдаландым. Булардың барлығына өз рахметимди айтаман, оларға ден саўлық, узақ өмир, бахыт тилеймен!

Хожелининң тарийхы үлкен, оны Хожелининң тарийхын изертлегенде билдим ҳәм түсиндим. 2450 жыл үлкен ўақыт аралығы, Хожелини изертлеў керек, келешек әўладқа керек ҳәм өзимизге де керек. Усы китап, айтылған пикирлердиң басламасы.

Ғәрезсизлик заманынында жасап атырған ҳәр бир Хожелишининң жүреклерин толып-тастырған ийғиликли әрманларымыз ҳәм тилеклеримиз иске аса берсин, аспанымыз ашық, қуяш жарқыраған елимиздиң ҳәр бир шаңарағында қуўанышлы күнлер, той-тамашалар көп болсын! Муқаддес, баўыры кең жеримизден бәрҳәма меҳир- муҳаббат, гөзаллық ҳәм берекет арымасын! Шаңарақларға тыныш-татыў турмыс, ислериңизге тасқын табыслар тилеймен.

**Сизлерге ҳүрмет пенен,**
**Данияр ҳажы Беласаров**

1992-2011-жыллар Хожели қаласы.

## ХОЖЕЛИ ҚАЛАСЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ТАРИЙХЫ ҲАҚҚЫНДА...

Хожели қаласы Орайлық Азияда ең ески қалалардың бири. Қолда бар илимий дереклер бойынша оның жасы 2400 жылды қурайды. Лекин, қаланың салыныў дәўири, алдағы ўақытлардағы жүргизилетуғын изертлеўлер менен және де тереңлестирилиуине гүман жоқ. Себеби, қаладан тастан исленген қураллардың табылыўы Хожели аймағында халықтың бизиң эрамызға шекемги IV - III әсирлерден берли жасап атырғанлығын көрсетеди.

Орта әсирдиң жазба дереклерде Хожели қаласы Миздахқан деген атама менен белгили болған. Ол ҳаққында Х әсирде жасаған араб географлары Ибн Русте ҳәм ал-Истрахилер жазып қалдырған. Сондай-ақ, тағы бир араб географы ал-Макдисидиң 985-жылғы корсетиўинше Миздахқан 12000 феодал қорғанларының орайлық қаласы болған. Белгили шығыстаныўшы алым О.Г. Большаковтың анықлаўынша Миздахқан майданы бойынша орта әсирлердеги Арал бойы қалалары Гурганж (Журжания) ҳәм Қыяттан кейинги үшинши қала болып есапланған.

Қаланың ең әййемги бөлеги халық арасында Гәўир қала деген ат пенен белгили болып, ол тоғыз гектардан аслам майданға ийе болған тәбийий төбе

Үстине бизиң эрамызға шекемги IV әсирде салынып, қалың дийўаллар менен қоршалып, минаралар менен беккемленген.

Бизиң эрамыздың басларына келгенде қала аймағы кеңейип, бир қанша раўажланады. Усы жерде соны да айтыўымыз керек, Хожели қаласы тарийхы бойынша белгили алымлар В.В. Бартольд, Я.Г. Гулямов, А.Ю.Якубовский, С.П. Толстов, С.К.Камалов, В.Н. Ягодин,М. Мәмбетуллаев, Ғ.Хожаниязов, М.Кдырниязов, М.Турабеков, О.Юсупов, Х.Есбергеновлар ҳәр қыйлы дәўирлерде изертлеген ҳәм пикирлер айтқан.

Қубла Арал бойын араблар жаўлап алғанда олар өзлериниң биринши найыбын (наместнигин ямаса бақлаўшысын) дәслеп усы Хожелиде отырғызып, кейин ала оны Гурганжге (Журжания) өткериўиниң өзи Миздахқанның VIII әсирлерде де Орайлық Азияда орайлық қалалардың бири болғанлығынан дерек береди. Бул фактты тарийх мойынлайды.

IX – XI әсирлерде қалада жаңа қорған дийўаллар тикленип, ҳәким сарайлары салынады. Қытай теңгелериниң, жер орта теңизи бойы шийше ыдысларының, Қара тениз бойы затларының қаладан табылыўы Миздахқан Шығыс пенен батысты байланыстырған



**Әмиўдәрья бойындағы Венеция**

халық аралық саўда Жипек жолы тармақларының бойында жайласқанлығын дәлиллейди. Бул дәўирде қалада Қытай, Араб, Парсы, Қара теңиз бойы саўдагерлериниң тоқтап өткенлиги белгили.

XI - XII әсирлерде қала ҳәкиминиң жаңа сарайлары, пуқаралық ҳәм диний архитектуралық қурылыслар бой тикледи. Олардың қатарына бүгинги күнге шекем сақланып келген Ережеп кәлпе атлы мешит-медиресе, жума мешит, қалендерхана, бир неше әжайып махбаралар жатады.

1219–1221-жыллары Шыңғысхан басшылығында моңгол армиясы тәрепинен Орта Азия еллериниң жаўлап алыныўына байланыслы ўақытша үзилиске түскен Миздахқан қаласы XIII әсирдиң екинши ярымында қайта тикленди. Жасаўшы халықтың пикиринше, еки бийик төбелик арасындағы ашық кең майданға жаңа қала салынады. Жергиликли халық арасында оны “Шаҳар Антакия” деп те жүргизиледи.

Алтын Орда дәўиринде қаланың гүллеп раўажланыўына “Уллы жипек халық аралық саўда жолы” ның қайта тиклениўи күшли тәсир жасайды.

Усы дәўирде қалада өнерментшилик раўажланады, саўда жолға қойылады, жаңа пуқаралық ҳәм диний қурылыслар бой тиклейди. Олардың арасында жер астында салынған Мазлумхансулыў, Шамун набий, Режеп (Ережеп қалпе) Халифе, Қырық шопан сыяқлы архитектуралық қурылыслар айырықша орын тутады.

XIV әсирдиң ақыры XV әсирлерде Әмиудәрьяның тийкарғы ағысының Сарықамыс тәрепке қарай ағыўынан суў тамтарыслы-

ны себепли, ишки ҳәм сыртқы сиясий жағдайларға байланыслы қалада тиришилик көлеми тараяды, қала халқының белгили бөлеги қоныс өзгертиўге мәжбүр болады. Әмиўдәрья суўының XVI әсирдиң орталарынан баслап қайтадан өзиниң бурынғы ески саласы арқалы Арал теңизине қарай ағыўы менен Хожелиниң қайта тиклениў қубылысы орын алады.



**Хожелиниң бас кийим сатыў базары (XVIII-әсир)**

Мине, усыған байланыслы әййемги ҳәм орта әсир Миздахқанлылардың әўладлары жаңа қалаға тийкар салады ҳәм оған Хожалар ели деп ат береди.

Миздахқан — Хожели қаласының еки мың төрт жүз жылдан аслам ўақыттан берли жасап киятырғанлығын дәлиллеўши баслы көрсеткишлер қатарына қала халқының қойымшылығы киреди. Халық арасында “Мазлумхансулыў” аты менен белгили бул муқаддес орында әййемги зороастризм дини дәстүрлеринен баслап бүгинге шекем қала марҳумлары жерленип келмекте.

Хожелиниң әййемги ҳәм орта әсирлердеги Миздахқан бөлеги өзиниң илимий ҳәм мәдений қуны жағынан Орайлық Азияның белгили қалалары Афрасиаб, Пянджикент, Отырар, менен бир қатарда турады. Мине, усы жағдайды есапқа ала отырып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Миздахқан комплексин ашық аспан астындағы қорық музейге айландырыў ҳаққында арнаўлы қарар қабыл етти. Хожели қаласы естеликлери халық аралық туризм нәзерин өзине аўдарады ҳәм халқымыз ушын хызмет етеди.

Ҳәзирги ўақытта Хожели Қарақалпақстан Республикасында аўыл хожалығы ҳәм санааты раўажланған қала болып есапланады. Хожели Қарақалпақстан Республикасындағы бес қаланың бири, үлкен аграрлық ҳәм басқа да халық хожалық тараўлары раўажланған районлардың бири. Өзиниң географиялық жайласыўы бойынша Нөкис, Қанлыкөл, Шоманай районлары ҳәм Түркменстан Республикасының Гөне-Үргенш районы менен шегаралас. Хожели қаласы Әмиўдәрьяның сол жағасында жайласқан.

Районның улыўма жер майданы 875 кв.км.

Хожели қаласы Азиядағы ең ески қалалардың бири. Ол жасы жағынан Бухара ,Самарқанд, Хийўа қалалары менен бир қатарда турады. Хожелиге адамлардың қонысланыўы бизиң эрамызға шекемги IV —III мыңыншы жылларға туўра келеди.

Хожели орта әсир тарийхында Миздахқан деген атама менен белгили болып, ески қаланың қалдықлары ҳәзирги таза Хожелиниң күн батар қапталында үш төбеликте ҳәм олардың аралығындағы кеңисликте орналасқан. Жергиликли халық оларды Гәуирдың қаласы, Антакияның қаласы, “Кохи Антакия”, Шамунның қаласы ямаса Мазлумхансулыўдың қаласы деп атайды.

XVII әсирде тарийхта Хожели атамасы пайда болды. Хожелиниң бир неше рет қорғанлары салынады. Солардың бири Жақсылық бий басшылығында 1773 -1775-жыллары салынған. XVI – XIX әсир даўамында Миздахқан қоймшылықта Жети Қарий, Абдираман Шаламан, Шамун Набийдиң баласының махбарасы атлы бир неше қурылыслар бой тиклейди. 1811-жылы Пирим ийшанның медиресеси салынады. Қала халқы зергершилик, гүлалшылық, тоқымашылық, қурылыс, дийқаншылық, шарўашылық ҳәм балықшылық сыяқлы 60 қа жақын (гүлалшы, темир уста, пышақ устасы, сымшы, бояўшы, ақ майшы, сүўретши, тәуип, сыпықшы, шегеши ямаса мыйықшы, қағазшы, тас қопарыўшы, тигинши, орамалшы, суўшы, балықшы, балық қуўырдақшы, аспаз, чалма тиғиўши, алаша тоқыўшы, ҳалўашы, қамышшы, мөрши, зергер, таға қағыўшы, шырақшы, дуўлғашы, өрмек тоқыўшы, жипши, шапаншы, қамыршы, көйлек тоқыўшы, тигинши, жипекши, ағаш уста, гербиш өриўши, етикши, тоншы, шаштәрезши, киңизши, ерши, шойыншы, нанбайшы, галош тиғиўши, мәсиши, малақайшы, гилемши, тақыяшы, шийланшы, телпекши, бөрекши, майшы, нанбайшы, дузшы, пахташы, т.б.) ҳәр түрли өнерментлик пенен шуғылланған. (М.Юлдашев, К истории торговых посольских связей Средней Азии с Россией в XVI–XVII вв., Ташкент, 1964г. “Наука” стр12,13).

XIII әсирдиң екинши ярымынан баслап Батысты ҳәм Шығысты байланыстырыўшы “Уллы жипек саўда жолы” қайтадан жолға қойылыўына байланыслы Хожели қайтадан тикленди. Қытай, Индия, Иран, Сирия еллери, Волга бойы ҳәм Қара теңиз жағалаўларындағы қалалардың саўдагерлери, саяхатшылары усы жерде тоқтап өткен.

Район экономикасының тийкары — аграрлық яғный пахташылық ҳәм жеңил санаат.

Хожелиде пахта тазалаў заводы, жип ийириў фабрикасы, май, сүт, гүриш, гербиш, шийше, асфальт заводлары, кийим тигиў ҳәм ғилем тоқыў цехлары, халыққа турмыс, саўда хызметин көрсетиў кәрханалары, баспахана ҳәм халық хожалығының басқа да тараўлары бойынша көплеген киши ҳәм жеке кәрханалар бар.

Районда пахташылықтан басқа шарўашылық, пиллешилик, бағшылық, палызшылық, палҳәррешилик, туқымшылық тараўлары да раўжланған.

Райондағы "Хожели толасы" акционерлик жәмийети пахта талшығының сапасы халықаралық стандартқа сай келген ушын 1998-жылы алтын медаль менен сыйлықланды.

Районда 4 автокәрхана бар. Республиканың районлары ҳәм басқа республикалар менен қатнасыў мүмкиншиликлерине ийе болыў ушын Хожели — Ташкент, Хожели — Алма-Ата маршрутларына автобус қатнаўы жолға қойылған. Буннан басқа, Қоңырат темир жол линиясы арқалы районның Қазақстан, Россия ҳәм тағы басқа да сырт еллер менен байланысы бар.

Тарийхтан мәлим болғанындай Уллы Жипек жолы Хожели районы үстинен де өткен. Ҳәзирги ўақытлары да халықаралық жол статусына ийе болған Хожели — Қоңырат — Бейнеў — Россия — Европа (трансмагистраль) жолында заманагөй имаратлар қурылмақта. Бул жерде тоқтаўшылар ушын барлық қолайлықлар жаратылады.

Әўелден уста дийқанлар ели болған Хожели дийқанларының ишинен мийнетте ерискен табыслары ушын Бердибай Қурбанов, Юлдаш Мәткаримов, Оразбай Дилимбетовлар ўақтында " Мийнет қаҳарманы" деген атаққа миясар болған.

Екинши Дүньяжүзлик урыста Ўатанды қорғаў ушын 7867 хожелиши урыста қатнасқан. Район аймағында 3 жерде оларға арналған естеликлер орнатылған.

Райондағы барлық исленип атырған жумыслар тийкарынан халықтың ийгилиги, турмыс дәрежесин жақсылаў, тынышлығын тәмийнлеў, абаданлығын арттырыўға бағдарланған. (Хожели районы ҳаққында қысқаша мағлыўмат Хожели қаласы, статистикалық мағлыўмат 2010-жыл.)

Шығыстағы төбешик (Шамун қала) әйемги ўақытлардан бүгинге шекем Хожелишилердиң қәбирстаны хызметин атқарып келген. Еки мың жылдан аслам ўақыттан берли Хожелишилердиң өли жерлейтуғын теберик орны — Мазлумхансулыў төбелигинде XVII - XIX әсирлерге тийисли көплеген махбаралар ҳәм саханалар жайласқан. Олардың қатарына Шамун Набийдиң баласының махбарасы, Турсын хожа, Жети батыр, Сүйин ийшан саханалары, Гаде ийшан, Гоклен ийшан, Абдрейим шаламан ҳәм Мөдеминхан махбаралары, Ерназар палўан бий Нияз бий улының ҳәм Хожелиниң XIX –XX әсирлердиң басларындағы ҳәкимлери (бий-беклери) Муртаза бий менен Әўезжан бийлердиң қәбирлери, Хожели

районы ҳәм қаласының бурын өткен белгили ақсақаллары менен басшылары, пуқаралары жатады. Сондай-ақ, бул теберик орында белгили шайыр Қармыс Досанов ҳәм эстрада қосықшысы Замийра Хожаназарова жерленген.

Әййемги зороастризм дини дәстүрлерине тән оссуариялық қәбирлердиң үстин орта әсир мусылман қәбирлери жаўып турыпты. Жомарт қассап (Гайомард) төбешигинде болса зороастризм дини дәстүрлерине тән қурылыс (II – VII ә.) үстине IX – XIV әсирлерге тийисли мусылман қәбирлери қойылған.

Төбешикте орта әсирлерде бир-қатар әжайып җәмийетлик ҳәм диний архитектуралық қурылыслар тикленеди.

Ережеп Қәлпе (Қәлпе Ережеп) XI- XII әсирлердеги Миздахқан архитектурасы дүрданаларының бири. Археологиялық изертлеўлер Ережеп қәлпениң XI-XII әсирлерде мешит-медиресе хызметин атқарғанлығын, ал XIV әсирге келгенде оның махбараға айландырылғанлығын көрсетти. Оның дәслепки улыўма бийиклиги 16 метр болған, ени 9 метр, бийиклиги 5 метр, гүмбез бенен бастырылған, қубла қабырғасы пүткил ойма нағыслар, араб жазыўлары ҳәм шырша плиталар менен безелген.

Жума мешит комплексинде еки мешит, ханако (Қалендархана), асхана ҳәм сырлы жер асты махбара жайласқан. Мешитлер қам ҳәм писken гербишлерден өрилип үсти колонналар жәрдеминде бастырылған. Қабатлас жайласқан мешитлердиң бириниң михрабы XII –XIII әсирлерде ойма араб-насх жазыўлары. Геометриялық нағышлар ҳәм реңли бояўлар менен безелген.

Ханако XIV әсир Хорезм қәўими ҳәкими Қутлуғ Тимур тәрепинен шейх Сулайман Хаддадийге арнап салдырылған Жазба дәреклерде, Қубла Арал бойында, орта әсирлерде өткен белгили шейх — әўлийелер қатарында Сулайман Хаддадийдиң болғанлығы мәлим. Мәселен, XIV әсирлердеги Гургандж ҳәкими Қутлуғ Тимурдың 1349-жылы жазылған вакуфнамасында төмендегилерди көремиз. Ол пайғамбарлар әўлады, сейит, шейхлар шейхы — Сулайман Хаддади Мусевийге иззет ҳәм ҳүрмет ретинде белгили әўлие Миздахқан төбелиғинде ақ ханако салдырған, Миздахқаннан (Хожели) Бағдатқа ("Қараөзек", "Қуралпа" ДФХ) шекемги жерлерди, Тулии-Ятқанды ҳәм тағы да үш каналды шейхтың атына ўақым жер етип берген. Өзиниң шейхқа деген берилгенлигин ҳәм садықлығын тастыйықлаў мақсетинде Қутлуғ Тимур жоқарыдағыларға қосымша Хийўадағы Вари аўылында үлкен ханако салдырады ҳәм оның дөгерегиндеги жерлерди ўақым жер етип қосып береди. Бул ҳаққында Гургандж ҳәкиминиң жарлығы рамазан айының екинши сәнесинде 1349-жылы дүзилген.

Бул ўақым жерлер ҳаққында Қутлуғ Тимур дәўиринде дүзилген ҳүжжетлердиң XVII әсирдиң орталарында тағы ғәп болғанын тарийхый дереклерден белгили. Хижрий 1070 (1659 - 1660)-жылы Сулайман Хаддадийдиң әўладларының бири, сол ўақыттағы патша Абдулғазы Баҳадурханнан, ўақым жерлерди қайтарып алыў ҳаққында талап еткен. Абдулғазы оны анықлаў ушын Қутлуғ Тимурдың 1349-жылы берген "Вакуфнамасын" тексерип көрген ҳәм оны көширип алыўды молла Тахир ибн молла Ашық Хивакийге тапсырған.

Тарийхый дереклерде көрсетилген Сулайман Хаддадийге арнап Қутлуғ Тимур тәрепинен салынған "ақ ханако" 1987 - 1990 - жыллары Миздахқан комплексинде толығы менен қазып ашылды. Сондай-ақ, оның менен байланыслы жер асты қурылыстың бар екенлиги анықланды. Ханаконың арқадағы есиги арқалы жер астына қарай жети текшеге шекем тазалап қазыў мүмкиншилигине ийе болынды. Соңғы жылларда оның үстине өли жерленип кеткенлиги себепли, оннан арман жер асты қурылысын кеңейтип ашыў мүмкиншилиги жоқ. Бизиң пикиримизше, усы жерде Мазлумхансулыўдың қурылысынан кейинги Қарақалпақстан аймагындағы екинши жер асты ханако қурылысы болыўы менен, онда сол шейхлар шейихы Сулайман Хаддади — Мусевий дахм етилген. Демек бул өз гезегинде XIII –XIV әсирлердеги Қубла Арал бойындағы ең кәраматлы орынлардың бири болғанлығын көрсетеди (Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. Нөкис, 1994-жыл. Ғайратдин Хожаниязов, Оңғарбай Жумабай улы Юсупов. НМПИ, ОИАКБТАЭИ. 32-33-48-49-бетлер)

Сөзимиздиң соңында Қарақалпақстанның белгили шайыры ҳәм Хожели ҳаққында көплеген қосықлар жазған Т.Қабуловтың "Ҳәзир Хожелиниң жасы нешеде?"— деген қосығы менен жуўмақламақшымыз.

–Ҳәзир Хожелиниң жасы нешеде?
Оны археолог я архив шеше ме?
–Миздахқан қорғанын көрген адамға,
Аттан анық болар, барлық мәселе.

Түркстаннан келген Әлемин хожа,
Диндар инсан болған ҳүжданы таза,
Ол — буннан еки мың төрт жүз жыл бурын,
"Мазлумхансулыў"дан алынған поса.
Бул үлке – соңынан сыбай ел болған,
Берекет дарыған қутлы жер болған.

Ийман жүзли инсанлардың көп болып,
Өсип-өниўине себепкер болған.

"Хожалар ели" соң — Хожели болған,
Жипек жолдың "өлең төсеги" болған.
Бул топыраққа кимниң табаны тийсе,
Хожели — оның өз ели болған.

Ҳәзир Хожелиниң жасы нешеде?
Оны жас шеше ме, ғарры шеше ме?
— Тарийхты дөреткен халық саў болса,
Анық шешиледи барлық мәселе.

## ГӘЎИР, АНТАКИЯ, МИЗДАХҚАН — ХОЖЕЛИ

Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримовтың халқымыз ғәрезсизликке ерисиўи шарапаты менен жүргизип атырған тарийхый ҳәм мәдений естеликлерди қорғаў, рууҳый байлығымызды арттырыў үстиндеги сиясаты бизиң ҳәр биримизден ис жүзинде қоллап-қуўатлаўды талап етеди. Соңлықтан да районымызда бул бойынша алдағы ўақытлары бир қанша жумыслар



**ГӘЎИРҚАЛА.**
Қаланың улыўма көриниси көриниси
(Ю. А. Рапопорта ҳәм Г. С. Костинаның
реконструкциялаўы бойынша).

жүргизиў, илажлар өткериў миннетли ўазыйпаларымыздың бири болып есапланады.

Хожели халық аўзындағы атақлы бес қаланың бири болып табылады. Бул жердиң турақлы мәкан болып қәлиплескенине 2400 жылдан асып баратыр деген илимий тастыйықлаўлар бар. (В.Н.Ягодин, М.Мәмбетуллаев, Ғ.Хожаниязов, М.Қдырниязов, М.Турабеков т.б.) Тарийхта Хожели атамасы келип шықпастан бурын Гәўир, Антакия, Миздахқан деген атамалары менен белгили болған. Хожелиниң үстинен Үлкен жипек жолы кәрўанлары шығыс еллерине үзликсиз өтип турған. Сол ўақытлары да, усы жерде жасаған халықлар олардан жоқары мәдениятты, саўда-сатықты үйренген. Оныншы әсирде жасаған араб географы Махдисидиң көрсетиўи бойынша Миздахқан ең дәслепки қәлиплескен қала болған. Оның әтирапында 12 мыңнан аслам (аўыллар) феодаллық қорғанлар болған. Хожели қаласы ҳаққында мағлыўматларды Махдиси жасаған дәўирдиң белгили алымлары Әбиў Әлий ибн Омар, ибн Русте эль Истахрийлардың мийнетлеринен де көриўге болады. Сондай-ақ Хожелиниң әўелден бизге мәлим ҳәм соңғы ўақытлары белгили болған бир қанша естеликлери, ески базарлары, суўғарыў системасы, тәбияты, халқы, мешит-медреселери ҳаққында рус ҳәм басқа да шет ел илимпаз-изертлеўшилери, саяхатшылары, сүўретшилери, әскерий экспедициялардың ағзалары тәрепинен жазып қалдырылған архивлик материаллар бар.

Хожелиниң ең бир белгили мәдений ҳәм тарийхый естеликлериниң бири — Миздахқан қалашасы. Онда бир қатар естеликлер менен гүмбезлер жайласқан. Атап айтқанда Мазлумхансулыў мавзолейи, Шамун Набий махбарасы, Жомарт қассап төбелиги, Ережеп қәлпениң жайы, Қырық шопан, Қалендархан, Әбдираман шаламан, Мәдреймхан хан, Муртаза бий ҳәм Әўезжан бий махбаралары ҳәм т.б. бизиң бийбаҳа руўхый байлықларымыз болып саналады. Миздахқанның ҳәзирги анықланып отырған аймағы 90 гектарлық майданды қурайды. Оның салынған дәўирине ҳәм атқарған хызметлерине қарай бир неше бөлекке бөлип қаралмақта. Оның ең әййемги қатламлары Гәўирқаланың орнында болған. Бул дәўир бизиң эрамызға шекемги III-IV әсирлерге туўра келеди.

Гәўирқала жөнинде айтатуғын болсақ, илимпазлар буннан 1500 жылдай бурын тикленген қала екенин анықлап отыр. Ол бириниң үстине бири салынған, яғный бир қанша қатламлардан ибарат болған зәўлим сарайлардан, турақ жайлардан, бийик қорғандийўаллардан турады. 1221-жылы Шыңғысхан әскерлери Орта Азия қалаларын жаўлаў ўақтында Гәўирқаланы адам жасаў мүмкин-

шилигинен айырған. Бирақ көп кешикпей жаўгершиликте бөлгиншиликке ушыраған халық усы әтираптағы еки төбеликтиң аралығына қонысланады. Пайда болған бул қаланың аты "Антакия шәҳәри" деп аталған.

Усы жерде және де илимий мийнетлер хаққында бир-еки аўыз сөз айтыўға туўра келеди. XX әсирдиң басларында Хожелиниң тарийхый естеликлери ҳәм олар ҳаққындағы жазба дәреклер академик С.П. Толстов, профессор А.Ю.Якубовский, Я.Г.Гулямов, архитектор, археолог, илимпазлардан В.И. Пилявский, Б.Н.Засыпкин, Н.С. Гражданкина, этнограф Ю.В. Кнорозов ҳәм басқа да белгили рус ҳәм өзбек илимпазлары тәрепинен изертленди. Лекин бул изертлеўлер бир тәреплеме болды, яғный Мазлумхансулыў, Шамун Набий сыяқлы бир-еки архитектуралық биналарға исленген мийнетлер менен шекленип қалды. 1960-жыллардың басында Миздахқанда В.Н. Ягодин басшылығында қарақалпақ археологлары изертлеўлер алып барды. Тилекке қарсы, бул топографиялық тексериўлер үзилиске түсип қалды. Соңынан 1980-жыллардың орталарынан баслап, тоқтаған жумыс қайтадан қолға алынды. Изертлеўлер тийкарынан Өзбекстан Республикасы илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы, Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты тәрепинен шөлкемлестирилген "Миздахқан" археологиялық экспедициясы тәрепинен жүргизилди. Сондай-ақ, бул әҳмийетли иске Ташкенттеги реставрация институтының, Нөкис реставрация устаханасының қәнигелери менен Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң студент -жаслары ҳәм қәнигелери қатнасты.

Халық арасында "Назлымхан сулыў" деп аталып жүрген бийик төбе өзиниң жақсы сақланған бир неше архитектуралық, археологиялық естеликлери менен мәдений, тарийхый ҳәм илимий жақтан айрықша әҳмийетке ийе комплекс болып табылады. Бул төбелик 2000 жылға шамалас ўақыттан берли қойымшылық орны болып киятыр. Назлымхан сулыў — ондағы бир ғана архитектуралық бинаның-естеликтиң атамасы. Усы карадағы биналар менен махбараларға байланыслы хәр қыйлы әпсаналарды халық аўзынан еситиўге болады. Солардың бири болған жер асты жоллары ҳаққында гәп-сөзлердиң тастыйықланыўы "Халық айтса, қалп айтпайды" дегенди тағы бир мәрте ядымызға салады. Лекин, бул жол ески қала арасын байланыстырмай, оның тек ғана Мазлумхансулыў дөгерегинде болғанлығы анықланып отыр. Мазлумхансулыў мавзолейи 1984 –90-жыллар аралығында реставрацияланып, пайдаланыўға тапсырылды. 1987-90-жыллары усы

төбеде жүргизилген изертлеўлер илимде күтилмеген бир қанша жаңалықлардың ашылыўына алып келди. XII –XIV әсирлерде салынған жазғы ҳәм қысқы жума мешитлер, қәлендерхана, бир нешше махбаралар ҳәм басқа да бир қатар ҳәр қыйлы жәмийетлик қурылыслар ашылды. Жақынға шекем Европаға тән деп келинген каминлер табылды. XIII –XIV әсирлерде Миздахқан жайларының қалай қыздырылыўы ҳәм олардың канализациялар менен тәмийнлениўи мәлим болды. Бул сол дәўирдеги жасаған халық турмысының жоқары дәрежеде болғанлығын көрсетеди. Ал дийўалларына плита жабыстырылған мешит асханасының, ондағы қазан-ошақлар менен тандырлардың усы ўақытқа шекем жақсы сақланыўы ҳәммени де таң қалдырса керек.

Анығын айтқанда, Хожелидеги тарийхый естеликлерди архитектуралық, археологиялық жақтан изертлеўлер өзиниң айтарлықтай нәтийжесин берди.Сөзимизге дәлил бола алатуғын мысаллар көп. Айтайық, Жомарт қассап төбешиги ислам дини бул әтирапқа жетип келместен бурынғы зороастризм дәўиринде пайда болганлығы ҳәм сол дәўирдеги сыйыныў орны екенлиги анықланды. Сондай-ақ, жақынға шекем XIX әсирдиң басларына Шамун Набий махбарасының XIII –XIV әсирлерде тикленгенлиги ҳәм оның сол дәўирге тийисли еки бөлмели тилек тилеў орнының бар екенлиги мәлим болды.

Әлбетте, Хожелиниң тарийхы ҳаққында еле көп сөзлер айтыўға туўра келеди. Бирақ, тек бир китапта олардың бәрин толық баянлаў мүмкиншилигимиз жоқ.

Сөзимниң жуўмағында Хожели қаласының барлық тарийхый естеликлери шет ел илимпазлары менен саяхатшылары тәрепинен де жоқары баҳаланып атырғанын айтқым келеди. Усы ўақытқа шекем бундай мийрасларды қорғаў ушын қаржылар ажыратылып, қала басшыларының шөлкемлестириўинде көплеген жумыслар исленди.

Хожели қаласының 2450 жыллық юбилейин белгилеў үстиндеги илажлар қолға алынбақта. Усы юбилейге арнап илимий - әмелий конференцияға таярлық жумыслары исленип атыр. Бундағы мақсетимиз республика басшылары менен бирге Хожелиниң (бурынғы Миздахқан, Гәўир қалаларын) пүткил дүнья жүзиндеги тарийхый естеликлерди қорғаў жәмийети ЮНЕСКО есабына өткериў ҳәм Миздахқан қаласын ашық аспан астындағы қорық музейге айландырып, белгили туристлик орай етип дүньяға танытыў. Сол арқалы қаржы түсирип, олардың әтрапын талап дәрежесинде абаданластырыў. Солай екен, Хо-

RESURS
ORAYI
238829

желиде жасаўшы ҳәр бир адам өз елатының тарийхын билип қойғаны жақсы. Әсиресе, мектеп оқыўшыларына үлкемиз тарийхын үйретиў, бос ўақытларында Гәўир қаланы, Миздахқан комплекс қалашасындағы естеликлерди көрсетиўге саяхатқа шығарыў, оларға тәлим тәрбия бериўде, үлкемизди, туўылған, киндик қаны тамған Хожелини сүйиушиликке үйретиўде үлкен әхмийетке ийе. Себеби, келешектеги раўажланыў жолымызды өтмишти үйренбей турып басып өтиўимиз қыйын.

## АНТАКИЯ

Антик дәўириндеги қаланың қарабақанасы, ҳәзирги Миздахқан тарийхый архитектуралық комплексине кириўши Гәўир қала бурын "Шәҳәр Антакия", яғный, "Антакия қаласы", Мазлумхансулыў естелиги жайласқан бәлентлик "Кохи Антакия" яғный, "Антакия таўы" деп аталған.




Александр Македонский қайтыс болғаннан кейин, ол тийкарын салған жүдә үлкен империя ыдырап кетти ҳәм бир неше ғәрезсиз ҳәкимлер тәрепинен басқарылатуғын аймақларға бөлинди. Усындай ҳәкимлердиң бири Вавилон сатраплығының диодохы Салавкий I Никадор болған. Ол Салавкийлердиң династиясына тийкар салған. Тез арада Мидия, Сирия, Мессопатамия, Персия, киши ҳәм Орта Азия да Салавкийлердиң қолына өтеди. Өз ҳәкимлигин беккемлеў мақсетинде Салавкий бул үлкен аймақларда 70 ке жақын қала қурдырады. Салавкийлер династиясын даўам етти-

риўшилер арасында Антиох атлы бир неше патшалар өткен ҳәм олар да көп қурылысларға тийкар салған. Қурылыслар Антиохлардың аты менен аталған. Мысалы, Түркияның арқа тәрепиндеги ҳәзирги Антакия қаласы 1516-жылға шекем Антиохия деп аталып келген. Армения ҳәм Иранда да Антакия қалалары болған. Антиох I Соттер (эрамыздан бурынғы 280-261-ж.) болса, көшпели қәўимлердиң топылысларына тыйым салыў мақсетинде, Түркменстан Республикасының Мары (Марв) қаласына жақын жерде узынлығы 300 километрге созылған қорғаныў дийўалын қурдырған. "Антиох дийўалы" деп аталатуғын бул қурылыстың бир неше километрлик қарабақаналары ҳәзирге дейин сақланып қалған. Хорезм де сол дәўирлерде Салавкийлер мәмлекетиниң қурамына кирген. Демек, антиохлардың Хорезмниң арқа шегараларына жақын жерден қала салдырған болыўы, қаланың Антиохия деп аталыўы тарийхый ҳақыйқатлыққа сәйкес келеди. Болмаса Хожелиниң бурынғы аты Антакия ҳәзирги күнге шекем жетип келмеген болар еди.

## МИЗДАХҚАН КОМПЛЕКСИ

Еки мың жылдан аслам ўақыттан берли Хожелишилердиң өли жерлейтуғын теберик орны — Мазлумхансулыў төбелигинде XVII - XIX әсирлерге тийисли көплеген махбаралар ҳәм саханалар жайласқан. Олардың қатарына Шамун Набийдиң баласының махбарасы, Турсын хожа, Жети батыр, Ша Суйин ийшан, Гада ийшан ҳәм Гоклен



**Миздахқан комплекси**

ийшан саханалары, Абдрейим шаламан ҳәм Мәдеминхан махбаралары, Ерназар палўан бий Нияз бий улының ҳәм Хожелиниң XIX-XX әсирлердиң басларындағы ҳәкимлери (бий-беклери) Муртаза бий менен Әўезжан бийлердиң қәбирлери, Хожели районы ҳәм қаласының бурын өткен белгили ақсақаллары менен басшылары, пуқараларының қәбирлери жатады. Сондай-ақ, бул төберик орында белгили шайыр Қармыс Досанов ҳәм эстрала қосықшысы Замийра Хожаназарова жерленген.

## 1. МИЗДАХҚАН ҚАЛАСЫ

Хожели — Орайлық Азиядағы ең ески қалалардың бири. Ол жағынан Бухара, Самарқанд ҳәм Хийўа қалалары менен бир қатарда турады. Табылған шақмақ таслардан исленген қуралларға қарағанда Хожелиге адамлардың қонысласўы неолит дәўирине, яғный бизиң эрамызға шекемги төрт-үш мыңыншы жылларға туўра келеди.

Хожели орта әсирлер тарийхында Миздахқан деген атама менен белгили болып, ески қаланың калдыклары ҳәзирги таза Хожелиниң күн батар қапталында үш төбеликте ҳәм олардың арасындағы кеңисликте орналасқан. Жергиликли халық оларды Гаурдиң қаласы, Антакия қаласы, Шамунның қаласы ямаса Мазлумхансулыўдың қаласы деп атайды. Еки қатар дийўаллар менен қоршалған, еки қабатлы әййемги қаланың қалдықлары батыстағы төбешикте орналасқан. Майданы 4 гектардан аслам 14 метр қалыңлықтағы мәдений қатламлар қаланың бизиң эрамызға шекемги IV әсирден XIII әсирдиң басларына шекем жасағанын көрсетеди. Қорған ишинде қала турғынлары менен қала ҳәкимлериниң жайлары, сарайлары ҳәм т. б. қурылыслар бар.

985-жылы Миздахқанда араб географы Ал-Макдисидиң көрсетиўи бойынша 1200 феодал қорғанлары орайы болған. Миздахқан өзиниң үлкенлиги жағынан Қят (Беруни) ҳәм Гургандж (Гөне-Үргенш) қалаларынан кейинги Хорезм мәмлектиндеги үшинши қала болған. Миздахқанды орта әсирлерде жасаған ибн Русте ҳәм ал-Истахрилер де тәрийплеген.

Бул жер VIII әсирде араблар тәрепинен жаўлап алынып, тағы қайта тикленген. Миздахқан 1221-жылға келгенде Шыңғысхан басшылығындағы моңгол армиясы тәрепинен қарабаханаларға айландырылып, оның раўажланыўы иркинишке түсирилди. Лекин XIII әсирдиң екинши ярымынан баслап батыс пенен шығысты байланыстырыўшы "Уллы жипек саўда жолының" қайтадан

жолға қойылыўы, оның бойында жайласқан айрым қалалардың қайта раўажланыўына, жаңа қалалардың тиклениўине өзиниң тәсирин жасады. Нәтийжеде бул жерде жасаўшы халық қарабаханаға айланған Гәўирқала орнына төбешиклер арасындағы 80 гектарға шамалас ашық кеңисликке жаңадан Антакия қаласын қурады. Қала халқы зергерлик, гүлалшылық, тоқымашылық, қурылыс жумыслары менен, ал оның дөгерегиндегилер болса дийқаншылық, шарўашылық, балықшылық пенен шуғылланған. Қытай, Индия, Иран, Сирия еллери, Волга бойы ҳәм Қара теңиз жағалаўларындағы қалалардың саяхатшылары, миссионерлери, саўдагерлери қаланың кәрўан сарайларында тоқтап өткен ҳәм саўдасын ислеген.

Шығыстағы төбешик (Шамун қала) әййемги ўақытлардан бүгинге шекем қәбирстан хызметин атқарып келген. Әййемги зороастризм дини дәстүрлерине тән оссуарийлик қәбирлердиң үстин орта әсир мусылман қәбирлери жаўып турыпты.

Жомарт қассап (Гайомарт) төбешигинде болса зороастризм дини дәстүрлерине тән қурылыс (II-VIII а.) үстине IX-XIV әсирлерге тийисли мусылман қәбирлери қойылған. Төбешикте орта әсирлерде бир қатар әжайып жәмийетлик, диний ҳәм архитектуралық қурылыслар тикленди.

Жума мешит комплексинде еки мешит, ханако (қәлендерхана), асхана ҳәм жер асты махбара жайласқан. Мешитлер қам ҳәм писken гербишлерден өрилип, үсти сүтинлер (колонналар) жәрдеминде бастырылған. Қубла қабырғасы гербишке нағыс ойып өрилген. XII – XIII өсирлерде ойма араб насх жазыўлары, геометриялық нағыслар ҳәм реңли бояўлар менен безелген. Ханако XIV әсирдеги Хорезм ҳәкими Қутлуқ Темур тәрепинен Шайық Сулайман Хададдийге арнап салдырылған.

Шамун Набий ямаса Шамун Захид пайғамбар атына арнап қурылған комплекс тилеўханадан (XIII – XIV ә.) ҳәм оған жапсырып салынған жети гүмбезли узын махбарадан (XIV- XIX ә.) ибарат.

Мазлумхансулыў махбарасының бөлимлери жер астында болып, жердиң бетинде оның тек сегиз қырлы гүмбезлери ғана қалған. Махбараның жер асты өжирлери дийўалларындағы "гүлбаналар" менен ойма нағыслы сталактитлер, қыз сахнасындағы алтын пуўы берилген нағыслар менен жазыўлар сол дәўирдеги шеберликтиң шыңы екенлигинен дерек береди.

XIV әсирге шекемги ўақытша үзилистен кейин қала Антакиядан ҳәзирги гөне Хожелиге өтеди.

Миздахқанды келешекте ашық аспан астындағы қорық музейге айландырыў ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси 1999- жылы 6-мартта №52 /3 санлы қарар қабыл етти.

Ҳәзирги ўақытта усы ҳүкиметлик қарарға муўапық Миздахқан естелигинде ҳәр жылы кең көлемде изертлеў ҳәм қайта тиклеў жумыслары алып барылмақта.

## 2. ШАМУН НАБИЙ

Хожели қаласына жақын жердеги әййемги естеликлердиң үлкен комплекси «Миздахқан» атамасы менен илимий әдебиятта белгили. Ол мине, бирнеше онлаған жыллардан бери изертлеўшилердиң дыққатын өзине тартып келмекте. Комплекстиң хронологиялық диапазоны (бизиң эрамызға дейинги I мыңыншы жылдың орталарынан ҳәзирги ўақытларға дейин) оның аймағының оғада үлкенлиги, жайласқан естеликлердиң ҳәрқыйлылығы (қаланың қыйраған қалдықлары, әййемги қойымшылық, ирригациялық қурылыслардың излери, диний ҳәм пуқаралық өжайып архитектура естеликлери ҳәм тағы басқалар) әййемги тарийх, Орта әсирлер тарийхы, бизиң республикамыздың аймағында қоныс басқан халықлардың жаңа тарийхының көплеген машқалаларын шешиўди қолға алыў мүмкиншилигин береди.



**Шамун Набий махбарасы**

Миздахқанды үйрениў аспектлериниң бири усы әййемги естеликлер комплексинде, әййемги комплекс пенен байланыслы болған диний исенимлерди, түсиниклерди ҳәм әпсаналарды үйрениў болып табылады. Дөгеректеги халық тәрепинен ҳәзирги ўақытта

да жерлеў ушын айтарлықтай дәрежеде пайдаланып атырған Миздахқан қойымшылығында мусылманлар тәрепинен айрықша ҳүрмет көрсетилип қәстерленетуғын бир қатар орынлар - естеликлер бар.



**Шамун Набий махбарасы XIII—XIV, XIX әә.**
(Әдилхан Арзуев сүўрети)

Усындай естеликлердиң бири Шамун Набий мазары болып табылады. Оған байланыслы айрым әпсаналар Ю.В. Кнорозов тәрепинен илимий жақтан анализленип, таллап қарап шығылған. Өзиниң мақаласында ол Шамун Набий ҳаққында әпсаналардың келип шығыў тарийхын олардың пайда болыў себеплерин изертлеген ҳәм ол ҳаққында әпсаналардың эволюциясының айрым басқышларын бақлап барған.

Тарқалған әпсанаға қарағанда мазарда тек Шамун Набийдиң денеси жерленген. Оның ўәсиятына бола, жерлеў алдынан усы әўлийе адамның аяқлары кесип тасланған. Егер оның денеси, кесилген аяқларын есапқа алмағаннның өзинде 25 метрди қурайтуғын болса, онда бойының ҳақыйқый узынлығы қандай болған деген сораў адамларды таңландырады. Бирақ, оның бойының узынлығы ҳаққында зыяратқа келгенлер мазардың узынлығына қарап пикир жүритетуғынын ескертиў керек.

Баспа сөзде, 1966-жылдың июль айында қурамында археологлар, этнографлар, палеонтолоғлар, антропологлар, философлар болған арнаўлы (Ю.В.Кнорозов, “Шамун Набий мазары”, Этнография журналы, 1949-жыл Б.А.Федорович, Шөлистанның келбети, 1954-жыл, 241-245-бетлер) комиссия шынлықты билиў мақсетинде мазарды ашқаны, бирақ онда ҳеш кимниң жерленбегени, демек бул ҳаққында айтылып жүрген сөзлердиң пикирлердиң жалған екенин анықлағаны ҳаққында мәлим етилген.

Мазар басындағы естелик Орта Азияда кең тaралған, сахана деп аталатуғын усындай естеликлердиң бир түри болып табылады. Шамун Набийге тийисли деп есапланған бул сахана қурамы ҳәр қыйлы болған ҳәм писken гербишлерден өрилген, жети гүмбезли мазарда орнатылған. Мазар, бирнеше мәртебе қайта қурылған болса

керек, Бурынғы ўақытларда емес, ал салыстырма жақын дәўирге тийисли болған, мазар естелигине өрилген гербишлер, шама менен өткен әсирдиң 30 ҳәм 40 жылларында мазарды соңғы оңлаў ҳәм қайта қурыў ислери әмелге асырылғанын көрсетеди.

Мазар узынлығы 25 м 31 см, ени 1 м 29 см, бийиклиги 1 м 07 см болған енсиз қурылыс. Оның төменги бетинде еки баскыш болып, айланып өтеди. Жоқарғы бетинде, мазар үсти қурылысы (естелигиниң) узынына-бойына туўры мүйеш етип тас гербишлер өрилген.

Сахана дийўалының бетинде писken гербиш квадрат түринде, ал жоқары бетинде қырына қойылып өрилген. Сахананың иши бос оның төбеси қырына қойылып өрилген (24Х24Х6) гербишлерден ибарат, ийилген бастырмаға ийе. Бастырмаға сынық гербишлер ҳәм топырақ төселип, жоқарыда айтылғанындай гербишлер өрилип жабылған. Сахананың батыс ҳәм шығыс тәреплериндеги дийўалларында кишкене айналар бар.

Сахананың ишки қуўыслығының бийиклиги – 97 см. Оның төменги бетине қалыңлығы 40-43 см етип ылай қуйылған. Оның астында, саханаға өрилгендей қарамдағы писken гербишлер төселген еден бар. Бул еден пүткил мазардың едени болып, сахана усы еденниң үстине орнатылған.

Шамун Набийге узақ ўақыт естелик салынбағанын айтады. Бир күни Шамун Набий Аллақули-ханның (1825-1842) түсине енген ҳәм оның ҳүрметине мазар салыўды өтиниш еткен. Хан оның бул тилегин орынлаған. Сол дәўирде, көплеген ғаррылардың сөзине қарағанда Хийўа ханы тек Шамун Набийге емес, ал халық арасында ҳүрметке ийе болған әўлие адамлар, мәселен Султан-бабаға, Нариннджан-бабаға, Палўан-ата ҳәм басқаларға мазарлар салдырған. Барлығы болып Хорезмде сол ўақытлары 150 мазар қурылған.

Илимий тарийхшы (Есбергенов Х.А. Дала жазыўлары №14,16,25,28, 1964-жыл №24 1968-жыл) В.В.Бартольд Шамун Набий мазары ҳаққындағы ең дәслепки мағлыўматлар XIX әсирдиң басына туўра келеди, деп көрсеткен еди. Ол ҳаққында Мунис-Агахийдиң Хийўа тарийхында еслетиледи. В.В.Бартольд болса бул мазарда Хийўа ханы болғанлығын, зыярат еткенлигин атап көрсетеди. 1867-жылы мазар ҳаққында А.Л.Кун жазады. Мазардың қурылысын XIX әсирдиң биринши ярымына киргизиў мүмкин. Ю.В.Кнорозов мазардың қурылысын XVII әсирдиң ақыры XVIII әсирдиң басы менен сәнелеў мүмкин деп есаплайды. Бизиң көз қарасымызша мазардың қурылған ўақты деп XIX әсирдиң басын есаплаў көбирек итималға келеди.

Мағлыўмат бериўшилердиң мәлимлемелери ҳәм жазба дереклер мағлыўматларынан тысқары сол дәўирде Орта Азия қәлиплескен улыўма тарийхый жағдайда усы сәнениң итималлығын көрсетеди.

XVIII әсирдиң 70-жылларынан баслап Хийўа ханлары белсенди түрде орайластырыў сиясатын жүргизе баслады. Айрықша дыққат мусылман диний хызметкерлери жәрдеминде халық массасын идеологиялық жақтан қайта таярлаўға қаратылды.

Хийўа ҳәкимияты ханлықтың шетки түпкирлеринде «әўлие адамлар мазарларын» қура баслады. Усындай диниң орайларын дүзиў ушын орын таңлаў тосыннан болған емес. Мәселен, Шамун Набий мазары, әййемги ўақытлардан-ақ (1.В.В.Бартольд, Түркистанда суўғарыў ҳаққында тарийхый шығармалары. III т.ж 1965. 167-168-бетлер. 2. А.Л.Кун. Хийўадан Қоңыратқа дейин. Түркистан үлкеси статистикасы ушын материаллар. IV басылым Ташкент-1876-ж. 218-бет) диний жақтан ҳүрметлеген жерде, әййемги Миздахқан қаласының күтә үлкен қойымшылығы аймағында қурылды.

Археологиялық изертлеўлерге қарағанда бул қала ең кем дегенде бизиң эрамызға дейинги IV әсирден бери белгили. Алынған мағлыўматлар бизиң эрамыздың басынан баслап қойымшылық аймағында халық арасында үлкен ҳүрметке ийе болған диний Орай болған. Оның тәсири айтарлықтан кең аймаққа таралған. Диний Орай ролин қойымшылық дерлик еки мың жылдан аслам даўамында сақлап келмекте.

Ю.В.Кнорозов Шамун Набий ҳаққында әпсаналық мағлыўматларды изертлеп отырып, Шамун Набий мазары, генетикалық жақтан зороастризм дәреклериндеги Г.Гаиомардтың әййемги образынан келип шығатуғын күтә әййемги әўлие жердиң функциясын өзине алып, оның орнын басады, деген жуўмаққа келеди.

Ҳәзирги ўақытта Шамун Набий мазарына динге исениўши адамлар, әсиресе сәршемби күнлери көплеп келеди. Олардың арасында кишкене балалардан баслап әбден қартайған кекселерге дейин ҳәрқыйлы жастағы адамлар бар. Олардың бир бөлеги мазарға денесиндеги "кеселликлерди шығарыў, яғный шыпа табыў ушын келсе, ал ҳәмлесиз ҳаяллар перзент сорап, ғаррылар болса" әўлийе атадан о дүньяда жақсылық тилеп келеди.

Шамун келгенге дейин жергиликли турғынлар мусылман болмаған, деп айтады ғаррылар. Олар отқа сыйынған ҳәм ири қара малды кийели деп есаплаған. Сонлықтан мусылманлар бул жерди Гәўирқала, яғный басқа диндегилер қаласы деп атаған. Шамун Набий бул жерге өзиниң мусылман екенлигин айтпай жасырып

келген. Булай ислеўиниң себеби, буннан алдын келген мусылман дини үгит-нәсиятлаўшы хәм жергиликли халықты усы динге өткериўге хәрекет еткен Яхия хәм Закариялар буны күтө ашық-айдын алып барғаны ушын услап алынып, зинданға тасланған. Жергиликли шараятқа бейимлесиў, оның менен танысыў ушын дәслеп Шамун Набий хәўли хәремге қараўшы, соңынан мәмлекетлик қазынашы ўазыйпаларын атқарған. Яхия хәм Закарияның жатқан зинданы хаққында билип, Шамун Набий оларды азат етиўге умтылған. Олар пайғамбарлар, солай екен Гәўир хүкимдарына (патшасына) пайдасы тийиўи мүмкин,—деп айтқан. Патша олар ҳақыйқаттан да пайғамбарлар екенин дәлиллесе, оларды босатыў шәртин қойған. Буның ушын олар патшаның соқыр қызының көзин ашып, көретуғын етиўи тийис болған. Пайғамбар бул шәртти орынлаған хәм еркинлик алған. Усы ўақыттан баслап Шамун Гәўирге ашық түрде гүреске кирискен хәм ол тәрепинен өлтирилген.

Шамун Набийди қолға түсирип жеңиў ушын, мағлыўмат бериўшилердиң сөзине қарағанда, оны жергиликли қызға үйлендирген. Бул қыз Шамунның әззи тәрепин хәм оны қалай жеңиў мүмкин екенлигин билип бериўи керек болған. Солай етип Шамунның ҳаялы жеңип алыўға күши келмейтуғын бирден-бир нәрсе оның төбесиндеги айдары екенлигин оннан билип алған. Шамун уйқыға кеткенде, ҳаялы ерин оның өзиниң шашлары менен шырмап байлап Гәўирдың қолына тапсырған. Оянып хәм өзиниң қандай жағдайда екенин көрип Шамун Набий Гәўир қаласына нәлетлер айтып, қарғыс жаўдырған, сонда қала, тасқа айланып, төңкерилип қалған. Ал, Шамун Набий болса Гәўир тәрепинен өлтирилген.

Әпсананың екинши варианты бойынша да Шамун ҳаялының сатқынлығы себебинен Гәўирдың қолынан қаза табады, буны биз жоқарыда айтып өткен Ю.В.Кнорозовтың мақаласында келтиргенликтен, оны қайталап отырыўдың зәрүрлиги жоқ, деп есаплаймыз.

Шамун Набий атының келип шығыўы ҳаққындағы мәселе қызықлы. Бәлким, ол исламға дейинги Сирияның атамасы шамуннан (Шамун, яғный Шамунан) ямаса дүньяның хәрқыйлы халықларының әпсаналарында ушырасатуғын Сам-Самсоннан келип шыққан болса керек. Усындай әпсаналардың бирин Абулғазы да өз китабында мысал етип келтиреди.

(А.Н.Кононов. Түркменлердиң ата-теклери. Хийўалы Абулғазы хан шығармасы. Л.1958,39-бет)

Шамун Набий мазарын изертлеўлердиң Қарақалпақстан аймағында қоныслаңған халықлардың руўхый мәдениятын

түсиниў, ҳәзирги ўақытта орын алған диний үрп-әдетлердиң генетикалық мазмун-мәнисин анықлаў ушын усындай естеликлерди үйрениў арқалы қаншелли көп нәрселер алыў мүмкинлигин көрсетеди.

## 3. МАЗЛУМХАНСУЛЫЎ

Мазлумхансулыў Орайлық Азияның орта әсирлериндеги Исмайыл Саманий, Хожа Ахмед Яссаўий, Мухаммед Текеш, Санжар, Төребек ханым, Бийбиханым сыяқлы дүрдана архитектуралық қурылыслары менен бир қатарда туратуғын халқымыздың бийбаҳа естелиғи. Хожели қаласының әййемги ҳәм орта әсирлердеги бөлеги Миздахқан қорық музейи аймағында орналасқан бул естелик жергиликли халық арасында “қыз үйи”, “сууўпы қыздың үйи” мавзолей, ямаса “сарай” деген атлар менен кеңнен белгили.



**Мазлумхансулыў махбарасы**

Жер бетинен отыз метрден аслам болған тәбийий бийик төбеликтиң үстинде салынған “қыз үйи” сыртқы көриниси жағынан биринши көрген адамды өзине тартқандай айрықшалыққа ийе емес. Бар болғаны тегисликтен көтерилип шығып турған сегиз қырлы сопақ гүмбез, дәлизге усаған кирер аўыз ҳәм үлкенликишили үш гүмбез қыр айлана писken гербиштен өрилген жайлардың дийўаллары көринип турыпты.

Улыўма майданы 30х30 метр болған бул бинаның кирер аўзынан баслап қойылған текшелер жәрдеминде ишине киргенińизде



естелик ҳаққындағы дәслепки ой-пикириңиз бирден серпилип, өзиңизди басқа бир дүньяға — жети қабат жер астындағы сарайға киргендей сезип, оның үстинде қанша топырақ жатыр деген қыялға берилгениңизди билмей қаласыз. Дәслеп есик артындағы пәскелтек гүмбез бенен бастырылған дийўаллары менен мүйешлери ҳәр қыйлы нағыслар менен безелген төрт мүйешли кишкене бөлмеге киресиз. Кейин ярым қараңғы узын дәлиз бойлап қойылған текшелер жәрдеминде сегиз метрдей төменде жайласқан үлкен орайлық залға өтесиз. Қапталлары жәҳәнниң төрт тәрепине қаратылып салынған бул зал сегиз қырлы үлкен гүмбез бенен бастырылған. Оның ишлери адам ақылын ҳайран еткендей ғайры нағыслар менен безелип, дәстанлардағы тастан жаратылған сарайларға уқсайды. Дийўаллардағы гербишлер арасына қойылған "гулбаналар" көз алдыңызға аспандағы жайнаған жулдызларды еслетеди. Ал, оның мүйешлериндеги текше түриндеги ойма нағыслар менен сталактитлер болса сол дәўирдеги шеберликтиң шыңы екенлигинен дерек берип турғандай. Нәзериңизди оннан да жоқары көтерсеңиз, ўақтында орайлық өжирени түнде төрт қаптaлдан жақтыландырып турған аспа шынжырлы алтын шамлардың мыйықларының орынларын көресиз. Тағы да жоқарырақта гүмбездиң ҳәр қырына бир-бирден орнатылған ойма нағыслы сегиз пәнжере орайлық залды күндизги күни жақтыландырған. Пәнжерелердеги қойылған айналар күнниң шығыўы менен батыўы аралығында залға бирдей етип жақтылық түсириў мүмкиншилигине ийе.

Залдың едени қырына өрилген пискен гербишлерден төселген. Оның дәл ортасында шыршалы аспан көк реңли плиталардан төселген төрт мүйешли арнаўлы кишкене майданша исленген. Рәўиятларда айтылыўынша, ол Мазлумхансулыўға ашық болып, усы бинаны қызға арнап салған уста жигит Әбиўталиптиң гүмбезден өзин таслап набыт болған орны. Соның ушын да қыздың үйине келген зыяратшылар бул майданшаны баспай айланып өтеди екен.

Орайлық залдың арқа хәм шығыс қапталында үсти ярым гүмбез түринде бастырылған алды ашық сыпалы жайлар исленген. Ҳәзирги ўақытта олардың екеўинде де қәбирлер бар. Рәўиятларда айтылы-



**Мазлумхансулыў махбарасы XII—XIV әә.**
*(Әдилхан Арзуев сүўрети)*

ўынша арқадағысы Мазлумхансулыў атлы қызға, ал шығыстағысы усы бинаны қурған уста жигит Абуталипке (гейбир дереклерде-Мунир ямаса Мунис, Д.Б.) тийисли. Қәбирлердиң үстине қурылған саханалар бузылып, бүгинги күни олардың тек төменги қатарлары ғана сақланған. 1928—1929-жыллары естеликте изертлеў жумысларын алып барған профессор А.Ю. Якубовскийдиң жазыўынша, бул саханалардың екеўи де алтын пууы берилген ыршалы жылтыр плиталар менен безелип, олардың дийўалларында 28 ренде парсы тилинде жазылған философиялық тәрип гөззел қатарлары болған. А. Ю. Якубовский көширип алған бул жазба дереклер шығыстаныўшы алым А. А. Некрасов тәрепинен оқылып, оған түсиник берилген. Олардың биринде "өмир әжайып, бирақ ол мәңги емеслиги өкинишли", — деген қатарларды оқыймыз.

Орайлық залдың батыс тәрепинде киши зал орналасқан. Олардың бир-бирин дәлиз түриндеги өткел байланыстырып турыпты. Киши зал өзиниң қурылысы ҳәм планы бойынша үлкен залды қайталап турыпты. Оның арқа капталында свод түринде бастырылған ашық сыпалы жайда қәбир орнатылған.

Соның менен бирге жер асты қурылысына киретуғын узын дәлиз бойында, орайлық залдың шығыс капталында ҳәм еки зал аралығында жайласқан тағы да үш хана киреди. Бул ханалар дәлиз бенен өзлеринде орнатылған есиклер жәрдеминде байланысқан.

Мазлумхансулыў естелигиниң сыр сандығы ақырына шекем толық ашылды деп айтыўға еле ерте. Себеби, 1928-жылы Санкт-Петербурглы профессор А. Ю. Якубовский тәрепинен биринши мәртебе илимий жақтан изертленген бул муқаддес орында кейинги

жетпис жыл даўамында қаншадан-қанша алымлардың болыўына қарамастан оның қашан ҳәм қандай мақсетте қурылғанлығы ҳаққында бүгинге шекем ҳәр қыйлы пикирлердиң барлығын айтыўымыз керек. Бул китап оқыўшыларына түсиниклирек болыўы ушын сол пикирлердиң айырымларын келтирип кеткенимиз орынлы болатуғын шығар.

Профессор А.Ю. Якубовскийдиң "Қыз үйи" аталған бул естелик XIII әсир ақыры XIV әсирлерге тийисли жер асты мавзолейи деген биринши илимий болжаўы оннан кейинги дәўирде естеликти изертлеген илимпазлар Б.Н. Засыпкин ҳәм В.Н. Ягодинлер тәрепинен қабыл етилген. Бирақ, 1959-жылы бул естеликти қайта тиклеўге байланыслы алып барылған археологиялық жумыслардың нәтийжесинде Ташкентли археолог - алым В.И. Филимонов Мазлумхансулыў XIII-XIV әсирлерде жер астына салынған мавзолей емес, ал XII әсирдиң ақыры XIII әсирдиң басларында, яғный Шыңғысхан әскери үлкемизди жаўлап алғанға шекем жер бетинде қурылған сарай деген жуўмаққа келеди.

80-жыллардың басларында бул илимий тартысқа Орайлық Азияның әййемги ҳәм орта әсирлердеги архитектура, көркем өнерлери тарийхы бойынша белгили қәниге академик Г.А. Пугаченкова араласады. Ол өзиниң жәриялаған мақаласында А.Ю. Якубовский ҳәм В.Н. Ягодинлердиң пикирлерин қоллаған жағдайда Мазлумхансулыў XIV әсирде тикленген мавзолей деген жуўмаққа келеди. Буның менен илим майданындағы Мазлумхансулыў ҳаққындағы тартыс тоқтамайды. Академиктиң мақаласы жәрияланғаннан көп узамай "Фан ва Турмуш" журналында Ташкентли архитектор - алым Х. Юсуповтың "Мазлумхансулыў мавзолей емес, сарай" деген мақаласы жарық көреди. Археолог ҳәм архитектор алымлар арасындағы бул илимий тартысқа кейинги ўақытлары илимниң басқа тараўларының ўәкиллери де өз пикирлерин билдиреди. Мәселен, белгили этнограф алым Х. Есбергенов бул әжайып қурылысты XIII-XIV әсирлерде Алтын Орда дәўиринде қурылды деп қабыл етиў қыйын, керисинше ол дөретиўшилердиң тәсиринде XI-XII әсирлерде қурылған ҳәм XX әсирдиң басларына шекем зикир салыў арқалы өзлериниң пирлерин шақырып, жаўыз руўх ларды қуўыў арқалы бийтапларды емлеген дәрўишлер хызмет ететуғын орын деп есаплайды. Қыздың қәбир тасындағы философиялық қосық қатарлары суфизм әдебияты үлгилеринде жазылған. Илимпаз Назлымхан төбелигин Қубла Арал бойындағы суфизм орайларының бири ретинде қарайды.

Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими қапталында 1987-жылы шөлкемлестирилген Миздахқан археологиялық

экспедициясы өзиниң илимий жумысларын жоқарыдағы жағдайларды есапқа алған рәўиште алып барған. Бес жылдан асламырақ жүргизилген изертлеў жумыслары нәтийжесинде Миздахқанда бурын илимге белгисиз жазғы ҳәм қысқы жума мешитлер, ханако (қәлендерхана), тилеўхана ҳәм мавзолейлер ашылыўы менен көпшилик естеликлер ҳаққындағы мағлыўматларға бираз анықлық киргизиўге мүмкиншилик туўды. Әсиресе, жаңадан XII-XIV әсирлерге тийисли Сулайман Хаддади Мусевийдиң ханакосы "Қыз үйиниң" сыр сандығын түсиниўге гилт хызметин атқарады десек артық болмайды. Архелоглар оны толык қазып ашқанда өзлери де ҳайран қалған. Себеби, ол өзиниң планы менен қурылыс жағынан жер асты "қыз үйиниң" планын белгили дәрежеде қайталап турғандай еди. Екеўинде де бирин-бири кесип өтип турған узын еки дәлиз, үш-үштен үсти ярым гүмбез пенен бастырылған, алды ашық сыпалы ханалар, гүмбез бенен бастырылған жабық ханалар бар. Бул уқсаслықлар әпиўайы жақынлықты көрсетип қоймай, ал олардың екеўиниң де дәслеп бирдей мақсетке салынғанлығынан дерек берип турыпты. Усы жерде академик Г.А. Пугаченкованың Мазлумхансулыў естелигин мавзолейге жатқара отырып, оның ярым гүмбез (свод) бенен бастырылған сыпалы ханаларының пуқаралық ҳәм сыйыныў қурылыслары болған медресе оқыў ханалары менен ханаколар да ушырасатуғынлығын атап көрсетиўиниң өзи, бизиң пикиримизге қосымша дәлил бола отырып, оның ханако екенлигине гүман туўғызбайды.

Ханако — Шығыс мусылман архитектурасында суўпылар мәнзилханасы хызметин атқарған қурылыс болып, ол бир ямаса бир неше ханалардан ибарат болған. Оларға суўпылар пириниң ханасы, мийман ханасы, қуран оқыў ушын мешитханасы, таҳаретханасы, жәмәәтханасы, асханасы, моншаханасы сыяқлы басқа да бир қанша зәрүрли ханалары кирген.

XIII әсирге тийисли жазба дереклерден Рашид ад Дин Ильхан кәўимлери ханакосында бас шейх, оның суўпылары, еки муаззини, бир китапханашы, бир от жаққыш, еки аспаз, бир сипсекеш пенен бирге оған келип ўақытша иркилген мийманларды қоса есаплағанда жүзге шамалас адам бир ўақытта жасаған.

Дүньяны айланып жүрген орта әсирдеги саяхатшылар, алымлар ҳәттеки елшилер де Шығыс мусылман еллеринде болғанда усындай ханаколарда иркилген. Себеби, қалалардағы медреселерден кейинги илим, билим орайлары усындай ханаколарда болған. Ханаколарда философ ҳәм геолог алымлардың қатнасыўында дүнья жаңалықлары менен илим жетискенликлери бойынша

гүрриңлер менен лекциялар өткерилип турған, ҳәркыйлы бағдардағы пикир алысыўлар диллемалар жүргизилген.

Өзлериниң бенделик парызларын орынлаған көпшилик пирлердиң сол өзлери хызмет еткен жайларда дахм етилиўлерине байланыслы бундай ханаколарға қосымша зыяратханалар салынып, олардың бурынғы ўазыйпалары кеңейип, енди зыяратшыларды да қабыл ететуғын комплексине айланған.

Ханаколарда жасаған дәрўишлердиң турмысы ҳәм хызмети жүдә айрықша болған. Дәрўишлердиң бир топары шейх әўлийеси қасында — ханакода турақлы жасаған, екинши топары алыс сапарларға шығып отырған. Сапардағылардың қатары Меккеге ямаса жергиликли кәраматлы әўлийелерге зыяратлаў шылар менен толысып барған. Орта әсирлерде бундай зыяратшы топарлардың жүдә көп болыўына байланыслы олар жол бойынша ўақытша тоқтап өтетуғын орынларды талап еткен. Нәтийжеде сапардағы зыяратшыларды мут жатақ орын, аўқат, көлигин от- шөп пенен тәмийнлеўши қурылыслар тек қалалы орынларда салынып қоймай, саўда жолы бойларында да тикленген. X әсирдиң өзинде Орта Азияда усындай қурылыслардан, Истахридиң көрсе-тиўинше, он мыңнан асламы болған.

Усы дәўирлери елимизде ислам дүньясындағы белгили суфизм ўәкиллери болған. Мәселен, 1194—1220-жыллары аралығында Бағдад Халифи тәрепинен елши етип жиберилген уллы философ алым, Бағдад суўпыларының “Шайх-аш-шаюхы” (арнаўлы басшысы) Сухравардия суфизм ағымына тийкар салыўшы Шайх Шахобаддин Абу Хафс Умар Сухраварди Қубла Арал бойында жасайды. “Автоурф маориф” (Билим жемислери) атлы мийнет авторы болған Сухраварди жергиликли ўәкиллер менен жақыннан байланыста болады, үлкемиздеги ханаколар менен танысады.

Бул ўақытлары тикленген ханаколар Қарақалпақстан жеринде ҳәзирше белгисиз, бирақ олардың бар екенлигине гүман жоқ. XII – XIV әсирлерде салынған ханаколар Миздахқан, Қабат қала, Наринжан, Айата, Гөне Үргенш калаларынан белгили.

Суфизмниң XII өсирдеги ири ўәкили Хожа Ахмед Яссауийдиң биринши шәкирти, уллы жерлесимиз Ҳәким ата – Сулайман Бақырғанийдиң Қоңырат ҳәм Мойнақ районлары аралығында жайласқан қәбири қапталындағы ески қурылыс қалдықлары ханакоға тийисли болыўы керек. Уллы устазымыз, Академик С. Камаловтың анықлаўынша, Ҳәким ата қоңыратлы Қарақалпақлардың ураны болған. Соның менен бирге, бизиңше ол Қоңырат (Адақ-Арал) қаласының пири болған. Ҳәким атадан бурынырақ жасаған

суфизмниң ири ўәкили Шыбылый ата қәбири (Кегейли районы) қапталында да суўпылар мәнзилханасы болған. Усындай суўпылар мәнзилханасы үлкемиз тәбиятының ең сулыў орынларының бири Әмиўдәрьяның оң жағалаўында, Қаратаў етегиндеги булақтың қапталында болған. Ол академик Я. Г. Гулямовтың анықлаўынша, XIX әсирде дүзилген Зәңги ата шайықлары шежиресинде көрсетилген, Яссаўийлер тәлиматына тийкар салыўшылардың бири Шайық Жалилге тийисли. Кейин ала қәдем жайға айланған бул муқаддес орын ҳәзирги ўақытта жергиликли халық арасында кеңнен мәлим.

Жоқарыда айтқанымыздай ханаколар мешит-медреселерден кейинги илим ҳәм билим орайы болған. Соның ушын олар елдиң ҳүкимдарлары, ири дәўлетли адамлар тәрепинен салдырылатуғын болған. Ҳүкимдарлар тахтқа отырмастан алдын усындай ханаколардағы шайх пирлердиң қәбирлерине сажде етип мәдет сораған.

XIV әсирге келгенде Гурганж ҳәкими Қутлуғ Темур ҳәм оның ҳаялы Төребек ханымлар тәрепинен Қубла Арал бойында бирнеше ханаколар қурылады. Усындай ханаколардың бири 1349-жылы Қутлуғ Темур тәрепинен пайғамбар әўлады, шайхлар шайхы, Сейид Сулайман Хаддади Мусевийге арнап Миздахқанда салдырылған. Бул ханакода 1987–1990-жыллар даўамында археологиялық изертлеўлер жүргизилди ҳәм ол толық қазып ашылды.

Қубла Арал бойы ханаколарында болған шығыс ҳәм батыс еллеринен келген елшилер, саяхатшылар өзлериниң еске түсириўлеринде жүдә жақсы дереклер жазып қалдырған. Олардың бири марокколы елши Ибн Батута 1333-жылы ханзада Төребек ханымның мирәти менен оның салдырған ханакосында болып, үлкен иззет-ҳүрметке миясар болған ат ҳәм тон менен сыйланған. Сондай-ақ, ол Нажмаддин Қубра ханакосында болып, оның муддариси Саиф ад Дин Асаба менен ушырасады ҳәм оның жүдә жоқары мәдениятлы билимдан адам екенлиги ҳаққында жазады. Елши Нажмаддин Қубра ханасы қапталындағы шейх Джалал ад Бин Самарқанди муддарислик еткен ханакода да болады ҳәм оның өз заманындағы белгили муджавир (суўпы) екенлигин айрықша атап өткен.

Ханаколар тек адамлар ушын ғана емес, ал ҳаяллар ушын да қурылатуғын болған. XIII әсирдиң орталарындағы Дамаск қаласындағы жигирма ханаконың төртеўи ҳаялларға тийисли болған. Мусылман тассаўўуф архитектурасына тән ханако қурылысының раўажланыўына уллы Сақыпқыран Әмир Темурдың үлкен итибар берғенлиги ҳәм зыярат етип турғанлығы тарийхый

дереклерден белгили. Мәселен, Индияға қылған сәтли жүрисинен қайтқан Әмир Темурдың Кусаман мазарында жайласқан Туман ака ханакосында иркилгенлигин ҳәм ол жерде намаз оқығанлығын Шарафаддин Иездиниң мағлыўматынан көремиз.

1413-жылы Герат қаласында туўылған, бирақ өмириниң көп бөлегин Самарқандта жасаған белгили "Матла ас – Садеин ва Маджма ал бахреийн" мийнетин дөреткен Кемал ад Дин Абд ар Разақ ибн Исҳақ (лақабы Самарқанди) өмириниң ақырғы бөлегин (1463—1482 -ж.) Гиляндағы дәрўишлер ханакосының шейхи болып өткерген. Ол Темурий Шахрух салдырған бул ханакоға келгенше, Шахрух сарайында хызметте болған, еки рет (1442—1446-ж.ж.) Индияға елши болып келген өз дәўириниң ири сиясатшы адамы.

Солай етип, Мазлумхансулыў жер асты бинасы араб-парсы әдебий тилиндеги тассаўўуф, европа тиллериндеги – суфизмниң архитектуралық қурылысы ханако. Оның суўпылар мәнзилханасы екенлигин XIX ҳәм XX әсирлердиң басларында жазып алынған дереклер де тастыйықлайды. Мәселен, XIX әсирдиң биринши ярымында Кубла Арал бойында болған рус сиясатшысы философия илимлериниң докторы Ф. Базинер естеликти "Маслым суфи" деп жазса, XX әсирдиң қырқыншы жылларында белгили этнограф алым Ю. В. Кнорозов Мазлумхансулыў бинасының дәрўишлер үйи екенлигин атап көрсеткен.

Жер асты суўпылар мәнзилханасының қурылған ўақтын, изертлеў жүргизген ўақтында қурылыс дийўалы сыбаўынан белгили илимпаз В. Н. Ягодин тәрепинен табылған хан теңге тийкарында XII – XIII әсирдиң баслары деп анықлаймыз. Әлбетте бул ўақытлары бина ишинде ҳеш қандай қәбир болмай, ол тиккелей суўпылар мәнзилханасы ретинде пайдаланыў менен бирге оның жабық ханалары бул жақты дүньяны тәрк еткен ири тассаўўуф ўәкиллериниң ақырғы мәнзилханасы ретинде хызмет еткен. Бундай жер асты ханалар Түркстандағы Хожа Ахмад Яссаўий комплексинен белгили. Рәўиятларға қарағанда, ислам дүньясында кеңнен белгили бул уллы инсан өзиниң алпыс үш — пайғамбар жасынан кейинги өмирин сол жер асты ханада өткерген.

1221-жылы моңғоллардың жаўлап алыўынан қатты зақым көрген Кубла Арал бойы қалаларының айрымлары тек XIII әсирдиң ақыры XIV әсирлерге келгенде қайта тикленеди. Миздахқан қаласында да бул қубылыс орын алады. Усы ўақытлары бурын жәмийетлик орын хызметин атқарып келген Мазлумхансулыў, Ережеп кәлпе (Қәлпе) сыяқлы Миздахқандағы биналар ишинде марҳумлар жерленип, олар сыйыныў орынларына айландырылды.

Археологиялық изертлеўлер усы ўақытлары биринши қурылыста төрт адамның, екинши қурылыста бир адам жерленгенлигин анықлады. Усыған байланыслы оларға келген зыяратшылар ушын Ережеп қәлпениң қубла тәрепинен, ал Мазлумхансулыўдың орайлық гүмбезин айлана жер бетинде бир нешше ханалар салынады. Қыз үйиниң усы ўақытта салынған ханаларының бириниң қапысы гербиш пенен өрилип жаўып тасланады ҳәм оған жер астынан жол салынады. Усындай сыртқы дүньядан бөлекленген ханаколарда муридлер таярлаўдың өзине тән усыллары болған. Бундай усыллар пирлер тәрепинен ислеп шығылып қабыл етилген. XII – XIII әсирлерде Қубла Арал бойындағы тассаўууф тәлиматын жүргизген белгили шайыр ҳәм алым Нажмаддин Қубра тәрепинен ислеп шығылған ҳәм ол оның "Ал, усул ал ашара" (Он усыл) атлы шығармасында берилген. Сууфылардың тариқат мәнзиллерин басып өтиўи, пәклениўи ҳәм марифатқа ерисиўи ушын шайықтың көрсетиўинше, олар тәўбе, Зухд, Таваккур, Каноат, Узлат, Зикр, Таважжук, Сабыр, Мурокаба ҳәм Ризо сыяқлы он басқыштан өтиўи лазым.

Жәмийетлик қурылыслардың ўақыттың өтиўи менен мавзолейге айландырылыўы ислам дини тарийхының дәслепки жылларынан басланған. Муҳаммед пайғамбарымыз Мадинаға келген соң мешит салып, өзи оның имамы болған, Қублаға қарап намаз оқыў қабыл етилген. Пайғамбарымыз әлемнен өткен соң өзи жасаған ханакоға жерленген. Усы ўақыттан баслап ан-набий аш Шариф мешити бир ўақытта мавзолей болып есапланады. Кейин ала архитекторлардың усынысы менен мешит кеңейттирилип, оған төрт жүз мың адам сыятуғын он минаралы қурылыс қосылады. Пайғамбарымыз дәўириндеги михраб бенен минараб бүгинги күнге шекем сақланған. Оны ҳажылық сапарға барғанда көзимиз бенен көрдик.

Шейхлардың ҳәм дин ғайраткерлериниң өзлери салдырған ямаса өмир бойы хызмет еткен мешит – медиреселер менен ханаколарында жерлениўи ҳәм зыярат орынға айландырылыўы Самарқанд, Бухара, Хийўа сыяқлы онлаған қалалардағы XIII - XIV, XIX әсир естеликлеринен көриўге болады. XV-XVI әсирлердеги Қубла Арал бойында суфизмниң раўажланыўы 1359-жылларда ҳүкимдарлыққа Қоңырат суўпыларының келиўи менен байланыслы. Тилекке қарсы бул дәўирлердеги естеликлер еле толық изертленбегенликтен олардың қурылыслары ҳаққында анық бир нәрсе айтыў қыйын. Лекин орта әсирлерде өткен ири тассаўууф ўәкиллериниң әўладлары болған Ақ суўпы, Хусейин суўпы ҳәм

Юсуп суўпылардың мәмлекетлик ислери менен қатар суўпышылық пенен шуғыллланыўына гүман жоқ.

Тассаўууф тәлиматы турмыста орын алған хәр қыйлы сиясий, экономикалық хәм социаллық жағдайлардың ақырласыўына қарамастан, оның тәрепдарлары тәрепинен кейинги дәўирлерде даўам еттирилди.

Орта әсирлердеги суўпылар институты XVIII – XIX әсирлерге келгенде ийшан-суўпылар түринде тағы да раўажланады. Үлкемиздиң үлкен қалалары Қоңырат, Хожели, Шымбай, Шаббаз, Шораханда қәлендерханалар қурылады.

Тассаўууф тәлиматы тәсирлерин XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ классикалық әдебиятының ири тулғалары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ хәм т.б. шайырлардың шығармаларынан көриўимизге болады. Тассаўууф әдебияты үлгилеринде жазылған Әжинияз шайырдың төмендеги қосық қатарлары оның айқын дәлили болады:

Хәр ким суўпы болса, нәпси кем болур,
Кеўли өлип, халый жайда гум болур,
Нәпси өлмесе, йигит билан тең болур,
Йана таат-ибадаты болмаса.

Солай етип, Мазлумхансулыў естелиги қурылысының атқарған хызмети ҳаққында мағлыўматларға ол арқалы орта әсирлердеги үлкемиздиң тассаўууфшылық тарийхына қысқаша шолыў жасадық.

(Ғ.Хожаниязов, Ж. Хәкимниязов. Қарақалпақстанның әжайып жети естелиги. Нөкис 2004. 30-50-бетлер.)

## МАЗЛУМХАНСУЛЫЎ

***Поэма***

**Өмир гөззал, бирақ оның мәңги емеслиги аянышлы. Қайғы-хәсирет, шадлық та, достың да, жақының да қалмайды. Хешким өлим саатының тырнағынан азат болмайды, жоқ болады.**

***(Мазлумхансулыў қәбирине ойып жазылған сөзлерден)***

*Өсербай ӘЛЕЎОВ.*

Аўылымның батыс жағында
Думанланған қойымшылық бар
Аянышлы хәр бир адымда,
Сүйсеўли тур бозғылт табытлар.

Бийик емес мына таў басы,
Гәуир атлы зор қала екен.
Бул пәлектиң көпғой саўдасы,
Бир қайғыдан халық тарап кеткен.

Әййем ўақта усы мөканда,
Басшы бопты жүдә жақсы адам.
Болған емес жалған гәп онда,
Өз сорамын әдил басқарған.

Жақсылыққа барлық инсан қул,
Қайтарылыўы парыз мойында.
Шарапатын көрген жесир-тул,
Етсем дести хызмет тойында.

Бахыт қусы қонған басына,
Халқы ушын жүдә ҳүрметли.
Усы адамның ғарры-жасына,
Алжасты ма, тәғдир уў септи.

Бул киси де жалғыз қыз бенен,
Ҳаял болды жүдә кәйўаны.
Шадлы күннен үмит үзбеген,
Алдында еди сүрер дәўраны.

Екеўи тең қызын әлпешлеп,
Он сегиз жыл өртеп баўырын,
Ортадағы бир жалғыз қыз деп
Ержеттирди сезбей даўрығын.

Зер жуўдырлы, жылўа қылықлы,
Арыў жүзи Айды бассынған,
Рәуиши Ләйли турықлы,
Илме-султан сөзи ҳасылдан.

Сөл гүңгиртлеў, жумсақ жагымлы,
Сести менен сыйқыр дем урып,
Жүрегине айдап жалынды,
Жақын өтсе қалдым де қурып.

Майысқақ бел, мамық денесин,
Көрип қалса жипек көйлектен,
Жойтады деп айтпа неге есин,
Небиреўди көзи бенде еткен...

Өсти усылай кемпир ғаррының,
Жалғыз қызы-жанған жулдызы,
Жигитлерди қаплап алды муң,
Көзлерине түскенде көзи...

Ҳаўазасы тарап тум-туска,
Ашық жанлар жүдә көбейди,
Жүреклерде ықлас, ғам-ғусса,
Қыялында өзин жебейди.

Ҳәр кимлерди басты ҳасыл ой,
Буны бузыў келмес кәрине,
Иштен тынар... ышқы басығой,
Ашықлардың дәстүр бәрине,

Даңқы шыққан қызға шад ели,
Ал жигитлер жүрди баўры қан,
Бири емес бәри дәмели,
Жоқ екен ғой үмитсиз инсан.

Мазлумханға қурдас түйедей,
Жаслайынан қатар тең өскен,
Бирин-бири қылмас қам өгей,
Татыўлықта жоқдур теңлескен,

Мунир деген бала бар еди,
Жақын еди үйи-үйине.
Жанып турған дара шам еди,
Қоңсы-қоба жүрди сүйине.

Әкесинде болды көп ҳөнер,
Гүл ояды таска шыршылап.
Минарлардың бәрин сол өрер...
Перзентке де өтти бул талап.

Мин таппайсаң қылған исинен,
Ҳәр нәрсени етер бабында.
Зийрекликке келмес киси тең,
Жиғит болды пискен табында.

Соңғы ўақта сырын сездирмес,
Муңлы жүрер кесел адамдай.
Не дәрти бар бунша, көп күлмес,
Ойланады кирпик қаға алмай.

...Ол ўақытта екеўи шапқылап,
Жуўырысты қоллар усласып,
Жығылғанын демеп тартқылап,
Турғызды да жүр деп қыстасып.

Жасырынбақ ойнап жасырынып,
Бирин-бири таппай тинтисти....
Бир аяғын жерге басып нық,
Ҳәккелеспек ойнап силкисти.

Узақ күнге булар шаршасып,
Аш болғанда кетип диңкеси.
Бир қырмадан бирге дәм татып,
Тең бөлинди шийрин гүлшеси.

Балалықтың барлық күнлерин,
Бул екеўи усылай кеширди.
Жүрек қурғыр сезип ышқы лебин,
"Көп зат жазып, көп зат өширди...."

...Жумысында өним болмады,
Шырша таслар жатты көк-көңбек,
Қыял менен атар ҳәр таңы,
Жүдеп кетти, ойы тереңлеп.

...Исенбеди үмит болса да,
Натықсаң,— деп тергер өз-өзин,
Дәрт шегиўдиң шеги толса да,
Босатпады, ирикти ер төзим.

Тәўекелге минди соңында,
Күлседағы наҳақ мазақлап.
Айтпақ болды не бар ойында,
Қыйнаса да өртеп, азаплап.

— Иркилмеди әне, жуўырды,
Шыққанда қыз ҳәўли алдына:
— Ойламай тур мени қуўыўды,
Құлағың сал дәртли арзыма.

Дизе бүгип қыздың алдында,
Жалбарынды тырнап көкирегин:

— Жубай болсын жаның жаныма,
Ашығыңман, жаным, мен сениң!

Бул жалғаншы сенсиз бос маған,
Қостарым бол, кеўлим қалмасын...,
Шадлы өмирге өзиң босаған,
Қан болмасын ишер пал асым.

Тəғдиримниң бəри қолыңда,
Нөзериң сал кеўлим шад болсын.
Əзиийиз басым сениң жолыңда,
Я, гүллесин бахтым, я солсын...

Қыйнама енди жүдə болмаса,
Ас қолыңнан бууып зулпыңа?!
Коз алдымнан сөйт те бол таса,
Ашынбағыл ғəрип турқыма!

Рəҳим ет, бирақ, сəўдигим,
Не бол десең бəри болайын.
Дəртлеринен жоқдур саў күним,
Сонша аўыр тəғдир-талайым.

Болардай тап ҳəзир қыз ғайып,
Жигит жанын езди бир тəсир.
Солғын жүзи нурсыз муңайып,
Жууап күтип турды мүсəпир...

Отлы сөзге жибип Мазлумхан,
Көп ойланып қалды иркилип.
Қарсы алдында жигит баўры қан,
Шыбын жанын өзине тур қыйып.

Рəҳими келип жигит ҳалына,
Нəзик геўде толды сезимге.
Аяныўды, мунды аңлатқан,
Перделенди жасы көзинде.

Бар едиме кеўли əзелден,
Жууҳаланыў, ықлас жеңди ме?
Қəддин жыйнап бирден егленген,
Еки қолын қойды көксине.

Мейлиң, — деди жүзлерин бурып, —
Бағышлайман сизге өзимди,
Жалғыз шәрт бар, тыңлап ал билип,
Ашық болсаң бежер сөзимди.

Иркилиўиң бузды қундыз қас,
Соннан, шәртин айтты сәл күлип:
Кең сарай қур дизип маржан тас,
Ойыўлар ой, турсын мәңгилик!

Нағыс түсир қызыл-жасылдан,
Төбе гүмбези тартқай мәнзилден.
Салмаган болсын хешбир жан,
Ал, енди кирис хәзирден.

Ислегейсең беккем пуқталап,
Қой гербишти орнат сән етип.
Кем болмасын питсин бул талап,
Жарасыққа керек бәлентлик.-

Деди усылай қыз, аўып аңсары,
Айта берди болсын деп бийик,
Сүрежак-аў заўқы—сапаны,
Сарай питсе неке қыйдырып.

Тыңлап Мунир шәрттиң не екенин,
Иркилмеди келди шешимге:
– Сен не десең, як дер жоқ жерим,
Бежермесем мени кеширме! —

Айттыдағы кетти хошласып,
Ғамластырды сарай әнжамын.
Сәхәр турып, тынбай тас тасып,
Орнын пишти шенеп жан-жағын.

Қумбыз салып гербиш писирди,
Шойын яңлы мийтин хөр тасы,
Қол қабарып, бармақ исинди,
Тула бойы тынбай қақсады.

Аўыр жумыс жанға батса да,
Уйықлай алмас, тыныш, жайғасып,

Көзи илинип кетсе сәл ғана,
Қыз сүўрети алды оятып.

Ушып турар сол ўақ орнынан,
Айланысар барып тағы иске.
Тасларынан қашап жонылған,
Ушқын шығар усас гүмиске.

...өз кеўлин өзи көтерип,
Сағынды гә истиң ертеңин,
Сарай питсе көриўге қыз келип,
Шадлыққа иши толса дер еди.

Жақсылықты сезип жүреги,
Әрман етти тезирек жетсем деп.
Бергейдағы оған өз себин,
Халық кеўлинде жүрген көп тилек.

Жеткейсең дә мақсет-муратқа,
Сал ғайратты, мәрттиң исин ет!
Ол нәзелим уйқлап бул ўақта:
Жатқан шығар сезбей қысыўмет.

Я шыдамай, бийлеп ышқы есин,
Пәр көрпесин таслап тез серпип,
Сен көрмеген аппақ сийнесин,
Турма әйнектен Айға көрсетип?...

Мейли, татсын... ышқы азабын,
Муҳаббатты сезсин тереңнен.
Сулыўды да ийелесин муң,
Дәртлеринен алсын аўыр дем!

Шын ашыққа ышқы тең түсер,
Қумар қыз да көрсин ынтығып.
Бәлким, ол да өз тойын күтер,
Тасла енди исти тындырып—

Жан-тән менен ислеп күн-түни,
Мийнет етти усылай салт басы.
Еки ирет жаз, еки қыс өтти,
Зорға өрилип питти пақсасы.

Еситпеген инсан бурын соң,
Ғайыр нағыс ойыў ендиги ис.
Бул талапта келди басып он,
Жәҳәнде жоқ тапты көгис түс.

Саздан шақпақ кесип күйдирип,
Бадыя салды, гәси тек қызыл.
Қамыс гүлин елеп ҳәм түйип,
Ҳәк топыраққа қарып етти кир.

Дым жабысқақ, беккем қылмаса
Қосты жүзим, туттың ширесин.
Сыбап болып бир ен гилмала,
Жапты шақпақ тасын гүл кесип.

Бириктирген жерин жийеклеп,
Сызық қойды нағыс бойлатып.
Мухарнастың көрип түрин көп,
Сулыў гүллер тапты ойланып.

Тапты қыял бәрин изленип,
Лалап қызыл қыздың ернинен.
Кирер есик жылт-жылт жүз дөнип,
Дәл Мазлумхан танда керилген.

Оң жақ, сол жақ еки шам,
Яр көзи ғой кел деп төрине.
Елеслетер гүмбез алыстан,
Шыққан қызды бахыт көгине.

Мегзестирип қыял ҳәммесин,
Малындырды гүлге мың түрли.
Питти ақыры, таппас ҳеш кемин,
Ох! Не деген күтти бул күнди.

Умыт болды жазда күйген от,
Жалғыз ислеп тоңған қыс күнлер.
..Музлағаны көгис түйме боп,
Маңлайынан тамып түскен тер.

Умыт болды бели бүгилип,
Көз тиккени батқан хәр күнге,

Умыт болды азап күн-түнлик,
Ер жигит тә жетти шәртине.

Төрт ашқанда гүллерин лала,
Питти сарай, сырттан тур қарап.
Несип еткей әўладына да,
Нийет қайыр болсын имарат.

Мазлумханға шәрттиң питкенин,
Баян етти Мунир барды да.
Тутып қыздың аппақ билегин,
Ертип келди сарай алдына.

Көрсеткен де жайдың мини жоқ,
Ырзалығын ықырар етти қыз.
Мың доланған гүлдей мисли шоқ,
Босағаға келип бүкти дизесин.

Табалдырық, текше тасларды,
Қайта-қайта сүйип кирди ишке.
Өтпей турып ўақыт кас қағым,
Құшаққа урды белин жиңишке.

— Ырзаман, — деп сүйип Мунирди,
Еки қолын салды мойнына.
Маўқы қанбай гүлге көз тикти,
— Усыны ырас өзиң ойдың ба?

Мына көз бе нағыс түсирген?
Мына сен бе бәрин ислеген?
Мына өкшең бе ылай писирген?
Сүймей турман буны неге мен?

— Ырзаман, — деп қайта йошланып,
Аймалады көзи, жүзинен.
Маўқы қанбас, қарар көз,
Аралады өжирелерин кең.

Қайта-қайта қарар гүмбезге,
Тасларынан жүзи көринер.
— Бәлентлиги жетер қырқ гезге,
Дым бийик-аў зорға көз илер.

Өз сезгенин түйип, ишинен,
"Мәрт жигит" деп тасты шадлығы.
Бир посаны берип жүзинен,
Босасты да мумдай балқыды.

Сынамақшы болды ҳәзилден,
Жигиттеги садық ышқыны.
Сүйермекен кеўли әзизлеп,
Бир байқайын қәне мен буны.

Бийҳуш ҳалда турып қушақта,
Тағы ийкемлеп ләбин посаға.
— Ашықсаң ба маған бул ҳақ па?
Көк гүмбезге нарым шық онда.

Билейин мен күшин ышқының,
Тасла өзиңди уша басынан.!
Көрсетти қыз бир шоқ қылығын,
Жылўа менен сыйқырлады жан.

Жылўа менен естен айырды,
Назлы қылыққа ақыл бенде екен.
Буйрық берсе гөззал, ай жүзли,
Еглениўши инсан ким екен...

Аңлатпады шадлық хеш нәрсе,
Ойламас қыз не айтып салғанын.
Аңлатпады шадлық хеш нәрсе!
Ойламады не айтып салғанын!

Қуўаныштан сонша жойытып аң,
Ўақыт. Аўзына усы сөз түсти.
Билмейди-аў қызлар назынан,
Беретуғынын көзсиз ерликтиң.

Мәс ҳалында ҳуўштан дәрек жоқ,
Орынлайман! — деди буны Мунир.
Жаны йошлы, жүдә кеўли тоқ,
Өпти қызды қайттан тағы бир.

Жаздырылып сөйтип қушақтан,
Кетти өрмелеп сарай басына.

Ҳәрекети көз илмес шаққан,
Не бар еди сонша асыға....

Сезбеди Мунир келер күлпетти,
Не боларын қалды билместен.
Япырмай-ә, ышқы қудирети,
Айырар ма бүйтип те естен?!

Шарт тоқтарма буншама сезим?
Тез сөнер ме салмақ, устамлық?
Қуўаныштың пурсатсыз гези,
Сыйқырланып қалды усталып...

Қус ушқандай усы мәҳәлде,
Жигит өзин жерге таслады.
Бүркит киби минген қәҳәрге,
Бир қайғылы исти баслады.

Ойламастан нелер дегенин,
Қуўаныштан турған қыз бирден.
Шоршып кетти көрип денени,
Сөне ғойды жүзлери күлген.

Қыз билеги қанға малынып,
Дизесине басын сүйеди.
– Не болды Мунир?
Шырлап жалынып,
Маңлайына урып, күйинди...

Жосып ағып жүзин көз жасы,
Тулымшағын ҳөллеп шубалтар.
Қаралы иске саўсап бозлады,
Ҳәйиў ханнас салып еңиреп зар.

Жоқ па еди тәғдир бир шара,
Бул Мунирге жигит шағында,
Әрманлы ма, я өрмансыз ба?.
Жан тапсырды қыз қушағында...

Мазлумханның бели ийилип,
Көз жасына толып өңири.

Шыға берди гүмбезге бийик,
Жүзин жаўып, қопырап өрими.

Ҳалы қурып дизе таяныр,
Дийдилеген жетти жерине.
Теңселип тур, әтирап ап-анық,
Нәзер салды өскен елине.

Егисликти көрди ырғалған,
Ушып қонған майда қусларды.
Көрди жердиң бетин сыр толған,
Аспандағы ыққан бултларды.

Көзи илди жүрген гүл бағын,
Солай қарап бираз егленди.
Көрди минген гүмбез тырнағын,
Тас төселген жасыл еденди.

Тас төселген көрди еденди...
Ҳәм Мунирди жатқан бауырлап.
Басы айланып шықты мең-зеңи,
Денеси уйып кетти аўырлап....

— Жаны қурысын сеннен аянған!
Өмири қурысын сенсиз байғусым!
Маңлайым қурысын саған дәрт салған,
Гизнипти ғой соңғы қайғысын!

Ойнақлаппан оттың үстинде,
Не боларын билмей сөйлеппен.
Оңым ба бул, яки түсим бе?
Маған не бар қалып сен кетсең?

Гүлдей солып, төмен салбырап,
Тентиреклеп, қәддин сәл тиклеп.
Таслады өзин! Ақты қулдырап,
Қыршын жанын ыза-дәрт бийлеп.

Қызыл-жасыл кийим үстинде,
Ылақтырған гүлге көп мегзеп.
Яры жатқан тасқа түсти де,
Деми питти...жатты ет-беттен.

Көз жумылды барды-кетти де,
Өз жанына етти қысыўмет.
Я бенделик үмит етти ме,
О дүньяда гезлесермиз деп?!

Көзин жумған гөззал еркинше,
Қундыз қасы тыртым қағылмас.
Жатыр Мазлум кердиң оқ неге?
Бет алмасын жуўып қанлы жас.

Дур төгилген шашы буғағын,
Сыйпап өтер, жоқ ҳеш назлылық.
Босаспастан шыдар буған ким,
Қойса тәғдир буны жазым қып.

Денелерин орап арыўлап,
Уялас қып еки қәбирди.
Көк гүмбезге қойды ели-халқы,
Ишке жутып отлы ҳәўирди.

Ҳәй ашықлар, ығбал-талайың,
Усылай екен, көрдик не барын.
Той өткермек болған сарайды,
Ким билипти мазар боларын.

Зыяратшы бунда көп келер,
Махбарасын сыйлап жасларды.
Даңқы тири қыршын денелер,
Астында-аў мына таслардың.

Муҳаббатта сыр мол таң қалар,
Муҳаббатта қудирет бар күшли.
Түрли ҳәдийсе түрли, нәрсе бар,
Муҳаббаттан күтип ҳәр исти.

***Хожели-Нөкис, 1977-1978-жыллар.***

# 4. СУЛАЙМАН ҲАДДАДИЙ МУСЕВИЙ

Жазба дәреклерде, қубла Арал ойында, орта әсирлерде өткен белгили шейх-әўлийелер қатарында Сулайман Ҳаддадийдиң болғанлығы мәлим. Мәселен XIV әсирлердеги Гургандж ҳәкими Қутлуғ Темурдың 1349-жылы жазылған вакуфнамасында төмендегилерди көремиз. Ол пайғамбарлар әўлады, сейит, шайхлар шайхы Сулайман Ҳаддадий Мусевийге иззет ҳәм ҳүрмет ретинде белгили әўлие Миздахқан төбелигинде ақ ханако салдырған, Миздахқаннан (Хожели) Бағдатқа (Қараөзек, Қуралпаға) шекемги жерлерди, Тулии-Ятқанды ҳәм тағы да үш каналды шейхтың атына ўақым жер етип берген. Өзиниң шейхқа деген берилгенлигин ҳәм садықлығын тастыйықлаў мақсетинде Қутлуғ Темур жоқарыдағыларға қосымша Хийўадағы Вари аўылында үлкен ханако салдырады ҳәм оның дөгерегиндеги жерлерди ўақым жер етип қосып береди. Бул ҳаққында Гургандж ҳәкиминиң жарлығы рамазан айының екинши сәнесинде 1349-жылы дүзилген.

Бул ўақым жерлер ҳаққында Қутлуғ Темур дәўиринде дүзилген ҳүжжетлердиң XVII әсирдиң орталарында тағы гәп болғаны тарийхый дереклерден белгили. Ҳижрий 1070 (1659 -1660)-жылы Сулайман Ҳаддадийдиң әўладларының бири, сол ўақыттағы хан Абдулғазы Баҳадурханнан, ўақым жерлерди қайтарып алыў ҳаққында талап еткен. Абдулғазы оны анықлаў ушын Қутлуғ



**Жума мешит XIV ә.** (Адилхан Арзуев)

Темурдың 1349-жылы берген “Вакуфнамасын” тексерип көрген ҳәм оны көширип алыўды молла Тахир ибн молла Ашық Хивакийге тапсырған.

Тарийхый дереклерде көрсетилген Сулайман Ҳададийге арнап Қутлуғ Темур тәрепинен салынған “ақ ханако” 1987-1990-жыллары Миздахқан комплексинде толығы менен қазып ашылды. Сондай-ақ, оның менен байланыслы жер асты қурылыстың бар екенлиги анықланды. Ханаконың арқадағы есиги арқалы жер астына қарай жети текшеге шекем тазалап қазыў мүмкиншилигине ийе болынды. Соңғы жылларда оның үстине әли жерленип кеткенлиги себепли, оннан арман жер асты қурылысын кеңейтип ашыў мүмкиншилиги жоқ. Бизиң пикиримизше, усы жерде Мазлумхансулыўдың қурылысынан кейинги Қарақалпақстан аймағындағы екинши жер асты Ханако қурылысы болыўы менен, онда сол шейхлар шейихы Сулайман Ҳададий-Мусевий дахм етилген. Демек, бул өз гезегинде XIII–XIV әсирлердеги қубла Арал бойындағы ең кәраматлы орынлардың бири болғанлығын көрсетеди.

(Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. Нөкис-1994-жыл. Ғайратдин Хожаниязов, Оңғарбай Жумабай улы Юсупов. НМПИ, ОИАКБТАЭИ. Мақала 32-33-48-49-бетлерде)

Араблардың дәслепки найыбы (наместниги) Миздахқанда (Хожелиде) отырғызылып, кейин ала ол Гурганжге (Гөне Үргенш) өтеди.

Араблар Орта Азия халықларының экономикасына ҳәм мәдениятына орны толмас дәрежеде зыян келтиреди. Көплеген қалалар, архитектуралық қурылыслар бүлдириледи. Саўда жоллары бойларында жайласқан Қыят (Беруний), Қабат қала (Елликқала), Миздахқан (Хожели) сыяқлы қалалар қарабаханаларға айландырылады. Халықаралық саўда үзилиске түсирилди. Ески Хорезм жазыўын билген саўатлы адамлар, илимпазлар жоқ етилип, сабақлықлар менен илимий китаплар, әдебиятлар менен шежирелер өртеп жибериледи. Әлбетте өз тәлиматларын ийелеген жерлерине ендириў бойынша алып барған араблардың дәслепки ҳәрекетлери бирден өз нәтийжелерин бере қоймады. Жаңа тәлиматты тил ушын да қабыл еткен отырықшы халық өзлериниң бурынғы руўхый ҳәм мәдений үрп-әдетлерин, дәстүрлерин турмыста пайдаланыўды даўам еттире береди. Бул жағдай тарийхшы алымлардың анықлаўы бойынша, 780-жылғы Муканна көтерилисиниң жеңилисине шекем даўам етип келген. Солай етип, VII әсирдиң ақыры IX әсирдиң басларында Орта Азия халықлары ең қыйын дәўирден тарийхтың Жаңа басқышына өтеди.

Усы дәўирдеги қубла Арал бойы, Хорезм мәмлекетиндеги жағдайға келетуғын болсақ, өтиў дәўири бираз шубаланқылыққа түсти. Араблар орынлардағы жергиликли династияларды биротала жоқ етип жиберместен, ал олардың қапталларына өзлериниң найыпларын отырғызған еди. Соның салдарынан Гурганждағы (Гөне Үргенш) араб найыбы менен Қыятта (Бируний) отырған Хорезмшахлар династиясы ўәкиллери арасында, ўақты-ўақты келиспеўшилик, урыс-қағыслар болып турды. 995-жылы Гурганж патшасы Абдул Аббас Мамун Ибн Муҳаммад арқа ҳәм қубла болып бөлинип басқарылып турған еки халықты бириктиреди ҳәм оған Хорезмшах атағы бериледи. Солай етип, үш жүз жылға шамалас ески ҳәм жаңа тәлимат арасында болған өз-ара гүрес шегине жетип, қубла Арал бойында ислам дини толық орнайды. Мамун ҳәм оның баласы Әлий (997-999) дәўирлеринде Хорезм ғәрезсиз қудиретли мәмлекетке айланады. Әлий Мамунның иниси дәўиринде (999-1017) Хорезм тек сиясий ҳәм әскерий жақтан раўажланып қоймай, үлкен мәдений орайға айланды. Үргенштиң көрки Ибн-Сино ҳәм ал-Берунийлер болған Мамун академиясы салынып, оған сол дәўирдиң илими ҳәм көркем өнериниң ағлалары жыйналды. Бул алымлар Қыят (Беруний), Жампық қала (Қаратаўда), Миздахқан (Хожели), Гурганж (Гөне Үргенш) қалаларында болып, өлмес мийнетлерин дөретти. Мәселен, Әбиў Райхан Беруний мийнетлери Шығыс ҳәм Европа еллери математикасына тийкар болды. Астрономия ҳәм математика бойынша трактатлары оның данышпанлығын ҳәм билиминиң кеңлигин билдирип қоймай, Қубла Арал бойы, улыўма Орайлық Азия илиминиң жоқары дәрежеде раўажланғынлығын көрсетти.

## 5. ЖОМАРТ ҚАССАП

Хожели қаласының күн батыс тәрепинде бес километр узақлықта жайласқан Миздахқан қойымшылығында Жомарт қассап дүмпешиги бар. Жомарт қассап ҳаққында руўханийлер келтирген диний рәўиятларға қарағанда, ол ерте ашаршылық заманлардың биринде жасаған "кәраматлы" адам болған. Ол усы дөгеректиң халқына (байға да, жарлыға да) бирдей хызмет етип, оларды бийпул гөш пенен тәмийинлеген қассап адамемиш. Жомарт-қассап өлер алдында: — егер де мен өлгеннен кейин кимде-ким мениң басыма зыяратқа келсе, ол өзи менен бир қосыўыс топырақ алып келип, қәбириме тасласын,— дегенмиш. Мине, соннан усы дүмпешик пайда болғанмыш. Диний аңызлардың тағы бир вариантында усы

дүмпешиктиң астында Мазлумхансулыў мавзолейинен де сулыў етип салынған Жомарт қассаптың мавзолейи бар, деген гәп бар.



**Жомарт қассап дүмпешиги**

Этнографиялық мағлыўматларға қарағанда өткен әсирлерде малы тосаттан апатқа ушыраған шарўалар қалған малларын айдап, усы дүмпешикти үш мәрте айланып зыяратлайтуғын болған. Кейинги ўақытлары хәр қыйлы кеселликлерге шатылған адамлардың дүмпешикке келип түнеўи, перзент көрмей жүрген келиншеклердиң дүмпешиктен думалаўы. Олардың көпшилиги перзентли бола алмай жүрген келиншеклер, биразы өзлерине тәўипсымақлардың: “Жомарт-қассап дүмпешигине үш жума қатнап, усы дүмпешиктен үш мәрте аўнасаң, кейин оның қасында жайласқан Шамун-Нәбийди үш мәрте айлансаң перзентли боласаң”, деп исендирип келгенлиги мәлим. Ал, гейпара хаяллардың туўған балалары шетней бергенликтен, олар да усы дүмпешикке келип, сыйынып, атырғанлықларын жергиликли халық айтады. Олардың гейпаралары Жомарт-қассап дүмпешигине сыйыныў менен бирге, Гөне-Үргенштеги “қырық молла” дүмпешигинен де домалап, сыйынатуғын болған.

Жомарт-қассап дүмпешиги тийкарында өзи не? Ол қашан хәм қалай пайда болған? Онда қандай “кәрамат” бар деген бир қатар сораўлар туўады. Мине, усы сораўларға жуўап бериў ушын хәм дүмпешиктиң сырын ашыў мақсетинде Өзбекстан Илимлер академиясы қарақалпақстан филиалының Н.Дәўқараев атындағы тил-әдебият хәм тарийх институты жанында 1987-жылы Миздахқан

археологиялық экспедициясы шөлкемлестирилди. Жоқарыда аты аталған орынларда илимий-изертлеў жумыслары жүргизилди. Экспедиция қурамында Нөкис мәмлекетлик университетиниң археолог-оқытыўшылары, практикант-студентлер, Ташкенттеги Өзбекстан жойбарлаў ҳәм реставрациялаў илимий-изертлеў институты архитекторлары ҳәм усы институттың Нөкистеги бөлиминиң қәнигелери қатнасты. Үш ай даўамында өткерилген изертлеўлер нәтийжесинде төмендегилер анықланды. Табылған археологиялық материалларға қарағанда, бизиң эрамыздың басында бул жерде бийиклиги 6 метр, ени 20 метрге шамалас болған төбешик турған. Мүмкин, ол екинши-сегизинши әсирлерде дахма (өлген адамлардың сүйегин етинен тазалаў орны) хызметин атқарған болыўы итимал. Соның менен бирге, оссуария бөleклериниң табылыўына қарағанда, сол етинен тазаланған адам сүйеклери салынған ыдыслар саклаў орны болған болыўы да мүмкин. Өлини жерлеўдеги бундай дәстүр исламға шекемги зороастризм динине тән болған, бул бизиң эрамызға шекемги IV—III әсирлерден, бизиң эрамыздың VII—VIII әсирлерине шекем аймағымызда үстемлик еткен диний түсиник. Усы зороастризм дини тәртибинде адам сүйеклери салынған оссуарийлер, Қаратаў, Қусхана-таў, Қубатаў дизбеклеринен ҳәм Шылпық төбешиги үстинен табылды. Дүмпешиктен табылған VII—VIII әсирлерге тийисли үлкен пүтин қумларда да адам сүйеклери салынған болыўы итимал.

IX әсирлерге келгенде дүмпешикте ислам дини дәстүринде жерленген қәбирлер пайда болады. Дүмпешикте өлилерди бундай етип жерлеў XIV әсирдиң ақырына дейин даўам етеди. Бул ушын дүмпешиктиң басында ҳәм жанбаўырларында оннан аслам жайлар салынып, оларға үшеўден, бесеўден, жетеўден, тоғыздан қәбирлер қойылған. Этнограф илимпазлардың анықлаўынша бундай жайларда тек бир шаңарақ ағзалары ҳәм туўысқан адамлар жерленетуғын болған. Бул дәстүрди ҳәзирги ўақытта да көплеген Орта Азия халықларында, соның ишинде қарақалпақларда да ушыратыўға болады.

XII—XIII әсирлерде усы дүмпешикте шыйықшының жасағанлығы да анықланды. Оның кишкене бөлмеси марҳумларға арналып салынған жайлардың арасына орналасып, ишинде дем алып отырыў ҳәм жатыў ушын қолайластырылып исленген сыпа, ошақ, орта әсирлерде қол жуўыў ушын қолланылған ташна, шығындыларды таслаў ушын писken гербиштен өрип исленген төрт мүйешли шуқыр ҳәм тағы басқа да нәрселер бар.

XIV әсирдиң ақыры, XV әсирдиң басларында дүмпешикке өли жерлеў ҳәм оған байланыслы жүргизилип атырған қурылыс ислери бирден үзилиске ушырайды. Илимпазлардың пикиринше, бул 1370-1388-жыллардағы Әмир Темурдың Хорезмге жасаған шабыўылының тәсири болса керек. Себеби, сол жаўгершиликтиң ақыбетинде Хорезмниң орайы болған Гөне Үргенште ҳәм оның бир қатар қалаларында тиришилик ўақытша тоқтайды. Ал, Миздахқан қаласы болса усыдан кейин қайтып тикленбейди. Соған байланыслы Жомарт-қассап дүмпешиги де қойымшылық ретинде пайдаланыўдан биротала қалады.

Өлини жерлеў менен бирге, оның үстине төбешик етип топырақ үйиў тийкарынан әййемги көшпели халықларға тән диний дәстүр, бундай қойымшылықларды Орта Азия ҳәм Қазақстан далаларында, Волга бойларында, Украина жәзийраларында ушыратыўға болады. Қарақалпақстанда бундай қойымшылықлардың басым көпшилиги Үстирт кеңислигинде жайласқан болып, ҳәзирги ўақытта олар бизиң археологларымыз тәрепинен изертленбекте. Белгили илимпаз С. П. Толстовтың анықлаўынша, бизиң эрамызға шекемги IV–III әсирлерде Хорезмниң мәмлекет болып қәлиплесиўинде көшпелилер актив қатнасқан ҳәм олардың белгили бир бөлеги көшпелиликти қойып, отырықшы тәризине өткен. Сол отырықшыға айланған көшпелилердиң айрымлары бизиң эрамыздың басында Миздахқанда жасағанлығы ҳаққында археологиялық дереклер бар. Мине, сол көшпелилердиң өли жерлеўдеги диний дәстүрлериниң тәсирлери Жомарт қассап төбешигинде сәўлеленген болыўы мүмкин. Көшпелилерге тән тағы бир шәртли нәрсе, ол да болса, марҳум менен бирге ямаса оның қәбириниң қасына аўқатлық затлар салынған ҳәр қыйлы ыдысларды қоятуғын болған. Усындай ыдыслардың бирazлары Жомарт-қассап дүмпешигинен табылыўы жоқарыдағы айтылған пикирлерди тастыйықлап ғана қоймастан, ал бул дәстүрдиң XIII–XIV әсирлерге шекем даўам етип келгенин көрсететуғын илимдеги жаңа мағлыўмат болып табылады. Биз сөз етип отырған нәрсе усы дүмпешиктен табылған 6 пүтин гүзешелер болып есапланады. Олардың ҳәр биринде үш-үштен таўық мәйеги ҳәм бир салымнан Қараўымбеттиң ири дузы бар. Барлық он сегиз мөйектиң де сыртында ески араб альфавитинде қара сыя менен жазылған жазыўлар сақланған. Дүмпешикте таўық мәйеклериниң өли менен қосып көмилгенлиги де анықланды.

Этнограф-илимпаз Ю. В. Кнорозовтың пикиринше, усы дүмпешик ҳаққындағы диний исенимлердиң ҳәм дәстүрлердиң

тийкарында әййемги зороастризмниң “кәраматлы” әпсаналардағы биринши Адам ата Гайомарт болыўы итимал. С. П. Толстов та усы пикирди қоллап, Жомарт атамасының әййемги Иран аңызларындағы Гав-Мард (гав-өгиз, мард-адам) яғный Кайюмарс пенен байланыслы болыўы мүмкиншилигин айтады. Ал, илимпаз С. К. Караевтың анықлаўынша “Гавмард” атамасын ески парсы тилинен түркий тиллерге Жомарт формасында буннан тоғыз жүз жылдан асламырақ ўақыт бурын (сақый) деген мәниде өткен.

Солай етип, Жомарт қассап дүмпешиги хәр қыйлы (зороастризм, ислам хәм кәшпелилердиң) диний исенимлердиң хәм дәстүрлердиң күшли тәсиринде адам қолы менен үйилген, XII–XIV әсирлерге тийисли естелик.

Жомарт қассап дүмпешигинен басқа да бир қатар орынларда изертлеў жумыслары алып барылды. Нәтийжеде бурын илимде белгисиз болып келген XII-XIV әсирлерге тийисли Миздахқан қаласының Жума мешити хәм сол дәўирде салынған бир неше мавзолейлер ашылды. Ислам динин үгит-нәсиятлаўға қаратылған бул қурылысларда сол ўақыттағы Хорезм архитектурасының хәм көркем өнериниң ең жақсы үлгилери ислетилген. Олардың айырымларының дийўаллары ойма-нағыслар менен безелип, хәр қыйлы бояўлар менен нағысланған. Қурылыс жумысларында ылайдан хәм алебастрдан шебер пайдаланған. Әлбетте, келеси изертлеўлер Миздахқан қаласының әййемги хәм орта әсирлердеги тарийхы бойынша жаңа дереклерди топлаў менен бирге соларға байланыслы пайда болған диний түсиник хәм исенимлерди тағы да тереңирек үйрениўге, жәрдем береди.

Усы естелик базасында әййемги хәм орта әсирдеги Миздахқан архелогиялық-архитектуралық қорық шөлкемлестириў кереклиги өз жуўабын күтип турыпты.

Жуўмақлап айтқанда, Миздахқан комплекси жақын жылларда Самарқандтағы “Афрасиаб”, Түркменстандағы “Нисса”, Тәжикстандағы “Пянджкент”, Қазақстандағы “Отрар” сықлы ашық аспан астындағы қорық музей болып дүзиледи хәм республикамыздың, сырт еллердиң туристлери ушын өзиниң есигин ашады деген үмиттемиз.

## 6. ЕРЕЖЕП ҚӘЛПЕ

Мазлумхан сулыў жанындағы тарийхый естеликтиң аты. Илимпаз-тарийхшылардың жазыўынша Ережеп қәлпе, Кәлийпе Ережеп түрлеринде жазылады. Хожели халқы арасында тарқаған аңыз бойынша хәр жума күни естеликтиң бир гербиши қулап түседи, Гербишлердиң барлығы түсип болған күни дүньяда өзгерис болады деген аңыз бар. Ережеп қәлпе естелигине келген хәр бир

зыяратлаўшының хәр бири жети гербиштен жыйнап кетеди. Демек естеликтен қулап түскен гербишлердиң орнын усылай толтырады.

Естеликтиң алдыңғы тәрепиндеги пүтин гербишлердиң биринде арабша үш хәрип жазылған. Бул абжад есабында 230 жылларға, хәзирги бизиң есабымызда IX әсирдиң екинши бөлегине туўра келеди. Бул жазыў естеликтиң қурылған жылын билдириў ямаса оған сол ўақытлары зыяратқа келген бир адам жазып қалдырған болыўы мүмкин. Ережеп Қәлпе ханакох ўазыйпасын атқарғанлығы



**Ережеп қәлпе мавзолейи**

хаққында илимпаз тарийхшылар пикир жүргизген. Сонда бул имарат — дәрўишлер, қәлендерлер, ғәрип хәм кәмбағаллардың қонып кететуғын ямаса қонаға жасайтуғын жери ўазыйпасын атқаратуғын қурылыс дәрўишхана, календерхана. Мииздахқан комплекси жети саны менен тығыз байланыслы. Жети гүмбез, яғный Шамун Набийдиң жети сулыў қызына арналып салынған. Қәлпе Ережеп естелигиниң төменги тәрепинде жети улама жерленгени хаққында айтылады. Соның менен бирге "Ережеп" ("Раджаб") адам аты болғаны менен араб календарының жетинши айын билдиреди. Ережеп қәлпе естелигине жақын жерде "Жети қарый" естелиги, яғный сахана жайласқан.

## 7. "ҚЫРЫҚ ШОПАН"

"Қырық шопан" мавзолейи (ямаса Қәландерхана) Қарақалпақстан археологлары тәрепинен 1987-жылы қазып көрилген, Мавзолей планда төрт мүйешли болып, толық ашылған. Оның



**Қырық шопан мавзолейи**

майдан өлмешлери 15,2х12 метрден, дийўалының қалыңлығы 1 метр. Дийўал пискен ҳәм қам гербишлерден өрилген. Мавзолейге кирер есик өлшеми 1,47 метр. Ҳәзирги күнде «Қырық шопан» мавзолейи бир ханадан ибарат (5,12х5,12 м). Қасында кишкене ханалар жайласқан болып, ол бөлмелер «шиллехана» хызметин атқарған. Пайдаланылған керамикалық материаллар XIII-XIV әсирлерге тийисли. Илимпаз Г.П.Снесаревтың айтыўы бойынша имарат дәрўишлердиң сыйыныў орны болған.

## ХОЖАЛАР ҲАҚҚЫНДА...

Хожели тарийхына тоқтап өткенде Хожели этимологиясының негизи Хожа екени белгили. Сонлықтан хожалар тарийхына тоқтап өтиў орынлы деп ойлайман. Хожалар бүгинги күнде уруў болып қалды. Бурынлары хожалар хожа менен қатнасып, тек хожаға қызларын беретуғын еди. Ҳәзирги күнде олардың бәри қалды десе болады. Қатып қалған фундаменталлық хожалар константасы ҳәзирги күнде прогрессив цивилизацияға қарай өзгерди. Олар қарақалпақлардың хожасы, өзбеклердиң хожасы, түркменлердин хожасы, қазақлардың хожасы болып бөлинип кетти. Хожалар ҳаққында жазылғанларды оқып таллап қарағанымызда, тарийхта хожалардың арғы аталары Исхабтан шыққаны ҳаққында жазылады. Хожаны сөгиўге, урысыўға ҳәм урыўға болмайды. Хожалар барлық ўақытта халық ҳүрметинде болған. Хожалар оқыған саўатлы, ақыллы инсан болса, қазы ямаса бий болып сайланыўға ҳуқықлы. Хожаларды тек султан, төрелер, ақ сүйеклер айыплай



алады. Хожа нанның усағы ямаса Хожа сууға батпайды, Хожа отқа жанбайды — деген бурыннан халық арасында мифологиялық сөзлер қалған. (Материалы для статистики Туркестанского края (ежегодник) издание Туркестанского статистического комитета. под редакцией Н.Маеева, выпуск IV, С.Петербург,1876 год. Стр. 151. 153. 192. 214. 249.)

Хәр бир миллеттиң тарийхый шығысы, түп бабасы бар. Хожалардың өзине ылайық тарийхы болып, оларды "пайғамбар әўлады, ақ сүйек" деп улыўма мийнеткеш халық сыйлайды. Хожалар өзбекте, қазақта, түркмен ҳәм қарақалпақлар арасында әййемнен отырады. Қазақ ишинде отырғанлары қазақтың хожасы, өзбек ишинде отырғанлары өзбектиң хожасы, түркмен ишинде отырғанлары түркмен хожасы деп өзлерин атайды. Ал өзбек ишиндеги хожалардың хаслы-затын фамилиясына жалғастырады. Мысалы: Ғанийхожаев, Султанхожаев, Ахмедхожаев тағы басқалар. Бирақ, олар рууға бөлинип, бир-биринен қыз алысады.

Усы ўақытқа шекем хожалар шежиреси аўызша тарқап келген. Хожалар өзлерин Муҳаммед пайғамбардың әўлады санайды. Өзлериниң "ақ сүйекпиз", "пайғамбардың урпағымыз", деп, "қара халыққа", яғный жергиликли пуқара халықларға қанларын араластырмаў ушын олардан қыз алған менен, өз қызларын оларға бермеген, сырт жерлерден қыз алыўға қолы жетпегенлери гейде аталасларына үйлене берген. Қанларын усылайынша "қорғаған" хожалардың, ханлардың туқымына қан араласпаўының себебинен биологиялық жағынан азыўға айланған. Хожалар усы дәстүрин қоймай, XIX әсирге шекем келген. Орайлық Азияда жасаған "әўлие" саналатуғын хожалар қайыр-садақа сораў, түшкириў, дем салыў, баланы сүннетке отырғызыў менен шуғылланған.

Хожалар шежиресин Шоқан Ўалиханов изертлеген. XVIII-XIX әсирлерде хожалар арасынан Мәдели ҳәм Майлы сыяқлы

шайырлар шыққан/ (Халық мийрасы. Хожалар шежиреси, 20-25-бетлер, 1979.)

## ХИЙЎА ХАНЫНЫҢ ХОЖАЛАРҒА БЕРГЕН ЖАРЛЫҒЫ

АБУЛ-МУЗА -ФФАР ЎӘЛ-МАНСУР АБУЛҒАЗЫ СЕЙИД – МУҲАММЕД РАҲИМ БАҲАДУРХАН СӨЗИМИЗ.

...Хорезм салтанат сарайының бәрше әмелдарларына жазылған ярлығымыз мынадай: “Муҳаммед Мустафаның тайфасынан, ашраф ханадан Муртазаўый, яғный ҳәзирети Әлий Муртазаның ханаданынан болған Сейид Ҳәсен хожа, Якуб хожа, Мансур хожа, Қасым хожа, Нурылла хожа, Искендер хожа, Аҳмед хожа, Файзулла хожалар бизиң дәргахымызға келип бизге алғыслар айтыў мәресиминен соң өзлериниң тарханлықлары ҳақында өткен падишалардың қылған нышанларын нурлы нәзеримизге келтирип, бизден қол қойып имза қылыўларымызды илтимас еттилер. Биз де көрип-билип, ол илтимасларын қабул дәрежесине жеткерип, жоқарыда атлары аталған сегиз хожаны әўладлары менен тарханлық нышаны менен нышанладық.

Енди бул ярлықтың мазмунынан хабардар болғаннан кейин бул хожалардың әўладлары ақлық-шаўлықлары, аға ҳәм инилери менен алғурт-салғуртлардан, қазыў – қашыўлардан, соларға усаған мийнетлерден сыртта болыўын анлап қәлем ийелерин, бәрше әмелдарлар қәдемлерин тарта турсынлар. Аталған хожалар әўладлары менен дүньяның бәрше тәшўишлеринен азат аўҳалда бизиң өмиримиздиң ҳәм дәўлетимиздиң зияда болыўын тилеп дуўаға машқул болсынлар, деп тарийх ҳижрий мың еки жүз тоқсан сегизде Хийўа салтанат сарайында шаўўал айының жигирма алтысында жылан жылы бул ярлық жазылды.

## А. КУН ХОЖЕЛИ ҚАЛАСЫ ҲАҚҚЫНДА

Қубла Арал бойы халықлары өзиниң ески ҳәм бай тарийхына ийе. Олар дүньяға өзлериниң миллий мәденияты, көркем өнери, әдебияты, руўхый байлықлары, ески үрп-әдетлери менен мәлим. Қубла Арал бойы халықлары, олардың турмысы, хожалығы, саўда- экономикалық байланыслары, үрп-әдетлери, тарийхый естеликлери ҳаққында көп ғана шет елли изертлеўшилер тәрепинен жыйналған мағлыўматлар сақланған. Мысалы, XVIII –XIX әсирлерге тийисли рус изертлеўшилердиң жазып қалдырған

күнделиклери, мақалалары, китаплары, хатлары ҳ. т. б. қубла Арал бойы халықлары тарийхын изертлеўде тарийхый дерек сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигине ийемиз. Усындай адамлардың бири белгили шығыс изертлеўшиси Александр Кун болып есапланады.

Патша Россиясы Хийўа ханлығын жаўлап алғаннан кейин, 1873-жылдың жазында А. Кун, М.Н. Богданов ҳәм И. Краузе Хийўа қаласына келеди. Бул экспедицияның тийкарғы мақсети ханлықта жасап атырған халықлардың тарийхын, мәдениятын, қалаларды, олардың тарийхый естеликлерин, саўда жолларды ҳәм басқа тарийхый-этнографиялық мағлыўматларды жыйнаў еди. Олар Хийўа қаласынан шығып Газават қаласына келеди. Бул жерден Ташаўз, Ильялы, Гөне-үргениш арқалы ҳәзирги Хожели қаласына келген. Бул жерде ҳәм экспедиция жуўмағы бойынша А. Кун тәрепинен 1873-1874-жыллары "Туркестанские ведомости" газетасында бир неше мақалалар жәрияланды, соның ишинде "Культурный оазис Хивинского ханства", "Порядок взимания податей в Хивинском ханстве", "Доходы Хивинского ханства", "Заметки о податях Хивинского ханства". (А. Кун. Культурный оазис Хивинского ханства. Туркестанские ведомости 1874 г. №6: А. Кун. Порядок взимания податей в Хивинском ханстве, Туркестанские ведомости 1873 г. №33: А. Кун. Доходы Хивинского ханства, Туркестанские ведомости 1873 г.№ 32: А. Кун. Заметки о податях Хивинского ханства. Туркестанские ведомости 1873 г. №32.) Жоқарыда көрсетилген мақалаларда А. Кун Хийўа ханлығына сапары ўақтында ханлықтың экономикасы, саўда жоллары, қалалары ҳәм басқа да мағлыўматларды келтирген.

А. Кунның мағлыўматларына қарағанда Хожели қаласына Қоныратқа суў жолы арқалы бир күнде жеткен, ал қурғақлықтағы жол арқалы усы аралықты өтиў ушын еки күн кеткен. Соның менен бирге Хожели ҳәм Қоныраттан хәр жылы Бухара ханлығына, Самарқанд, Қаршы, Шахрисабз ҳәм Гиссар қалаларына 50 ден 200 шекем қақланған балық, соның ишинде сазан ҳәм ылақа менен толтырылған қайықлар жиберилип турған. Қақланған сазан ҳәм ылақа балықлар бир батпаны Хожелиде 30 теңгедан сатылған. Бухарада Хожелиден қақланған балықларды 60 теңгеден сатқан. (А. Кун. Культурный оазис Хивинского ханства. Туркестанские ведомости 1874 г. №6 )

XIX әсирдиң 70-жылларында Хожели қаласы Сүўенли каналы бойында жайласқан болып, Әмўдәрьядан еки верст аралығында екенлигин жазады. Хожели қаласының Сүўенли каналының еки

тәрепине жайласқанын, қаланың қорғаны жоқ екенлигин, турған адамлардың сондай бай туратуғынлығын, үлкен-үлкен жайлар салып таслағанлығын, соның менен бирге қаланың бәри бағқа, яғный егилген ағашларға толы екенлигин ҳәм каналдың еки тәрепинде дүканлар, жабық базар жайласқан болып қаланың сондай халқының тоқ-курғын жасайтуғынлығын көрсеткен.

Лексикалық мәнисинде: Хожели, хожалар жыйналған ҳәм туратуғын жер–дегенди көрсетеди. Шынын айтқанда қалада хожалар көпшилик, олар Сейд атаның урпақлары. Соның ушын да хожелишилер өзлерин өткен заманнан Түркменстан хожаларының ағайынларымыз — деп көрсетеди. Хожели қаласының турғынлары, яғный хожалар өзлерин буннан алты жүз жыл бурын Түркестаннан Аминутдин хожаның басшылығында көшип келгенлигин айтады. Аминутдин хожаның лақап аты-Алямин хожа (1874–600=1274) (сонда Ходжа элиниң пайда болғаны он үшинши әсир. А Кунның айтыўы бойынша. Д.Б.). Алямин хожа ҳәзирги Хожели қаласының орнында, әтирапына адамларды жыйнап турақлы жасап баслаган. Ўақыттың өтиўи менен оның қасына өзбеклер ҳәм қырғызлар көшип келе баслады. Олардың көби Алямин хожаның мүридлери, яғный шәкиртлери еди. Ҳәзирги күнде бабаның мазары Хожели қаласында жайласқан.

Қалада 300 ден аслам дүкан ҳәм өнерментлер устаханасы, бес мешит, бес мектеп, бир медиресе, үлкен кәрўан-сарай жайласқан. Қыдырып келгенлер усы кәрўан-сарайда жайласады ҳәм дем алады. Қала Әмиўдәрьяға жақын болғанлықтан балықшылық кәсиби жақсы раўажланған. (А. Кун. Культура оазиса низовьев Аму-дарьи, от Хивы до Газавата. Оть Куня–Ургенча до Ходжейли. Сб.1874, 216-217 бетлер.)(Ред М-12. 113505.)

А. Кунның мақалаларында Хийўа ханлығындағы салық сиясаты ҳаққында көп мағлыўматлар берилген. Усы мағлыўматларға қарағанда Хийўа ханлығының дийқанлары салық төлемин төлеген. Салық муғдары жердиң көлемине байланыслы еди. Ал кубла Арал бойы халықлары салық төлеминиң орнына салық-кесме төлеген. Салық-кесме бул алдын-ала келисилген төлем болып, усы келисимге муўапық Хожели қаласы ҳәм оның әтираплары 1184 тилла, ал қарақалпақлар 2000 тилла деп белгиленген. (Бул жерде қарақалпақлар деп ҳәзирги Қарақалпақстанның оң жағалығы ҳаққында айтылған. Д.Б)

Саўда базарлардан алынған салық Хожелиде-1260 тилла болған. (А. Кун. Доходы Хивинского ханства. Туркестанские ведомости 1873 г.№32.) Соның менен бирге хожелишилер ханның армиясына

500 әскер, ал өзлеринин суўғарыў қурылысларын қайта ислеў, тазалаў жумыслары ушын 600 жумысшы бериў миннетлемесин алған. (А.Кун. Заметки о податях Хивинского ханства. Туркестанские ведомости 1873 г. №32.)

Жуўмақлап айтқанда, А. Куннын Қубла Арал бойы халықлары ҳаққында, соның ишинде Хожели қаласы ҳаққында жазып қалдырған мағлыўматлары үлке тарийхын, оның мәдениятын, сиясий системасын, экономикалық раўажланыўын ҳәм турмыстың басқа да тараўларын изертлеўде үлкен әҳмийетке ийе. Буның өзи Хожели қаласының Өзбекстан, Қарақалпақстан тарийхында өзиниң гиреўли орны бар екенин көрсетеди.

## А.ВАМБЕРИ ХОЖЕЛИ ҚАЛАСЫ ҲАҚҚЫНДА



Венгрия илимпазы Армен Вамбери XIX әсирде Орта Азия қалаларына саяхат жасағанда Хожели қаласы ҳаққында төмендеги жол жазбаларды қалдырган.

Дәрьяның ығына қарай тағы азғана жүргеннен соң тастан салынған қорғанлардың қарабахасы шығып атырғанын көресең. Ол Гәўир қаласы деп аталады. Мен дәслеп Гәўир дегенде әййемги замандағы Гееврлер ямаса отқа сыйынатуғынлар деп ойлап едим. Барлық Орта Азияда Гәўир деп армянларды, ямаса христианларды атайтуғынын билип жүдә хайран қалдым. Христианлардың, ислам динине дейин, оннан монғоллардың үстемлиги қулағанға дейин бул жерлерде көплеген колониялары болған. Олар Арал теңизинен тап Қытайға дейин даўам еткен.

Хожели қаласы, (бул бурын Хожа ели деп аталып, хожалардың ели, яғный пайғамбар әўладлары деген мәнисти аңлатқан) халқы күтә тығыз жайласқан, бундағы халықтың басым көпшилиги хожалар болған. Олар өзлерин «пайғамбар әўладымыз», дейди екен (А. Вамберий. “Очерки Средней Азии” стр.127 - 128).

Үшинши күни кеште бизлер дәрьядан еки саатлық жолда жайласқан Хожели қаласының тусына келдик. Дәрьяның шеп тәрепинде тоғайлар, айдалған егислик жерлер көп ушырасады.

Қоңырат Хожели арқалы, ол жол менен қыста көллер қатқаннан соң жүриледи, узынлығы 40 фарсах.

Қарақалпақлардың мынадай қалалары бар делинген, — Қоңырат, (онда Қыят, Ноғай, Саргар, Сапар деген ауыллар болған), Хожели, (онда Кетпенши Ата, Найманлар, Тоғай иши, Қамыс ели, (Қаныс шалы) Дәруиш хожа деген ауыллар болған), Шымбай, Қыпшақ, (Бессары байы, Ногай ийшан, Қанжығалы, деген ауыллар болған) Шорахан, Маңғыт, (Пирипатша, Қыятлар, Кенегес ауыллар болған).

А.Вамбери. Путешествие по Средней Азии, с картинками и картой. Издание второе. Москва, 1874 г. 299 стр.

С.К.Камалов. Вамбери қарақалпақлар туўралы, Нөкис, 1995 жыл.15-17-бетлер.

## ПИРИМ ХОЖА ИЙШАН ИБН ҚУТЛЫ МУХАММЕД ХОЖА



Арал ҳәм Хорезм ўәлаятында тарийхый, сиясий ҳәм руўхый ислерде из қалдырған, Хожели қорған-қаласын беккемлеўде Пирим Хожа аталық үлкен үлес қосқан. Ол Арал ўәлаятында Хожа ели улысына басшылық еткен. Ақ патшаның елшилери менен сөйлесиўлер жүргизген. Пирим Хожаның исми 1741−1744-жыллардағы Оренбург шегара Комиссиясының ҳүжжетлеринде ушырасады. Пирим Хожа, аталық дәуиринде Хожели қаласында 1811-жылы салынған мусылманлардың жоқарғы оқыў орны болған Медресе қурылған. Оның қәбири медресе қапталында жайласқан. Ҳәзир бул теберик орында жаңа Жума Мешит тикленип, мусылманларға хызмет етип атыр.

Пирим ийшан бабаның бесинши әўлады Якубжан ағаның (1918-жылы туўылған, 91 жаста) айтыўы бойынша Пирим ийшан баба-

мыз Қурайиш қәўиминен болып, олардың 39-әўлады екен. Аталары Карры Алеў хожа — деп бизге түсиник берди ҳәм өзиниң Сейид хожа екенин айтып өтти. Пирим ийшан бабамыздың Имам Ризаны, Ахмед Яссаўийди, Ғайб атаны, Кетменши бабаны (Мухаммад Зәрип) жақсы ҳүрмет еткенлерин, барлық ўақытта аўзынан тасламай айтып жүргенлерин, еситкенлерин айтып берди.

1991-жылы 27-мартта №25 "Хожели ҳақыйқаты" газетасында төмендеги мақала сүўрет пенен басылды. Онда, айтыўларына қарағанда гөне қаладағы "Пирим ийшан баба" мешитиниң сорамында Хожа Ахмет Яссаўий әўладынан болған Нурмуҳаммед жерленген екен. Ҳәзир бул мешит жайы жаңадан қурылып атыр. Усы күнге дейин бул жерде 300 мың сўмға жақын қурылыс жумыслары питкерилди. Мешит имаратының сырты дерлик таяр болды. Бүгинги күнде халықтың тилеги бойынша қурылып атырған бул имараттың ишин пардозлаў жумыслары жүргизилип атыр», —деп газетада жазылған. Пирим ийшан бабамыз: — «Мени өлгенимде, Хожелиниң ортасына қойың, елимди от апатынан, суў апатынан ҳәм жала апатынан, басқа да жаманлықлардан сақлайман», — деп айтқаннан кейин халық бабаны ҳәзирги гөне қаланың орайына жерлеген ҳәм басына маҳбара орнатқан. Ертелерде Әмиўдәрья тасығанда, баба нәсият еткендей тасқын суў жақынлап келмеген.

Айтып кетиўимиз керек, Хожели халқының аўызбиршилиги арқасында Пирим ийшан бабамызға үшинши рет басына үлкен



**Пирим ийшан баба мешити**

гүмбезли мақбара ҳәм муқаддес мешит жайы 1990-жылы басланып, 1991-жылы гүзде толық питкерилип, биринши рет халықлық жума намаз оқылды. Хожелиниң ҳүрметли ақсақалы, мийнет ветераны Халмурат Абдурахманов ҳәм Ниязымбет Сабиров көп жәрдемлер берди ҳәм басшылық етти. Қурылысты сапалы питкериў ушын ақсақаллар жәмлести. Халмурат Абдурахманов, Жақсылық-қырғыз, Мамыт Абдиев, Халдурды-түркмен, Ҳамдам-тәжик, Ибрайым Жуманиязов, Абдулла Балтабаев сыяқлы жас үлкенлер жәмлесип мешитти питкериўде баба ушын қалыс хызметлер иследи. Қалалық кеңес баслығы болған Ширин Садуллаева, Абдухалық Ходжаев тағы да басқа ақсақаллар жәрдемлер берди. Баба урпағы Абдухалық аға "мутаўаллы" хызметин атқарды. Халықтың бабаға берген нәзиринен 19 (он тоғыз) үлкен номерленген ҳәм мөр қойылған канцелярия журналы толтырылды. Хожели Пахтабанк бөлимшесинен 325-есап бети ашылып, түскен пул толығы менен баба имаратына жумсалды. Мешитти салыўға Хийўадан Ағабек уста деген қәниге шақырылды. Хожели халқы Ағабек устаға, бабаға ислеген хызметлери ушын "Москвич" автокөлигин мингизди. Хожели халқы усылай уллы бабаларын ҳүрметлейтуғынлығын, аўызбиршилик пенен бир аўыздан билдирди. Пирим ийшан мешитинде бурынлары: Раматулла мақсым, Мадали мақсым, Халила мақсым, Нуратдин мақсым, Абдихалиқ қарый (Мамытжанның атасы), Асаматдин имам-хатиб, Кеўлимжай Жамалов имам-хатиб, Қыдырнияз Алимбетов, Муратжан Абдиевлар хызмет еткен болса, ҳәзирги күнде Пирим ийшан мешитине Оразымбет Сейтжанов имам-хатиблик қылмақта.

1953-54-жыллары Пирим ийшан мешитиниң қайта тиклениў жыллары болған. Хожели РайПО сының складының қасына жайласқан мешитти қайта салыў, тоталитарлық кеңес дәўиринде жүдә қыйын болған. Ҳәзирги ғәрезсизлик заманындай емес, динге исениўшилер қуўдаланған. Сол себепли хожелиши Жуманияз ата ҳәм тағы басқа руўхый бай адамлар бирлесип, бабаның басына жақсы белги қойып ҳәм кишкене болса да мешит салмақшы болады.

Хожели қалалық кеңесиниң баслығына (Горисполком) барып жолықса, мешит салыўға руқсат жоқ, — дейди. Кеңестеги жумыс питпеген соң Райкомға кирип кетейин деп кирсе, биринши хатшы Хайров — деген татар киси екен. Ол Пирим ийшан бабаның атын еситкеннен, мешит — деп айтпаң, улы ҳәм қызы жоқ еки адамды таўып әкелиң гөне қаладан, соларға жай орын беремен, мешиттиң орнына, соң мешитти сала бериң,—дейди. Арза жазылып, жер

берилгеннен кейин горхомхозда ислейтуғын Хожашев келип, мешиттиң (жайдың) орнын пишип, қазық қағып береди. Хайров биринши хатшы болған менен, Хожели халқы ушын, өзи хат текстин таярлап, Москваға ҳәм Ташкентке, сол ўақыттағы саўатлы адамлардың бири Қулшаров Амин ахунға Хожели халқы атынан хатты көширтип жаздырған (ол ўақытта Амин ахун колхозда бухгалтер болып ислеген). Бир ай өтпей Москвадан ҳәм Ташкенттен хат келип, мешит 1955-жылы ашылсын ҳәм бес штат берилсин—деген хабар келеди. Буның бәри бабаның кәраматы—деп есаплайды Хожели халқы. Хожелиге белгили инсан Ситжан аға Мәтжанов мешитке жәрдемлер көрсеткен, мешиттиң төбесин қаңылтырлап, пәтигин ислетип берген.

Кеңес дәўиринде Хожелиниң биринши хатшысы Султан Абдрахманов Пирим ийшан мешитине 3х4 ғалы гилем берип жиберип, "қупыя пәтия" берсин — деп өтиниш ислегени өткен тарийхта белгили (мағлыўмат бериўши Ибраим аға Жуманиязов, мийнет ветераны, шежиреши).

Ҳүрметли теберик бабамызды Хожели халқына ислеген әжайып ислерин үйрениў ушын, баба урпақлары менен ушырасып сөйлестик. Керекли мағлыўматларды алдық. Бул мағлыўматлар толық деп айта алмаймыз. Сонлықтан басқа жақлардағы архивлерден қарап изертлеўлерди талап етеди. Сонда ғана Пирим ийшан бабамыздың руўхы шад болады. Халқымызда «Өлини сыйлаған бай болады, тирини сыйлаған бий болады»—деген сөз бар. Пирим ийшан баба шежиреси болған. Биз баба әўлады Сабыр аға Якубовтан (1926-жылы туўылған), оның ҳаялы Утебике апа Кутлымуратовадан шежирени жазып алыўға сорағанымызда, шежирени бурынғы мешит имамларының биреўи алып кеткени ҳаққында мағлыўмат берди. Олардың қолында Пирим ийшан бабамыздың соңғы услаған ҳасасы сақланып турыпты. Еситкенимизди толық қағаз бетине түсирдик. Бизге Пирим ийшан баба ҳаққында мағлыўмат бергенлер: Абухалық аға Ходжаев, (Пирим ий-



**Пирим ийшан баба қәбири**

шан бабаның алтыншы әўлады), Якубжан аға Аляминов (Пирим ийшан бабаның бесинши әўлады) Садулла Ахунов, Оңғарбай Юсупов, (Хожели тарийхы бойынша архивлик ҳүжжетлер» 23-28-бетлер) Сали Ахунов, Оразымбет Ғайпов, Самандар Абдуллаев, Ибраим Жуманиязов, Сабыр Сейтжанов, Қалбай Хожамуратов, Азат Атажанов, Оразалы Дүйсенбаев, тағы басқалар ҳәм «Хожалар тарийхы» китаплары.

**Пирим ийшан баба шежиреси**

Пирим ийшан бабадан – Асқар ийшан,

Асқар ийшаннан –

— биринши ҳаялынан – Исмаил ийшан, Мәткарим ийшан, Нурымбет ийшан

Исмаил ийшаннан – Сафы ийшан.

Сафы ийшаннан – Исмаил, Абдулла (сақаў) ҳәм төрт қызы болған. (Абдикерим жийен болған.)

Мәткарим ийшаннан – Әўезжан топпы.

Әўезжаннан – Әметжан.

Әметжаннан – Турсынбай.

Нурымбет ийшаннан – Мамый ийшан, Әмет ийшан.

Мамыт ийшаннан – Абдуллажан, Рима.

Амет ийшаннан – Ибраим – Файзулла – Низаматдин (биринши ҳаялынан)

Нуратдин, Алаўатдин қарый – Шамшатдин.

(Әмет ийшаннан – Атажан, Исмаил. Ислам.)

— екинши ҳаялынан (қазақ қызы, әлим урыўынан) – Юсуп ийшан. (Қой жылы қайтыс болған, “хан ийшан”—деген атақ алған, көп мәрте ҳажы сапарына барған, тилге жетик, саўатлы болған.)

Юсуп ийшаннан – Асаматдинжан ийшан (генерал Галкин тәрепинен 1916-жылы 54 жасында дарға асылған)

Асаматдинжан ийшаннан – Ахунжан, Аляминжан, Имаматдинжан (тақсыр баба), Жәмила, Әмина, Бибисара.

Ахунжаннан – Хайбулла,(1956-жылы қайтыс болған.)

Хайбулладан – Машарип, Садулла, Атабай (Юсуп), Сали, Анипа (48 жасында 1997-жылы қайтыс болған), Айша, Патма, Бибиханум.

Машариптен- Асаматдин, Абдурахман, Абдуллажан, Шарафатдин, Бибимариям, Пахратдин, Зәрип, Азамат.

Садулладан – Ширин, Пашша, Мәдина, Умида, Махмуд (11 жасында қайтыс болған)

Атабайдан (Юсупжан) - Ахмед, Аймурат, Муртаза, Әмина, Замира, Феруза, Бибихатича.

Салидан – Назира, Дәўран, Сардар, Саламат, Абдусаттар, Манзура.

Аляминжаннан – Якубжан, Ибраим.(Аляминжан 1884-жылы туўылған, 1953-жылы 5-мартта 69 жасында қайтыс болған. 1912-жылы 28 жасында хажыға барған.)

Якубжаннан (1918-жылы 9-апрельде туўылған, бүгинги күнде 91 жаста, бабаның бесинши әўлады) (Якубжан ағаның үйинде Юсуп ийшанның қуманы сақланған)

Ислам, (55 жасында қайтыс болған) Махмуд, Махсут, Рустам, Анвар, Бахрам, Ғафур. (Якубжан ағаның қызлары Катира, Халима, Убайда, Малика, Гуланда)

Исламнан – Икрам, Шавкат, Сайера, Хайрулла,Абдулла, Жандулла.

Махмудтан — Юсуп, Зульфия, Юлдуз, Феруза, Еркин, Уснатдин.

Махсуттан – Кәмил, Әдил (биринши ҳаялынан), Сановар, Злайха, Кәраматдин, Збайда, Жалалатдин. (екинши ҳаялынан)

Рустамнан – Барно, Зафар, Сайд.

Анвардан — Фарида, Әлишер, Айбек.

Бахрамнан – Фархад, Дилара, Дильноза, Абдулазиз.

Ғафур (Якубжан ағаның екинши ҳаялынан, қолындағы генже баласы 1979-жылы туўылған.)

Имаматдинжаннан (тақсыр баба) (1894-1977)

биринши ҳаялынан –Абдухалық, (1925) Әўез (Абдиразак),(1927-2008)

екинши ҳаялынан – Низаматдин,(1949), Салима, Камал, Рима, Баўатдин, Бибихажар, Убайдулла.

үшинши ҳаялынан – Анипа (Түркменстанда турады, Қызыл Атрек – деген жерде, Марал әжеден туўған.)

Абдухалықтан – Шамшатдин, Асқар, Кәраматдин, Кәрима, Махмуд, Назира, Файзулла, Зайдулла, Насиба, Хайрулла, Рашид, Рахим, Абдурахман.

Шамшатдиннен – Гүлнара, Әлишер, Дәўран, Рустам, Дилшад, Санжар, Дильяфруз,

Асқардан – Улуғбек, Дильфуза.

Кәраматдиннен – Зафар, Нафиса, Нигора, Нилуфар, Наргиза.

Кәримадан – Расулбек, Музаффар, Нафиса, Махмуд.

Махмудтан – Миржалал, Мавлюда, Зинатдин.

Назирадан –Манзура, Абдулазиз.

Файзулладан – Юлдуз, Сайдбек, Сарварбек.

Хайрулладан – Барно, Сайдакбар.

## БАҚАЙБЕК БАБА

Хожели халқы Бақайбек бабаны жүдә хүрметлейди хәм қәдирлейди. Бақайбек баба Пирим ийшан бабаның қырық шәкиртиниң бири. Пирим ийшан бабаның өзи шәкиртиниң билимин тән алған. Оның сондай саўатлы, оқыўдан алғыр екенин барлық ўақытта шәкиртлерине үлги етип айтып жүрген. Әмиўдәрьяның арғы жағындағы тойға Пирим ийшан шәкирти менен кеткенде шәкирти Бақайбек кеш қалып қояды. Бир қараса шәкирти Бақайбек Әмиўдәрьядан өзи кешип өтип келгенин көрип, оны Бақайбек әўлие деп атап кеткен дейди бир аңызда. Халық оны Бақайбек әўлие деп те айтады. Бақайбек баба естелиги басында 1775-жылы туўылған хәм 1840-жылы қайтыс болған деп жазылған. Мақбарасы гөне Хожелидеги Сүўенли каналының жағасына жақын, хәзирги гөне пахта заводтың аймағында жайласқан. XIX әсирлерде ол жерде үлкен қойымшылық болған. Соның менен бирге кешеги XX әсирдиң 60-жылларына шекем ондай үлкен емес Бақайбек баба деген дуз кәни болды. Оған қала хәм район халқы барып дузға түсетуғын еди. 1927—1935-жыллары гөне завод аймағын үлкейтиў ушын аты аталған жерди тегислегенде тракторшылардың аўызлары қыйсайғанын гөне қала халқы елеге шекем айтып жүреди. Бул болған ўақыя. Хәзирги күнде Бақайбек бабаның басына




**Бақайбек баба мақбарасы**

жақыннан жәрдем көрсетти. Ретинде айтып кетиў керек, махбара салатуғын жерди жақсылап тегислеў ушын 156 автомашина топырақ төгилген. Усталар Хорезмнен шақырылды. Ҳәзир ол — муқаддес орын.

## 1916-ЖЫЛҒЫ ХОЖЕЛИ ЎАҚЫЯСЫ

### ӘЎЕЗЖАН БИЙ

1916-жылы Ақ патшаға ҳәм ханларға қарсы мийнеткеш Орта Азия халықларының кең ең жайған миллий-азатлық ҳәрекети болып өтти. Солардың бири 1916-жылғы Хожели қаласындағы көтерилис еди. Хожели қаласы ҳәм әтирапындағы қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен халықлары барлығы дерлик бул көтерилиске қатнасқан. Бул көтерилистиң келип шығыў себеплериниң бири Исфандияр ханның "Қарахаптан" бел аўырыўға тап болғаны еди. Бир тәўип оған ем ретинде, ханның қараўындағы етеги ашылмаған 40 қыз бенен жыныслық қатнаста болыўды усынған. Усыған муўапық хан өзиниң исенимли хызметкерлерине ҳәр күни хан сарайына бир қыз алып келиўди буйырған. Ханның қыз салығын жыйнаўшыларына ҳәттеки ел басшылары да наразылық көрсеткен.

1916-жыл январдың дәслепки күнлеринде хан ҳәремине еки қыз жеткерилди. Бир нешше күннен кейин бул еки қыздың денеси ата-анасына жасырын түрде тапсырылды. Олардың екеўи де ханға қарсылық көрсеткени ушын ҳәремде өлтирилген еди.

Ханның хызметкерлери екинши рет Хожелиден 20 қыз алып кетиўге келмекши болған. Сонлықтан қызлары бар көплеген ата-аналар өз қызларын бундай шерменделиктен қутқарыў мақсетинде ханның қыз жыйнаўшылары келместен бурын түнде қызларына еркек кийимин кийдирип, Әмиўдәрьяның оң тәрепине Нөкиске жөнетеди. 16 қыз минген дәслепки кеме Әмиўдәрьяның қатты толқынында аўдарылады, қызлар суўға кетеди, ал екинши 4 қыз минген кеме жағадағы адамлар тәрепинен қутқарылып қалынады. Келеси күн азанда усы апатлы ҳәдийсеге байланыслы хожелишилер аза тутады, ал ханның қыз жыйнаўшылары келген ўақытта, оларға тас-таяқ ылақтырып, көтерилис жасайды.

1916-жыл 8-январда Хожели қаласы ҳәм әтирапындағы бир топар адамлар Хожели қаласы ҳәкими Әўезжан бийдиң ҳәўлисине келеди. Көтерилисшилер ҳәмелдардың Хийўа ханы ҳәм яўмыт баспашылардың пуқаралардың намысына тийиў ҳәрекетлерин шеклеўди талап етеди. Хожели беги Әўезжан бий көтерилис-

шилердиң шағым арзаларын Исфандиярханға талапларын жеткериў шәрти менен ғана көтерилисшилерди үйлерине тарқатты. Усы ўәдесине муўапық Хожели беги Әўезжан 1916-жыл 14-январьда 300 - 500 көтерилисшилер менен бирге Хийўаға атланады. Оларға жолшыбай Қыпшақ, Маңғыт, Порсы, Тасқыншақ ҳәм тағы басқа орынлардан көтерилисшилер қосылып, олардың саны 2000-3000 адамға жетти. Бирақ, олардың арасында бир сатқын бөлинип шығып, Исфандиярханға барып: "Хожелиши Әўезжан бек бир неше мың адамнан ибарат көтерилисшилерди жыйнап, сизди өлтирип, тахтыңызды ийелемекши", — деп хабар жеткерген.

Әўезжан бектиң халықтың шағым арзаларын ханға жеткериўге киятырғанын жақтырмаған Исфандиярхан орыс армиясы күши менен 19-январьда көтерилисшилерден 7 адамда қамаққа алды. Қалғанларын тарқасыўға мәжбүрледи. Әўезжан бек Хожелиге қайтты.

1916-жыл апрель айында орыс патшасының жазалаў отряды басшысы генерал А.С. Галкин көтерилис басшыларынан 11 адамды дарға асады. Сүўенли арнасындағы қызыл көпирдиң қубла бойындағы майданшада ески дийқан базарына жақын жерде (ҳәзирги пахта завод кәрханасы арқа-шығыс мүйешинде) сырттағы майданшада дар ағашы қурылады. Олардың арасында хожелиши Әўезжан бий, оның иниси Махмут, Асамаддин ийшан жәнe басқалар болды. Бул көтерилиске қатнасы бар адамлар Сибирге сүргин етилген.

1916-жыл Хожели халық көтерилиси Орта Азия миллий – азатлық ҳәрекети тарийхнамасында үлкен тарийхый әҳмийетке ийе.

«Хорезм Мамун академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары», Нөкис қаласы, 2006-жыл. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети. 61-62-бетлер).

## 1916-ЖЫЛҒЫ ХОЖЕЛИ

1916-жылы дийқанлар ҳәрекети ашық массалық қураллы қозғалысқа бағдар алды. 1916-жылдың январында Хийўа ханлығында күшли қураллы көтерилис келип шықты. Оның тийкары ең дәслеп Хожели беклигинде басланып, ханлықтағы көпшилик бекликлерди өз ишине қамтыды.

Әсиресе, Биринши жер жүзлик урыс жыллары жер-суў қатнасларының кескинлесиўи, жыйын-салықлардың ҳәдден тыс көбейип кетиўи, әмелдарлардың шексиз зулымлықлары ҳәм сиясий теңсизликлери көтерилистиң келип шығыўына негизги себеп болды.

Хийўа ханы Исфандиярдың, оның әмелдарларының мәскүнемликке берилип, Маңғыт, Қыпшақ, Хожели, Шоманай, Қоңырат бекликлерине қыз салығын салыўы, пуқара халықтың жас қызларын зорлап алып кетиўлери көтерилисти тезлетти. Ханның бузықшылығы хан әмелдарларының да мәскүнемшиликлерин күшейтиўлерине жол салды. Олар да пуқаралардың жас қызларын зорлап алып кете баслады.

1916-жылдың 8-январында Хожели беклигинен тағы да қызларды зорлап алып кетеди-миш деген хабарды еситкен Хожели қаласының халқы, әтирапындағы дийқанлар көтерилди. Сол күни Хожели беги (бийи) ҳәм ийшан уламалар Юсуп деген кисиниң садақасында (асында) отырған еди. Хожелишилер ишинен Тилеўмурат кәл сыяқлы айбатлы басшылар шыға баслады. Олар дәслеп бектиң кеңсесине, оннан соң Юсуптың садақасы болып атырған жаққа қарай бет алды. Тез арада ийшан-уламалар отырған жайдың қасында "Халық ғамынан өзлерин шет тутыўшы, тек ишип-жеў менен шуғылланатуғын тамақсаў әмелдарлар менен ийшан-уламалардың неге кереги бар" деген шаўқымлар естилди. Қозғалаңшылар айтқан бул аўыр сөзлер Хожели беги (бийи) ҳәм ийшан-уламалардың етин түршиктирди. Қозғалаңшылар оларға мынадай талап қойған еди. Талап бойынша "Бек ҳәм басқа да әмелдарлар Хийўа ханлығы пуқараның намысына тийиўлерин тоқтатыўы керек, оны ислемесе өз хызметлеринен безиў керек", — деди. Қозғалаң Хожели беги ҳәм уламалардың көп жалынышлы сөзлеринен кейин пәсейе баслады. Хожели беги ақылгөйлердиң өтиниши менен пуқараның арзасын Хийўа ханлығына жеткериўге ўәде берди. Үстем топарлар қозғалаңшыларды алдаўлыққа түсирмекши болды. Бирақ, қозғалаңшылар бий менен бирге Хийўаға барыўға келисип, үйлеринен азық-аўқат алып келиўге тарасты.

1915-жылғы қымбатшылық ҳәр қыйлы мәмлекетлик салықлар менен жыйымлар, оның үстине феодаллардың да жыйымлары мийнеткешлерди тағы да туншықтырды. Салықтың түри көп болғанлығы соншелли, ҳәтте 1915-жылы темеки салығы да ендирилген еди. 1916-жылы салықлардың ҳәм жыйымлардың түрлери 74 ке жетти. Әлбетте олардың аўырманлығы мийнеткешлерге түсти.

Бул қозғалаңның хабары тез арада Хийўа ханының қол астына таралып, барлық пуқараларды ҳәрекетке келтирди. Әбден албыраған Хийўа ханы Хожели қозғалаңшыларын тынышландырыў ушын адам жиберди. Қозғалаңшылардың Хийўаға қарай атланысын бул да ирке алмады.

Көтерилисшилер миллий ҳәм социаллық қурамы бойынша түрлише еди. Соған қарай көтерилисшилердиң алдыларына қойған мақсетлери де түрлише болды.

Ири жер ийелери Хийўада өзлерине сүйениш боларлықтай адамды хан тиклеўди көзде тутты. Пуқара халық болса, ханды қулатыўды, үстем топарлардың ҳәр қыйлы зулымлықларын шеклеўди ямаса Орта әсир қалдығынан ҳәм Хийўа ханы деспотизминен қутылыўды гөзледи. Оны гейпара буржуазия-ласқан элеметлер де қуўатлады.

Көтерилисшилердиң Хийўаға қарай жылысыўы Хийўа ханын, оның сүйениши ақ патшаны да қорқынышқа түсирди. Көтерилистиң кең ен жайыўынан қорыққан патша Шаббазда, Гүрленде көтерилисшилер ҳәрекетин иркиўди ғөзлеп, Әмиўдәрья бөлими начальниги, Төрткүл болысы басқарыўшысы Қазақбай Абдулкөримбай улын жиберди.

Көтерилисшилер отряды Әмиўдәрья бөлими басқарыўшысы ўәкилиниң сөзине итибар берместен, алға қарай илгериледи. Көтерилисшилер яўмыт феодалларының азапларына наразылықларын билдириў мақсетинде, Хийўа ханы түркменлеринде хан атағын көтерген хан Жунайдке иркилди. Хан Жунайд буны өз мақсетлерин ашық иске асырыў гүресине өтиўге сылтаў ретинде пайдаланғысы келди.

17-январьда көтерилисшилер Жунайдхан ҳәм хан ийшан тәрепинен усы мақсетке “жол көрсетиўши” сыпатында жиберилген адамлар менен бирге Хийўаға келди. Олар Муҳаммед Рахим ханға қарсы сарай партиясы лидерлериниң бири ҳәм патша тәрепинен қоллаўға ерисип келген Хийўа ханы туўысларының бири Рахманқул Төре хан қорғаншасына иркилди. Хийўа ханы Әмиўдәрья бөлим басқарыўшысы менен бирликте көтерилисшилерге биротала қалмастан тарқап кетиў ямаса шағым арзаларын Хийўа ханына жеткеретуғын араларынан 15-20 адам сайлап қалдырыў талабын қойды. Бул көтерилисшилердиң негизги массасы арасында толқынланыўларды күшейтти. Оның ақыбетлеринен қорыққан, көтерилистиң басшылары кеңесиўге жыйылды. Кеңесшилер көтерилисшилердиң сарайға жүрисин иркиў, қала эксплуататорларын ҳәм администрацияны бүлгиншиликке ушыратыўды тоқтатыў, көтерилис басшыларын қорғарлықтай 300 адамды көтерилисшилер арасынан бөлип, басқаларын үйлерине қайтарыў, Исфандиярдың туўысқаны Сейд-Абдулла ханның пайдасына тахттан кешиў туўралы усыныс етип, 8 адам қурамында делеғация жибериў ислерин шешти. ( Г. Непесов, сонда, 6-бет, ҳәм ЦГИВ РУз. Ф.Х11/

461, оп..1, л.1899 –а, л.79.). Бирақ, ис керисинше болып шықты. 18-январь күни азанғы саат 5 те негизги көтерилисшилер көтерилисти басқарыўшылардың усынысларын тыңламай, Хийўа ханы сарайына қарай жүрди. Буннан қәўипленген үстем топарлар да көтерилисшилер менен араласа жүриўге мәжбүр болды. Саат 5 те барған көтерилисшилер қараўыл солдатлар тәрепинен Хийўа ханы сарайына жиберилмеди. Солдатлар тапсырылып қойылған тәртип бойынша "бул күнлери ханның үлкен баласын азалаў үстинде, таң ерте арза қабыл етилмейди, саат 12 де жас үлкенлериң келип арыз етсе болады", — деп көтерилисшилерге мүнайым түр билдирди.

Бирақ, көтерилисшилердиң негизги күши пуқаралар патша солдаты қасында "Хийўа ханы хәм түркмен феодалларының шексиз зулымлықларына енди шыдамайтуғынлығын, оны тоқтатыўды талап ететуғынлығын, хан оны ислей алмаса тахтынан түсиўи шәрт екенлигин айтып", — әдеўир жеделленди.

Көтерилисшилер басшы лидерлердиң үгитлеўи менен қорғаншаға қайтып келди. 19-январь күни Хийўа ханы көтерилисшилер тилегине жуўап бериў орнына, Әмиўдәрья бөлим басқарыўшысы менен келисе отырып, көтерилистиң басқарыўшыларын тутқынға алыў туўралы Полонский басшылығындағы әскерлерге буйрық берди. Нәтийжеде көтерилисшилер ишинен көрнекли 7 адам тутқын етилди. Ал, аламанның қалған бөлегине үйлерине тараў, егер тарамаған жағдайда атыў буйрығы берилди. Көтерилисшилер үйлерине тарап кетиўге мәжбүр болды. Усылай етип, көтерилисти басқарыўшы үстем топарларының тынышлық жол менен Хийўада аўдарыспақ жасаў мақсети иске аспай қалды.

Көтерилис жеңилиске ушырады. Көтерилис басқарыўшыларының қорқып, халық массасының күшине исенимсиз қараўы, Исфандиярдың орнына өзлери қәлеген адамды келисим жолы менен хан тиклеўди ойлап, көтерилисшилердиң ханды қулатыў ҳаққындағы умтылыўларына бөгет болыўы, жеңилиўге тийкарғы себеп болды. Соның менен бирге көтерилисшилерди ханды биротала қулатыўға бағдарлағандай саналы басшы хәм жумысшылар жоқ еди. Көтерилисшилердиң белгили жобасы болмады, пуқаралардың ишинен шыққан бирли-жарым басшылар да пуқараның ханды қулатыўға умтылыўларын шешиўши түрде алға қоя алмады.

"Кетпен ҳәм ағашлар менен қуралланған (өнерментшилер, қалаға жақын дийқанлар) пиядалар" көтерилисти ҳәрекетлендириўши негизги күш болды. 1916-жылы 27-январьда Хийўа ханы Исфандияр барлық басқарыўшыларга берген көрсетпесинде буларды төмендегише характерледи" ... кейинги ўақытлары

шарапатлы Хийўа қарамағындағы ҳәр қыйлы орынларда тәртипсизлик келип шықты, талаўлар болды ҳәм жаман адамлар өз басларын көтерди, ал жақсылары өз үйлеринен шықпады. (Ред.фонд.КК филиала АН РУз, Д.509.л.67.) Көтерилисшилердиң усы негизги топары ҳәрекет етиўи менен көтерлистиң барысына күшли тәсир жасап отырды.

Көтерилиске өзлериниң ҳәр қыйлы мәплерин гөзлеп, ири жер ийелери, жергиликли ҳәм татар буржуазиясының гейпара ўәкиллери менен қатар, белгили дәрежеде Жунайд хан да қатнасты. Бирақ, көтерилиске қатнасыўшы пуқаралар олардың барымына бармады.

Көтерилис жеңилиске ушыраса да, Хийўа ханы менен патша администрациясын қорқынышқа түсирди. Қыпшақ, Маңғыт, Хожели бекликлеринде болса ҳәрекет даўам етти. Буған шешиўши шара көриўге мәжбүр болды. Себеби, январь айының ақырларынан баслап, Қоңырат мийнеткешлериниң арасында ханға ҳәм Колли яўмыт феодаллары зулымлығына қарсы ҳәрекет ен жайды.

Үстем топарларының езиўшилигине шыдамаған түркмен мийнеткешлери де қозғалаң көтере баслады. Қысқасы көтерилисшилердиң "Басшы"сымақлары тутқынға алынып, күш жумсаў жолы менен аўылларына таратылыўы, колли яўмытлардан басқалар да ызаланыў ҳәрекетлер күшейтти. (ЦГВИА. Ф.400,д.480 л.)

Жунайдхан усы жағдайлардан пайдаланып, Хийўада хан болыў ҳәрекетине киристи. Оның ҳәрекети реакцияшыл ҳәрекет еди. Ол тыныш өзбек елатлықларын ойранлап, өзин Хийўа ханы деп жәриялады, ал 14-февральда ханлықтың орайы Хийўаны жаўлап алды. Бирақ, патша әскерий начальниги оны хан деп мойынламады, Хийўадан шығып кетиўин талап етти. Жунайд хан қаланы ойранлап шығып кетиўге мәжбүр болды. Жунайдты пуқаралар да қолламады.

Патша администрациясы Хийўа ханлығында тынышлық орнатыўдың жолы, түркменлерди қуралсызландырыў ҳәм Хожели көтерилисшилерине қатнасыўшыларды аяўсыз жазалаў керек деп есаплады. Усы мақсетти иске асырыў ушын, Түркистан генерал-губернаторы тәрепинен Галкин басшылығындағы жазалаў отряды жиберилди. Жунайд хан менен патша әскерлери арасында бир неше мәртебе соқлығысыўлар болды. Ақырында Жунайд басшылығындағы феодаллар жеңилип, Жунайдхан бир неше адам менен Иранға қашып кетти. Жазалаў отряды Шоманай, Қоңырат бекликлерине де келип, ол жердеги халықларды да тынышландырды. Олар Хожелиге келип, январдағы халық көтерилисине

қатнасыўшыларды жазалаўға киристи. Жазалаў отряды болған жерлердеги халықлардың мүлик ҳәм байлықлары талан-тараж етилди. Ол халықтың есинде "Галкин жылы" деген ат қалдырды. Хожели халқына 100 мың сом контрибуция салынды. (Г.Непесов, Из истории Хорезмской революции, Ташкент,1952 г.ЦГА РУз, л.110/722, оп.1.Д.340.л.269.) Булардан тысқары Қоңырат, Шоманай, Хожели, Қыпшақ, Маңғыт бекликлерине Хийўалы өзбеклерден бек ҳәм ҳәкимлер қойыў, бул жерлерге нөкерлер қойыў, түркменлер менен қатнасты қадаған етиў, олар менен қатнасы бар деп уйғарған адамларды тутқынға алыў шаралары көрилди. Бирақ, жоқарыдағы шаралар халық ҳәрекетин үзил-кесил тоқтата алмады. Халық массасы контрибуцияға, көтерилиске қатнасыўшыларды жазалаўға, тутқынға алыўға, қалаларда қойылған бек, хәкимлерге, нөкерлердиң зулымлық ислерине қарсы ҳәр қыйлы формада ҳәрекет ислей баслады.

1916-жылы апрельде халық ҳәрекетиниң ашық түрге өтиў қәўпинен қорыққан жазалаў отрядының басшысы Галкин, көтерилиске қатнасыўшыларды дарға асыў ўақытларында Хожели қаласын қамал етиўге буйрық берди.

Хийўадағы халық қозғалаңы Әмиўдәрья бөлиминде жасаўшы халықлардың миллий азатлық ҳәрекетлериниң жанланыўына да тәсир жасады. Бул ҳәрекет Шымбай участкасының приставын қорқынышқа түсирди. 1916-жылы мартта Шымбай участкасының приставы Алланияз Айтымов, Сулайман Айекеев, Жийемурат Айекеевлерди қәўипли адамлар қатарында участкадан шығарып жибериў туўралы Әмиўдәрья бөлиминиң начальнигинен соранды. Бул жағдай Чимбай участкасында жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлейди деп ойлады. Апрельде халық ҳәрекети қайтадан жанланды.

Соған байланыслы Қарақум ийшанды Хийўаға жеткериў туўралы Галкинниң талабын участка приставы өз ўақытында бежере алмады. Қарақум ийшанды түнде ғана Петро-Александровскке қарай жибериўге мәжбүр болды (дала жазыўлары 1963-жыл). Бунының себеби, халық ҳәрекети массалық ашық қозғалысқа өтип кетер деп қәўипленди. Бул хабар Галкинди де қәўиплендирди. Жазалаў отрядын Әмиўдәрьяның оң тәрепине өткериўге мәжбүр болды. Бирақ, Галкин жазалаў отрядының күши менен бузақы адамларды ашық жазалаўға батына алмады. Нөкис волосты Иноят Нияз улы үйинен Хожелиге қайтты. Оған бул дәўирде Хожели халқының кейиплериниң көтерилиўи де мәжбүрлеген еди.

Хийўадағы көтерилис Хийўа ханы зулымлығына, түркмен феодалларының зорлықларына ҳәм халық ғамынан шетлеген

әмелдарларға қарсы қаратылған массалық халық ҳәрекети еди. Көтерилис Хийўа ханына кәўендерлик еткен патша ҳүкиметине де қарсы болғаны мәлим. (А.Төреев, Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, "Қарақалпақстан" баспасы, 1967-жыл. 56 бет.25-32 бетлер.)

## ХОЖЕЛИ ЎАҚЫЯСЫНА ҚОСЫМША

1916-жылдың биринши айы. Хийўа ханы Исфандиярдың тахтқа отырғанының алтыншы жылы. Хорезм ханлығы халықлары өз тарийхындағы ең аўыр күнлерди басынан кеширип атыр еди.

Исфандияр хан өз ҳүкимдарлығы дәўиринде бир неше рет Санкт-Петербургқа саяхат еткен. Оның басламасы менен Хийўа-да биринши телеграф, пуқараларды бийпул емлейтуғын заманагөй кеселхана, моншалар, медиреселер қурылды. Соның менен бирге жасаўшы халықтың жағдайы төмен еди. Оған Исфандияр ханның жылдан жылға төменлеп баратырған мораллық қәсийетлери нусқаў болды. Усы белги бойынша бул 1916-жылғы Хожели ўақыясын "Ар-намыс көтерилиси" деп атаса да болады.

Елдиң ең гөззал, тәрийпи тилге түскен қызларын хан ҳәремине алыў әдети бурыннан келген. Исфандияр да өз заманының бир ҳүкимдары, өзинен алдынғы жақсы-жаман дәстүрлерге әмел етип киятырған бир шығыс адамы болған. Оның айрым жағдайлардағы аса кеткен қанаатсызлығы, өз қайын атасы, уллы ўәзир, жас хийўалылар жетекшиси Ислам хожаны дарға асқаны, ҳәремге зорлық пенен әкелинип, ханға мойын ийилмегени ушын гүрленли қыз Ақылжанды суўы қайнаған үлкен қазанға таслап өлтиргени сыяқлы ўақыялар халық арасындағы нарийзалығын ҳәўиж алдырған болса керек.

Ол пайытлары хан ҳәремине қыз тасыўшы арнаўлы безелген арбалар болып, олар "Мөғедек арба" деп аталған.

1916-жылдың январь айының басында усындай арба менен Хожелиге келгенлер қаланың ҳәкими Әўез хожа бийге ханның арбаға еки қыз салып жибериў ҳаққындағы тапсырмасын жеткереди.

Әўез хожа бий қаланың бурынғы ҳәкими Муртаза хожаның улы, өзи де жигирма жылларға шамалас қаланы басқарып киятырған адам еди. Ол өзиниң туўысқанлары — Хожелиниң муфтийи Асаматдин хожа ҳәм Махмуд хожалар менен кеңесип, ханның бул тапсырмасын орынламаўды шешеди.

Себеби, Хожелиден жақында ғана хан ҳәремине қызлардың алып кетилгенлигин көрсетеди. Соның менен "мөғедек арба"

Хожелиден бос қайтады. Келгенлерге Хожелиниң үлкен уламасы Ша Сасун ийшан: Ханға айтып барың, — «Қыз сорапсыз, сизге Хожелиден беретуғын ийти де жоқ» — деп жуўап берген.

Деген менен, арадан бир неше күн өтип, Юсуп порхан деген адамның үйинде болған мерекеде бул мәселе және де көтериледи. Мерекеге қала ҳәм оның әтирапынан көп халық жыйналған еди. Адамлар Әўез хожаға ханның халықтан қыз соратыў бойынша әдетинен шағым етеди, әдиллик сорайды. Гәп-сөз үлкейип, ханның тахттан ўаз кешиўи керек, деген талаплар қойылады. Қала ҳәкими, оның жақынлары ҳәм усы жерде болған халықтың көпшилиги бул талаптың дурыс екенлигин қоллап-қуўатлайды. Усы күни сол талап пенен Хийўаға барыў ушын Хожелиден ҳәм оның әтирапынан адамларды алдағы пийшемби күни Әўез хожаның (бийдиң) үйи алдына жыйнаў ҳаққында келисип алынады. Усы күниақ Хожели халқының усындай келисимге келгени ҳаққындағы хабарды ханға жеткериў ушын қаланың ири байларының бири болған Қазақбай Саллақ Хайытбай улы ҳәм Дурдыбай дегенлер тәрепинен адам жибериледи.

1916-жылдың 14-январь күни Хожели ишиндеги ҳәм оның әтирапындағы аўыллардың адамлары ким атлы, ким пияда, “ақ кеселдек”, “қара кескелдек” болып Әўез хожаның үйи алдына топлана береди. Тез арада олардың саны дерлик 600 адамға жетеди. Ҳәкимниң қараўындағы 10-15 нөкерди есапқа алмағанда, булардың барлығы қала ҳәм оның әтирапындағы аўыллардың ақсақаллары, жетекшилери, әпиўайы пуқаралар, кеўлинде намысы, белинде белбаўы бар жигитлер еди.

Хожелиден шыққан адамлар күн бойы жол жүрип, кеште қонақ жай таўып қонып, Хийўаға қарай жүристи даўам еттире берди. Жолда оларға Маңғыт ҳәкими Дарғабек, Гүрлен ҳәкими Худайбергенбек басшылығындағы маңғытлы ҳәм гүрленлилер, сондайақ сол әтираптағы майда аўыллардың адамлары қосылып, хан алдына талап пенен барыўшылардың саны үш мыңнан артып кетеди. 18-январь күни олардың ҳәммеси Хийўа жанында Атажан төре деген адамның үйи әтирапына жетип келген соң, өз талапларын ўәкиллер арқалы ханға жиберип, күте баслайды. Көтерилис қатнасыўшылары ханнан тахтан ўаз кешиўди талап еткен, егер ол бул талапты орынламаса Хийўаға топылыс жасайтуғынын билдирген еди.

Сол күни түнде көтерилисшилер алдына ханның ўәкиллери келип, хан олардан 8 адамды қонақ асына ҳәм сөйлесиўлер жүргизиўге мирәт етип атырғанын билдиреди. Хожелиши жасы үлкен-

лер ҳәм маңғытлы Дарғабек бул мирәтти қабыл етип, Хийўаға кетеди. Деген менен, бул өтирик мирәт еди. Олар Хийўада ханды күтип отырған жеринде усланып, қол-аяғы байланып, зинданға тасланады.

Бул ўақытта ханға Хийўа гарнизонының баслығы полковник Колосовский жәрдем ете баслаған еди. Шала қуралланған үш мың көтерилисшилерге ханлықтың өз күшиниң жетпегени ме? Бул факт Хийўа ханларының өз қоллап-қуўатлаўшыларынан айырылып, ханлықтың ишинен ыдырай баслағанынан дерек беретуғын еди. Ўақыялардың кейинги раўажланыўы бул пикирди толық тастыйықлайды.

Өз жетекшилерининң зинданға тасланғанлығынан хабар тапқан көтерилисшилер Әўез хожаның нөкер басшысы Абдуқәдир жүз басының қол астына жәмленип, Хийўаға топылыс жасайды. Бир неше күн қала етегинде соқлығысыўлар болады. Деген менен, ақыбетте көтерилисшилер жеңилиске ушырап, көпшилиги ҳәр тәрепке тарап кетеди.

Ўақыялардың бул жағы қызық ҳәдийсели романларда сүўретленетуғын ўақыяларға уқсайды. Абдуқәдир жүз басы бир неше шериклери менен Хийўаға жасырын түрде киреди. Соңында Әўезхожа ҳәм оның жанындағылар тасланған зиндан жанынан бир кемпирдиң үйин таўып, оған бир талай ақша берип, усы үйден зинданға қарай жер асты жолын қаза баслайды. Олар бир неше күн дегенде, жумысларын тамамлап, зинданға жол ашып, ол жерге тасланғанларды қутқарып өзлери менен алып қашады.

Бул ўақытта көтерилис қатнасыўшылардың бир топары Тахтаға Жунайдханның алдына арыз бенен жетип келеди.

1914-жылы яўмыт қәўими, байрамалы урыўы, жунайд тийресинен болған 52 жастағы Қурбан Мүмет (Муҳамед) Исфандияр хан тәрепинен ханлықтағы түркмен қәўимлерининң сардары етип тайынлаған еди. 1915-жылы ол өзине Жунайдхан деген атты алады ҳәм тез арада ханлықтағы ең итибарлы, тәсири күшли адамлардың бирине айланады.

1916-жыл 10-февраль күни Жунайдхан өзининң басшылығындағы атлы әскерлер менен Хийўаға жүрис баслайды ҳәм 14-февраль күни Хийўаны ийелеп, өзин хан деп жәриялайды. Бирақ, патша Россияның ўәкили полковник В.П. Колосовский оны хан деп тән алмайды, сонлықтан Жунайдхан Исфандиярдың өмири ушын 80 мың манат төлем пул алып Тахтаға қайтады.

Ханлықтағы халықлардың тынышлығы бузылған, алдынан болжап болмайтуғын бир сиясий жағдай жүзеге келген еди. Сон-

лықтан патша ҳүкимети ханлыққа генерал С.А.Галкин басшылығындағы жазалаў отрядын жибереди.

Ол Хийўаға жетип келгеннен кейин Исфандиярхан менен бирликте ханлықтағы көтерилис қатнасыўшыларын жазалаў ислерин баслайды. Жазалаў отряды түркмен қәўимлери үстине топылыс етеди. Жунайдхан өз адамлары менен қумлыққа қашады. Түркмен қәўимлерине 3,5 миллион манат контрибуция салынады.

Хан С.А.Галкин менен Маңғытқа келип Дарғанбекти ҳәм және бир неше адамды дарға астырады. Соңынан олар Хожелиге қарай келе баслайды. Усы күнлери болған ўақыяны Хожели халқы елеге шекем айтып жүреди. Сол пайытта Хожелиде Аррекли бай (Арракел Спарянц) деген, жазалаў отрядының қылмысларын еситип, ол Әўезжанхожаға Хожелиден узаққа, илажы болса шет елге кетиўди мәсләҳәт етеди ҳәм буның ушын ақша, керекли адамлар менен жәрдем бериў мүмкиншилигиниң бар екенлигин айтады. Сонда Арракел байға Әўезжанхожа миннетдаршылық билдирип, өзиниң Хожелини, адамларды таслап, өзге еллерге кете алмайтуғынлығын айтады ҳәм усы жерде тәғдирден көремиз–дейди. Әўезхожаның бул шешими оның мәрт, өзине исенип, изине ерген адамлар ушын жуўапкершиликти мойнына алатуғын инсан болғанын көрсетеди.

Хийўа ханы Исфандияр генерал Галкин менен Хожелиге жетип келип, генерал Галкин ҳәм Хийўа ханының 934-буйрығы бойынша 8-апрель 1916-жылы көтерилис басшыларынан 8 адамды (гейпара мағлыўматларға қарағанда 11 адамды) қаланың “Көмир базар” (ҳәзирги пахта тазалаў заводы дәрўазасы алдындағы майданша, одан бурын “от базар” деп аталған) деген жеринде дарға асады. Олардан Әўезхожа, Махмуджан хожа, Асаматдин ийшан, Бахаўатдин Қарый, Машарип муфтий, Молла Юсуп, Хожабай хожа, Хожалепес қазый, Абдиқәдир жүзбасы, Худайберген дийўан дегенлердиң аты белгили. Хожели халқына 60 мың манат контрибуция салынады. Хожели қаласы жасы-үлкенлериниң айтыўына қарағанда, дарға асылған көтерилис жетекшилериниң денеси Қәлпе Реджеп ханакоканасының жанына жерленген. Усы жерге ылай менен сыбалған жайы елеге дейин бар.

Тарийхтан белгили, бул ўақыялардың соңы 1918-жылы Исфандиярдың Жунайдхан тәрепинен өлтирилиўи ҳәм Хийўа тахтына оның соңғы ханы Сайд Абдулла ханның отырыўы менен жуўмақланады. (Х. Абдусадыков, «Хожели-Хожаэли», Нөкис, “Қарақалпақстан” баспасы, 1997-ж. 27-32 бетлер).

## “БЕГЖАП-ЯЎМЫТЖАП” ТРАГЕДИЯСЫ

Әмиўдәрьяның сол жағында Қарабайлыдан 5 километрдей өриректе Яўмытжап, Бегжап деп аталған ески жаплардың аңғарлары бар. Бул еки жаптың Әмиўдәрьядан алынған сағасы бирбирине жақын, аралығы жүз метрден қашық емес. Бирақ олар түрли бағытқа қарай аққан. Яўмытжап Қара терең көлине, ал Бегжап Қоңыраттан ары Гөнедәрьяға қуйған. Биз Бегжаптан гөре Яўмытжап ҳаққында гәп етиўди мақул көрип отырмыз. Өйткени



**«Бегжап-Яўмытжап» трагедиясы қурбанларына естелик**

Яўмытжап ҳаққындағы айрым тарийхый ҳәдийселер көпшиликтиң дыққатын кәбирек аўдарады. Яўмытжапты Жунайдхан баспашылары 1918-жылы қаздырады. Ол бурын Мейли ата болып аталып келген. Жунайдхан өзиниң шығысы жағынан түркменлердиң яўмыт тийресинен болғанлықтан халық буны Яўмытжап деп атап келген. Яўмытжап 1937-жылы Хатеп пенен бир қатарда байланады. Енди “Яўмытжап трагедиясы” деп аталған белгили тарийхый ўақыя туўралы тоқтап өтиўимиз тийис. Бул умытылмас тарийхый ҳәдийсе 1924-жылдың 24-августы күни болған еди. Хорезм Халық Республикасынан ҳәм Әмиўдәрья областынан сол жылы 32 оқыўшы Москваға оқыўға жибериледи. Ол ўақытта Москваға кеме менен

Әмиўдәрья, Арал арқалы барыў керек еди. Оқыўшылар Хожелиден азық-аўқат алып, ерте менен жолға шығады. Жаслардың бул сапар етиўин Турдықылыш баспашы алдын ала билип, Яўмытжап бурылмасының тусында жаўызлар олардың келиўин тосып турады. Қайықлар Яўмытжаптың алдындағы жыңғыллыққа жақынлап келгенде, жаўызлар оларды оққа тутады, кайықларын иркип, жарақсыз жолаўшыларды қолға түсиреди. Оларды жағаға алып шығып, жырткышлық пенен азаплаўға кириседи. Шаш қойғанларының басына май қуйып, тирилей өртейди. Қалғанларын аяқ-қолын бууып, жипке дизип, дәрьяға атып жибереди. Усы жерде 22 оқыўшы жаўызлардың қолынан қурбан болады. Булардан тысқары алты жигит ҳәм төрт қызды баспашылар тутқын қылып, өзлери менен алып кетеди. Олар Жаңа қалаға (ҳәзирги Қоңырат районы Свердлов совхозының аймағында) жақынлағанда күтпеген жерден ЧОН (части особоғо назначения) отрядының (жаслардан қуралған отряд) мылтықларының сести еситиледи, баспашылар булардан сескенип, қызларды алып, жигитлерди атып кетпекши болады. Бирақ, оларды атып үлгермей-ақ тутқынлар қашып кетеди. Солай етип, алты жигит жаўызлардың қолынан өлимнен аман қутылады. Кейин төрт қыз да душпанлардың қолынан азат етиледи. Қурбан болганлар, гөне Хожели қаласындағы орталық майданға жерленип, буларға умтылмастай мәңги естелик салынады. 29-август қайғылы күн деп жәрияланды. Бул қайғылы күн баспашыларға қарсы гүрести бурынғыдан да күшейтти. (Қәлендер Абдимуратов. “Неге усылай аталған”. “Қарақалпақстан” баспасы. Нөкис қаласы. 1965-ж. 34-35-бетлер).

## ҚАРАЖАЛҒАС КИМ БОЛҒАН?

Қаражалғас Бийсенбаев 1883-жылы Хожелиниң Сарышуңгүл аўылында туўылған. Хожелиде районлық милиция бөлиминиң баслығы ҳәм ЧОН (части особого назначения) отрядын басқарған. Батырлық ерлигин бес адамнан ибарат баспашыларға қарсы, бир өзи 17 жасында баслаған ҳәм оларды жеңген. Оны Қ. Досановтың “Қамыслықтағы саўаш” китабын оқысаңыз билесиз.

1931-жылы 19-22-октябрь күнлери Хожелиниң “Туба” деген жеринде үлкен матам митинг болды. Аўыллық жерге район, қала басшылары, жаслар, профсоюз белсендилери, районлық ишки ислер хызметкерлери, мийнеткеш халық жыйналды. Сол митинги де Қаражалғас Бийсенбаевтың қәбири басында район, қала басшылары, жаслар халық ушын баспашылар менен гүресте, хызмет

ўақтында қайтыс болган жаўынгер командирди, Хожели ишки ислер бөлим баслығын, командирдиң исмин, хызметкерлерин мәңги умытпаймыз деп ўәде берген еди. Аўа, отызыншы жыллардың ел басшылары, жаслар Қаражалғас батырдың ерлигин умытқан жоқ.



1931-жылы 27-октяберьде ҚҚАО атқарыў комитети милиционер Бийсенбаетың Хожели районлық милиция баслығы хызметинде қайтыс болыўына байланыслы телеграмма тийкарында, оның шаңарағына жәрдем бериўге қарар шығарды. Қаражалғас атына колхоз қойылды.

....Заманлар, адамлар өзгерди. Бурынғылар умыт болды. Халық ушын гүрескенлердиң ерликлери тек архивлик ҳүжжетлерде ғана умытылмай қәстерленип сақланбақта.

1927-жылы жаздың айы. Хожелиде баспашылардың (ҳәзиргише-банда-террорист) ең соңғы топарлары аўылларды тонаўға урынып турган ўақты еди. Баспашы, бандитлерге қарсы Хожелиден еркли милиция отряды дүзилгенине 5-6 жыл болса да, елди қарақшылардан қорғаў аңсат болмады. Баспашылар тоғай ҳәм көл бойында жасырынып, олар тонаўшылық пенен шуғылланды. “Моншақлы көл” бойында Ибрайым Каучи, Қошымбет, Қурбан баспашы исимли тонаўшылардың атлылары елди бүлдирип, халықты қорқынышқа гириптар етти. Жас қыз-келиншеклерди зорлады, алып қашты ҳәм қуллыққа сатты. әлбетте ҚҚАО ишки ислер бөлими, ОГПУ хызметкерлери, суд ҳәм прокуратура қолдан келгенше оларға қарсы гүрес, атланыс ҳәм операциялар шөлкемлестирди. Соның бири Қаражалғас баслаған атланыс еди. Ол жаўынгерлик хызмети менен Үстирт кеңислегиндеги операцияда,

Қаракум шөлиндеги атланыста баспашылар менен айқаста өзин таныткан, гүресшең тәжирийбесин байытқан ҳақыйқый милиция командири еди. Қаражалғастың ерликке толы атланыслары табыслы болып, соңғы тапсырмасы бахытсызлық пенен питти...

ҚҚООГПУдиң "Опер разведка" мағлыўматы бойынша 1931-жылы 9-август күни Бийсенбаевтың командирлигинде 25 қылышлы, ерикли отряд атланысқа кеткени көрсетиледи. Оларға жаўынгерлик тапсырма баспашылардың соңғы топарын излеп табыў, олар әкеткен малларды қайтып алыў, душпанларды жоқ етиў ўазыйпасы турды. (ЦГА КР. Ф.322,оп.3с,д.2.)

Қаражалғас басқарған Хожелиниң шабандозлары тоғай, көл, қумлық араларын гезип, баспашылардың изине түскен еди. Еркли милиция отрядының командири Бийсенбаев баспашыларды тоғайда күтип алды. Батыр жигитлер тоғай қамыслықта саўаш жүргизди. Баспашылар да сан жағынан көп еди. Олар да мерген, атқан оғын қәте жибермейтуғын тоғай төрелери еди. Сол атыспада Қаражалғасқа оқ тийген, тийгенде де жанбас сүйекти сындырып кеткен. Саўаш майданынан Қаражалғасты дослары алып шығып, аўыр жағдайда Хожелиге алып қайтқан.

Ол аўыр жағдайына қарамастан бирге киятырған жаўынгерлерге ўәсиятнама қосық айтқан екен:

*Жамбаста үлкен жара бар,*
*Сексеўилден пана бар,*
*Баспашыға оқ аттым,*
*Талайын оқтан қулаттым,*
*Тилегин тилеп Жалғастың,*
*Күни-түни зарлаған,*
*Үйде қалған ана бар,*
*Өлип кетсем усыннан,*
*Душпанлардан өш алар,*
*Үйде қара бала бар,*
*Аты оның Нурғалий,*
*Оған сөлем ала бар.*

Қаражалғастың иниси Нурғалий Бийсенбаев өз ағасының ўәсиятына садық болып милиция хызметине жумысқа өтти. Ол қырқыншы жыллары "Қызыл жулдыз" ордени, "Жаўынгерлик хызмети ушын" ҳәм басқа да медалларға ийе болды.

Қаражалғас Бийсенбаетың мәртлик исине, ерлигине, оның исмин мәңгилестириў жағдайы туўралы Хожели районы ҳәкимлиги жәрдем бериў керек, деп ойлаймыз.

Жазыўшы ҳәм шайыр қармыс Досанов "Қамыслықтағы саўаш" атлы ҳүжжетли повестин 1961-1968-жыллары рус ҳәм қарақалпақ тиллеринде жәриялады. "Хожели ҳақыйқаты" газетасында Бийсенбаев Қаражалғасты еслеўге арналған мақалалар шықты. Бийсебаевлардың ишки ислердеги хызмети, даңқлы жаўынгерлик жолы туўралы Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлиги "Даңқ музейи"ниң залында ҳүжжетлер орын алған. (Қ. Досанов, "Қамыслықтағы саўаш" "Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис, 1973-жыл 5-55-бетлер., Арал журналы, Оңғарбай Юсупов, Қара Жалғас ким еди? 54-55-бетлер).

## ХОЖЕЛИДЕН ЖАЗЫҚСЫЗ ЖАЗАЛАНҒАН РЕПРЕССИЯ ҚУРБАНЛАРЫ

1929-жылы гүзде Қарақалпақстан аймағында Кеңес ҳүкимети ҳәм партия шөлкемлериниң надурыс сиясатына нарийзалық билдирген Тахтакөпир, Шымбай, Кегейли, Хожели, Қоңырат ҳәм басқа районлардың көплеген зыялылары ОГПУ тәрепинен қуўдаланды, қамалды ҳәм атылып кетти.

1930-жылы Қарақалпақстан аймағындағы ярым феодал ҳәм кулак хожалықларды анықлаў ҳәм оларды сапластырыў бойынша кескин гүрес алып барылды. Бул жумыс партия ҳәм Кеңес шөлкемлери тәрепинен дүзилген үшлик (тройка) аўқамы арқалы иске асырылды. Сол жыллары қуўдалаўға ушырағанлардың айрымларының Хожели районы бойынша архивтен алынған дизимлери:

**Әўезмуратов Қудайберген** — 1895-жылы Хожели районы 5-аўылкеңес аймағында туўылған, колхозшы, ӨзССР ЖК 66-статьясының 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 22-августта қамаққа алынған, 1989-жылы 27-апрельде ақланған.

**Ақбалаев Полат** — 1875-жылы Табын районы 7-аўылда туўылған, "Коммунизм" колхозы ағзасы, ӨзССР ЖК 63 ҳәм 66-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 26-сентябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 27-апрельде ақланған.

**Әбдирасулов Бабажан (Әбдиразақов)** — 1901-жылы 6-аўылкеңес аймағында туўылған, турақлы талапсыз, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 2-ноябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Әбдирасулов Атажан** — 1881-жылы 6-аўылкеңес аймағында туўылған, турақлы талапсыз, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 2-ноябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Артықсапаев Юсуп** — 1872-жылы туўылған, турақлы талапсыз, контрреволюциялық үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1937-жылы 3-сентябрьде қамаққа алынан, 1989-жылы 10-июльде ақланған.

**Аметов Асаматдийн** — Хожели №9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, 3 қарамалы, 2 өгизи, 2 аты, 3 қойы болғаны ушын мәжбүрий жумысқа тартылған.

**Атабаев Сейитмәмет** — молла, ийшан, Хожели №9 халық суды тәрепинен штраф (айыппул) салынған, 1 қарамалы, 2 өгизи, 2 түйеси, 1 ешеги конфискация етилген.

**Алламбергенов Тәжибай** — ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы 2-февральда 6 жыл қамақ жазасына ҳүким етилген, 1939-жылы ақланған.

**Асанов Жуман** — ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы 2-февральда 6 жыл қамақ жазасына ҳүким етилген, ӨзССР ЖС тәрепинен 1939-жылы 26-августта тастыйықланған.

**Артықов Сейитназар** — ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы қамаққа алынған, ҚҚАССР ЖС коллегиясы, 1938-жылы октябрьде 10 жыл мүддетке қамақ жазасына ҳүким еткен, ҳүким ӨзССР ЖС коллегиясы тәрепинен, 1939-жылы 9-январьда бекитилген.

**Аллаяров Нурымбет** — ири жер ийеси, хан ҳәмелдары, 1930-жылы март айында ОГПУ жанындағы айрықша "Үшлик" қарары менен сүргин етилген.

**Аўезов Мамыт бий** — 47 жаста, 5-аўылкеңестен, бай, болыс басқарыўшысы, бий, 1930-жылы ОГПУдың айрықша "Үшлик" топарының қарары менен сүргин етилген.

**Асаматдинов Имаматдин** — ийшан, тақсыр, пир, 6-аўылкеңес турғыны, улама, 1930-жылы март айында ОГПУдың айрықша "Үшлик" топарының қарары менен сүргин етилген.

**Айтбаев Қазақбай саллақ** — 1870-жылы 2-аўылкеңесинде туўылған, бай, бурынғы ири саудагер, 1930- жылы 20-мартта ОГПУдың айрықша "Үшлик" топарының қарары менен РСФСР ЖК 58-статьясы 10-бөлими менен айыпланып, 3 жылға сүргин етилген, 1990-жылы 13-февральда ақланған.

**Әдилов Уснатдин** — Хожели №9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, салық төлемегени ушын қарамалы, 2 өгизи, 5 аты, 60 қойы, конфискацияланып, орталыққа алынған.

**Әдилов Юсуп бай** — Хожели №9 халық суды тәрепинен пахта тапсырмағаны ушын бир жылға мәжбүрий жумысқа тартылған.

**Ақбасов Алпамыс** — 20 жаста, жарлы, 5 аўылкеңестен, 1937-жылы 25-февральда ЎзССР ЖК 105-статьясы менен айыпланып, 5 жылға қамақ жазасына ҳүким етилген, сайлаў ҳуқықынан айырылған.

**Айтбаев Боран** — Хожели районы 2-аўылында туўылған, бай, 1930 жылы 17-мартта қамаққа алынған, 1931-жылы 11-ноябрьде Орта Азия ОГПУы жанындағы “Үшлик” қарары бойынша РСФСР ЖК 58-статьясы 10-бөлими менен айыпланып, 3 жылға МДЛге сүргин етилген, 1990-жылы 13-февральда ақланған.

**Әўезмуратов Өтеген** — 1909-жылы туўылған, қарақалпақ бийлериниң туқымы, 5-аўылдан, үйленген, орташа хожалық ийеси, 1929-жылы РСФСР ЖК 58-статьясы 6-бөлими менен айыпланып, сүргин етилген, 1990-жылы 13-августта ақланған.

**Айтымбетов Орынбет** — 1905-жылы Гөне Үргенш районы 1-аўылкеңеси аймағында туўылған, қарақалпақ батырларының туқымы, жарлы, саўатлы, Хожели районлық қаржы бөлим хызметкери, 1938-жылы 4-апрельде қамалған, 1939-жылы 30-мартта ЎзССР ЖК 58-статьясы менен айыпланып, 5 жылға қамақ ҳәм 2 жыл еркинен айырыў жазасына ҳүким етилген.

**Аманбаев Тақан** — 1938-жылы 10-мартта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 4 жылға судланған, 1939-жылы түрмеде қайтыс болған.

**Артықов Сейитнияз** — Хожели районында қамалған, 1938-жылы 22-июльде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 3-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Асаматдинов Ахунжан** — 1938-жылы 10-мартта қамалған, 4-5-декабрьде ЎзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Әбдихалықов Бауетдин** — 1938-жылы 10-мартта қамалған, 4-5-декабрьде ЎзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жылға судланған, 1940-жылы 1-июньде ақланған.

**Атажанов Бабажан** — 1938-жылы 10-мартта қамалып, 4-5-декабрьде 6 жылға судланған, 1940-жылы 1-июньде ақланған.

**Әбдикеримов Әмет** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 27-мартта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 1939-жылы 4-5-майда ақланған.

**Әширов Ешнияз** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 27-мартта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 1939-жылы 4-5 майда ақланған.

**Аллаяров Нурымбет дийўан (етикши)** — 48 жаста, 1-аўылкеңестен, бай, саудагер, Хожели контрреволюциялық топар менен

байланыста болған, 1929-жылы баспашыларды қоллап-қуўатлағаны ушын сыртынан ОГПУ тәрепинен 1929-жылы мартта сүрғин етиуге қарар қабыл етилген.

**Әбдихожаев Әбдирайым хожа** — 50 жаста, 1-аўылкеңестен, бай, баспашыларға жәрдемлескен, 1929-жылы жасырынып журген, ОГПУ тәрепинен сыртынан 1930-жылы мартта сүргин етиуге қарар қабыл етилген.

**Атабаев Батыр молла** — 42 жаста, 4-аўылдан, баспашы бандалардың басшысы, бирнеше террористлик актлерди шөлкемлестиргенликте айыпланып, атыўға ҳүким етилген.

**Атакелдиев Сары хан** — 53 жаста, 4-аўылдан, бай, Жөнейид ханды қуўатлаған, 1919-1920-жыллардағы контрреволюциялық қозғалыстың басшысы, бирнеше террористлик актлер шөлкемлестиргени ушын айыпланып, ОГПУдың ҚазАССР бойынша толық ҳуқықлы ўәкили (ПП), ОГПУдың орынбасары Альшанский басқарған "Үшлик" қарары бойынша 1929-жылы 29-ноябрьде РСФСР ЖК 58-статьясы менен айыпланып, атыўға ҳүким етилген.

**Аннасапаров Нурман** — 4-аўылдан, бай, майқаразында күнликши услағаны ушын айыпланып, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Әбдирасул ийшан** — 70 жаста, Хожели районынан, Хийўа медиресесин тамамлаған, мешити болған, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Аманов Асаматдин** — Хожели №9 халық суды тәрепинен пахта тапсырмағаны ушын 2 жылға хуқықсыз етилген.

**Әуезжан хожа** — Хожели беглигинде туўылған, Хожели беги, 1916-жылғы Хийўа ханлығына қарсы халық көтерлисиниң сәркардасы, 1916-жылы апрель айында Хожели қаласында, хәзирги пахта заводы кәрханасының арқа шығыс жағындағы майданшада дарағa асылған, оның иниси Махмут, Асаматдин ийшан, дийўан Қудайберғенлер де дарға бирге асылған.

**Әуезов Қошан** — 1897-жылы Хожели қаласында туўылған, Райпо таярлаў идарасында қоймашы (завсклад) болып ислеген, ӨзССР ЖК 57-статьясы 1-бөлими ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған.

**Әбдиқәдиров Әмет** — 1900-жылы Хожели қаласында туўылған, пахта пунктинде қабыллаўшы болып ислеген, 1935-жылы 3-декабрьде ОзССР ЖК 128-статьясы менен айыпланып, 2 жылға қамалған.

**Әўезов Досжан (Дощан)** — 1938-жылы 27-мартта ӨзССР ЖК 67, 66-статьясы ҳөм 148-статьясы 1-бөлимлери менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 4-5 майда ақланған.

**Бабаев Әбдирасулы хожа** — 1785-жылы туўылған, 2-аўылдан ЎзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы 24-январьда қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Байтаев Сапа ийшан** — 1871-жылы туўылған, 6-аўылкеңестен, турақлы талапсыз, ЎзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими, 67-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 2-ноябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Бекниязов Досжан (Дощан)** — 1874-жылы 5-аўылкеңесинде туўылған, ортаҳал қарақалпақ шаңарағынан, колхозшы, 1937-жылы 30-январьда мийнеткешлер арасында контрреволюциялық үгит-насият алып барғанлықта айыпланып, 1937-жылы 29-ноябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 19-июньде ақланған.

**Байжанов Мәмбет** — 1903-жылы, **Байжанов Жумамурат** — 1906-жылы орташа қарақалпақ шаңарағында туўылған, 7-аўылдан, Буденный атындағы колхозы ағзалары, қастан жоңышқа туқымларын жоқ қылғанлықта айыпланып, 1937-жылы 2-декабрьде қамаққа алынған, 1990-жылы 17-ноябрьде ақланған.

**Боранқулов Хожа** — 60 жаста, №9 халық суды тәрепинен 5 жылға хуқықсыз етилген, социаллық шығысы атқаминер, тәўип сыпатында айыпланған.

**Бабаев Ахман** — 1913-жылы Хожели қаласында туўылған, саўда тараўында ислеген, 1938-7-апрельде ӨзССР ЖК 57-статьясы 1-бөлими хәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 5-майда ақланған.

**Бекмуратов Палўан** — 1910-жылы 9-аўылкеңесте туўылған, қарақалпақ дийқаны, батырақ, саўатлы, үйленген, ӨзССР ЖК 140-статьясы 1-бөлими бойынша 2 жылға судланған, 1938-жылы апрельде ӨзССР ЖК 13-58 хәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған. 1939-жылы 30-мартта түрмеден азат етилген.

**Бекмуратов Жумамурат** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 15-августта ӨзССР ЖК 66, 67, 97-статьясы 2-бөлими менен айыпланып, 4 жыл турмеде отырған.

**Байымбетов Қурбанияз** — хожелиши, жынаят иси Хожели халық судынан 1938-жылы 5-октябрьде ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 19-ноябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, иси 1939- жылға қалдырған, 1939-жылы 20-мартта ақланған.

**Бегжанов Қайып** — 1899-жылы 3-аўылда туўылған, 1930-жылы 20-мартта ОГПУдың ҚҚАО бөлими тәрепинен қамалған, 1930-жылы 2-сентябрьде РСФСР ЖК 58-статьясы 10-бөлими менен айыпланып, 3 жылға сүргин етилген, 1989-жылы 31-августта ақланған.

**Бекниязов Бостан** — 47-жаста, 5-ауылдан (Қыят мәканынан), бай, пуқаралар урысы жылларында "баспашылар" менен тығыз байланыста болып, жансызлық еткенликте айыпланып, 1930-жылы мартта ОГПУ тәрепинен қамаққа алынып, сүргин етилген.

**Бекниязов Хожа имам** — 60-жаста, қарақалпақ уламаларынан, 6-ауылдан Арқа сарай (Сарай урыўы мәканы) ауылында туўылған, ийшан, баспашылар тәрепинде жасырынған, ОГПУ жанындағы "Үшлик" имамның сыртынан сүргинге ҳүким шығарған.

**Базым ийшан** — 40 жаста, 6-аўылдан, Қубла Сурым (Сурым-Мамыт мәканы) аўылынан, 20 танап жери, 2 буғасы, 1 сыйыры болған, Хийўа медиресесин тамамлаған, ийшан, Жөнейидхан пайдасына үгит-нәсият жүргизгенликте айыпланып, сүргин етилген.

**Вилкин-Вильцен Паул Густавович** — 1891-жылы Латвияда туўылған, латыш, Хожели пристанында жасаған, дәрихана басқарыўшысы, Япон разведкасы пайдасына жансызлықта айыпланып, 1938-жылы 15-январьда қамаққа алынған, 1990-жылы 26-февральда ақланған.

**Ванштейн Жак Лазеревич** — 1902-жылы Австрия-Венгрияның (хәзирги Польшаның) Галиция Езержан қаласында туўылған, Хожели қаласы "Главмясо"да есапшы, 1938-жылы 13-мартта ӨзССР ЖК 62-статьясы менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 1-мартта МДЛ түрмесинде қайтыс болған, 1991-жылы 22-июльде ақланған.

**Гутарев Абрам Иванович** — 1870-жылы Украинаның Толовое аўылында туўылған, Хожели пристанында жасаған, жумыссыз, контрреволюциялық үгит-нәсият алып барғанлығы ушын, 1937-жылы 1-декабрьде қамаққа алынған, 1990-жылы 11-январьда ақланған.

**Гущин Кондратин Григорьевич** — Хожели қаласынан, 1938-жылы 7-августта ЎзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, қамаққа алынған, 1939-жылы 8-октябрьде 8 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Жанқуўатов Лабақ** — ийшан, 60 жаста, 2-аўылда туўылған, ири бай, өз мешити болған, 1929-жылы контрреволюциялық топарға қатнасқан, ОГПУ жанындағы "Үшлик" топары қарары менен сүрғин етилген.

**Жандосымов Әбдиқадир** — 75 жаста, 2-аўыл (Найман мәканынан), ири бай, 1930-жылы март айында ОГПУдың айрықша "Үшлик" топары қарары менен қамалған, 1938-жылы 23-июльде екинши мәрте ЎзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 7 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Жолымбетов Зийуатдин** — мақсым, 2-аўыл (Қурбанақ орамы) аймағында туўылған, 1930-жылы март айында ОГПУдың айрықша “Үшлик” топары қарары менен сүргин етилген.

**Жолымбетов Қулымбет** — 3-аўылда туўылған, ири жер ийеси, хан ҳәмелдары, 1930-жылы март айында, ОГПУдың айрықша “Үшлик” топары қарары менен сүргин етилген.

**Жуков Николай Андреевич** — Хожели қаласынан, 1938-жылы 2-февральда қамалған, 1938-жылы 19-апрельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 8 жыл мүддетке МДЛге сүрғин етилген.

**Жалалов Сейитжан** — Хожели районынан, 1938-жылы 2-февральда қамалған, 1938-жылы 20-апрельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 3 жылға сүргин етилген.

**Жуманиязов Әбдижан** — Хожели районынан, 1938-жылы 2-майда ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, қамалған, 23-июньде қайта тергеўге қалдырылған, 1939-жылы 26-мартта судланған, 22-августта ҳүкимди ӨзССР ЖС бекиткен.

**Жумамуратов Бекберген** — Хожели районынан, 1938-жылы 15-авғустта ӨзССР ЖК 66, 67, 97-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 5-февральда 8 жылға МДЛғе сүргин етилген.

**Жанрпйисов Қазы** — 41 жаста, 5-аўыл (Найман мәканы) аймағында туўылған, имам-молла, 13 танап жери, 1 ешеги болған, жер аўдарылған.

**Долгонятов Василий Устинович** — Хожели қаласынан, 1938-жылы 15-октябрьде Хожели халық суды тәрепинен ӨзССР ЖК 140, 148 статьялары менен айыпланып, судланған, 1938-жылы 15-октябрьде ӨзССР ЖС тәрепинен ҳүким тастыйықланған.

**Дәўлетов Сары** — 60 жаста, 3-аўылда туўылған, молла-ийшан, 3 танап жери, 2 буғасы, 1 аты болған, Хийўа медресесинде оқыған, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Дәруишов Камал** — 50 жаста, қарақалпақ уламалары әўлады, 6-аўыл (Арқа Сарай орамы) аймағында туўылған, 30 танап жери, үйи, мешити болған, ийшанның баласы, имам, Жөнейид хан менен байланыс жасағанлықта сүргин етилген.

**Досымбетов Дәўлет** — диндар қарақалпақ шаңарағынан, 9-аўыл (Майхор мәканы) аймағында туўылған, 1924-жылдан берли ийшанлық еткен, Майхор мәканында мешити болған, жер аўдарылған.

**Дийуанов Акимбай** — Абдулла 1880-жылы туўылған, билими басланғыш, қамалғанға шекем Хожели районында жасаған. 1930-жылы 18-августта ҚазАССР ПП ОГПУдың жанындағы “Үшлик”

қарары бойынша РСФСР ЖК ниң 58-ст. 10-б. менен айыпланып, 5 жыл мүддетке еркинен айырып, МДЛне сүргин етилген.

**Жолмухаммедов Абдул-Бахыт** — 2-аўылдан, бай, атқаминерлерден, контрреволюциялық жасырын мәжилислерге қатнасып, аўылкеңес аппараты хызметкерлерин өлтириў мәселелерин қуўатлағанлықта айыпланып, 1930-жылы мартта жер аўдарылған.

**Жолбатыров Қаллыбек** — 50 жаста, 3-аўылдан, бурынғы ақсақал, 1923-жылы Шалтай батыр баспашылары, менен байланыста болғаны ушын 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Жаңабаев Косбай** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 3-июньде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 1939-жылы 3-мартта ӨзССР ЖК 140-статьясы 1-бөлими, 14-148 статьясы 1-бөлимлери менен айыпланып судланған.

**Есжанов Ибрайым** — Хожели №9 халық суды тәрепинен 1 жылға мәжбүрий жумысқа тартылған, пахта тапсырмағаны ушын 1 жорғасы орталыққа алынған, меншигинде 1 өгиз, 1 қарамалы ҳәм жуўазы болған.

**Ерниязов Абдулла** — 1900-жылы Хожели районында туўылған, Нөкис "Рыбаксоюз"да сатыўшы болып ислеген, ӨзССР ЖК 109-статьясы менен айыпланып, 1938-жылы 4-апрельде қамалған, 3 жылға еркинен айырыўға ҳүким етилген, 1939-жылы 5-майда ақланған.

**Ешимбетов Қудайберген** — 1907-жылы 5-аўылкеңес аймағында туўылған, үйленбеген, 1929-жылы РСФСР ЖК 58-статьясы 6-бөлим менен айыпланып, сүргин етилген.

**Ещанов Аманбай** — 1898-жылы Хожели қаласында туўылған, 1937-жылы 13-сентябрьде қамалып, ӨзССР ЖК 66 ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, 10 жылға судланған.

**Есжанов Мәшерип** — 1906-жылы Хожели қаласында туўуылған, ВКП (б) ағзалығына кандидат, Энгельс атындағы колхозы есапшысы, ӨзССР ЖК 58-статьясы менен айыпланып, 1939-жылы 30-мартта 6 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Избастыев Әўезжан** — 1890-жылы туўылған, дийқан, азғырыўшылық үгит-нәсиятлар алып барғанлықта айыпланып, 1931-жылы 10-ноябрьде қамаққа алынған, 1990-жылы 9-февральда ақланған.

**Ерниязов Сапарбай** — 1878-жылы Хожели районында туўылған, ағроном, ун қаразы, май заводы болған, саўдагер, 1931-жылы 5-ноябрьде қамаққа алынған, 1990-жылы 9-февральда ақланған.

**Есенбаев Махмуд (Исанбаев)** — 1907- жылы Хожели қаласы 3-аўылкеңес аймағында туўылған, орта ҳал қарақалпақ шаңарағынан, қыпшақ РАК баслығы орынбасары, ҚҚАССР Жоқарғы

Суды ағзасы, Шымбай халық суды, ӨзКП (б) райкомының бөлим баслығы, 1942-жылы СССР ИИХК жанындағы "Айрықша мәжилис" қарары менен 5 жыл мүддетке Қызылорда тәрепке сүргин етилген, 1956-жылы ақланған.

**Ибрайымов Айтақ** — 1938-жылы 15-августта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 3-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 7 жылға МДЛге сүргин етилген, 1939-жылы 17-январьда ҳүким бекитилген.

**Ибрайымов Әуезбай** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 15-августта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 23-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 7 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Ибрайымов Атамурат** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 15-августта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 23-октябрьде ӨзССР 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 7 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Исмайылов Қазақбай** — Хожели районынан, 1938-жылы 10-мартта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 4-5 декабрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 6 жылға судланған, ақланған.

**Ирниязов Мәшерип** — 45 жаста, 2-аўылда, Қарқаша мәканында туўылған, бай, бурынғы саўдагер, баспашылық ҳәрекетке қатнасқанлығы ушын сүргин етилген.

**Ийбергенов Қурбан "Косе"** — 50 жаста, 6-аўыл (Таза Қазаяқлы мәканы) аймағында атқаминер қарақалпақ шаңарағында туўылған, бай, хан ҳәмелдары, баспашылық ҳәрекетке қатнасқан, ВКП (б) ағзасы, контрреволюциялық шөлкемниң ағзасы қатарында айыпланып, 1930-жылы қамалған, сүргин етилген.

**Ким Ир Сен** — 1908-жылы Кореяда туўылған, корейис, Хожели қаласында жасаған, жумыс ислемеген, мәмлекетлик шегараны қупыя бузып өткени ушын 1938-жылы 6-майда қамаққа алынған, 1990-жылы 31-январьда ақланған.

**Ку Сен Ги** — 1899-жылы Кореяда туўылған, корейис, 2-аўылдан, колхоз ағзасы, антисоветлик үгит-нәсият алып барғанлықта, мәмлекетлик шегарадан жасырын өткенликте айыпланып, 1938-жылы 12-июльде қамаққа алынған, 1991-жылы 8-августта ақланған.

**Келменов Ерлепес** — 1881-жылы туўылған, Кеңес ҳәкимияты илажларын үзилиске түсириў мақсетинде үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1931-жылы 15-ноябрьде қамаққа алынған, 1990-жылы 9-февральда ақланған.

**Ким Пег Ун** — 1908-жылы Кореяда туўылған, корейис, Япония барлаўшылары менен байланыста болған деген гүман менен

мәжбүрий көширилген, Ворошилов атындағы колхозы ағзасы, 1938-жылы 13-мартта қамалған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Көбелеков Бекжан** — 64-жаста, 2-аўылдан, бай, хуқықсыз, 1929-жылы Хожелидеги контрреволюциялық топардың белсене қатнасыўшысы, 1930-жылы мартта ОГПУдың айырықша "Үшлик" топары қарары менен сүргин етилген.

**Ким Гван Хун** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы февральда иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 20-мартта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 14-августта ақланған.

**Көбеев Жуман** — 2-аўылдан, бай, сайлаў хуқықынан айырылған, контрреволюциялық топардың қатарында Кеңес ҳәкимиятының илажларына қарсы ҳәрекет еткени ушын қамалып, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Қәдиров Мәдияр** — 1870-жылы туўылған, орта ҳал қарақалпақ шаңарағынан, Хожели районы 8-аўылкеңесинен, дийқан, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 5-октябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Камалов Яхшым** — 1874-жылы туўылған, 3-аўылдан, ӨзССР ЖК 67, 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 5-октябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Қурбанов молла Атабай** — 1876-жылы туўылған, 3-аўылдан, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 5-октябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Қулмухаммед ахун улы Атажан (1850-1939)** — мақсым, жоқары мағлыўматлы, экономика ҳәм суў қурылысы маманы, опи (Уфа), Орынбор (Оренбург) қалаларында билим алған, инженер ҳәм дилмаш, Сүўенли арнасының жойбарын таярлаўға қатнасқан, 1936-жылы "халық душпаны" атанып иниси Ниязымбет мақсым менен ИИХК тәрепинен қамаққа алынған, Атажан мақсым жазасын өтеп 1938-жылы қайтып келип, 1939-жылы дүньядан өткен. Ниязымбет мақсым түрмеде қайтыс болған.

**Қылышев Исмет** — 1898-жылы туўылған, 3-аўылдан, дийқан, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 3-сентябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Кенке Григорий Антонович (Штеймайер Ренс Антонович)** — 1894-жылы Австрияның Линц қаласында туўылған, Хожели қаласынан, шығысы немис, ӨзССР ЖК 57-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 10-ноябрьде қамалған, 1989-жылы 22-майда ақланған.

**Қалниязов Аллаяр** — 1901-жылы қарақалпақ Гөне Үргенш районы Татжер аўылында туўылған, 2-аўылдан, контрреволюциялық ҳәрекети ушын 1937-жылы 1-декабрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 28-июньде ақланған.

**Қасымов** — Хожели районлық "Госдоход" (дәўлет дәраматы) бөлими есапшысы, 1937-жылы ӨзССР ЖК 62-статьясы менен айыпланып, қамаққа алынған, судланған.

**Куранов Петр Фадеевич** — Хожели районынан, 1937-жылы 4-январьда қамалып, 1938-жылы 18-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 8 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Көбелеков Бекбосин** — Хожели районынан, 1938-жылы 2-февральда қамалған, 20-апрельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен судланған, 1939-жылы 26-мартта қамақтан азат етилген.

**Қазақбаев Бекжан бай** — Хожели №9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, пахта тапсырмағаны ушын белдар, қазыў ушын ақша төлемегени ушын мүлки хатланған, 4 қара малы, 2 өгизи, 2 аты, 2 түйеси, койы конфискацияланған, өзи ериксиз етилген.

**Қарақулов Әмет хожа** — Хожели №9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, 7 қарамалы, 2 өгиз, 4 ат, 6 қой, 109 ешкиси хатланып, 5 айға мәжбүрий жумысқа тартылған.

**Қалжанов Қылышбай** — 1900-жылы Қоңырат районының 3-аўылкеңесинде туўылған, Хожели РайПосы баслығы, қамалған ўақтында Хожелиде агротехник болып ислеген, 1938-жылы 23-апрельде қамалып, 1939-жылы 14 июньде ҚҚАССР ЖС тәрепинен ақланған.

**Қалниязов молла Қурбанияз** — 1867-жылы 6-аўылкеңесинде туўылған, имам-молла, 1937-жылы 3-ноябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жыл мүддетке МДЛге сүргин етилген.

**Қутлымуратов Режеп** — 1910-жылы Хожели районында туўылған, 1937-жылы 3-сентябрьде қамалған, 1938-жылы 5-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими ҳәм 61-статьясы менен айыпланып, 10 жылға еркинен айрылыўға ҳүким етилген, 1958-жылы 10-февральда ақланған.

**Қарабаев Султан** — 1910-жылы Хожели қаласында туўылған, Хожели РАК баслығы орынбасары, 1937-жылы 13-сентябрьде қамалған, 1938-жылы 13-октябрьде ӨзССР ЖК 58, 63, 64, 67-статьялары менен айыпланып, СССР ЖС қарары бойынша атыўға ҳүким етилген, ҳүким сол күни Ташкент қаласында орынланған, 1958-жылы 2-февральда ақланган.

**Қулымбетов Атажан** — 1867-жылы Хожели қаласында туўылған, саўдагер, 1919-1920-жыллары баспашылар қатарында болған, 1938-жылы ӨзССР ЖК 58 ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-апрельде қамақтан азат етилген.

**Қадирбаев Балтабай** — 1903-жылы 5-аўылда туўылған, үйленбеген, 1929-жылы РСФСР ЖК 58-статьясы 6-бөлими менен айыпланып, сүргин етилген.

**Қутлымуратов Сарыхан** — Хожели районынан, 1938-жылы 15-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-2 бөлимлери менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 6-февральда ақланған.

**Қулымбетов Ниязымбет** — Хожели районынан, 1938-жылы 10-мартта қамалып, 4-5 декабрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 4 жылға судланған, түрмеде қайтыс болған.

**Қылышев Ата** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 2-октябрьде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 10-декабрьде ӨзССР ЖК 78-статьясы менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Қарлыбеков Қаллыбек** — 3-аўылдан, бай, бардамлы қарақалпақ шаңарағынан, атқаминер, баспашы, 1924-жылы байлар менен байланыс жасап, Жөнейид хан отрядына хызмет еткен, усыған сәйкес жаза белгиленип, жер аўдарылған.

**Қожамжаров Жумабай (Хожамьяров)** — 5-аўылдан, саўдагер, хожалығында 4 жалшы услағаны ушын 6 аты, 24 түйеси, 246 қойы конфискацияланып, сүргин етилген.

**Ли Пом Нюн** — 1892-жылы Кореяда туўылған, корейис Хожели қаласында турған, ўақытша жумыс ислемеген, мәмлекетлик шегараны жасырын өткенликте айыпланып, 1938-жылы 26-февральда қамаққа алынған, 1990-жылы 28-июньде ақланған.

**Ли Ден Гин** — 1894-жылы Кореяның Д.Хасапен, Пукчен уездинде туўылған, корейис, Хожели районы 3-аўыл, Нариманов атындағы колхозында жасаған, япон разведкасы менен байланыс жасап, шегараны жасырын өткенликте айыпланып, 1938-жылы 22-июньде қамаққа алынған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Ла Чан Гу** — 1902- жылы Кореяның Хуан-Хья провинциясында туўылған, корейис, 3-аўылда турады, Япония пайдасына жансызлық еткени ушын айыпланып, 1938-жылы 10-мартта қамалған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Лысов** — Хожели районы қаржы бөлими аға инспекторы, 1937-жылы ӨзССР ЖК 64-статьясы менен айыпланып, қамаққа алынған ҳәм суд жууапкершилигине тартылған.

**Ли Ун Си** — 1938-жылы 5-февральда ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамалған, 1938-жылы 29-мартта ақланған.

**Лейтнер Феодосия Владимирович** — Хожели қаласынан қамалған, 1938-жылы 3-апрельде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 1939-жылы 3-мартта ӨзССР ЖК 140-статьясы 1-бөлими, 148-1 бөлимлери менен айыпланып, судланған.

**Мамутов Сайытжан** — 1874-жылы Хожели қаласында туўылған, жумыссыз, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы 20-январьда қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Мәтырзаев Ибрайым** — 1872-жылы 6-аўылда туўылған, турақлы талапсыз, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими, 67-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 2-ноябрьде қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Мәтназаров Әмет** — 1896-жылы Гөне Үргенш районы Қақжер аўылында туўылған, 2-аўылкеңесинде жасаған, 1937-жылы 3-ноябрьде контрреволюциялық ҳәрекети ушын қамаққа алынған, 1989-жылы 28-июньде ақланған.

**Мәмбеткеримов Нурылла** — 1880-жылы Гөне Үргенш районында туўылған, Хожели районында пахта егисине қарсы үгит-нәсият алып барғаны ушын 1937-жылы 14-августта қамаққа алынған, 1990-жылы 10-январьда ақланған.

**Мөтниязов Мәткерим** — 1874-жылы 5-аўылкеңесинде туўылған, имам, үгит-нәсият жүрғизгени ушын 1937-жылы 23-авғустта қамаққа алынған, 1990-жылы 12-январьда ақаланған.

**Мәтназаров Мәтнияз** — 1873-жылы туўылған, 5-аўылкеңесте күнликши, үгит-нәсият жүргизгени ушын, 1937-жылы 23-авғуста қамаққа алынған, 1990-жылы 12-январьда ақланған.

**Мухаммедкеримов Ахмет дарға** — 2-аўылдан, бай, 1916-1917-жыллары Шалтай батыр баспашылары отрядына хызмет еткен, баспашыларды қурал менен тәмийинлеген, 1929-жылы Хожели контрреволюциялық топарының басшысы сыпатында айыпланып, 1930-жылы мартта сүрғин етилген.

**Мурадалиев Ешимбет қул** — 62 жаста, 2-аўылдан, Шымбет аўылында туўылған, бай, ири жер ийеси, баспашыларға жәрдем берген, саўдагер, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Мәтниязов Аллияр** — Қурбанақ аўылында туўылған, бай, ат-қаминердиң мәжилислерине қатынасып, Кеңес ҳәкимияты аппаратының илажларына қарсы болғанлықта айыпланып, жер аўдарылған.

**Мәделиев Досан қул** — 2-аўылдан, саўдагер, 6, 9 танап пахта жери, 8 сыйыры, 8 буғасы, 5 түйеси, 13 аты болған, (байшыкеш) сыпатынада сүргин етилген.

**Мәмбетов Оразымбет** — 2-аўылдан, май ҳәм ун каразы, 2 жалланбалы хызметкери болған, саўдагер, байшыкеш сыпатында жер аўдарылған.

**Мәдияров Аллаяр** — 60 жаста, 3-аўылдан, Сары аўылынан, 100 танап жери болған, байдың баласы, ири саўдагер, бурын Хийуа ханы сарайының ҳәмелдары болған, пахта заводына ийе, баспашылар ҳәрекетине қатнасқанлықта айыпланып, 1930-жылы сүргин етилген.

**Мәтмуратов Яқыпбай бий** — 47-жаста, 5-аўыл (Кенегес орамы) аймағында туўылған, бай, бурынғы бий, жер ийеси, баспашылар менен байланыста болғаны ушын РСФСР ЖК 58-статьясы 4-бөлими менен айыпланып, 1929-жылы қамаққа алынып, сүргин етилген.

**Мәткеримов Мәдемин байраўық** — 1875-жылы 3-аўылкеңес Доңызлы аўылында туўылған, бай, халықты азғырыўшы, Кеңеске жат үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1930-жылы 20-мартта қамаққа алынған, 1990-жылы 13-мартта ақланған.

**Мухаммедтағиев Қайырулла** — 1902-жылы Мешҳед қаласында туўылған, хожели кондитер мастери, Персия пайдасына жансызлық еткенликтен айыпланып, 1938-жылы 28-мартта қамалған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Мурадалиев Досан** — шығысы бай, Хожели № 9 халық суды тәрепинен 5 жылға ҳуқықсыз, хожалағы конфискация етилген, пара бергени ушын айыпланған, 13 қарамалы, 5 аты, 5 түйеси, 47 қойы орталыққа алынған.

**Мурадалиев Нурымбет** — Хожели № 9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, пахта ҳәм дән тапсырмағаны, пахта екпегени ушын айыпланған.

**Мәтжанов Шәрип** — темирши уста, Хожели № 9 халық суды тәрепинен 2 жылға ҳуқықсыз етилген, пахта екпегени ушын айыпланған.

**Мәмбетов Яқып** — Хожели № 9 халық суды тәрепинен 1 жылға ҳуқықсыз етилип, мәжбүрий жумысқа тартылған, саўдагер-баққал.

**Муўсаев Айтжан (Атажан)** — 1876-жылы Хожелиде байшыкеш шаңарағында туўылған, имам-молла, 1937-жылы 30-сентябрьде қамалып, 1937-жылы 1-декабрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен 8 жыл қамаққа ҳүким етилген, 1990-жылы 2-январьда ақланған.

**Мәтназаров Мәтнияз молла** — 1873-жылы Хожели беглигинде туўылған, 1937-жылы 22-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып,3 жылға МДЛге сүргин етилген, 1990-жылы 12-январьда ақланған.

**Мәтназаров Мәткерим** — 1874-жылы Хожели районында туўылған, руўханый, 1937-жылы 2-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген, 1990-жылы 29-июльде ақланған.

**Мәмбетов Пирман** — 1872-жылы Хожели қаласы Қурбанақ аўылында (орамында) туўылған, ОГПУ тәрепинен 1930-жылы 20-мартта қамалған, ОГПУ жанындағы "Үшлик" қарары менен РСФСР ЖК 58-статьясы 10-бөлими менен айыпланып, 6-августта 12 жылға МДЛге сүргин етилген, 1989-жылы 3-ноябрьде ақланған.

**Муқашев Мәжит (1900-1938)** — Ақтөбе уәлаятының Бескәпир аўылында туўылған, Хожели районы халық судьясы, 1938-жылы 23-апрельде ӨзССР ЖК 57-статьясы 1-бөлими, 67-статьясы менен айыпланып, қамаққа алынған, 1938-жылы 15-ноябрьде түрмеде қайтыс болған, 1939-жылы ақланған.

**Мәшерипов Абдуллажан** — Хожели районынан, 1938-жылы 10-мартта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 5 жылға МДЛғе сүргин етилген, 1939-жылы түрмеде қайтыс болған.

**Мәтмуратов Қудайберген** – Хожели районынан, 1938-жылы 4-июньде қамалған, 25-июльде ҚҚАССР ЖС тәрепинен ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 5 жылға судланған, 22-июльде ҳүкимди ӨзССР ЖС бекиткен.

**Мәмбеттурдыев Әўезмурат** — Хожели районынан, 1938-жылы 4-июньде қамалған, 25-июльде ҚҚАССР ЖС тәрепинен ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қайта тергеўге қалдырылған, 1939-жылы 19-ноябрьде ақланған.

**Мәмбетов Есжан (Ишчан)** — 30 жаста, 5-аўылдан, Найман аўылында туўылған, бай баласы, Хийуа ханның тәрепдары, баспашылардың көмекшиси, жат-жамайлар менен байланыста болғаны ушын сүрғин етилген.

**Мәмбеткерим ийшан** — 60 жаста, қарақалпақ диндарлары шаңарағынан, 6 аўылдан, "Қаратереӊ" аўылында туўылған, өз мешити болған, Қарақум ийшанлары менен тығыз байланыс жасағаны ушын 1930-жылы мартта сүриги етилген.

**Мәтназаров Қайып** — 6 аўылдан, бай, май қаразы, 2 жалшысы, жери, маллары болғаны ушын байшыкеш сыпатында жер аўдарылған.

**Мәженов Рәметулла** — 9 аўылдан, Майхор аўылында дәўлетли қарақалпақ шаңарағында туўылған, киши миллионер, дийқаншылығында 2 батырак жаллағаны ушын жер аўдарылған.

**Мурадалиев Аманқул** — 2 аўылдан, Ешимбетжап бойынан, бай, бурынғы саўдагер, үйинде 2-3 батырак тутқан, баспашыларға материаллық жәрдем көрсеткени ушын жер аўдарылған.

**Нурыллаев молла Райым** — 1886-жылы Хожелиде туўылған, орта дәўлетли қарақалпақ шаңарағынан, жекке дийқан, азғырыўшылық үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1931 жылы 16-ноябрьде қамаққа алынған, 1991-жылы 29-июльде ақланған.

**Нурыллаев Исмайыл** — 1898-жылы Хожели қаласында туўылған, 1925—1926-жыллары ҚҚАО хәкимшилик бөлими хәм ўәлаят милиция баслығы, 1927-1928-жыллары Обком партияда нусқаўшы, 1928-жылы РСФСР ЖК 109-статьясы менен айыпланып, 7-жылға қамалған, екинши мәрте 1937-жылы 13-сентябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими хәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1938-жылы 7-февральда ӨзССР ИИХК жанындағы "Үшлик" қарары менен 10 жылға қамалған, үшинши мәрте 1958-жылы 12-майда СССР ИИХК жанындағы "Айрықша мәжлис" қарары тийкарында ӨзССР ЖК 58,63,67-статьялары менен 10 жылға сүргин етилген, 1958-жылы 10-февральда ақланған.

**Нурмухаммедов Мәшерип** – 1906-жылы Хожели қаласында туўылған, саўатлы, ВКП (б) ақзалығына кандидат, район судьясының суд орынлаўшысы, 1938-жылы 13-майда қамалған, 1939-жылы 30-апрельде 8 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Нурымбетов Мәтяқып** – 1866-жылы Хожели қаласында туўылған, байшыкеш, 1919-1920-жыллары баспашылар қатарында болған, 1938-жылы ӨзССР ЖК 58, 67-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-апрельде қамақтан азат етилген.

**Намазов Сүгир** — Хожели районынан, 1938-жылы 19-апрельде қамалған, 22-апрельде 5 жылға судланған, ӨзССР ЖК 11-июльде хүкимди бекиткен.

**Назаров Егемберди** — Хожели районынан қамлған, 1938-жылы 23-июньде ҚҚАССР ЖС ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүрғин етилген.

**Назмутдинов Абдулла** — Хожели районынан, 1938-жылы 10-мартта қамалған, 6-апрельде ӨзССР ЖК 67-статьясы менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Никитин Михаил Павлович** – Хожели қаласынан, 1938-жылы 15-октябрьде халық суды тәрепинен ӨзССР ЖК 148-статьясы менен айыпланып, судланған.

**Ниязымбетов Атажан** – Хожели қаласында туўылған, саўатлы, Анадолы (Түркия) жеринде оқып келген. Хожели районы қаржы бөлиминиң баслығы болып ислеген, 1937-жылы "халық душпаны" деген жала менен қамалған.

**Нурымов Ешнияз** — 2-аўылда туўылған, май ҳәм ун қаразына ийе, жалланбалы хызметкер услаған, саўда-сатлық пенен шуғылланғаны ушын жер аударылған.

**Осипович Федор Григорьевич** — Хожелиден, 1937-жылы 4-январьда қамалған, 1937-жылы 3-майда ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 15-ноябрьде 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Пиримбетов Палўан** — 1880-жылы Хожели районында туўылған, дийқан, азғырыўшылық үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1930-жылы 24-мартта қамаққа алынған, 1990-жылы 13-мартта ақланған.

**Палўанов Ашыл** — 1879-жылы Хожелиде туўылған, саудагер, үйленген, өнермент, 1938-жылы 13-майда ӨзССР ЖК 58 ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-мартта 8 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Пиржанов Беким** – Хожели қаласынан, 1938-жылы ӨзССР ЖК 63 ҳәм 67-статьялары менен айыпланып, қамаққа алынған, 1939-жылы 5-майда ақланған.

**Пагорелов Константин Андреевич** — Хожели қаласынан, 1938-жылы 16-ноябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен 5 жылға судланған, 1939-жылы 21-февральда Арқа Шығыс лагеринде қайтыс болған.

**Пак Сен Мо** — Хожели районынан, 1938-жылы 5-февральда ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамалған.1939-жылы 10-апрельде 8 жылға судланған, 1939-жылы 8-ноябрьде түрмеде қайтыс болған.

**Пирманов Мәтмурат** — Хожели районынан, 1938-жылы 2-февральда қамалған, 1938-жылы 20-апрельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 5 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Палўанов Ҳәким** — Хожели районынан, 1938-жылы 2-майда ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, қамалған, 23-июньде қайта тергеўге қалдырылған, прокуратура исти 3-декабрьде тамамлап, ҚҚАССР Жоқарғы Судына қайтарған.

**Пудовейников Кузьма Тимофиевич** — Хожели қаласынан, 1938-жылы 7-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 18-октябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Пирманов (Әбдиев) Илал ийшан** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 10-мартта иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 4-5 декабрьде 8 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Пиримбетов Палўанияз молла** — ахун, Хийуа медресесин тамамланан, имам, Хийўа ханының қазысы болған, үгит-нәсият жүргизгенликте айыпланып, 1930-жылы сүргин етилген.

**Режепов Досымбай** — 1908-жылы туўылған, 5-аўылдан, үйленбеген, 1929-жылы РСФСР ЖК 58-статьясы 6-бөлими менен айыпланып, сүргин етилген, 1990-жылы 13-августта ақланған.

**Рәмбердиев Аманкелди** — 50 жаста, Хожели районы Арқа-Сурым аўылында қарақалпақ байларының шаңарағында туўылған, бай, жер ийеси, хан ҳәмелдары ҳәм судьясы болып дийқанларды азаплаған, Кеңес хәкимиятының айырым илажларына қарсы болғанлықта айыпланып, 1929-жылы сүргин етилген.

**Сейитхожаев Бабажан (Сайытхожаев)** — 1888-жылы туўылған, 2-аўылкеңестен, контрреволюциялық үгит-нәсият алып барғаны ушын 1937-жылы 2-октябрьде қамалған, 1989-жылы 22-майда ақланған.

**Су Юн Те** — 1900-жылы Кореяда туўылған, корейис, Хожели қаласы турғыны, шаштәрез, япон разведкасы менен байланысқаны ушын, 1938-жылы 15-июльде қамаққа алынған, 1989-жылы 28-июньде ақланған.

**Сейпуллаев Өтеген** — ҳәким, бай, Хожели № 9 халық суды тәрепинен 2 жылға хуқықсыз етилген, 12 қарамалы, 2 өгизи, 2 аты, 1 түйеси конфискация етилген.

**Сейитов Сәрсенбай** — 24 жаста, Хожели районынан ӨзССР ЖК 166-статьясы менен айыпланып, 1937-жылы 22-мартта 2 жыл қамақ, 1,5 жыл сайлаў хуқықынан айырылған.

**Сейитмуўсаев Сейдәмет хожа** — 1861-жылы Хожели қаласында туўылған, 7-аўылкеңес Назлымхан орамы турғыны, руўханый, жоқары диний мағлыўматлы, 1928-1929-жыллары 2 жылға судланған, 1937-жылы 3-ноябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамаққа алынған.

**Сараев Ахмет** — Хожели районынан, 1938-жылы 13-майда ӨзССР ЖК 66-статьясы менен айыпланып, қамалған, иси 22-апрельде қайта тергеўге қалдырылған, 3-декабрьде прокуратура исти қайта тергеўге қайтарған, 1939-жылы 11-февральда 8 жылға судланған.

**Сийсенбаев Оралбай** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 27-июльде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланған, иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 4-октябрьде ис өндиристен қысқартылған, ақланған.

**Сапаров Қаражан** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 2-октябрьде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 10-

декабрьде ӨзССР ЖК 78-статьясы менен айыпланып, атыўға хүким етилген, ӨзССР ЖС 1940-жылы 26-мартта атыў ҳүкимин 10 жылға қамақ жазасы менен алмастырған.

**Сапаров Ешимбет** — 35 жаста, Хожели районы 2-аўыл Ешимбетжап бойынан, бай, Жөнейид ханның нөкери болып, баспашыларға көмеклескени ушын сыртынан ОГПУ тәрепинен 1930-жылы сүргин етиўге хүким етилген.

**Садуллаев Әбдираман** — Хожели районы 3-аўылдан, саудагершиликте хәм үй хожалығында батырақ тутқаны ушын айыплап, жер аўдарылған.

**Тен Бен Сен** — 1880-жылы Кореяның Конда аўылында туўылған, Хожели районы 9-аўылында балықшы, жансызлықта айыпланып, 1939-жылы 30-январьда қамаққа алынған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Тынышлықов Сағынбай** — 1899-жылы туўылған, 2-аўылкеңес баслығы, 1938-жылы 22-апрельде контрреволюциялық көтерилиске қатнасқанлықта айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-мартта 10 жылға судланған, 1940-жылы 31-январьда жынаят қурамы тастыйықланбағанлығы ушын ис қысқарған.

**Тайсақов Тотыр** — 23 жаста, жарлы, Ақтөбе ўәлаятында туўылған, Хожели қаласы турғыны, 1937-жылы 12-мартта ӨзССР ЖК 169-статьясы менен айыпланып, 2 жыл қамақ, 2 жыл хуқықынан айырыў жазасына хүким етилген.

**Тәжиков Таңатар** — 26 жаста, 12-аўылдан, 1937-жылы 15-февральда ӨзССР ЖК 166-статьясы 2-бөлими менен айыпланып, 1 жыл сайлаў хуқынан айырылған.

**Ткачев Андрей Антонович** — Хожели районынан қамалған, иси 21-майда ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 5-июньде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими, 140-статьялары менен айыпланып, судланған.

**Төреев Бекмурат** — 1889-жылы 1-аўылкеңесте туўылған, қарақалпақ, үйленген, Энгельс атындағы колхоз баслығының орынбасары, 1938-жылы 15-февральда ӨзССР ЖК 58 хәм 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-апрельде 10 жылға МДЛге сүргин етилген.

**Турланханов Ийсахан** — Хожели районы 7-аўылдан, 30 танап жери, 3 батырағы, 42 қарамалы, 12 түйеси, үйи-жайы болған, Жөнейид ханның баспашылары қатарында бурын хызмет еткенликте айыпланып, Шаббаз жаққа сүргин етилген.

**Улақаев Берекет (Лақаев)** — 1889-жылы Ақтөбе ўәлаятының Табын диярында туўылған, Хожели районы “Коммунизм” колхозы

ағзасы, ӨзССР ЖК 63 ҳәм 66-статьялары менен айыпланып, 1937-жылы 26-сентябрьде қамалған, 1989-жылы 27-апрельде ақланған.

**Орақов Турсын** — 1879-жылы орта ҳал қарақалпақ шаңарағында туўылған, Хожели 3-аўылдан, дийқан, ӨЗССР ЖК 67 ҳәм 66-статьясының 1-бөлими менен айыпланып, 1937-жылы 6-апрельде қамалған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Өтегенов Қаршыға** — Хожели районынан, 1938-жылы 9-мартта қамалған, 1938-жылы 22-арельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, судланған, 1939-жылы 1-июльде азат етилген.

**Оразов Ешмурат** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 4-июньде иси ҚҚАССР Жоқарғы Судына келип түскен, 25-июльде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 6 жылға судланған.

**Оразымбетов Хожанбай** — 40 жаста, 2-аўылдан, Қурбанақ орамында туўылған, саўдагер, бай, сайлаў хуқықынан айырылған, 1929-жылы Түркменстан тәрептеги баспашыларға қашып барып жәрдемлескен, усланған, қамаққа алынып, 1930-жылы мартта сүргин етилген.

**Үсенов Айтымбет турған** — 45 жаста, 5-аўыл Найман мәканынан, бай баласы, жат-жамайлар, баспашылар менен байланыста болғаны ушын сүргин етилген.

**Оразымбетов Ғаный** — 40 жаста, 5-аўылдан, молла-имам болғаны ушын жер аўдарылған.

**Оразақов Бабажан палўан** — 48 жаста, қарақалпақ Хожели районы 6-аўылдан (Арқа Сурым мәканынан), байшыкеш, хан палўаны болған, пахта тапсырмағанлықтан, 1930-жылы қамалып, сүргин етилген.

**Пазылов** — Хожели районы қаржы бөлиминин ревизоры, 1937-жылы қамаққа алынып, ӨзССР ЖК 64-статьясы менен айыпланып, сүргин етилген.

**Фатыхов Мәтнияз молла** — 5-аўылдан, баспашыларға жәрдем бергенликте айыпланып, суд жууапкершилигинен қашып жүрген, сыртынан қамаққа алыў туўралы хүким шығарылған.

**Ханалиев Төжибай** — Хожелиши, 1908-жылы орта дәрмиян қарақалпақ шаңарағында туўылған, дийқан, 1930-жылы 15-майда контрреволюциялық хәрекетке қатнасқанлықта айыпланып, қамалған, 1989-жылы 28-июньде ақланған.

**Ҳәкимбаев Сыдық** — 1904-жылы Хожели районы 7-аўылда туўылған, саўатлы, колхоз хызметкерлеринин квалификациясын жоқарылатыў курс басқарыўшысы, 1937-жылы 25-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қамаққа алынған, 1939-жылы 4-июльде қамақтан азат етилген.

**Ханалиев Бектемир** — 1885-жылы туўылған, орта ҳал қарақалпақ шаңарағынан шыққан, дийқан, 1930-жылы 15-майда контрреволюциялық хәрекетке қатнасқаны ушын қамалған, 1989-жылы 28-июньде ақланған.

**Хван Хак По** — 1896-жылы Кореяның Кен Сен Гуни мәканында туўылған, Хожели районы 9-аўылдан, "Рыбаксоюз" балықшысы, жасырын шеғарадан өткени ушын айыпланып, 1938-жылы 12-июньде қамалған, 1990-жылы 30-январьда ақланған.

**Хожаметов Әўезжан** — Хожели № 9 халық суды тәрепинен 3 жылға хуқықсыз етилген, 1 түйеси, 1 өгизи, 1 тайы, 2 қарамалы, пахта екпегени, дән тапсырмағаны ушын конфискацияланған, бай сыпатында қуўдаланған, 1938-жылы 10-мартта 2 мәрте қамалып, 4-5-декабрьде 6 жылға судланған.

**Худайбергенов Оразкәл** — 1893-жылы туўылған, 5-аўылдан, үйленген, жарлы, 1929-жылы РСФСР ЖК 58-статьясы 6-бөлими менен айыпланып, сүргин етилген, 1990-жылы 13-августте ақланған.

**Худайбергенов Ғалый** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 15-августта ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, ҚҚАССР ЖС тәрепинен 10 жылға МДЛге сүргин етилген, хүкимди 14-ноябрьде ӨзССР ЖС бекиткен.

**Хожаев Нурылла** — Хожели районынан қамалған, 1938-жылы 5-ноябрьде иси ҚҚАССР ЖС келип түскен, 19-ноябрьде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 10 жылға МДЛге сүргин етилген, 1939-жылы 20-апрельде хүким бекитилген.

**Хожаниязов Нийетулла** — 3-аўылдан, бай, 47 танап жери, 4 буғасы, 4 сыйыры, 1 аты болғаны ушын жер аўдарылған.

**Хожаев Ерлепес** — 4-аўылдан, май хәм ун қаразында 2 жалшы услағаны хәм жери, қарамаллары болғанлығы ушын айыпланып, 1930-жылы сүргин етилген.

**Халмуратов Исмайыл** — 5-аўылдан, 1929-жылы баспашыларға жәрдем бергенликте айыпланып, 1930-жылы сүргин етилген.

**Хасанов Юсуп келте (Хан Хасанов)** — 35-жаста, 5-аўыл Арқа Сурым мәканында туўылған, 15 танап жери, 15 қарамалы, 2 аты болған, 1925-1929-жыллары милиция уйымында киши милиционер лаўазымында ислеген, дийқаншылық пенен шуғылланып, 2 батырақ жаллағаны ушын жер аўдарылған.

**Шәрипов Әбдикерим** — 1887-жылы Хожели районында туўылған, дүкан меңгериўшиси, ВКП (б) ағзасы, ӨзССР ЖК 58,66,67-статьялары менен айыпланып, 1938-жылы 27-мартта қамалған, апрельде мал-мүлкин конфискациялаў менен 5 жылға МДЛге сүргин етилген, 1989-жылы 3-майда ақланған.

**Шевчук Василий Николаевич** — Хожели қаласында қамалған, 1938-жылы 20-мартта иси ҚҚАССР ЖС келип түскен, 30-апрельде ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, қайта тергеўге қайтарылған, 1939-жылы 20-декабрьде ақланған.

**Шернйязов Шержан молла** — 2-аўыл Қурбанақ мәканынан, имам, сайлаў хуқынан айырылған, баспашылардың жәрдемшиси болған, 1929-жылы контрреволюциялық топарға белсене қатнасқанлықта қамаққа алынып,1930-жылы сүргин етилген.

**Юсупов Матяқып** — 1895-жылы туўылған 1-аўылкеңестен, ӨзССР ЖК 66-статьясы 1-бөлими менен айыпланып, 1938-жылы 28-январьда қамаққа алынған, 1989-жылы 18-майда ақланған.

**Юсупов Қазақ** — 1898-жылы 6-аўылда туўылған, қарақалпақ 1929-жылы 25-ноябрьде ОГПУдың ҚҚАО бөлими қамаққа алған, РСФСР ЖК 58-статьясы 2-бөлими менен айыпланып, 4-декабрьде мал-мүлки конфискацияланыў менен атыўға хүким етилген, хүким 24-февральда Шымбай қаласында орынланған, 2003-жылы 20-январьда Қазақстан Республикасы Бас прокуратурасы тәрепинен ақланған.

**Юсупов Қуддыс** — 1872-жылы Хожели қаласында туўылған, саўдагер, үйленген, Энгельс атындағы колхозынан, 1938-жылы апрельде ӨзССР ЖК 58,67-статьялары менен айыпланып, қамалған, 1939-жылы 30-апрельде түрмеден азат етилген.

**Юсупов Қарабай** — 45 жаста, 6-аўылдан, бай, Жөнейид хан менен байланыста болып баспашыларға жәрдем бергенликте айыпланып, хуқықсызландырылып, 1930-жылы қамаққа алынып, сүргин етилген.

**Яқыпов Хожамет** — 1870-жылы туўылған, 6-аўылкеңестен, турақлы талапсыз, үгит-нәсият алып барғанлықта айыпланып, 1937-жылы 3-сентябрьде қамалған, 1989-жылы 10-июльде ақланған.

Хожели районынан, 1930-жылы “пахта иси” бойынша бәхәрги егисти үзлиске түсиргени, пахта тапсырмағаны ушын № 9 халық суды тәрепинен айыпланып, ҚҚАО Судының 1930-жылы 1-15-октябрьдеги 8-пленумының бекитиўи, комиссиясының жуўмағы менен төмендеги пуқаралар, хуқықсыз етилди, түрли жазаларға тартылды.

**Асаматдинов Пайзулла** — бай
**Акеев Баба** — орташа
**Абылов Пиржан** — саўдагер
**Хәкимов Жуманияз (Акимов)** — орташа
**Аннаметов Хожа** — орташа
**Әуезкелдиев Палўан** — орташа

**Абдуллаев Сейпулла** — орташа
**Айтқулов Ниязқул** — суўпы
**Аманлықов Қылышбай** — дийқан
**Айнасапаев Томен** — бай
**Асматдинов Пайзулла** — бай
**Бекеншиев Наўрызбай** — атқаминер
**Бердиев Шәмет** — атқаминер
**Бекмуратов Аллаберген** — орташа
**Бердәўлетов Қоныс** — бай, саўдагер
**Жаманбаев Кишибай** — жарлы
**Жанбатыров Қалдарбек** — бай, атқаминер
**Досымбетов Қудайберген бай** — бай
**Ерниязов Мәшерипбай** — саўдагер
**Ешимбетов Ниязымбий** — бай
**Есенликов Омар** — орташа
**Ерманов Ешмурат** — жарлы
**Ибрайымов Яқып** — саўдагер
**Ерманов Пирлепес** — дийқан
**Ешниязов Юсуп** — жарлы
**Исаев Өтемис** — бай, атқаминер
**Курнешов Кучма** — жарлы
**Қараев Қылышмурат** — дийқан
**Қарақулов Айтхожа** — бай
**Қосжанов Зулқарнайын (Қошанов)** — жарлы
**Қубатдинов Уснатдин** — жарлы
**Қыдырниязов Ернияз** — орташа
**Мурадалиев Нурымбет** — бай
**Мәшерипов Әбдирайым** — саўдагер
**Мәткәшлиев Тилеўберген** — жарлы
**Маллыбаев Молла Ата** — молла
**Сариев Сабыр**
**Сейитниязов Әдилбек** — орташа
**Сергеев Изим** — дийқан
**Сержанов Тайыр** — жарлы
**Туяқов Узақбай** — бай
**Тәжиев Көшкинбай** — бай, саўдагер
**Төреев Қарабай** — дийқан
**Татбаев Ережеп** — жарлы
**Темиров Узақбай** — иси қысқарған
**Тәжибаев Мәдиўәли** — орташа
**Төлегенов Ернияз** — орташа

**Узақбаев Наўрызбай** — дийқан,иси қысқарған
**Оразниязов Жуманияз** — бай
**Убайдуллаев Әбдираман** — бай, ҳуқықсыз
**Хожаметов Әўезжан** — бай,
**Хожаев Есжан (Ищан)** — орташа
**Хасанов Батым** — дийқан
**Юсупов Қарабай** — бай
**Юсупов Шағырай** — орташа.

(Ш. Бабашев Жазықсыз жазаланған репрессия қурбанлары, Нөкис, "Қарақалпақстан" баспасы, 2007 жыл, 276-296 бетлер.)

## ХОЖЕЛИДЕН "ПАХТА ИСИ"НЕ ШАТЫЛҒАНЛАР ЯМАСА ЖАЗЫҚСЫЗ ЖАЗАЛАНҒАНЛАР

"Пахта иси"не шатылған директорлар, пахташылық хожалықлардың бас бухгалтерлери, кассирлер, пахта тапсырыўшы ҳәм қабыллаўшылардың жынаятлы ислери Қарақалпақстан прокуратурасы ҳәм ишки ислер Министрлиғи тергеўшилери тәрепинен алып барылған. Яғный, 1985-90-жыллары 38 жынаятлы ис тергелген. Соннан 21 исти прокуратура, 17 исти милиция органлары тергеген. Бул ислер бойынша 193 адам айыплы деп табылған. Тергеў дәўиринде олардың 77 си қамақта сақланған. 700 адам жынаят жуўапкершилигине тартылмай, олардың иси жолдаслық судта ҳәм жәмийетшилик арасында қаралған.

Қарақалпақстан Жоқарғы Судынан алынған мағлыўматларға қарағанда, 117 адам ақланған, 6 адамның ҳүкими өзгериссиз қалған. 26 адамның ҳүкими өзгертилген.

2 жынаятлы ис қайта тергеўге жиберилген.

Дурыс, төмендеги дизимнен «пахта иси»не шатылған айырым басшыларды басқа да мәкеме баслықларының да фамилияларын излеўи сөзсиз. Оларды тергеў ислери Өзбекстанның басқа ўәлаятларында ҳәм Москва қаласында алып барылғанлығы себепли биз олар ҳаққында анық мағлыўматларға ийе бола алмадық.

(Бул мағлыўматлар 1992-жылдың сентябрь айында Қарақалпақстан Жоқарғы Суды ҳәм республика прокуратурасынан алынды, "Арал" журналы, 1992-жыл, №4. 80-84 бетлер).

1. **Қалбаев Жалғасбай** (1940-ж. туўылған) пахта заводы директоры. 4 жылға еркинен айырылған. Қайта тергеўге жиберилген.

2. **Исмайлов Оралбай** (1951-ж. туўылған) пахта қабыллаўшы. 3 жылға еркинен айырылған. Қайта тергеўге жиберилген.

3. **Жуманиязов Юлдаш** (1949-ж. туўылған) Таяр өнимлер бөлиминиң баслығы. 2 жылға еркинен айырылған. Қайта тергеўге жиберилген.

4. **Сариев Қурбанбай** (1941-ж. туўылған) цех баслығы. 2 жылға еркинен айырылған. Қайта тергеўге жиберилген.

5. **Жумағулов Қудияр** (1924-ж. туўылған) Пахта заводының бас бухгалтери. 2 жылға еркинен айырылған. Ақланған.

6. **Аразжанов Берди** (1950-ж. туўылған) пахта қабыллаўшы. Ақланған.

7. **Мапузов Қалмурза** (1957-ж. туўылған) пахта қабыллаўшы. 1 жылға еркинен айырылған. Ақланған.

8. **Баўетдинов Имаматдин** (1952-ж. туўылған) пахта қабыллаўшы. 1 жылға еркинен айырылған. Ақланған.

9. **Жолдасбаев Турғанбай** (1949-ж. туўылған) пахта қабыллаўшы. 1 жылға еркинен айырылған. Ақланған.

10. **Халбаев Абдикерим** (1926-ж. туўылған) колхоз баслығы. Амнистия бойынша азат етилген, ақланған.

11. **Дощанов Жуманияз** (1939-ж. туўылған) колхоз бас бухгалтери. 2 жылға мийнетте дүзетиў, ақланған.

12. **Абдуллаев Дәўлетбай** (1947-ж. туўылған) пахта тапсырыўшы. 1 жылға мийнетте дүзетиў, ақланған.

13. **Худайбергенов Ақман** (1934-ж. туўылған) бас экономист. 1 жылға мийнетте дүзетиў, ақланған.

14. **Нурмедов Сарыбай** (1921-ж. туўылған) колхоз баслығы. Амнистия бойынша азат етилген, ақланған.

15. **Аллақулов Қақабай** (1919-ж. туўылған) колхоз бас бухгалтери. Амнистия бойынша азат етилген, ақланған.

16. **Батыров Режеп** (1935-ж. туўылған) пахта тапсырыўшы. 1 жыл 6 айға еркинен айырылған, ақланған.

17. **Нурғалиев Нуран** (1939 ж. туўылған) бас экономист. 1 жылға еркинен айырылған, ақланған.

Ҳүрметли хожелишилер! Жоқарыдан келген жәлладлардың мийримсизлигинен көплеген адамлар жәбир шекти, бала-шағалары қыйланды, әбигер тартты, ағайинлериңиз, туўған-туўысқанларыңыз қапа болды. Не болса да бул ғаўғалы күнлер артта қалды. Ата-бабамыз "от бәлесинен, суў бәлесинен, жала бәлесинен сақла" деп бийкарға айтпаған екен. Илайым, буннан буяғында хәр қандай бәле-мәтерден аман болғайсызлар.

## ХОЖЕЛИ ҚАЛАСЫ ДӘЛИЛЛЕРДЕ, ЯМАСА ХОЖЕЛИ ТАРИЙХЫНАН МЫҢ БИР ДЕРЕК

Дурысында бул қала бурын хожалардың тығыз жәмлескен орайы болған, Абулғазы ханның тусында Хожели қала болып қурылмаған еди. Хожели қорғанының қала болып дәслепки пайда болыўы XVII әсирдиң ақырларына туўры келеди. Хожели бул ўақытта Арал менен Хийўа орталығындағы кәрўанлар тоқтап өтетуғын саўда жолы болған (Я. Г. Ғулямов "История Орошения Хорезма" стр. 228) Кейинирек ол араллылардың Хийўа менен гүресинде беккем қорғаны ҳәм сиясий орайы болады. (Қ.Әбдимуратов, Неге усылай аталған. Қарақалпақстан топономикасының тарийхынан. "Қарақалпақстан" баспасы 1965-ж. 10-бет.)

* * *

Хожа эли — XV-XVIII әсирлерде Араллы өзбеклер бирлеспеси қурамына кирген қәўимлердиң биринин атамасы. Бул бирлеспеде қоңырат, маңғыт, қыят, қыпшақ сыяқлы қәўимлер де болған.

Қәўим атамасы "ийе", "хожайын", "жетекши" мәнисиндеги "хожа" ҳәм "халық", "мүлк", жер мәнислеринде қолланған "ел" және "и" ийелик қосымтасынан ибарат. Атамадағы сөзлер ҳәм сөз қосымшасы толығы менен түрки тиллерге тән.

"Хожа эли" атамасы өтмиштеги ханлардың ямаса усындай ўәкилликке ийе болған адамлардың бири тәрепинен сол дәўирлердеги хожалардың биреўине мүлк ретинде бөлип берилген бир неше уруўлардың улыўмастырылған аты ретинде пайда болған деп қараўға болады. Соны да айтыў керек, XV әсирдиң соңы Хорезм тарийхында "Әлий ели", "Қыдыр ели", "Ал ели" сыяқлы қәўимлердиң атамалары ушырасады. Елдиң ҳүкимдарлары тәрепинен хызмет көрсеткен адамларға мүлклерди, аўылларды, суў тармақларын "суйырғал" етип, ал диний орынларға "ақта" етип бериў Орта Азия патшалықларында әзелден киятырған әдетлерден болып табылады.

Өткен әсирдиң орталарында Хожелиде болған тарийхшы А.Кун хожелищи диний уламалардың өзлеринин келип шығыўын Хожа Ахмед Яссаўийге байланыстыратуғынын жазып қалдырған. Демек, "Хожа ели" Хожа Ахмед Яссаўийге, ямаса оның урпақларының бирине, ямаса Яссаўий, мешитине мүлк ретинде бөлип берилген аўыллардағы уруўлардың улыўма атамасы, деп болжаў мүмкин.

Хош, булар қандай уруўлар? “Төрт арыс, он еки шерек Хожели болған” деп айтады хожелиши кекселер. Демек, Хожа эли қәуими төрт үлкен уруўдан ҳәм оларды қурайтуғын он еки шеректен яғный, тийрелерден ибарат. Бул уруўлардың атамалары ески Хожелинин аўыллары ҳәм мешитлеринин атамаларында сақланып қалған. Олар: Әжиўли, Таз, Сүрим, Қарашапақ, Қурбанақ, Шора, Кирпи, Бегаўыл, Қырқ, Сары атамалары. Олардың айырымлары буннан жүз жыл, ҳәтте оннан да илгерирек мәлим болған.

Төрт арыс, он еки шерек барлығы он алты болыўы керек. Егер Хожели қәуиминиң бир шереғин хожалар қураған деп есапласақ, жоқарыда саналғанлар менен барлығы он бир болады. Тилекке қарсы, бул уруўларлардың қайсы бири Хожели қәуиминде арыс ўазыйпасында, қайсы бири шерек ўазыйпасында келгени бизге белгили емес. Бәлким, Хожели қәуиминиң төрт арысын найман, қолап, жалайыр, уйғыр сыяқлы ири уруўлар қураған, олар болса өз гезегинде қарашалақ, әжиўли, таз ҳәм басқа да тийрелерге бөлинген шығар. Хожели қаласы әтирапында ҳәм улыўма район аймағында Арқа Сүрим, Найман аўыл, Шора аўыл, Қолап аўыл, Сары ширик, Боз ҳәўли, Бай ноғай, Қыят, Жалайыр, Кенегес, Баймақлы аўыл, Туба сыяқлы этнотопонимлер бар. Сарайкөл, Саманкөл, Сарышүңгил, Ақшүңгил, сыяқлы жер атамалары да уруў ҳәм қәуим атамаларын ядқа салады. Олардың этимологиясын үйрениў биз ушын көп ғана жаңа мағлыўматларды бериўи мүмкин.

* * *

Әзелден уста дийқанлар ели болған Хожели дийқанларының ишинен мийнетте ерискен табыслары ушын Бердибай Қурбанов, Юлдаш Мәткаримов, Оразбай Дилимбетовлар ўақтында “Мийнет қаҳарманы” деген атаққа миясар болған.

* * *

«Хожели бийшек»-қаўыны. Бул сорт Хожели районы қаўынларының популяциясынан алынып, 1966-жылы Қарақалпақстан дийқаншылық илим-изертлеў институтында селекцияланды. Қарақалпақстан ҳәм Хорезм областында кеңнен таралған. Хожели районында бул қаўынға тән ең жақсы түрлери ушырасады. Түйнеги узынлаў, мәйек формасында, узынлығы 35-40 см, ири, салмағы 6-8 кг, басқа жерлерге жибериўге шыдамлы. Қабығының мурт тәрепи сәл жыйрықланған, басқа жағы тегис, жылтыр. Торлары ири, толық, реңи қоңыр-сары. Сыртқы нағыслары меридиональ, түрде жайласқан, қалың, билинер-билинбес жолақларының реңи қоңыр-көк. Қабығының қалыңлығы орташа. Ети ақ, қалыңлығы 5-6 см,



ширели, мазалы, қурамындағы қант муғдары 13%. Туқым қуўыслығы орташа. Туқым ханалары қурғақ, қуўыслығының жартысын толтырып турады. Туқымы ири, узын, сопақ-лаў, реңи қызғыш-сары. Бир түйнегинен 60 грамм туқым шыға-ды. Орта писер сорт. Вегетация дә-ўири 124 күн. Гектарынан 430 центнер зүрәәт береди. Таза писken түринде ҳәм қақлаў ушын жарамлы сорт. 7,2 % сапалы қақ өнимин береди. Л.С.Крживец "Қарақалпақстан қаўынлары". "Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис. 1977 ж., 23-бет.

* * *

Екинши жер жүзлик урыста ўатанды қорғаў ушын 7868 хожелиши урыста қатнасқан. Район аймағында 3 жерде оларға арналған естеликлер орнатылған. Хожели қаласының орайлық дем алыў паркинде, Айбек диййқан фермер хожалығы аўылының орайында, Найман фермерлер хожалығы аўылының орайында.

* * *

Хожелини XVIII-XIX әсирлерде СУ-ЭЛИ - деп атаған. Себеби, Хожелиде үлкен-кишили 32 канал-жап болған. Хожелиде тийкарында "Кенегес" каналы (60 км.), "Сүўенли" каналы (20 км), Арғынбаев атындағы канал (22 км.), "Жаңа жап"-(20 км.), "Таслы жап (20 км.), "Жаңа Ташлы яб" (3 км), басқа да 12 канал (барлығы 253 км.) суўғарады, ал изей суўлар 11 коллекторлар системасы арқалы Хожели аймағына шығарылады (288,6 км.) (Материалы к районированию Каракалпакской автономной области. г.Турткуль, 1928 год. Стр.31-32.)

XVII әсирде тарийхта Хожели атамасы пайда болды. Хожелиниң бир неше рет қорғанлары салынады. Солардың бири Жақсылық бий басшылығында 1773-1775 - жыллары салынған. XVI–XIX әсир даўамында Миздахқан қойымшылығында Жети қарый, Әбдираман Шаламан, Шамун Нәбидиң баласының махбарасы атлы бир неше қурылыслар бой тиклейди. 1811- жылы Пирим ийшанның медиресеси салынады.

* * *

Хожели қаласының үлкен дәрўазасы алдында генерал Веревкинди, оның жеңисин мойынлаған қала ўәкиллери күтип алды. қала халқы көби хожалар болғаны ушын урысқа араласпай, парахатшылық өмир сүрип атырған еди. Олар урысқа түспесе де, шетте турған, жеңилген Хийўа армиясының қасында турды. (Ф. Лобысевич. Взятие Хивы и Хивинская экспедиция 1873-года. “Вестник Европы” 1873 г. №3 стр. 734.)

* * *

Хожели қаласы үлкен саўда орайы, қоңсы ханлықлардан көплеген саўдагерлер ҳәм көшпелилер келип саўда жасайды. Хожели қаласы, қаланы айлана үйилген топырақ (вал) пенен қоршалған. Қаланың үш үлкен дәрўазасы бар. Қаланың ишинен канал ағып турыпты. Каналдың ар жағына өтсең мешит. Қалада хан сарайы да бар. (Ф. Лобысевич. Взятие Хивы и Хивинская экспедиция 1873 года. “Вестник Европы” 1873 г. №3 стр. 735.)

* * *

Хожелиге дейин Арал флотилиясы менен параходта жүзип келген Генерал Веревкинниң солдатлары Хожели қаласының алдында еки күн болды. Хожелиде жасаўшы турғынлар менен қарым-қатнаслар иследи. Екинши күни Хожелидеги барлық дүканлар ҳәм үлкен базар ашылды. Келген солдатлар менен саўда қызғын жүристи. (Мак Гахан, Военные действия на Оксус и падение Хивы. 1875 г. 159 стр. Campaigming on the Oxus and The Fall of Khiva. Bu J.A. Mac Gahan. London 1874.)

* * *

Әййемги заманларда Хожа-эли аймағында нан жабатуғын тандырлар аз болған, себеби ҳәр көшеде бир ғана тандыр салынған. Қалада тандырдың азлығы, елдиң аўызбиршилигин көрсеткен. Бурынлары сырттан келген жаўлар, бир қаланы жаўлап алатуғын болса, қалада тандыр көп пе ямаса аз ба – деп сораған. Тандыр көп болса елдиң аўызбиршилигиниң ҳәм сыйласығының жоқлығының белгиси есапланған. Хожели халқы өзиниң ертеден қалған аўызбиршилик ҳәм сыйласығын елеге шекем даўам етип келмекте.

* * *

Ҳәр бир хожелиши өз қаласын жаратқанның нуры түскен, берекет дарыған кәраматлы жер, — деп есаплайды. Өзлериниң Хожелиде туўылғанына ҳәм Хожелиде жасағанына кеўили толып

қуўанып жүреди. Хожелишилер бирин-бири көрсе жүдә қуўанысып қалады, ўақыт күттирмей бирден үйине мийманлыққа мирәт етеди.

* * *

"Хожелиде 70 күн жасасаң хожа боласаң", "Хожелиге пияда келген, ат минип кетеди", "Хожелиге атлы келген арбалы қайтады", "Хожели халқы қанаатлы халық", "Хожелиниң дәнин жеген шымшық, Меккеден қайтып келеди", "Хожели қыдыр дарыған ел", "Жер киндиги - Хожели", "Хожели қудай берекетти берген жер" деген гәплер усы тийкарда халық арасында көп айтылады.

* * *

Ҳақыйқатында да Хожели адамларының кеўлиндеги өзлериниң усы қалаға тийисли екенлигинен мақтаныш етиў сезимлери жоқ жерден пайда болмаған. /Хожелиниң үлкен тарийхына, мәдений мийрасына, әўладлардан-әўладларға өтип киятырған жерғиликли әпсаналарына, салт-дәстүрлерине, уллы ел басшыларына, қаҳарманларына ийе бул қала. Хожели қаласының адамлары еле алдыңғы жасап өткен әўладларының батыллығына, салмақлы сөз айтыўына, биринши гезекте ел ҳәм халқының абыройын ойлап ис көриўине, ҳәр қашан да, ҳәр бир жерде де өзиниң қәдир-қымбатын сақлаўға ҳәрекет етиўин жоғалтпаган ҳәм жоғалтпайды да. Усылардың барлығы олардың кеўлинде өзлериниң терең тамырларға ийе болған, Хожели деген жердиң перзентлери екенлигине беккем исеним оятады.

* * *

Ерте заманлардан, неше әсирлерден бери "Жипек жолы" бойында жайласқан Хожелиниң үлкен берекетли, шығысқа ҳәм батысқа белгили гөне қаладағы базары 1957-жылы ҳәзирги таза Хожелиге көширип әкелинди. Ең биринши таза қаладағы базарком баслығы Айтбай Халбаев болған. Таза базарды, тазадан реконструкция ислеўде Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға белгили инсан, искер басшы Сейтжан аға Мәтжановтың орны гиреўли. Сейтжан аға Қарақалпақстанда бириншилерден болып темир шертеклерди ислетти. Республикаға белгили инсан Реджепбай Хасанов та базарға мийнет сиңирди. Таза базардың жабық комплексин питкериўде, болған базарком Улья Мәтжанованың үлкен мийнети бар. Ҳаял адамның усындай үлкен мийнетин ҳәм азаматша искерлигин, ҳүрметлеп айтыўымыз орынлы. Белгили исбилермен Улуғбек Юсупов базарға заманагөй комплексли дүканларды салдырды.

* * *

Хожелидеги орайлық базардағы сатыўшылардан, жер ҳақысын ҳәм орын пулды, басқа түсимлерди XIX әсирде палўан Нияз диййўан жыйнаған ҳәм түскен пулды Муҳаммад Әминханның тапсырмасы бойынша Хожели қаласындағы медреселерге жумсаған. («Даракчи» газетасы, 17.07.2008 жыл. №29 /488. 47-бет)

* * *



Исфандияр ханның толық аты-Сеид-Исфандияр-Баҳадур Хийўа ханы. Хан Қоңырат инақлары урпақларының соңғы ханы. 1873-жылы Россия менен парахатшылық шәртнамасын дүзген Сеид-Муҳаммед-Рахим ханның үшинши баласы. Исфандияр хан, барып турған қатынпурыш, минези бузық болған. Тахтқа алыў ушын бирнеше мәрте туўған әкесин уўлап өлтириў нийетинде болған. Әке тахтына 1910-жылы отырды. Ҳүкимдар ретинде рус администрациясы алдында жалынышлылық пенен күн көрген. Хийўада таза дүнья жаңалықларын алып келип, реформа ислеўге Хийўа ханы қарсы болады. Өзиниң ағасының иниси, Хийўаға реформа енгизиўши Сеид Ислам-хожаны өлтиреди. Исфандияр хан 1918-жылы октябрь айында Жунайдхан тәрепинен өлтириледи. (История революционного движения в Каракалпакии. 1-том. 62-стр).

* * *

Хийўа ханы Исфандияр басқарған заманында оның қандай халықты басқарғаны ҳаққында сырт ел сиясатшылары төмендегише жазып қалдырған: — “ Едва ли еще на земном шаре есть уголок, где деспотизм проявляется в такой циничной, ужасной и свирепой форме, как в Хиве. Этим и объясняется многолетнее стремление народов избавиться от своего кровожадного хана с его таким же правительством.” (ЦГА РУз. Ф.2.оп 2. д.546.л.351) (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус,1974 г. издательство “Каракалпакстан”, 17- стр.)

* * *

Әўезжан бий — реформатор, прогрессившил, Хожели халқын ойлайтуғын патриот басшы, бий-ҳәким екенлигин ис жүзинде

көрсеткен. Оны тарийх тастыйықлайды. Соның ушын да "Хожели, халқым"— деп өлип кетти.

* * *

Хожели елатына хан тәрепинен тиккелей қыз салығы артықша қысым болды. Исфандияр хан өзинин аўырыўын емлетиў ушын хан қол астына қырық қыз жыйнатыў керек деп тапты. Қызлардың сулыў болатуғын жери деп 20 қызды Хожелиден алдырыўға 1916-жылы январь айында буйрық берген.

Ханның бул буйрығынан сезик алған Хожели халқы қызларын рус территориясына түнлетип қашырыўдан басқа илаж таппады. (Г.Непесов. —Очерк истории Каракалпакстана. Соц. эконом. и полит. положение левобережних р-ов Каракалпакии в Хивинском Ханстве 1916-1917 гг. 39-бет) (Жумек Урумбаев. Революциядан бурынғы Қарақалпақ территориясындағы билимлендириў ислеринин хәм мектеплеринин қысқаша тарийхы ҳаққында. "Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис,1964 жыл. 67-бет) (Ю.Ахмедов "Тарийхый материаллар" 6-бет)

Әййемги Хожелинин "Көмир базар" деген жеринде Хийўа ханы тәрепинен дар қурылып, оған асылған он бир адам ишинде Молла Худайберген де бар еди. Молла Худайберген дийўан болған. Дийўан –ис жүргизиўши яки хаткер дегени. (Диван –канцелярия правителя или бека.) (Н.Норкулов, У.Джураев, История Узбекистана, Тошкент, "Шарк", 2002 стр. 184).

Худайберген дийўан ҳәм оның менен бирге дарға асылғанлар ҳаққында Хожели қаласы халқы аўзында мынадай қосықлар бар:

Әўезжан, Махмуджан,
Худайберген – көшенин гүли,
Он бири кеткели.
Шығыпты шөли,
Хожелинин олар шайда бүлбили,
Беклер дар үстинен кетти найлермиз.
Әўезжанның егип кеткен таллары,
Қыйын болды балаларының ҳаллары,
Басқаға буйырды жайған маллары,
Арзыў әрман менен өлген Әўезжан.

Бундай қосық қатарлары Хожели қаласы халқы аўзынан әйтеўир шықпаған шығар.

Худайберген дийўан 1878-жылы Хожелиде туўылған. Дәслеп 1884 –1887-жыллары ески мектепти тамалап, соң 1890-жылға

дейин Бухарадағы Мир-Араб ҳәм Көкалдаш медреселеринде билим алған. Тап сол жыллары уллы тәжик ҳәм өзбек жазыўшысы Садриддин Айни де усы медреседе оқыған. Усындай жазыўшы менен медреседе дуз дәмек болған, инсан әлбетте өз халқы ушын мәрт, дана ҳәм илимли адамның исин атқарған болыўы керек. Ол дарға асылғанға дейин Хожели медресесинде мударрис болған ҳәм Хожели бийлериниң ең билимли дийўанларының бири болған (Хожели ҳақыйқаты, 1990-жыл, №152, /4943/).

* * *



Муртаза хожа бийдиң Мамытжан ҳәм Әўезжан — деген еки баласы болған. Еки баласы да ақыллы, Хожели халқы сыйлайтуғын инсанлар болып өскен. Муртаза бийди Хийўа ханы Муҳаммед Рахим хан аттың зәңгилигине уў жағып өлтирткен деген халықта сөз бар. Муртаза хожа бийдиң орнына 1896-жылы бий сайлайтуғын ўақытта Хожели қаласы пуқарасы, дийқан, сөзге шешен, "Маткарим бақыраўық" деген бай адам кәраматлы, Қудайдың нәзери түскен жер Хожелиге Әўезжан бий болсын, деп Хожели халқы алдында шығып сөйлеген ҳәм соның шығынларына өз атынан 2000 тилла төлеген. Маткарим бақыраўық тазадан болған Әўезжан бийғе Хожели халқының атынан ийшан-уламалардан, жумысларына табыслар тилеп пәтия алып берген. Әўезжан бийдиң "дастурханлы"—деген атағы шыққан. Соның ушын да өз Хожели халқының ар-намысын ойлап, елим деп, халқым — деп Хийўа ханы қолынан 39 жасында набыт болды. Бирақ, оны Хожели халқы мәңгиге умытпайды. Оның аты Хожели қаласы тарийхында алтын ҳәриплер менен жазылады.

Мамытжан бийдиң балалары — Абдиқәдиржан, Атажан, Кәмил, Сали.

Абдиқәдиржаннан — Полат, Махмуд.

Әўезжан бийдиң балалары — Юсупжан, Ислам, Әметжан

Әметжаннан — Сабыр (мағлыўмат бериўши, Қалбай Хожамуратов, 1931-жылы туўылған, "Қамыс шалы" аўылында жасайды, ҳүрметли устаз, мийнет ветераны, тарийхшы).

* * *

Кеңес дәўиринде Хожели қаласы 1926-жылы 14-январьда Өзбекстан Республикасы Орайлық Атқарыў Комитетиниң Указы менен рабочий поселкасы базасында дүзилди. XIX әсирде Хожели "Сүўенли" каналының сол жағасында жайласқан. Поселкада жасаўшылардың саны 1000 нан аспайтуғын еди. Ол жерде 180 турақ жай, 150 дүканы бар базар болған. Хожели Хийўа ханлығындағы ең ири саўда орайларының бири болған. Хожели қаласы Әмиўдәрьяның сол жағасында, Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис қаласынан 14 километр, Тақыятас қаласынан 9 километр, Гөне-Үргенштен (Журжания, ҳәзирги Түркменстан Республикасы) 12 километр аралықта жайласқан. Бас жобаға муўапық Хожели қаласы 2820 гектар жерге жайласыўы керек. Қала еле де кеңейеди, көркейеди деген сөз. Хожели қаласы аймағы архитектуралық көриниси бойынша екиге бөлинеди: гөне Хожели, жайласыў орны 3 километр ҳәм оннан "Хожели" темир жол станциясына дейинги аралық — Таза қала деп аталады. Қала ишинде 36 гектар майданға ийе жаңа мәдений ҳәм дем алыў парки бар. Алдағы ўақытлары Хожели қаласы республикамыздағы ең сулыў, ири қалалардың бирине айланады (Хожели ҳақыйқаты, 07.11.1987 ж. № 133/4455).

* * *

Ертеде Хожелиге келген саяхатшы-саўдагер Миддендораф деген адам, (ол доктор болған, "Хожелиден Порсы арасына саяхат" китабын жазған) Хожелиде жасап атырған адамлардың үйлериниң есик-қапысында қулып жоқ, есиклериниң ашық туратуғынлығын көрип: —Италия пайтахты "Римде ҳәм Хожелиде көрдим қапы-есиклеринде қулып жоқ, есиклериниң ашық туратуғынлығын"— деп ҳайран қалған.

Хожелиде есикке қулып салмай, есикти ашып қойыў 1970-жыллардың аяғына шекем келди. Хожелиде сол ўакытқа шекем уры деген нәрсе болмайтуғын еди. Қалада "сақшы"лар болды. Ҳәр бир есикти қолындағы таяқ пенен түн ортасында тақылдатып урып жүретуғын. Себеби, Хожели халқы бир-бирине сондай исенетуғын, аўызбиршиликли халық. Хожели халқының есиклеринде хеш ўақытта гилтленген қулып деген нәрсе болмаған. 1970-жыллардың ақырларынан баслап Хожели бай қала деп басқа жақлардан ҳәр түрли көплеген адамлар көшип келе баслады. Соннан кейин есиклер жабылып, есикке қулып салыў басланды. Ҳәзирги күнде гөне қала менен таза Хожелиниң турғынларының айырмашылығы бирден көзге тасланады. Гөне қалалылар бурынғы отырықшы халық. Ал таза қалада туратуғынлардың көпшилиги басқа жақтан

көшип келгенлер. Хожели халқының менталитетин билмейди. Бирақ, Хожелиниң көп аўылларында (Мысалы: «Қамыс шалы аўылы, П.Халмуратов ҳәм ДФХ тағы бас қа) елеге шекем есиклерине қулып салмайды. Себеби, бәри бир-бирин жақсы таныйды. (Мағлыўмат бериўши, Қалбай Хожамуратов, 1931-жылы туўылған, "Қамыс шалы" аўылында жасайды, ҳүрметли устаз, мийнет ветераны, тарийхшы).

* * *

Гөне Хожелиде XX әсирдиң басы ҳәм орталарында жасаған адамлар Жумияз суўшы ҳәм Оразымбет балықшы деген инсанларды жақсы таныйды. Жумияз (аты Жуманияз болыўы керек, бирақ хожелишилер Жумияз деп атап кеткен) суўшы, арбасына өгиз қосып, салмадан ылай суўды алады, суў сатады. Адамлар алған суўларына, Жумияз суўшының шанағына тийин таслайды, ҳәр ким кеўилинен шыққанын. Ол базардың қасындағы үйинен шарбақ ашады, базаршылар келип шарбақтан шай ишеди, атын-ешегин байлайды. Солай етип, базар шаруасын питкереди. Хожелиде той болса, сабанды жайып-қур ортасына сексеўил-томардан от жағып, сабанды айнала отырады. Жумияз суўшы, белине баў байлап қурға гүреске шығады. Соның менен бирге ол "жаршы" еди. Ҳәзирги күндегидей дизим менен тойға ҳәр үйге барып айтпайды, халықтың бәрине жар салып: "Пәленкестиң" тойы бар, үшиниши күни келиң — деп көшеме-көше айтып шығатуғын еди. Солай етип, Жумияз суўшы қылық арттырған адам. Оған ҳеш бир хожелишиниң күлгенин көрмедик. Барлық халық жақсы көретуғын еди. Баласы Турсынбай көп жыллар пиллешилик пенен шуғылланды.

Усы ўақытқа шекем Хожелидеги Оразымбет балықшыдай жақсы балық писирип-қууыратуғын адамлар аз деп ойлайман. Ҳаялы Сапаргүл екеўи гөне Хожелидеги үлкен базардың қасында үлкен тай қазанға балық қууыратуғын. Балық жеўге алыс районлардан, Нөкистен, Түркменстаннан, Гөне-Үргенштен де келетуғын еди. Балықты сондай бабына келтирип қууыратуғын еди. Балық қууыратуғын майды тез-тезден алмастырып туратуғын. Пискен балықты сары рулоннан алынған қағазға орап беретуғын еди. Көк-қара (плита шай) шай таяр, үлкен самоварда қайнап турады. Балықлар Әмиўдәрьядан таза усланып әкелинген, ылақаның үлкенлиги адам бойы бар еди. Қууырылатуғын балықлар — сазан, бекире ҳәм ылақа. (Мағлыўмат бериўши, Елибай Бекмуратов, 1935-жылы туўылған, Айбек дийқан-фермер хожалығы орталығында жасайды, ҳүрметли устаз, мийнет ветераны).

* * *

XVIII әсирде Қарғашалы аўылдан (ҳәзирги Айбек диийқан фермер хожалығы жайласқан жер.) Нурке аўылға шекем, Бекболай деген бай диийқан, жер алып көп жерге жүзим, қаўын егип жасаған. Қаўыны мазалы ҳәм ширели болған, сонлықтан "Бекболайдың қаўыны" — деп аты шығып, барлық алыс жерлерден келип қаўынын сатып алып кетип турған. "Бекболайдың қаўынындай" қаўын Хорезм шуқырында болмаған, деп кекселер айтып отыратуғын. Соның ушын да Хожели қаўынынының да атағы алыс жерлерге жайылған. (Мағлыўмат бериўшилер, Елибай Бекмуратов, 1935-жылы туўылған, Айбек диийқан-фермер хожалығы, ҳүрметли устаз, мийнет ветераны, Юлдаш Машарипов, 1936-жылы туўылған, мийнет ветераны, Айбек диийқан-фермер хожалығы орталығында жасайды.)

* * *

"Записки коллегии востоковедов при Среднеазиатском музее АН союза" — деген 1930-жылы Санкт-Петербург қаласынан шыққан топламның 583-588-бетлеринде рус илимпазы А.Некрасовтың жәриялаған материаллары Мазлумхан Сулыў комплексине, анығырағы басына қойылған қәбиртас жазыўларына (эпитафия) тийисли. Ондағы жазыўлардан айырымларын келтирип өтсек болады:

Қайғы да, шадлық та, қалмас,
Байрам да, аза да қалмайды,
Қалмас най да, шарап та,
Дос та, жақының да болмайды,

Наўқаслық та, ем де жоқ болар,
Рәҳәт те қалмас, денен де,
Әжел саатының тырнақларынан,
Ҳеш ким қутқара алмайды,
Бул еки ушы бириккен шынжыр.

Мениң жағдайыма қара,
Нәзер тасла маған, көзиң тиймесин,
Күл болған денемди көрген шағында,
Бир пәтия оқы,
Өмир гөззал, әттең - ол мәңги емес.

* * *

Хожелиге усы дәўирге шекем көплеген атақлы адамлар келген. Хожелиге қәдеми тийген атақлы адамларды ядқа алып өтсек болады. 1926-жылы Өзбекстанның сол дәўирдеги ҳүкиметинин қарары менен "Халық жазыўшысы" деген ҳүрметли атақ алған Хамза Ҳәкимзада Ниязийдиң Хожели менен байланысы хожелишилерге белгили. Соның менен бирге Хожелиде (Миздахқанда, Гәўир қалада, Антакия шәҳәринде) бул муқаддес жерде Муҳаммед ибн Муўса ал-Хорезмий, Абу Райхан Беруний, Умар Чагминий, Нажиб Бакран, Ибн Сино, Фахриддин Разий, Масихий, Абулхайр Хаммар, Абу Сахл Масквайх, Абу Наср ибн Ирак, Нажмиддин Қубра, Усман Юсупов ҳәм тағы да басқа көплеген атақлы адамлар келип кеткен. (мағлыўмат бериўши, Қалбай Хожамуратов, 1931-жылы туўылған, "Қамыс шалы" аўылында жасайды, Ҳүрметли устаз, мийнет ветераны, тарийхшы).

* * *

Хийўа ханлығындағы жоллар тар, жоллар егилген атызлар арасынан өтеди. Бирақ, 3 сажыннан 10 сажынға шекем жоллар бар. Гөне-Үргенштен Хожелиге шекем ҳәм Қоңыратқа шекем жоллар жоқарыда айтылған көринисте (журнал "Мануфактура и торговля" 1843 год. №2 и №4 стр.114).

* * *

Александр Николаевич Самойлович (1880-1938 гг.) академик, бир неше мәрте Хийўа ханлығына келген. 1908-жылы Хожели қаласына келип Хожели базарынан Шыңғысханның Хорезмди басып алғанлығы ҳаққында дәстанын, Нәжимиддин Қубраның өмирбаяны китабын, "Хорезм-нама" дәстан китапларын сатып алған. Ол заманлары Хорезмде соның ишинде Хожелиде исленген пышақлар сапасы ҳәм дизайны менен белгили болған. Алыстан адамлар Хожелиде исленген пышақларды излеп келип алатуғын болған. Усы ағағы шыққан Хожели пышақларынан, сапалы исленгенинен екеўин сатып алған. Базардан шығып өз фото-аппараты менен Мазлумхан сулыў мавзолейин ҳәм Гәўир қаланы сүўретке түсирген. (М.К.Нурмухамедов, Из истории русско-каракалпакских культурных связей. Ташкент, "Фан", 1974, стр.53),(А. Н. Самойлович. Отчет о поездке в Ташкент, Бухару и Хиву в 1908 г. "Известия Русского комитета для изучения Средней и Восточной Азии в исторических, археологических, линги-вистических и этнографических отношениях" СПб, 1909, апрель, №9, стр. 27).

* * *

1924-жылы Қарақалпақ Автономиялы области дүзилди, биринши мәртебе қарақалпақ тилинде "Еркин Қарақалпақ" газетасы Хожелиде басылып шықты (К.Досымбетов, О.Юсупов. Қарақалпақстан баспасөзи, пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан, Нөкис, 1991, "Қарақалпақстан" 37-бет.)

* * *

1924-жылдың өзинде Жунайдхан баспашылары тәрепинен Хожелиниң өзинен 154 қыз-келиншеклер зорлап алып кетилген. 203 адам өлтирилген, 117 жай жағып жиберилген, 5508 ири қара мал, 89 ат, 377 түйе, 337 қой-ешкилер айдап алып кетилген. Усындай баспашылардың тонаўшылығы Хожели халқына үлкен аўыр жағдайларды алып келген. (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. издательство "Каракалпакстан", 164 стр.)

* * *

Хожелиде биринши рет телефон станциясы 1924-жылы қурылған (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. издательство "Каракалпакстан", 158 стр).

* * *

Хожелиниң тусынан Әмиўдәрья арқалы нанды, ағашты, дузды, кәрўан жүклерин өткереди. Қайықлар ҳәр түрли, узынлығы 10 сажын, ени 2,5 сажын, бийиклиги 1,5, сондай қайықлар бар узынлығы 12 ден асып кетеди, ол қайықлар 700 пуд жүк көтереди. Ондай қайықлардың 10 түйени жүги менен ямаса 100 адамды дәрьядан өткериўге қуўаты жетеди (журнал "Мануфактура и торговля" 1843 год. №2 и №4 стр.139).

* * *

1921—1924-жыллары Хожели области болып, областъ орайы Хожели қаласы болды. Хорезм халық республикасы аймағында шөлкемлестирилген Қарақалпақ-Қазақ автоном областының Хожели қаласы пайтахты болған. Хожели области аймағына Қоңырат, Гөне базар, Жаңа-қала (Шоманай), Хожели волосты кирген. Хожели областында 43778 қарақалпақ жасаған. (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. издательство "Каракалпакстан", 183 стр).

* * *

1924 — 1925-оқыў жылында Хожелиде 5 мектеп болып, онда 240 бала оқыған (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. Издательство “Каракалпакстан”, 253 стр). 2008 — 2009-оқыў жылында Хожелиде 63 мектеп болып, онда 23 мыңнан артық бала билим алған. (Мағлыўмат бериўши Х.Хожамуратов, устаз-тарийхшы).

* * *

Хожелиде биринши интернатты (балалар үйин, ҳәзирги меҳрийбанлық үйи) шөлкемлестириўшилердиң бири Ислам Бабаджанов болған. Интернат биринши мәрте Хожели пахта заводы жайында 1921-оқыў жылы ашылған. Усы жерде 1971-жылға шекем ислеп турған. 1971-жылы таза қаладағы М. Лермонтов атындағы мектеп имаратына көшип келген (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. Издательство “Каракалпакстан”, 194 стр.)

* * *

1922-жылы август айында Хожелидеги интернатқа жазыўшы Ҳамза Ҳәким-зада Ниязи (1889-1929) муғаллим болып келди. Соңынан 1923-жылы 13-февральдан баслап интернат баслығы болды. Хамза Ҳәким-зада Ниязи Хожелиде тек 25 ай болған ҳәм Хожели ушын көп жумыслар ислеген (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус,1974 г. Издательство “Каракалпакстан”, 195 стр).

* * *

Хожели қаласында билимлендириў тараўында, қалалық билимлендириў бөлиминиң баслығы 1921-жылы Зия мақсым Жолымбетов болды. Ол Түркияда медресе питкерген. Оның әкеси Жолымбет ахун Стамбулда медреседе оқыған. Зия мақсым Жолымбетов 1923-жылға шекем ислеп, диний тәлиматлары ушын жумыстан шығарылған. Оның орнына ўақытша Хамза Ҳәкимзада Ниязи қалалық билимлендириў бөлимин қосымша басқарды. (Ж.Урумбаев. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус, 1974 г. Издательство “Каракалпакстан”, 183 стр).

* * *

Соңғы жыллары Хожели билимлендириў бөлимин Баймурат Ғайпов, Шарапатдинов, Бисенғали Маханов, Әмет Нурпейсов, Юлдаш Әўезимбетов, Қайпназар Матразов, Сабыр Разахбердиев,

Узақберген Имаматдинов, Мақсет Бекимбетов, Хожабай Юсупов, Төлеген Худайназаровлар басқарды ҳәм Хожели билимлендириў тараўына өзлериниң мийнетлерин сиңдирди ҳәм искер устаз-басшы екенликлерин көрсетти.

* * *

1907-жылдың ғүз айында Хожелидеги Әўезжан хожаның ҳәўлисинде биринши таза метод мектебин Ҳисметулла Латипов ашқан ҳәм онда онлаған бала оқыған. Буннан кейин Хожелиде 1909-жылы Юсуф Ахмедов таза метод мектебин шөлкемлестирип, онда 7 жыл (1909–1916) даўамында муғаллим болған ҳәм басшылық қылған. Хожелидеги таза метод мектеби басқа мектеплерге қарағанда ҳәмме жағынан да илгери болған. Соның ушын да, бул типтеги Қарақалпақстан аймағындағы мектеплердиң ишинде Хожелидеги таза метод мектеби, ол дәўирде өзинше олардың орайы болып саналган (Жумек Урумбаев. Революциядан бурынғы қарақалпақ территориясындағы билимлендириў ислериниң ҳәм мектеплериниң қысқаша тарийхы ҳаққында. "Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис,1964 жыл. 52-бет).

* * *



Юсуф Кумом улы Ахмедов ҳәзирги Әзербайжан районының Закатала областы, Кох аўылында бағманшылық ҳәм жипекшилик пенен шуғылланған, гедей шаңарағында 1876-жылы туўылған. Казандағы муғаллимлер таярлайтуғын "Муҳаммедия" оқыў орнына кирген. 1906-жылы питкерип шыққан. 1909-жылы Хожелиге келген (Жумек Урумбаев. Революциядан бурынғы Қарақалпақ аймағындағы билимлендириў ислериниң ҳәм мектеплериниң қысқаша тарийхы ҳаққында. "Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис, 1964-жыл. 55-56-бетлер).

Хожели көтерилисине қатнасқаны ушын 1916-жылы 25-апрельде Ю.Ахмедов Түркстан губернаторы Галкин тәрепинен Хожелиде қамаққа алынып, кейин Хийўадағы зинданға салынған. Зинданнан қәўипли адам қатарында оны узаққа сүргинге айдаған. Ю. Ахмедов қамалыўы менен-ақ Хожелидеги таза метод мектеби Хийўа ханлығына зыянлы оқыў орны сыпатында тарқатып жиберилген. Ю.Ахмедов сүргиннен ақланып келип, Өзбекстан билимлендириўине көп мийнетлер ислеген, оған "Өзбекстанға мийнети сиңген муғаллим" атағы берилген. Ол 1947-жылы

Ташкентте қайтыс болған. (Жумек Урумбаев. Революциядан бурынғы Қарақалпақ территориясындағы билимлендириў ислеринин ҳәм мектеплеринин қысқаша тарийхы ҳаққында. "Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис, 1964 жыл. 68-бет).

* * *

А.С.Галкин — Генерал-лейтенант, Сырдәрья әскерий губернаторы. Патша Россиясының ең бир жағымсыз фигураларының бири. Маскүнем. 1961-жылы Хожели қаласында "Көмир базар" аймағында Әўезжан бий басшылығында 11 адамды дарға асқан (бир дереклерде 8 адам). 1916-жылы Сырдәрья областында көтерилисти тоқтата алмағанлығы себепли патша бийлигине байла-ныслы жумыстан шығарылған. (История революционного движения в Каракалпакии. 1-том. 65-стр).



* * *

Хожели қыз-келиншеклеринин өз алдына бас ораўы болған.

* * *

Хожели мектебинде қызлар класы ашылып, қызлар элементар билим алыў менен қатар шилтер тоқыў, кесте салыў, кийим тигиў, кир жуўыў, аўқат писириў сыяқлы үй жумысларын үйренген. Демек, жергиликли халықтың қызларының арасында қол өнери тарийхта Хожели таза метод мектебинде биринши мәртебе жүритилген. Усы жоқарыда көрсетилген мәниде билимлендириў исинин тарийхында Хожелидеғи таза метод мектеби үлкен орын тутқанлығы өз-өзинен түсиникли. (Жумек Урумбаев. Революциядан бурынғы қарақалпақ территориясындағы билимлендириў ислеринин ҳәм мектеплеринин қысқаша тарийхы ҳаққында. "Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис, 1964 жыл. 59-60-бетлер).

* * *

1923-жылы Хожелиде биринши халықлық таза монша жайы ашылды. Хожелишилердиң көби таза моншадан пайдаланып баслады. Хожелиге цивилизация кирип келди. Моншаны қурған ҳәм баслығы болған хожелиши К. Баширов. (Музей института языка и литературы АН РУз. Фонд 1, д5 /16, л.қ.)

* * *

Сүўенли жапта (каналда) XVIII-XIX әсирлерде бес көпир болған, Тахта көпир, Қызыл көпир, Забық байдың көпири, Базар жайдың қасында қала бийиклик көпири, Молла Юсуптың көпири болған.

* * *

Хожелиниң кәбаб таярлаў бойынша өзгеше технологиясы бар еди. Бул кәбаптың даңқын еситкенлер оның дәмин бир татып көриў ушын жән-жақтан келетуғын болған. Бүгинги күнде де Дәўлетияр Рәметуллаев өзиниң кәбабы менен көпшиликке танылған.

* * *

Хийўа ханлығы аймағында жасайтуғын Хожа руўына айырықша статус-ҳуқық берилген. Олар көп салықтан азат етилген, ханның әскери хызметине бармайды, халық пенен бирге, хан канал-жапларын қазыўға қатнаспайды. Хожалардың барлығы 1500 хожалық. Олар барлығы Хожелиде (мақалада солай көрсетилген, Д.Б.) ҳәм соның айланасында жасайды ҳәм диййқаншылық пенен, саўда ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланады. Оның көбиси өзбек руўларынан, усы статус-ҳуқық ата-бабаларынан әййемнен бери бар. Оларды халық та ҳәм хан да жақсы көреди ҳәм ҳүрметлейди. Хан мәмлекетлик жумыслар бойынша хожалар менен ақылласып турады. (Журнал “Мануфактура и торговля” 1843 год. №2 и №4 стр.144).

* * *

1874-жылы жазда рус художниги ҳәм жазыўшы Н. Каразин үлкемизге “Әмиўдәрья илимий экспедициясы” қурамында келген еди. Ол Шымбай, Нөкис, Хожели ҳәм Төрткүл (Петро-Александровск) қаласында дәрья бойлап саяхат жасағанын еске түсириўлеринде, китапларында жазады. Ол Хожелиде болып бул қаланы “Әмиўдәрья Венециясы” деп баҳалаған. Н. Каразин салған картина Санкт-Петербургта шығатуғын “Нива” журналында 1886-жылы жәрияланды. Сол журналдың бир данасын Краснодар-33, К. Либкнехт көшесинде, №48/1 жайдың төбесине урыстан бурын тасланған қағазлардың арасынан Б.П. Черницкий таўып алған. Ол 1978–жылы 26-апрельде Хожели мәденият қалалық үйине хатнама жазып, сол журналды 10 манатқа бандероль етип жиберетуғынын айтқан. Краснодарлы Черницкий “Хожелидеги базар” картинасын Мәденият үйи, кинотеатр ҳәм музей фойесине қойыў керeклигин билдирген.

* * *

XX әсирдиң 20-жыллары Қарақалпақстанға келген шыпакер Панаров Хожелиде ден саўлықты сақлаў тараўын раўажландырыўда үлкен үлес қосқан.

1921-жылы Хожелиде амбулаториялық пунктлер ашылды.

1927-жылы 1-декабрде Қарақалпақстан Автономиялы областының областлық ден саўлықты сақлаў бөлими баслығы болып А.Рябицкий тайынланады.

1928-жылы Хожелиде венерологик пунктлер ашылды.

1927-жылдың 1-октябринен баслап Хожелиде шыпакер участкалары болған.

1928-жыллары Хожелиде биринши болып "Қызыл үйлер" пайда болып, олар тийкарынан еки бөлмеден ибарат болған, оның бир бөлмесинде ҳаял-қызлар менен жәмийетлик ҳуқықлық, нызамлық жумыслар алып барылса, ал екинши бөлмесинде белсендилер денсаўлықты сақлаў мәселелери бойынша зәрүр жумыслар жүргизген. "Қызыл үй"диң шыпакери орташа бир айда 1300 адамды қабыллаған. Олар халық арасында гигеналық көнлигиў-лерди (утюг, умывальник, сабын, сүлги т.б.) нөсиятлап үгитлеў жумысларын алып барған.

1929-жылы Қазақстаннан бир топар шыпакерлер жибериледи. Солардың қатарында Идирисов Хожелиге келеди.

1932-жыл июнь айында ҚҚАССР денсаўлықты сақлаў халық комиссариаты дүзилип, оның биринши комиссары болып фельдшер А. Қантарбаев тастыйықланды.

1932-жылы Хожелиде (гөне қалада) дәрихана пунктлери ашылады ҳәм санитариялық-гигеналық ҳәм оптикалық устаханлар иске түсти.

1934-жылы П.И. Китаев шыпакер болып Хожелиге келди. Астрахань медицина институтын питкерген.

1935-жылы биринши рет Хожелиде рентген кабинетлери ашылады.

1935-жылы Хожелиде колхозлық туўыў үйлерин шөлкемлестириў қолға алынды.

1938-жылы Хожелиде емлеўхана имараты иске түсирилди.

1940-жылы Хожелиде тазадан рентген кабинети ашылды.

1940-жылы Хожели Пристанында дәрихана ашылды.

1944-жылы Хожелиде протез устаханасы ашылды. (М. Турымбетова «Қарақалпақстанда медицина ҳәм денсаўлықты сақлаў тараўының раўажланыў тарийхы» "Қарақалпақстан" баспасы, 2005 жыл, 56-57-58-67-73-бетлер).

## СҮЎЕНЛИ

Сүўенли — Хожелиниң гөне қаласының ортасынан бурын ағып турған каналдың аты. Бул гидронимниң келип шығыўы бойынша халық аўзында мынадай аңыз бар. Жап жаңа қазылған ўақытларда



Хожелиге Хийўа ханы келеди. Ханның қонақ үйге түскенин еситкен Әўезхожа бий оны көриўге баратырса, жаптың бойында бир адам балық аўлап отырған екен. Әўезхожа бий балықшыдан еки үлкен сүўенди сатып алып, келген Ханға қуўрып берипти. Сүўен балықтың мазасын унатқан Хийўа ханы оны қай жерден алғанлығын сорапты. Әўезхожа бий Хожели қаласын екиге бөлип өтетуғын жаңа жаптың қазылғанлығын, балық сол жерден усланғанлығын айтып билдирипти. Буны еситкен Хийўа ханы жаңадан қазған жабыңызда сүўен көп екен ҳәм сүўенлери мазалы екен, аты Сүўенли болағойсын, деген екен. Содан жаптың аты Сүўенли болып кетипти. Бирақ Хожелиге келген саяхатшы ҳәм илимпазлар Сүўенли туўралы мағлыўматларды жазып қалдырған. Сүўенли аты Хожели қаласы халқының (жасы үлкенлердиң, пәтия берип қойған аты) "Сууўы енли", яғный "суўы қалың", "суўы терең жап" болған. Орта Азия топономикасында көп ушырайтуғын "Шуқыр сай", "Терең сай", "қара терең" сыяқлы гидронимлерди еске алсақ, айтылған пикирдирдиң ҳақыйқатқа жақын екенлиғине исенемиз.

Хожели қаласының тусынан бизге мәлим үлкен "Сүўенли жап" каналы өтеди. Ол 1939-1940-жыллары Хожели, Шоманай, Қоңырат жерлерин суўландырыў мақсети менен қазылып иске түсирилген еди. Бул каналдың ески атамасы Сүўенли болып аталып келди. Ол өзиниң сағасын Тақыятастың тусынан алып Хожелиниң үстинен өтип, Қаратерең көлине қуйып турған. Усы Сүўенлиниң ески жабының аңғары жақынға шекем гөне Хожелиниң үстинен өтип турды. Сүўенли деўдиң мәниси өзинен-өзи айқын, анығында бул атаманың пайда болыўы сүўен балығының молшылығынан келип шыққан болыўы итимал. Хожели халқы бурыннан балықшылық кәсиби менен жақын болған. Олардың басым көпшилиги балық аўлаў менен шуғылланыш күн көрген. (К.Әбдимуратов, Неге усылай аталған. (Қарақалпақстан топономикасының тарийхынан) "Қарақалпақстан" баспасы 1965-ж. 31-бет).

***Цифр ҳәм дәлиллер:*** 1939-жылдың май айында болып өткен Қарақалпақстан областлық VIII партия конференциясы қарарында суўғарылып егилетуғын жерлердиң өнимдарлығын арттырыў мақсетинде "Сүўенли жап" ҳәм "Назархан" арналарын қазыўды кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпа ретинде белгиледи.

"Сүўенли жап" каналын жойбарлаў авторы И.А. Герарда ҳәм А.П. Успенскийлер еди.

"Сүўенли жап" каналы қурылысының биринши гезеги 1939-жылдың 10-октябринде басланып, оған мыңлап колхозшылары қазыўшы ретинде қатнасты. Барлығы болып 1 миллион кубометр топырақ қазып шығарды.

"Сүўенли жап" каналы қурылысы биринши гезегиниң жуўмағында Төрткүл районының колхозшылары басқа районларға қарағанда айырықша белсендилик көрсетти. Олар ҳәр бир қазыўшыға күнлик нормадағы 2 кубометр орнына 3,48 кубометр топырақ қазып шығарып, жеңимпаз атанды ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң көшпели байрағын жеңип алды.

Екинши гезектеги "Сүўенли жап" каналының қурылысына республикамыздың барлық районларынан 40 мың колхозшы қатнасты. Жумыс 1940-жылдың 1-март-1-апрель аралығында даўам етип, пүткил тармақ бойынша 3 миллион кубометрге жақын топырақ тасып шығарылыўы тийис еди. Соның менен қатар каналдың саға қурылысына 360 адам қатнасып, 1-март-1-сентябрь аралығында питкериў нөзерде тутылды.

Канал трассасында ерлер менен ҳаял-қызлар да тендей мийнет етип, олардың саны 2 мыңнан асатуғын еди. Қараөзек районынан Гүлхатийша Ембергенова, Шымбайлы Илья Қанназарова, Райхан Палўаниязова, Тахтакөпирдеги "Қызыл нур" колхозынан Гүләсен Қурбанова, Қатийша ҳәм Тумар Есеновалар, Қыпшақ районынан

Бийби Сапаровалар ерлер менен теңдей шек алып, жобаларын 200-300 процентке орынлап жүрди.

Бир реттеги нусқасы 8 мың дана болған “Социалистлик қурылыс” газетасы қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде шығып турды.

1938-жылы қазылып питкен “Қызкеткен” каналы ушын мәмлекет тәрепинен 16 миллион манат қаржы бөлип шығарылып, жумыс 10 жыл даўам еткен болса, “Сүўенли жап” каналы ушын 4,6 миллион манат жумсалып, жумыс бир ярым жылда питкерилди.

Тезлетилген халықлық көмек усылында қазыўға белсене қатнасқанлары ушын 63 адам Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, 220 адам Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. (Хожели ҳақыйқаты газетасы, 1991-жыл,18-сентябрь, №75).

## ХАТЕП

Жайласқан орны ҳәзирги “Хатеп” ДФХ. (бурынгы Өзбекстанға белгили “Хатеп” мал семиртиў совхозы), “Әмиўдәрья” аўыллық пуқаралар жыйыны аймағына қарайды.

Хожелиниң батыс тусында Хатеп деп аталған ески жаптың үлкен аңғары жатыр. Ол бурынлары қара көл, қара терең көллерине қуйып турған ири өзек болған. Бирақ, соңғы жылларда — Хатептиң суўының жайылмалары егислик жерлерди өзлестириўге әдеўир кесент берген. Соның ушын 1937-жылы Хатеп Әмиўдәрьяның тусынан байланып, буннан кейин бурын көл асты болған Шоманай, Гөне Үргенш жерлери өзлестириле баслайды. Хатеп



сөзин сыртқы түринен алғанымызда ҳәзирги тилге түсиниксиз сезиледи. Анығында бул араб тилиндеги “хотф”, “хатиб” сөзлериниң инфинитив тийкарына бир қанша уқсас келеди. Бул сөзлердиң түсинигин аныклағанымызда бизиң тилимизде бурқасынлаў, ҳәўжириў усаған сөзлердиң мәнисин аңлатады. Усыған қарағанда Хатеп бурынлары ҳәўжирип, бурқасынлап аққан дәрья болған болыўы мүмкин. Ал халық жырларындағы: “кәтептей аўыз ашасаң, омыраўдан көбик шашасаң” деген сөзлерде ҳайўанатты тулпар киби жүйрик, әжайып, қәҳәрли, күшли нәрсе менен теңлестиреди. Халық аўзында “қәтептеги нарым едиң” деген сөз де бар. Бунда қәтептеги нар деп, бурын кәрўан басы түйени атайтуғын болған, ол саўдагерлердиң кәрўанындағы күшли, айбатлы жол баслаўшы нар болады. Усы пикирлерди жуўмақластырып айтқанда Хатеп сөзиниң мәниси дәслепки айтылған түсиникке әдеўир жақынласады ҳәм бул сөздиң бурын араб тилиниң тәсири арқалы бизиң тилимизге сиңисе баслағанлығынан бир қанша дерек береди. (Қ.Әбдимуратов, Неге усылай аталған. (Қарақалпақстан топономикасының тарийхынан) “Қарақалпақстан” баспасы 1965-ж. 31-32-бет).

## ТУБА

Туба елаты гөне Хожелиниң шығыс жағында жайласқан. Усы жерде үлкен көл болғанлығы себебли жасаўшы халық Туба деп атайды. Туба көлинен ҳеш ўақытта суў кетпейди. Қысы-жазы бир қәлпинде турады. Хожели халқына Туба бир кәраматлы орындай көринеди. Бәрқулла көк шөпке толы, халқы бай. Ертеде усы жерде Хожелиниң ең атақлы 67 бай адамы жасаған.



Тубада арнаўлы қәнигелер тәрепинен толық үйренилип шығылған хәм пайдаланыўға жарамлы деп табылған 4 жер асты линзасы бар. Олардың ең үлкени, ең көп, ең татлы суўлысы хәм пайдаланыўға ең қолайлы “Хожели” линзасы деп аталады. Узынлығы 7 километр, ени 3 километр болған бул жер асты көли, гөне қаладан Әмиўдәрья бойларына дейин созылып кеткен. Бул Туба көли астындағы татлы суўлы, линза суў кәни. Усы Туба көли астындағы линзадан суткасына 42,3 мың куб метр суў алыўға болады екен. Бул суў 350 мың адамлық халықты тәмийинлеўге жетеди (“Хожели ҳақыйқаты”, 1988-жыл, 06.08. №94 /4573/).

Туба деп бизде алды туйық болып кесилип қалған бир жағы қурғақлық, бир жағы суў болған жерди атайды, анығында туба деген сөз бөлинип қалған терең суўлы жерге айтылатуғын болыўы итимал. Ҳәзирги халық аўзындағы сөзлерде Ақтуба деп дузлы, кәнли, терең көлатлы орынды айтатуғынлығы байқалады. Бул сөз қарақалпақ тилинде туба, қазақ тилинде түбек, ноғай, карачай тиллеринде тоба түринде қолланылады. Ҳәзирги Калинин совхозының шығысында Қуўанышжарманың жағасында Нурым-түбек деп аталған жер бар. Астрахань областының аймағында Ақтоба дәрьясы деп аталған Волганың бир шақапшасы бар. Бундағы туба, түбек, тоба сөзлери әўелден бир түбирлес өз-ара жақын мәнилес болыўы тийис. (Қ.Әбдимуратов, Неге усылай аталған. Қарақалпақстан топономикасының тарийхынан. “Қарақалпақстан” баспасы 1965-ж. 50-бет).

## “ВОДНИК” ПРИСТАНЬ ПОСЕЛКАСЫ

“Водник” поселкасы XVII әсирден бери жасап киятырған “Шырашы аўыл”дың күн шығыс жағында 1932-жылдан пайда болған поселка типиндеги аўыл. “Шырашы аўыл”да жигирма үйдей шырашылар жасаған. Дәрьяда киятырған қайық пароходларға, түнде шыра–фанс жағып, маяктай, жағысты көрсетип, белги берип отырған. Шырашылар XX әсирдиң 30-жыллары өз күшин жоғалтып, таза прогрессив усылларға өтип кеткен. Соңынан таза типтеги маяклар исленген, дәрьяға суў техникалық бөлими тәрепи-нен арнаўлы исленген, фосфорлық белғилер қойылып баслаған. Әмиўдәрьяда XX әсирдиң басларына шекем жүк хәм адамларды тасыў ушын қолдан исленген хәр түрли размердеги ағаш қайықлар пайдаланылды. Қайықлар палубасыз, жүк көтериў қуўаты 50 тоннаға шекем еди. Ағаш қайықтын узынлығы 30-32 метр болды. Ени 5 метр. Бортының бийиклиги 1,5 метрге



баратуғын. Қайықта мачтадан ҳәм отыратуғын орыннан басқа хеш нәрсе болмады. Тамақты ҳәм шайды қайықтың бас жағында орнатылған кишкене шойыннан исленген печте қайнатқан ҳәм таярлаған. Қайық мачтасына (диңгек) 50 метр квадрат желқом орнатылған. Ағыс пенен өзи ескек арқалы, ал өрге жүзгенде, ағыс қатты болса, жағадан арқан менен ертедеги бурлақ сыяқлы, адамлар арқан менен тартып жүретуғын еди. Түнде жағаға шығып қос қурып дем алған. Қайықта қайық айдаўшылардың саны 22 адамға шекем болған. Бул жүдә аўыр жумыс еди. Көп адамлар шыдамады. Пароходлар Әмиўдәрьяда XIX әсирдиң ақларында жүрип баслады. Қаракал-пақстанда арзан ҳәм қолайлы транспорт көлиги пайда болды. Балық аўлаўшылық раўажланды.

"Водник" поселкасының дәслепки фундаменти 1932-жыллары салынып басланды. 1934-жылы Әмиўдәрьяға белгилер қоятуғын, Хожелиден төртинши техникалық жол бөлимшеси ашылды. Хожелиге келген биринши теплоходларға "Мангушов С.Е." (Мангушов Степан Ефимович — пристаньда биринши жумысты шөлкемлестириўши) сыяқлы "Водник" пристань поселкасына мийнети сиңген адамлардың исми берилди. 1937-жылы үлкен пристань–жағысы пайда болды. Соның менен бирге пароход-қайықларға жүк тасыйтуғын, түйе жеккен арбашылар пайда болды ҳәм олар Әмиўдәрьяға жақын жерден "Түйекеш аўыл"ды пайда етти. Ҳәзирге шекем "Түйекеш аўыл"да адамлар жасайды. Жақында "Түйекеш аўыл"дан тазадан байланыс кәсип-өнер колледжи

салынды. “Түйекеш аўыл” Хожели–Нөкис үлкен асфальт жол трассасында жайласқан. Бул ҳәзирги замандағы “Жипек жолы” халық-аралық трассасы.

“Водник” пристань поселкасында ҳәзирги күнде 907 хожалық, 5883 адам жасайды. Үш мектеп, еки балалар бақшасы ислеп турыпты. Мәдeният сарайы қайта жөнлеўден өтпекте. Бунда өзбеклер, қарақалпақлар, қазақлар, ураллы казаклары, татарлар, түркменлер, руслар, кореецлер т.б. миллет ўәкилери аўызбиршиликте жасамакта. XIX әсирдиң аяқларында пристанға Урал казаклары келип қонысланып баслады. Себеби өййемги динге исениўшилер (староверцы) ақ патша армиясында хызмет ислеўден бас тартты, соның ушын ақ патша урал казакларын Орта Азияға жер аўдарды. Олар балық аўлаў менен, аңшылық пенен шуғылланды. Жергиликли халыққа, балық услаў усылларын үйретти ҳәм балық қақлаў тәсиллерин көрсетти. Урал казакларының өмири ҳаққында Евдокия Ермолаевна Қалбанова “Быт и культура уральских казаков” атамада кандидатлық диссертация жақлады. Соның кандидатлық авторефератынан Урал казаклары ҳаққында толық мағлыўмат алыўға болады.

1946-жылы пристань–жағысының кәрханасы пайда болды. 1948-жылы “Водник” поселкасындағы керекли барлық көрхана-мәкемелер иске түсти. 1931-жыллары 24 пароход-қайықлар (“Громов”, “Коммуна”, “Киров” т.б.) Шарлаўық, Ташаўыз,



**Балықшы Шумилинлер шаңарағы**

Мойнақ, Зайр, Байхожа, Шеге, Ауғанстан, Аральскиге қатнап турды. Қоңырат-Рәушанға азық-ауқатлар тасылды. Балыклар басқа қалаларға көплеп апарылды. Әсиресе, урыс ўақтында Орайға көплеген жүклер тасылды. Пристаннан 1936-жылы Хожели кеме оңлаў заводы (үлкен устахана типинде) қурылды. Заводта кемелерди ири оңлаўдан өткериў ҳәм басқа да пароходствоға тийисли жумыслар исленди. Екинши дүнья жүзилик урыс ўақтында Хожели кеме оңлаў заводының орны гиреўли болды. 1945-жылдың ақырына еки үлкен кеме, төрт киши қуўаттағы кемелер сапалы жөнленип иске қосылды. Урысқа керекли нан, кийим, жанар май хожелиши кеме-шилер тәрепинен ўақтында жеткерилип турды. Хожели "Водник" пристаны 1943-жылы Фролов ҳәм Воропаев басшылығында, аўқамда алдына қойған жобаларды артығы менен орынлап шығып, Хожелиниң атын бәлентлерге көтерди.

1937-жылдан баслап "Водник" пристань поселкасында кәрханалар тәрепинен бир үлгидеги турақ жайлар салынып басланды. 1935-1936-жыллары Хожелиде Әмиўдәрья жағысында саатына 150 жолаўшыны қабыллайтуғын ағаштан исленген, қалқымалы кеме– вокзалы қурылды. 1936-жылы Әмиўдәрьяда ағаш қайық пенен жүриў қадаған етилди, себеби дәрьяда жүк ҳәм адамларды тасыў ушын механизацияланған теплоходлар келип баслады. XX әсирдиң орталарында Қарақум каналының қурылыўы менен, қурылысшыларға ток беретуғын жоқары қуўатлы дизель-генератор керек болды. Бул үлкен техникалық прогрессти талап ететуғун ҳәм саўатлы инженерлерге мүтәж аўыр жумыс еди. Усы буйыртпаны Хожели кеме оңлаў заводының инженер техниклери тазадан бир айда құрастырып ислеп шықты. Сырт елде исленетуғын қуўатлы дизель-генератор Хожелиде сапалы қурастырылды. Бул Хожели ушын үлкен прогресс еди. Мине, Хожели кеме жөнлеў заводында, дүнья көрсеткишиндеги жоқары дәрежели кадрлар болған. "Водник" пристань поселкасы турғынларынан көпшилигиниң Хожелиге, пристанға мийнетлери сиңген, мысалы: Мангушов, Суворов, Белозеров, Уразов, Утемуратов, Саламов, Шумилин, Ещанов, Киселев, Середа, Лагутин, Гущин, Уразалиев, Нурметов, Спиридонов, Аминов ҳәм т.б.

Мысалы, 1981-жылы Хожели кеме оңлаў заводының директоры Т.Ещановтың басшылығында Кеңеслик аўқамда мийнетте жобаларды артығы менен орынлап алдынғы орынларды алып, байрақланғаны ҳаққында орайлық баспасөз жазды. Соның менен бирге кеме оңлаўшылардан Д.Сейтжановтың, К.Ахмедовлардың

мийнетлери айрықша атап өтилди (А.Т.Абрамцев, А.А.Грачев, Н.Г. Морозов, Б.П. Суворов «Магистраль дружбы», Ашхабад, 1983 год, стр.19.). Ҳәзирги ғәрезсизлик заманында "Водник" пристань поселкасы халқы аўызбиршиликте жасап атырыпты. (Мағлыўмат бериўшилер, Шумилин Василий Давыдович, 1932-жылы туўылған, Березиева Тамара Платоновна, 1937-жылы туўылған, май айы, 2009-жыл жазып алынды, "Водник" пристань поселкасы, Жайхун көшеси, 12-жай).

## ХОЖЕЛИ ҚАЛАСЫНДАҒЫ ДӘСЛЕПКИ САНААТ КӘРХАНАЛАРЫ

## ХОЖЕЛИ ПАХТА ТАЗАЛАЎ ЗАВОДЫ



Өткен әсирдиң басларында рус санаатшыларының Әмиўдәрья бөлиминде жайласқан қарақалпақлардан жоңышқа туқымы, әсиресе, пахта сатып алыўы күшейе баслайды. Сонлықтан да пахтаның баҳасы кем-кем қымбатлайды. Пахташылықтың раўажланып баратырғанын сезген рус саўдеғерлери майда, қуўаты аз, қол мийнетине тийкарланған кәрханалар қурыўға кириседи. Солардың қатарында Хожели пахта тазалаў заводы пайда болды. Республикамызда революциядан бурын пайда болған кәрханалар туўралы мынадай мағлыўматлар бар. 1938-жылы Д.В. Альбановтың "Қарақалпақстанда санааттың раўажланыў жоллары" деген мийнетинде: "Революция қарсаңында бурынғы Әмиўдәрья бөлиминде орнатылған барлық двигательлердиң қуўаты 160 ат күшине ийе, ҳәммеси болып қырық джинли 20 кишигирим пахта тазалаў заводлары, 20 ат күшине ийе двигатели бар еки прессли бир май шығарыў заводы ҳәм 15 ат күшине ийе движоги бар кишкене былғары заводы болды. Бул кәрханалардағы қуўат-лылықлардың барлық қосындысы 200 ат күши болып, олардың ярымы дерлик күш-көликлер және қол күши менен ҳәрекетке келтирилетуғын еди" деп көрсетилген.

Усындай қуўаты аз, қол мийнетине тийкарланған кәрханалар арасында Хожели пахта тазалаў заводы да болғанлығы мәлим.



Орта Азияда пахташылықты раўажландырыў XX әсирдиң басында Түркстанның ҳәмме жерлериндегидей-ақ Әмиўдәрья бөлими менен Хийўа ханлығы аймағында да ҳөўиж алды. Бул жерлерде пахтаның егислик майданы әдеўир кеңейди ҳәм зүрәәтлилиги бурынғыдан арта баслады.

1914-жылы базарда бир пуд пахтаның баҳасы 3 манат 60 тийиннан туўра келди. Сол ўақытта базарда бир пуд бийдайдың баҳасы 1 манат 15 тийин, жүўериниң баҳасы 0,85 тийин еди. Сонлықтан көп табыс түсетуғын болғанлықтан байлар пахтаны бурынғыдан да көбирек екти. Рус санааты капиталының ўәкиллери базарда пахтаны көтере сатып ала баслады ҳәм өзлери көбинесе бийдай алып келип сатып та жүрди. Олардың ғәлле әкелип сатыўы базарда дәнниң арзанлап кетиўине тийкар болды.

Пахта баҳасының қымбатлаўы Хийўа ханлығының аймағында пахташылыктың раўажланыўына алып келди. 1915-1916-жыллардың өзинде пахтаның майданы 10 мың десятинадан (ҳәр бир десятина-1,09 гектар) асып кетти. Бул пахта тазалаў кәрханаларының санын көбейтиўге тийкар болды. Рус капиталистлери елатлы пунктлерден, қалалардан заводлар қура баслады. 1916-жылы Хожелиниң өзинде төрт пахта тазалаў заводы болған.

Ҳәзирги Хожели пахта тазалаў кәрханасының пайда болыўы 1905-1906-жылларға туўра келеди. Оның тийкарын рус капиталы ўәкиллериниң бири "Ағайинли Крафтлар" фирмасы салдырған. Кейин "Ағайинли Сафарьянцлар саўда үйи шериклиги"ниң меншиғине өтеди. Аракел Сафарьянц заводты кеңейтиўге, ис өнимин арттырыўға, өнимди шығарыўды көбейтиўге көп күш жумсаған. Ол пахтаны шиғитинен айырыўшы "Гозлянка" деген машина қурған. Бул машина ат күши менен ислейтуғын болған. Жергиликли халық бул кәрхананы "Эррекли" деп те, "Аракел байдың заводы" деп те атаған.

Аракел Сафарьянц 1911-1912-жыллары үш суў насосын да орнатқан. Ол бир қанша суў жолларын (жап салмалар) қаздырған. Ол жапларды халық "Машын жап" деп те атап келген. Сол жаплардың аңғарлары ҳәзирги Сүўенли атындағы каналдың арқа тәрепинде жақын жылларға шекем болған. Жаплар пахта атызларын суўғарыўға оғада әҳмийетли орын тутып келген.

1910-жылы татар саўдагерлери келип, Хожелиден еки пахта заводын салдырады. Соның биреўи ҳәзирги №1 поликлиника

болып турған жай (соң жаўылып қалған.). Буны Әўезбай Қазиев деген татар салдырған.

1913-жылы рус графы Федотов деген адам Хожелиден пахта заводын салып питкермей-ақ, завод өрттен жанып кетеди. Оннан қалған жай ҳәзир районлық архив болып тур.

Хожелидеги пахта тазалаў заводларының ишиндеги ең тәуири А. Сафарьянцтың заводы болған. Ол заводтың қуўатын арттырыўға мудамы кеўил бөлип отырған. Пуў двигателин ҳәм иштен жаныў двигателин де орнатқан. Оның менен де заводта қол мийнети аўыр болған. Жумыс 10-12 саат болып, айырым ўақытлары 16-17 саатқа да жеткен. Прессти адамлар аяғы менен басқан. Тай пахталарды арқалап тасыған. Адамлардың турмыс жағдайлары оғада төмен болған. Заводта жумыс тек мәўсимлик болып, жылына 5-6 ай ғана мийнет еткен. Басқа ўақытлары күн кешириўдиң қыйыншылығынан талап ислеп Ташаўыз, Гөне-Үргенш жақларға кетип жүрген. Деген менен усы ўақытлардың өзинде пахташылықтың бир қанша өскенлиги көзге тасланады. Мағлыўматларға қарағанда Әмиўдәрья бөлимине жайласқан пахта тазалаў заводларының өзинен 1913-жылы 4513 тонна пахта талшығы ислеп шығарылған.

1916-жылы Жунайдхан баспашлары Хожелиге топылыс жасайды. Нәтийжеде қалада жаўгершилик болады. Баспашылар заводларға от береди, ислеп турған механизмлерди жарамсыз етип таслайды. Аракел байдың заводы 1917-жылға шекем ислеп турған. Бирақ, оны да баспашылар бираз бүлдирип таслаған еди.

1922—1924-жылларға келип пахта өндириў жоқарылайды. 1924-жылы 8500 танап жерге пахта егиледи (бир танап шама менен 0,40 гектарға туўра келеди). Усы жылы мәмлекетке 162,3 пуд пахта сатылған.

Кеңес ҳүкиметиниң дәслепки жылларында санаат кәрханаларын раўажландырыў мақсетинде заводларды оңлаў жумыслары қолға алынады. Жаңадан қуўатлы двиғателлер орнатыўға кеўил бөлинеди. Усы ўақытлары Хожели пахта тазалаў заводынын өзинде 50 ат күшине ийе двигатель, 10 ат күшине ийе движок ислеп турған.

1926-жылы Хожели пахта тазалаў заводын ремонтлаўға 37,5 мың манат қаржы ажыратылады. 1927-жылға келип Хожели, Төрткүл пахта тазалаў заводларының ислеп шығарған өними 20 заводтың өниминен жети есе артық болды.

1928—1932-жыллары Коллективлескен хожалықлар дүзиў, санаатты раўажландырыў жумыслары жедел пәт пенен алып барылды. Хожели районында да бир қанша өзгерислер жүз берди. Бурынғыға қарағанда қол мийнетин азайтатуғын техникалар келе

баслады. Бурын қурылған пахта тазалаў заводының өндирислик қуўаты артты. Пресслеўши ҳәм басқа да қуўатлы үскенелер орнатылды. Соның нәтийжесинде пахта тазалаўшы, трубашы, жабашы, қанаршы, усаған кәсиплер биротала жоғала баслады. 1934-жылы заводқа 140 ат күшине ийе двигатель орнатылды.

Урыс жылларында жумыстың көпшилигин ҳаял-қызлардың атқарыўына туўра келди. Жумыс қандай аўыр болса да, олар фронт ушын аянбай мийнет етти. Урыстан соңғы жыллары завод биротала қайта қурылып, қуўаты бир неше есе артты. Завод республикамыздағы ең алдыңғы санаат кәрханалары қатарынан орын алды. Хожели пахта тазалаў заводында 1926-жылы 6 қәнигели рус жумысшысы, 12 хызметкер болған болса, 1987-жылы жумысшы хызметкерлердиң саны 739 адамға жеткен. Соннан 327 си ҳаял-қызлар. Заводта ислеўшилер ушын жақсы жағдайлар жаратылып берилген. Жумыс үш сменада алып барылған. Завод 1924-жылы 162,3 мың пуд пахтаны қайта ислеген болса, 1980-жылы 6751,4 тонна пахтаны қайта ислеген. Бул 4219625 пуд деген сөз.

Заводта ислеп шығарылатуғын өнимлердиң сапасы менен түрлери де, артты. Заводта тийкарынан пахта талшығы, шигит таярланады. Хожели маркасы менен шығарылған шигитсиз пахта Өзбекстанның сегиз санаат кәрханасы менен тоқымашылық фабрикаларына ҳәм шет мәмлекетлерге жибериледи.

Хожелиниң ең дәслепки санаат кәрханасы есапланған пахта тазалаў заводы қурылғаннан берли өткен 100 жылдан асламырақ ўақыт ишинде алдыңғы кәрханалар қатарында өзиниң тарийхына ийе болды. Завод кеңес ҳүкимети орнаған дәслепки жыллардан баслап-ақ инвесторлар жәрдеминде қәнигели жумысшылар таярлаўда, заводты ислетиўде, реконстукциялаўда, өндирислик қуўатын арттырыўда әжайып жетискенликлерге еристи.

Ғәрезсизлик дәўиринде Хожели пахта тазалаў заводы алдына қойылған барлық жобаларды толық орынлап атыр. Ғәрезсизлик шарапаты менен 100 жылдан көбирек ислеген гөне пахта тазалаў заводының орнына заманагөй, таза технологияларда ислейтуғын пахта тазалаў заводының Хожели-Тақыятас гүзар жолы бойынан таза имараты бой тикледи. 2009-2012-жыллары заводта өним шығарыўдың сапасын арттырыў, мийнетти шөлкемлестириў, жумыс ислеўшилердиң мүмкиншиликлерин жақсылаў бойынша айқын илажлар белгиленген.

## ХОЖЕЛИДЕГИ ШИЙШЕ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ ЗАВОДЫ

“Хожели шийше ислеп шығарыў заводы” ашық түрдеги акционерлик жәмийет болып, ол 1995-жылы иске түсти. Бул жәмийет қысқа ўақыт ишинде республикамыздың санаат тараўының раўажланыўына өзиниң үлесин қоспақта. Заводта шийше ислеп шығарыў ушын күнине 20-22 тонна шийки өним сарыпланып, 30-35 мың дана 12 түрдеги шийше ыдыслар ислеп шығарылмақта. Ҳәр бир шийше ыдыстың салмағы 380 граммға туўра келеди.

Шийше ыдыслардың сапасы ҳәм көриниси жақсы болғанлықтан бул акционерлик жәмийеттин өнимлерин Ташкет, Нөкис вино заводы, Россия, Тәжикстан, Қырғызстан қалаларынан келип сатып алмақта. Заводқа шийше ыдыслар ислеп шығарыў ушын шийки өнимлер Қырғызстан, Қашқадәрья, Башқуртстаннан алып келинеди.

## ТАҚЫЯТАС ҚАЛАСЫ ТАРИЙХЫ

Тақыятас қаласы тарийхын Хожели қаласы тарийхынан бөлип алып қараўға болмайды. Себеби, Тақыятас қаласы Хожели районы аймағындағы қала типиндеги мөскан болған. Тақыятас қаласы өтмиш тарийхына нәзер тасласақ, халық арасында “ол жерде тақыяға усаған үлкен тас болған, соның ушын Тақыятас аталған” деген сөз бар, Буны халык этимологиясы деп түсиниў мүмкин. Негизинде Тақыятас топониминиң тарийхы узақ өтмишлерге барып тақалады. Улыўма Тақыятас топониминиң жазба әдебиятта қайсы дәуирлерден баслап қолланылғанлығы еле толық изертленбеген. Бирақ, ҳәзирги Тақыятас қаласының орнында ерте заманларда XVII-XVIII әсирлердиң соңында кенегеслер отырған, соңынан да қала орны кенегеслердиң турақлы аўылы болған. Үлкен кенегес аўылының ортасынан, ҳәзирги “Кенегес жап” ағып турған. Усы, “Кенегес” жапты дәслеп Аман-қули канал деп атаған. (Я. Гулямов. История орошения Хорезма, 211-бет. Усы мағлыўматты тарийхшы Баяни да өз китабының 150-бетинде жазған.) Муҳаммед Әмининақ Хийўада ханлық еткен жыллары кенеғес-қарақалпақларының бийи Аманқулы басшылығында ҳәзирги Тақыятас орналасқан жерде Әмиўдәрьядан саға алып, арна қазылған ҳәм оннан Хожели түслигиндеги бурын кенегеслер қонысласқан жерлерге суў апарылған. Бул арна дәслеп Аманқулы аты менен, соңын ала кенегес

арна деп те аталған. Гейпара тарийхый дереклерден қарағанда Аманқулы жери Гөне-Үргенш пенен Булдымсаз аралығында жайласқан. (Сборник географических, топографических и статистических материалов по Азии. Выпуск IX.СПб. 1884, 20-бет.) (Каракалпаки в низовьях Амударьи XVI-XVIII в.в. стр-47, г.Нукус-1996 г.) XVIII әсирлерде қарақалпақ кенегеслерге Аманқул бий басшылық етип, ҳәким болған. Хожелиниң ортасынан өтетуғын Сүўенли каналының Тақыятастан басланатуғын сағасын қазыўға қатнасқан. Аманқул бий Тақыятаста жасайман деп келген түркменлерге жер ҳәм суў бөлип берген. Сонда Тақыятас қаласының тарийхына 300 жылдай болған. Соның ушын да тарийхта қала тосыннан ҳәзирги орында пайда болмаған, яғный бул қарақалпақ халқының ата мәканларының бир бөлеги болып есапланады.

Әмиўдәрьяның ғырра жағалаўларына қоныс басқан Тақыятас қаласына Кеңес дәўириниң шыққан қарарының есабы бойынша жақын бир-еки жылдың ишинде (2013-ж) 60 жыл болады, Өзбекстанның ғәрезсизлик алғанына быйыл 20 жыл толады. Тарийх бетлерин ақтарсақ неше әсирлик жасы бар қалалар көп. Тақыятас қаласы жас жағынан кишкене болғаны менен Қарақалпақстан Республикасы турмысында тутқан орны жағынан жетекши орынларды ийелейди.



**Тақыятас қаласы ҳәкимлиги**

Тақыятас қаласы 1953-жылдың 19-октябринде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң қарары менен Хожели районының аймағындағы қала типиндеги поселкадан Тақыятас қаласы болып қайта дүзилди. Тақыятас қаласының географиялық карта бетинде пайда болыўында "Бас түркмен канал"ының, екиншиден тез бой тиклеп, өсип раўажланыўына Тақыятас ГРЭСи, Әмиўдәрья көпир қурылысларының басланыўы және де көплеген ири қурылыс обьектлериниң салыныўы менен тығыз байланыслы. Соның ушын Тақыятас қаласын үлкен сүйиспеншилик пенен "Қарақалпақтың санаат қаласы", "Нур тарқатыўшы қаласы", "Дослық ГРЭСи" деп те мақтаныш етеди. Себеби, қаланың тырнағын қалап, ири қурылысларды салып питкериўде ылғаллы қурылысқа айланып, барлық миллеттиң ўәкиллери бир адамның баласындай мийнет етти. Биз бүгинги күнге келип ғәрезсизлик заманында ГРЭСтиң биринши директоры Л.М. Бурд, бас инженер В.Ю. Карвасарный, Соңғы директорларынан А.Ш.Шапиевти атап өтиў орынлы. А.Ш. Шапиевтиң Тақыятас қаласына ислеген мийнети жүдә айрықша ҳәм қала халқы оның ислеген мийнетин ҳеш ўақытта умытпайды. Қала ҳәкими болып турған ўақытта да қаланың социаллық-экономикалық жағдайын жақсылаўда жүдә жақсы ислер иследи. "Тақыятасгидроэнергострой" басқармасының баслығы Б.С.Лычагин, өзлериниң өмириндеги дәслепки мийнет жолын усы жерде баслаған Е.А.Айтмуратов, М.Ж.Юсупов, қурылысшы О.Кенебаев, газэлектрокепсерлеўшиси У.Машарипов, Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен энергетик Пак Куон Чер, басқарма баслығы А.А.Ким ҳәм тағы басқа мийнет адамларының атларын бүгинги күни мақтаныш пенен тилге аламыз.

Тақыятас қаласында 1951-жылы врачлық амбулатория ашылды, ал 1952-жылы қалада биринши аптека ашылған. Соңынан 1953-жылы 50 орынлық емлеўхана, 1957-жылы 100 орынлық жаңа типтеги емлеўхана иске түсти.

Тақыятас қаласы тарийхы менен республиканың турмысындағы ири баслы сәнелер байланысып атыр. Әмиўдәрьяға көпир салынып, Тақыятас-Нөкис темир жол тармағының ашылыўы. 1974-жылы ГРЭСтиң биринши гезегиниң иске қосылыўы менен Өзбекстан энергетика системасына жалғасыўы үлкен ўақыя саналады.

1960-70-жылларда Тақыятас қаласында ири санаат кәрханалары бой тикледи. Олардан жерлерди суўландырыў басқармасы (УМО), "Средазэлектроаппарат" өндирислик бирлеспесиниң филиалы, 109-автокәрхана, үшинши ҳәм төртинши кәсип-техникалық оқыў орынлары, ғәлле өнимлери комбинаты, "Қарақалпақирмонтаж-

строй" тресги, жай қурыў комбинатларын айтсақ болады. Қурылыс конструкциялары ҳәм детальлары заводы 1953-жылы "Бас түркмен каналы"ның ремонтлаў механикалық устаханасы базасында дүзилди ҳәм шөлкемлестирилди. Соңынан Орта Азиядағы ири завод болып есапланды. Н.Д. Цхай заводқа бас директор болған ўақтында алыс шет еллерге жасаў вагонлары, аўыр қурамалы металлконструкция өнимлер шығарылды. Заводта үш сменада мыңлаған жоқары дәрежели қәниге-жумысшылар жумыс иследи. Н.Д. Цхай ҳәзирги заман тили менен айтқанда Қарақалпақстандағы ең күшли шөлкемлестириўши, хожалық басшысы ҳәм менеджер еди. Олардан мийнет алдыңғылары, бригадир К.Саденов, К.Жолаев ҳәм т.б. тилге алсақ арзыйды.

Тақыятас қус фабрикасы 1971-жылы мартта шөлкемлестирилди. 100 мың бас таўыққа мөлшерленген фабрикада 90-жыллары 230 мың бас таўық бағылып, жылына 45 миллион дана мәйек жетилистирилип турды.

1971-жылы ашылған Тақыятас саўда-экономикалық техникумы 1990-жылға шекем 6 мыңнан көбирек кадрлар таярлап берди. Ҳәзирги күнге келип таярланған кадрлар 10 мыңнан асып кетти. 1952-жылы ашылған №4 кәсип-техникалық училищеде (ҳәзир колледж) 29 қәнигелик бойынша 30 мыңнан аслам қәниге таярланып шықты.

Қала халқының социаллық мәдений турмысына айрықша кеўил бөлинди. Жоқарыда аты аталған ири санаат кәрханалары өз ислеўшилерине турақ жай поселкаларын қурып, қаланы абаданластырыў ислерине белсене қатнасты. Ҳәзир қалада 10 орта билим беретуғын мектеп, 13 тен аслам балалар бақшалары бар. 3 колледж ислеп турыпты.

Тақыятаслылар өз қаласының 60 жыллық юбилейин ҳәзирги қала ҳәкими, искер басшы А.К.Худайбергеновтың басшылығында, мийнетте ылайықлы саўғалар менен күтип алыў ушын ерте бастан пухта таярлықларды баслап жиберди. Юбилейди жақсы күтип алыў ушын "ис-илажлары" исленбекте. 60 жыллықты халықлар дослығы байрамына айландырып, салтанатлы жағдайда белгилеўге таярлықты ертеден баслаў белгиленбекте. Қала аймағындағы жайласқан ведомостволар, ири санаат, қурылыс кәрханалары алдымызда киятырған юбилей-байрамды өткериў бойынша ерте бастан, алдын ала таярлық жумысларына белсене қатнасыўы ҳәм өз үleслерин қосыўы тийис болды. Ҳәр бир Тақыятаслының өз қаласына деген сүйиспеншилигин арттырып, барлық миллетлердиң татыў, аўызбиршиликли мийнет етиўин тәмийинлеўге бағдарланған.

Тақыятаста саўда-экономикалық колледжи ҳәм басқа кәсип-техникалық колледжлери кадрлар таярлаўды жақсы жолға қойып атыр. Мәдeнияt Сарайы, мәдeнияt үйлери ислеп турыпты. Қаланың көшелери гүлленди, жол ҳәм тротуарларына жаңадан асфальтлар төселди. Қала халқының көпшилиги жаслар. Қала бүгинге келип 50,0 мыңға жақын халықты қурайды. Олардың орташа жасы 25-30 дан аспайды. Сонлықтан Тақыятасты жаслар қаласы деп те атайды. Қаланың ҳүрметли адамлары жүдә көп ҳәм бурында көп болған. Олар: Александра Сергеевна Осадчий —урыс ветераны, мектеп оқытыўшысы болған, республикаға мийнети сиңген муғаллим атағын алған. Әбдрахман Қабулов —урыс қатнасыўшысы, қалалық нуранийлер кеңесиниң баслығы болған, Юлдаш Эшматов — ең жақсы электрик болып ислеген, Көпжасар Күзембаев — мийнет ветераны, Вилли Оттович Неб —ГРЭС жумысшысы болған, Фирхат Галимов — мийнет ветераны, қалаға көп мийнет сиңирген. Ҳәзирги ғәрезсизлик заманында жоқарыдағылардың бәрин еске алсақ арзыйды.

Тақыятас қаласының келешеги үлкен. 2015-жылға шекемги бас жойбар дүзилген. Есаплаўға қарағанда бул жылларға жетип қала



халқы 100 мың адамға дейин жетип көбейеди. Себеби, өндирис күшлери артады. Жумыс орынлары көбейместе. Қалада киши ҳәм орта бизнести раўажландырыўға көп кеўил бөлинип атыр. Жай салыў ушын, жер орынлар халыққа берилмекте ҳәм қалада көшпес мүлк басқа қалаларға қарағанда жүдә арзан. Бул социаллық стимуллардың бәри халықтың өсиўине алып келеди. Баслы мақсет өндирис күшлерин еки есеге арттырыў. Тақыятас ГРЭСиниң келеси гезегин иске қосыў. Қалада қағаз комбинатын салыў, қала халқын азық-аўқатлық өнимлер менен тәмийинлеў ушын аўыл хожалық кәрханаларын дүзиўди жобаластырыў. Келешекте 2013-жылы болатуғын Тақыятас қаласының 60 жыллық юбилейи халықлар дослығы, аўызбиршиликтиң арқасында, үлкен жайылған дастурхан әтирапында шады-қоррамлық пенен өтеди, деген үмиттемиз. Себеби, Тақыятас қаласы Хожелиден кейинги жаратқанның нәзери түскен қала есапланады. Сонын ушын да Тақыятас қаласының келешеги айдын.

## ХОЖЕЛИДЕН ҲАЖЫ САПАРЫНА БАРҒАНЛАР ДИЗИМИ

**Қурбанов Бердибай** – 1996-жылы ҳажы сапарына барған.

**Әбдиев Муратжан** – 1996-жылы ҳажы сапарына барған.

**Беласаров Данияр Худияр улы** – 1996-жылы ҳажы сапарына барған.

**Сапаев Ишмухамед** – 2004-жылы ҳажы сапарына барған.

**Шерниязов Джуманияз** – 2005-жылы ҳажы сапарына барған.

**Қурбанова Мубарак** – 2005-жылы ҳажы сапарына барған.

**Раджапов Джумамурат** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Бекниязова Ниятжан** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Исхакова Айнагүл** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Утемуратов Юлдаш** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Ещанов Абдулла** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Реймбаев Жумабай** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Жуманова Саодат** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Колибаев Мақсет Турдалиевич** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Турдалиев Дервезали** – 2006-жылы ҳажы сапарына барған.

**Шербаев Халила** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Алланиязов Жаңабай** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Алламбергенов Ахмад** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Раймбаев Өмирбай** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Уразниязова Турсынбике Ерлепесовна** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Әжиниязова Сайқал** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Омарова Шукуржан Абдуллаевна** – 2007-жылы барған.

**Садуллаева Айжан** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Баўатдинов Ҳайбулла** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Бабажанова Бике** – 2007-ҳажы сапарына барған.

**Садуллаева Анархан** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Ерназарова Гүласен** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Режепова Бибиажар Хожамуратовна** – 2007-жылы ҳажы сапарына барған.

**Балтабаева Артикбике** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Дощанов Ибрайм** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Якупов Разахбай Мадаминович** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Ибрагимова Уштап Санкибаевна** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Туримбетов Бекмурат** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Мамутова Назаргүл** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Искендерова Айсулу** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Ходжаев Сапарбай Джуманиязович** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Сағатова Дәмеш** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Матниязова Базар** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Атажанов Мәтмурат** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Қутлумуратова Уразбике** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Абдуллаева Әўезжан** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Умирова Кәрима** – 2008-жылы ҳажылыққа барған.

**Сейтчанов Оразымбет Сабурович** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Гайпова Уразбике** – 2008-жылы ҳажы сапарына барған.

**Гайпов Алимбай Реймбаевич** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Утемуратов Абдурахман** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Узақбаева Орынгүл** – 2009-жылы ажылыққа барған.

**Уснитдинов Тәжатдин** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Юсупова Гулзифа Ибрагимовна** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Ибрагимова Шаадат Мадаминовна** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Бекмуратова Зияда** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Туренов Реймбай** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Абдуллаев Әмет** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

**Қурбаниязова Рыскуль** – 2009-жылы ҳажы сапарына барған.

## XVI – XIX ӘСИРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ҚАЛАЛАРЫ

Қарақалпақ қалалары Қоңырат, Хожели, Шымбай, Беруний, Маңғыт тийкарынан, дийқаншылық оазисинде жайласқан, шарўалар менен экономикалық, этномәдений, саўда-байланыс, кәрўан жоллар бойында ҳәм шегараларда пайда болады. Қарақалпақ қалаларының дийўаллары пахсадан өрилип, көбинше сол қала орналасқан жердиң географиялық-климатлық шараяты қолайлы болған. Қарақалпақ қалалары төрт мүйешли, түрде болып келеди.

Қарақалпақ қалаларының басым көпшилигинин атамалары руў қәўимниң этнотопономиясынан келип шыққан. Орта Азияның еки дәрья аралығында жасаған әййемги сак-массагетлердиң әўладлары болған 92 баўлы Қыпшақлар арасындағы Шымбай урыўы XV - XVI әсирлерде Қарақалпақлардың урыўы болған. VIII – X әсирлерде араб елинен келген мусылман динин таратыўшылар Миздахқан дөгерегине орналасып, отырықшы хожалар елин пайда еткен. Қоңырат атамасы болса, қарақалпақтың еки арысының бири болған қоңырат пенен байланыслы.

Улыўма Қарақалпақ қалалары тарийхын изертлегенде этнотопономиканы терең изертлеў келеси илимий жумысларға жаңа бағдар бериўи сөзсиз.

(Хорезм МАМУН академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары, Нөкис қаласы 2006-жыл. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети 63-бет).

## ХОЖЕЛИНИҢ АЎЫЛЛАРЫ

Ўақыт қәлеген нәрсени, соның ишинде қалаларды да танымайтуғын дәрежеде өзгертип жибереди. XVIII-XIX әсирде Хожели қаласының ҳәкимшилик жақтан бөлиниўи, қаладағы қурылыслардың жайласыўы қандай болған? Сораўға белгили дәрежеде жуўап табыў ушын сол ўақыттағы Хожели қаласына қыялый саяхат етип көрейик.

Сүўенлиниң ағысы бойлап Хожели қаласына кемеде көрип келген саяхатшының нәзери ең дәслеп жаптың сол тәрепиндеги Сапарбай қырғыздың жайына, оннан соң балық базарына ҳәм Қазақбай саллақтың имаратына түскен. Бираз жүргеннен соң жаптың оң тәрепинде үлкен «қырық қәўим» аўылы басланған.

Ауыл ортасында Сүўенлиге қойылған көпир болған. Қырық қәуим ауылынан кейин жаптың оң тәрепинде жайласқан ауыллар: Әжиўли, оннан соңғысы Сабыншы деп аталған. Бул еки ауылдың ортасында Чарси көше деп аталатуғын үлкен көше жайласқан болып, онда өнерментлердиң үсти жабық базар-көшеси орын алған. Сүўенлиниң ең үлкен көпири де усы жерде болған. Жаптың сол жағында пахсадан тикленген кәрўан-сарайдың зәўлим дийўаллары көринип турған. Оннан кейинги ауыллардың атлары Көнши, ҳәм Кәсип деп аталған. Көнши ауыл жаптың сол жағында, Кәсип ауыл жаптың оң жағына жайласқан. Сүўенлиниң қаладан шыға берген жеринде орын алған имаратлардың бири — арызхана деп аталған. Онда Хожелиниң ҳәкими өз алдына арыз бенен келген адамларды қабыллайтуғын болған. Арызхананың қарсы алдында жаптың арғы тәрепинде жайласқан ауыл Кирпи деп аталған. Хожели қаласы шегарасында жайласқан қубладан арқаға қарай созылып кеткен бул ауылдың бир неше үлкен ҳәм кишкене көшелери болған. Хожели қаласы ортасынан ағып шыққан Сүўенли каналы кишкене жап-салмаларға бөлинип кеткен.

Хожелиге Гөне-Үргенш (Журжания) тәрептен келетуғын жоллардың ең үлкени Бахайбек баба қәбирстанының жанынан өткен. Қубладан арқаға қарай созылған бул жол Хожелиниң дәл ортасынан кесип өтип турған. Үсти жабық базар да усы көшеден орын алған. Көмир базары, Кәрўан сарай, қазыхана, Әжиўли, Сабыншы, Таз, Қарашапақ ауыллары усы жолға жақын жерге жайласқан. Үсти жабық базардан соң даўам еткен ашық көше Әўез косшы, Қабылжан баба көшелери менен кесискен. Солай етип, 200-300 жыллар илгери гөне Хожелиде болған ауыллардың арасында төменги атамалар да болған. Сүўенлиниң ағысы бойлап оң тәрепте: Қырық қәуим, Әжиўли, Бай ауыл, Таз ауыл, Сабыншы, Курбанак, Қарашапак, Кәсип, Кирпи, Сүўенлиниң ағысы бойлап сол тәрепте: Бий ауыл, Қазақ ауыл, Көнши ауыл. Хожелидеги ауылларда адамлар кәсип-өнери бойынша бирлесип жасағанлығы менен көринип турыпты. Бай ауылда саўдагерлер жасаған. Әжиўли ауылы дийқанлардан ҳәм дийқаншылық жасап байыған адамлардан ибарат болған. Сол ўақыттағы Хожелиниң байлары (ҳәзирги исбилерменлер) жуўаз, қараз, жерлерге ийелик етип, олар күнликши жумсаған. Күнликшилер көпирдиң бойындағы атақлы қул базардан әкелинген (ең соңғы қул базарлар XIX әсирдиң 73-жыллары пүткиллей жоқ етилген.) Қурбанақ ауылы адамлары саўдагершилик ҳәм дийқаншылық пенен шуғылланған. Көнши ауылындағылар тийкарынан тери ийлеп, ағартып сатқан. Таз

аўылында болса кемешилер ҳәм дийқанлар жасаған. Кәсип аўылының халқы тийкарынан өнерментшиликтиң түрлери менен шуғылланған.

Қатықулақ Хожели кекселериниң айтыўына қарағанда, Хожели қаласында 12 мешит болған. Сурим, Шора, Кәсип, Пирим ийшан баба, Қарашапақ, Қурбанақ, Таз, Әжиўли, Бай аўыл, Қырық, ҳәррет, Ешимбет бай, Нуран баба, Бий, Көнши, Ереке хожа. Көрсетилгенлерден Қурбанақ ҳәм Бий мешитлери медиресе ўазыйпасын атқарған. Булардан басқа 1979-жылы "Фан" баспасынан жарық көрген О. Жәлиловтың "XIX-XX аср бошлариdаги Қорақалпоқ ҳаетига оид муҳим ҳужжатлар" китабында Хожелиде XX әсир басларында қарақалпақ Хожели ҳәм Шейх қәбир ата мешитлери болғаны туўралы ҳүжжетлер бар — деп жазған. Биз Хожелиниң көплеген жасы-үлкенлери менен сөйлесип көргенимизде, анықлағанымыз: Шейх қәбир ата мешити Мазлумхан сулыў мавзолейиниң батыс жағында жайласқан, XX әсирдиң орталарында ашылған шейхлардың шейхы Сулайман Ҳаддади Мусевий жума мешити. Екиншиси қарақалпақ мешити ҳәзирги Ахунбабаев дийқан фермер бирлеслиги аймағында болған.

Тилекке қарсы, гөне Хожелини административлик жақтан бөлиўде ислетилген атамалар ҳәзирги күнде өзиниң әҳмийетин жоғалтқан болып, тек айырым жағдайларда ғана халық тилинде (аўзында) қолланылады. Айтыўларына қарағанда Хожелиниң төрт жағында Арқа, Қубла, Күн шығыс ҳәм Күн батыс дәрўазалары деп аталатуғын дәрўазалар болған. Бирақ, олардың тек ғана атамалары қалған. Ерте дәўирлерде Хожели қорғаны болған.

Ҳәр елдиң қандай болыўына қарамастан атағы-даңқына ортақ, аўылы болады. Ол аўылдың даңқы сол елдиң, мәмлекеттиң даңқын көтереди. Елден-елге, мәмлекеттен мәмлекетке атағы-даңқы көшип жүреди. Базы жерлерде сол аўылдың атын атасаң болғаны, сени таный қояды. Хожели аўыллары да Қарақалпақстан ушын сондай атақлы, соның ушын да қәдир-қымбатлы аўыллар. Хожелиниң ҳәзирги күнде 2011-жыл 1-январь ҳалатына 97 аўылы болып, онда 133968 адам жасайды. Хожели қаласында —66050—адам, "Водник" поселкасында —5883, "Найманкөл" аўылында—2223, "Әмиўдәрья" аўылында—1369, "Қайыр" аўылында—152, "Тубиркул" аўылында—351, "Шаншар" аўылында—208, "Хожа" аўылында—369, "Шалы жап" аўылында—711, "Хамидулла" аўылында—161, "Аққора" аўылында—92, "Хатеп" аўылында—1618, "Иван жап" аўылында—1265, "Тереӊ сай" аўылында—44, "Жамбыл" аўылында—214, "Аққум" аўылында—46, "Дәўлетбай" аўылында—

514, “Хатеп” станциясы аўылында—263, “Гәуирқала” аўылында—266, “Ақшуңгил” аўылында—508, “Жаңажап” аўылында—453, “Нариман” аўылында—629, “Қызыл күн” аўылында—548, “Ещан аўыл” аўылында—569, “Доңызлы” аўылында—485, “Төрежан” аўылында—437, “Жилли қум” аўылда—103, “Кенегес” аўылда—1407, “Үйшин” аўылда—344, “Аталық” аўылда—722, “Боз хәўли” аўылда—666, “Жалайир” аўылда—625, “Муқуми” аўылда—1338, “Айткүшли” аўылда—309, “Қыят” аўылда—1095, “Жаңа қала” аўылда—411, “Колаб” аўылда—2002, “Арқа сүрим” аўылда—311, “Шора” аўылда—256, “Уйғыр аўыл” аўылында—284, “Найман” аўылда—538, “Ағартыў” аўылда—514, “Кайранлы” аўылда—1547, “Әлим аўыл” аўылында—218, “Бес там” аўылда—207, “Қаракөл” аўылда—472, “Шахан қол” аўылда—240, “Таза база” аўылда—1749, “Таш аўыл” аўылында—1282, “Хан жап” аўылда—1069, “Найманкөл” станциясы аўылында—437, “Махрем” аўылда—962, “Шаўдыр айланба” аўылда—310, “Найман туба” аўылда—680, “Ақпан” аўылда—606, “Дүкан” аўылда—203, “Шатираўық” аўылда—619, “Ақ жап” аўылда—500, “Тарнаў” аўылда—551, “Канал саға” аўылда—132, “Нурке” аўылда—413, “Саманкөл” аўылда—260, “Байрам” аўылда—368, “Байжап” аўылда—2215, “Қамыс шалы” аўылда—2046, “Туба” аўылда—519, “Түйекеш” аўылда—234, “Дийқан” аўылда—1196, “Боз хәўли” аўылда—529, “Байноғай” аўылда—355, “Азатлық” аўылда—349, “Шеге жап” аўылда—523, “Сарай көл” аўылда—577, “Дослық” аўылда—465, “Газелл шеге” аўылда—228, “Филлан ой” аўылда—276, “Еркин дәўлет” аўылда—334, “Сарийхан” аўылда—262, “Қырық үйли” аўылда—1039, “Жан қоңырат” аўылда—2296, “Сары ширин” аўылда—1673, “Сабик аўыл” аўылында—1803, “Гөне Таслы жап” аўылда—378, “Қумбыз” аўылда—1408, “Шадлық” аўылда—791, “Түркмен” аўылда—377, “Бағшылық” аўылда—209, “Әмир Темур” аўылда—435, “Таўша” аўылда—485, “Машын жап” аўылда—323, “Жаңа жер” аўылда—624, “Қумжыққын” аўылда—1132, “Ақ Терек” аўылда—581, “Төлеген айдын” аўылда—83, “МТС” аўылда—740 тай адам жасайды.

## ХОЖЕЛИ БАЗАРЫ

Бизиң қаламыз буннан еки мың жыл бурын саўда жолларының кесилиспесинде базар сыпатында пайда болды. Бул жерде Антакия ҳәм Миздахкан (Хожелиниң өтмиштеги атамасы) әскерлериниң қорғаўы астында арқа тәрепиниң шарўалары қубланың дийқанлары



менен саўда-сатық иследи. Сонлықтанда базар Шығыста әзелден-ақ жәмийетлик турмыстың тийкарғы орынларынан бири есапланды. Ҳәтте, қаланың өзи (гөне қала) сондай етип қурылған, оның төрт дәрўазасынан Хожелиге кирип келген адам, туўры көше арқалы орайдағы базарға шығатуғын болған. Атап айтқанда, ески Хожелиниң тийкарғы жоллары саўда-сатық көшелери кесилискен жерди бизиң үлкемизде әзелден-ақ Орайлық базар деп атайды.

Ҳақыйқатында да Хожелиде базар тек бир кесилиспени ийелеп қалмастан, ал Сүўенли каналының еки жағалығында тутас бир саўда қалашасы болды. Базардың майданы тийкарынан ҳәзирги гөне қала базарына сәйкес келеди (жаңа базардан киширек). Сырттан қарағанда ҳәзиргиден пүткиллей басқаша көринетуғын еди. Базардағы жайлар, базардың дөгерегиндеги мәҳәллелерде ылайдан салынған, бир қабатлы каркаслы имаратлар бар еди. Бул жайлардың алдыңғы бетиндеги дийўаллары көше тәрепке қарай ашылатуғын еди (көбинесе олар шийден исленди). Солай етип базар көшелери туйық, басы бекиген көшелер өрмекшиниң торындай болып, олардың бойында кишкене көшеге қарай ашылған жайлар, устаханалар, дүканлар изи үзилместен көринип, олардан қәлеген нәрсенди сатып алыў мүмкин еди. Бундай саўдагерлер сататуғын затының түрине қарай топарларға бөлинди, мәселен арнаўлы бир көшени шәңгекшилер ийелеп бир қатар жайласса, ал екинши бир көшеде етикшилер, гүлалшылар, китап сатыўшылар ҳәм түплеўшилер, темирши усталар, териден буйым ислеўдиң шеберлери жайласты.

Кесилиспеде шайханашылардың самоварларынан түтин шығып турған болса, ал асханадан шыққан палаўдың, Әмиўдәрьяның қуўырылған балығының жағымлы ийиси иштейди ашатуғын еди. Базардың көплеген көшелери сатыўшыларды ҳәм қарыйдарларды ыссы қуяштан сақлаў ушын бастырмалар исленип, үстине ший жабылды. XIX әсирдиң ақырына келип гөне қала базарында қызғыш писken гербиштен салынған айтарлықтай үлкен жайлар пайда бола баслады. Санаат мануфактурасы менен саўда ислейтуғын ири фирмалар өзлериниң кеңсе мәкемелерин салган еди. Олардың арасында "Э.Циндель" ҳәм Үргеншли Ағабий серкеш, хийўалы Яқшым бай ҳәм Халмурат бай, ағалы-инили Якушевлардың дүканы ҳәм тағы басқалар болды. Орын пулды, базарда мәмлекетлик салықларды олар Муҳаммед Әмин ханның тапсырыўы бойынша қалада жайласқан медиресеге тарқатқан.

Арадан жүз жыллар өтсе де, Хожели базарының өзине тән өзгешелиги ҳәм дәстүрлери өзгермей қалды. Бул пүткил жәмийетлик турмыс сәўлеленген, жәмленген жер еди. Бул жерден әҳмийетли жаңалықлар қас қағымда, тез тарқалды бунда, белгили болган "узын қулақ" ҳәрекет етти, бул жерде ҳүкимдарлардың рәсмий пәрманлары жәрияланды. Шайханаларда ҳәм тиккелей көшелердиң өзинде гезип жүретуғын диний көзқарасларды, әдеп-икрамлылықты ўәсият етиўшилерди — маддахларды көриў мүмкин еди. Дәп ҳәм сырнайларға ийе миллий сәзенделердиң сазлары жаңлады, ал тағы бир жерде халық қуўыршақ театрының тәкирарланбас спектакльлери қойылды. Онда Сапар қуўыршақшы өз ҳәзил-дәлкеклери менен көпшиликтиң кеўлин көтерди. Масқарапазлар узын қалпақлар кийип адамларды тамашаға шақыратуғын еди. Палўанлар бул жерде гүрес тутты. Жаңабай палўан, Ерназар шойыншы, Орынбай алабас, соңырақ жеңилмес Халмурат палўан, Сатыбалды палўан ҳәм басқалар беллесиўлерге шықты. Хожелиниң ески базары усындай болды. Қандайда бир көтериңкилик, байрамдағыдай жағдай мың-мыңлаған адамларды базарға тартты. Ҳәзирги ўақытта олардың орнын басып қалған кире берис жерлерди ийелеп туратуғын заманагөй автомобиллер ол дәўирде әлбетте жоқ еди. Рәңбәрәң кийим кийген атлылар, өзине тән даўысы менен әкиринген тутас түйелер кәрўаны, ешек мингенлер базарды толтырып жиберетуғын еди. Хожелиде оларға Жәдиғер, Салима, Мырзан, Асқар шарбақшылар хызмет көрсетти. Буннан басқа да ҳақыйқый дыққатты өзине тартатуғын көринислер де бар еди. Муқаддес сүрелерди даўысын қатты шығарып айтып, базарда дәрўишлер гезип жүретуғын еди. Олардың ҳәр қыйлы

# ЕЛДИҢ АТЫН ЕР ШЫҒАРАДЫ



Хожелиде тарийхый естеликлер, ер жүрек азаматлар менен палўанлар, басқа да спорт шеберлери ҳаққында халық арасында айтылып жүрген гүрриңлер көп. Хожелиши палўанлар аталып ҳәм атақлы спортшылар аталып, тек ғана Қарақалпақстанға яки қоңсылас Хорезм, Ташаўыз ўәлаятларына емес, пүткил бурынғы аўқамлас еллерге танылғанларды мақтаныш пенен тилге алсақ арзыйды.

Мәтжанов Жақсылық Сейтжан улы 1961-жылы еркин гүрес бойынша бурынғы аўқамның спорт шебери атағын алған. Өзбекстан ҳәм Россия бириншиликлерине еркин гүрес бойынша жарысларға қатнасқан ҳәм сыйлы орынларды ийелеген. Ҳәзир Тақыятастағы экономикалық колледжде жуўаплы хызметте ислейди. Хожелиде жасайды.

Сатыпалды Мылтықбаев 1964-жылы самбо, дзюдо ҳәм еркин гүрес бойынша бурынғы аўқамның спорт шебери атағын жеңип алған. Хожелиде жасаған. Көплеген аўқамлық жарысларға Қарақалпақстанның атын шығарыў ушын ат салысқан ҳәм көплеп шәкиртлер таярлаған. Ҳәзир белгили инсан, спорт шеберинин ҳүрметине гүрестен республика жарыслары өткерилмекте.

Халмурат Ибадуллаев 1974-жылы Өзбекстан Республикасы спорт шебери атағын жеңип алыўға ерисτи. Хожелиде жасаған. Жақсы инсан еди.

XIX-XX әсирдиң ишинде Хожелиде артистлер, масқарапазлар ойнамай, палўанлар гүреси, қошқарлар дүгисиўи болмай той өтпейтуғын еди. Түни менен кең даланлықта ямаса үйде бақсы, жыраўлар қосық, терме, дәстанлар айтып, аўқатлар тартылып, тойлар спиртли ишимликсиз әтетуғын еди. Әсиресе, палўанлар гүреси жүдә қызықлы болып, қоңсылас районлар менен ўәлаятлардан атақлы палўанлар келип, хожелиши жигитлеримиз бенен гүресип жүрди. Сол жыллары хорезмли Сапа, Сатым, Самандар, Ата палўанлардың, қоңыратлы Ораз палўанның атақлы Халмурат ҳәм Сатыпалды менен гүреслери халыққа жүдә қызық-тамашалар берди. Хожелиде Халмурат палўанның ҳүрметине гүрес бойынша турнирлер өткерилип барылады.

Халмурат палўан Ибадуллаев 1937-жылы Хожели қаласында, муғаллим шаңарағында дүньяға келген. Әкеси Ибадулла 1928-жылдан баслап 45 жылдан асламырақ ўақыт қалалық мектепте муғаллим, директор болып ислеген. Халмураттың устазы Бабажан палўан болса Ахунбабаев атындағы колхозда жасаған. Халмурат

палўан гүрести 17 жасында баслаған. Ол 1954-жылдан 1975-жылға шекем Қарақалпақстанның, Өзбекстанның ҳәм бурынғы аўқамның бир неше қалаларындағы жарысларда алдыңғы орынларды ийелеп, баҳалы сыйлықларға миясар болған. Халмурат палўанның әдил гүреслерин көрген адамлардың көз алдынан оның арқаламай әмели кетпейди. Бул тәсилин билмеген адам палўанның арқасынан көкпардай ушып түсип, шалқасынан жығылғанын билмей қалатуғын еди.

Хожелиде спортты раўажландырыўға болған дыққат-итибар айтарлықтай нәтийжелерге ерисиўге тийкар салып атыр. Японияның Хиросима қаласында болған XXII Азия ойынларында хожелиши боксшы Әлишер Әўезбаев 91 килограмм салмақ категориясында биринши орынды жеңип алды. Бул жарысқа 45 мәмлекеттен спортшылар қатнасқан еди. Әлишер солардың ишинде Непал, Қытай, Сауд Аравиясының боксшилери менен күш сынасып, олардан басым келди. Расында да бундай рингке биринши мәрте шығыўы. Соның ушын да биринши ҳәм екинши қарсыласы менен бәсекиге түсиў оған аўыр болды. Әлишердиң ең дәслепки устазы-спорт шебери Салый Хожаниязов. Әлишер 1980-жылдан баслап №2 жас өспиримлер мектебине қатнасқан. 1993-94-жыллары ол Өзбекстан чемпионы. Ал, спорт шебери дәрежесине 1990-жылы еристи. Әлишердиң Азия чемпионы болыўында устазлары Мәўлен Ачиловтың ҳәм Салый Хожаниязовтың мийнетлери гиреўли.

## ХОЖЕЛИ ЖЫЛНАМАСЫНДА ИЗ ҚАЛДЫРҒАН БЕЛГИЛИ ИНСАНЛАР

(IX – XXI әсирлер)

Хожели тарийхы нешше мәрт инсанларды, ири тулғаларды, атақлы уламаларды, белгили ғайраткер, илимпаз, жазыўшы-шайырларды, спортшыларды, өз исиниң маманларын көрди. Олардың ҳәр бири Хожелини танытыўда өзлериниң үлкен үлеслерин қосты. Китабымыз соңында олардың исмлерин тилге алып өтиў артықмаш болмас деп ойлаймыз.

Олардан: Аминутдин хожа (лақабы Алямин хожа) — 1274-жылы Түркстаннан хожаларды баслап келген, Пирим хожа ийшан ибн Қутлы Мухаммед хожа — Хожели улысына басшылық еткен улама, Муртаза бий — Хожели бийи, Әўезжан бий — Хожели бийи, Сейит Хасан хожа — 1298-жылы Хийўа ханынан жарлық алған, Якуб хожа — 1298-жылы жарлық алған, Мансур хожа — 1298-жылы жарлық алған, Қасым хожа — 1298-жылы жарлық алған, Нурылла хожа — 1298-жылы жарлық алған, Искендер хожа — 1298-жылы жарлық алған, Ахмед хожа — 1298-жылы жарлық алған, Файзулла хожа — 1298-жылы жарлық алған, Шамун Набий — улама, ислам динин

таратыўшы, Жомарт қассап — көп қайыр-сақаўат ислеген, Мазлумхансулыў — патша қызы, жер асты мавзолейине аты қойылған, Ережеп қәлпе — атақлы улама, медресе ашқан, Сасун ийшан — биринши келген хожалардан, Турсын ийшан-биринши келген хожалардан, Юсуп ийшан — "хан ийшан" атағын алған, улама, Асқар ийшан-халық сыйлаған инсан, Асаматдин ийшан – атақлы инсан, 1916-жылы дарға асылған, Имаматдинжан "тақсыр баба" — халық сыйлаған инсан, Бекболай бай — Хожелиде қаўын егип ат шығарған, Сулайман Хаддадий Мусевий — улама, IX әсирде медресе ашқан, Бақайбек баба — улама, әўлийе, Қабылжан баба — Пирим ийшан бабаның шәкирти, Кетменши баба (Мухаммед Зәрип) — хожа, белгили инсан, дийқан, Қулым ахун — халық сыйлаған инсан, Улпет ийшан — халық сыйлаған инсан, Абдижамил молла — имам, "Ташкент" дийқан — фермер хожалығында жасаған, Султан ахун — үлкен улама, медреседе сабақ берген, Сулайман молла — имам, "Хатеп" дийқан-фермер хожалығында жасаған, Дәли баба — улама, сабақ берген, "Ҳамза" дийқан хожалығында жасаған, Ша Сүйин ийшан (Сары ийшан) – атақлы улама, медреседе сабақ берген, Ешимбет бай, Нуран баба — халыққа қәдирли инсанлар, Мадирейим маршы — атақлы бай, Исмайыл ийшан — улама, сондай-ақ, халық сыйлаған атақлы инсанлар Маткәрим ийшан, Нурымбет ийшан, Абут ийшан, Хожаназар ахун, Матирза ахун, Ереке хожа, Сагдиев Боранбай, Садулла хожа Ҳабибуллаев, Пирим ийшан баба мешити имам-хәтиблери Раматулла мақсым, Мадали мақсым, Алланазар ахун, Қалила мақсым, Нуратдин мақсым, Абдихалық карий, Асаматдин имам, Кеўлимжай имам Жамалов, Қыдырнияз Әлимбетов, Муратжан Әбдиев, Оразымбет Сейтжанов, биринши келген хожалардан Гада ийшан, Гөклен ийшан, соның менен бирге, Амин ахун Қулшар улы — атақлы улама, "Жипек жолы"нда адамларды қарақшылардан қорғаған батырлар Мадаминхан, Оразнияз батыр, уламалар Сисен ахун, Абди ийшан, Гаипберди хожа әўлийе баба, Садулла хийўалы — атақлы саўдагер, исбилермен, Ғайбулла ахун — улама, бала оқытқан, Мамытжан Әбдиев — мийнет ветераны, белгили инсан, Шейх Қәбир ата — улама, бала оқытқан, медиресе ашқан, Бабажан палўан — атақлы Халмурат палўанның устазы, Сафарьянц А. (Аракел бай) — биринши пахта заводын ашқан адам, Мангушев С.Е. — "Водник" поселкасының биринши жетекшиси, Әўез улы Мамытжан бий — халық ақсақалы, Зия Жолымбетов — биринши қалалық билимлендириў бөлиминиң баслығы, Худайберген дийўан — халық ақсақалы, зиялы инсан, 1916-жылы дарға асылған, Әбдираман Шаламан – таныклы инсан, Жақсылық бий, 1773-1775-жыллары Хожелиге қорған салған.

Соның менен бирге, Енежан Матсапаева – "Айбек" дийқан хожалығы баслығы болған, Айтбай Халбаев – биринши базарком, Сейтжан Матчанов — атақлы саўда хызметкери, шебер шөлкемлестириўши, Пиржан Сейтов – мәмлекетлик ғайраткер, ел басшысы, Хожели районына узақ жыллар басшылық еткен инсанлар Балтабай Абдуллаев – 1951-1952-жыллары қаланы басқарған, Султан Абдурахманов – 1953-жылы қаланы басқарған, Даўымжар Ожыраев, Пиржан Халмуратов, Нурымбет зергер, Жумияз суўшы – қызықшы, Оразымбет балық қуўырдақшы, Китаев П.И. – атақлы шыпакер, Халмурат Абдурахманов — мийнет ҳәм урыс ветераны, Мурат Махмудов — қалалық атқарыў комитети баслығы лаўазымында ислеген, урыс ветераны, Матнияз Реймбаев — искер шөлкемлестириўши, майзавод баслығы болған, Қалдықараев Жумағалий – екинши дүнья жүзилик урыс қаҳарманы, Реймбай Ешимбетов – белгили журналист, баспасөз ветераны, Қутлықыз Ситжанова – ғармоншы-музыкант, Жумабай Базаров – жыраў, "Едиге", "Қоблан"ды Германияда айтқан, СалыйЕмбергенов – хошҳаўаз қосықшы, Айтмурат Сейтмуратов — солист, рубабшы, жыраўлардан Сапарбай жыраў, Шамурат жыраў – "Алпамыс" эпосын жырлаған, Сейтжан жыраў – қарақалпақ халық эпосларын айтқан, Мәўлен Аралов – театр режиссеры, Утемуратов Ю.А.–мәдений хызметкери, халық театрын шөлкемлестириўши, Х.Қурбаниязов – композитор, халық сыйлаған инсанлар Жақсылық қырғыз, Ҳамдам тәжик, Халдурды түркмен — атақлы пахтакеш, бригадир, Худияр Беласаров-атақлы финансшы, урыс ҳәм мийнет ветераны, Қалбай Хожамуратов – устаз, тарийхшы, мийнет ветераны, Мәўлен Ачилов – спортшы, бокстен биринши тренер, Несипбай Қалыймағанбетов – журналист, Аяпберген Қалилаев – илим кандидаты, журналист, устаз, Сатыпалды Мылтықбаев – атақлы палўан, искер басшы, Цой Максим Алексеевич – хирург, Равил Забиров – искер басшы, саўда хызметкери, Хусайн Хангреев – прокурор, милиционерлер Жылдамбай, Естекбай, Монша Исенгелдиев, Реджеп Ҳасанов – искер басшы, базарком, Балтамурат Хожамуратов – саўда хызметкери, министр болған, Дилимбет Тилеўмуратов – саўда хызметкери, мийнет ветераны, Тәжибай Машарипов — басшы, министр болған, Бердибай ҳажы Қурбанов – мийнет қаҳарманы, атақлы пахтакеш, Таўбай Қобланов – искер басшы, "Хатеп" фермер хожалығы басшысы болган, Жүсипқалий Дәўлетов – искер басшы, "Әмиўдәрья" хожалығы басшысы, Баккали Имангалиев — ишки ислер хызметкери, полковник, Теңизбай Ещанов — искер басшы, Кемесазлаў заводы директоры болған, Қонарбай Базаров – устаз, математик, Халила ҳажы Шербаев – искер басшы, үлгили устаз, Андамас Каракузиев – искер басшы, Турсынбай Ибрагимов – искер басшы, ишки ислер хызметкери, Ибадулла Хусайнов – искер басшы, саўда

хызметкери, Абылхан Махмудов – ишки ислер хызметкери, полковник, Сулайман Реймов – искер басшы, Гилем фабрикасы баслығы болған, мийнет ветераны, Мадрейимхан Ибадуллаев – искер басшы, қурылысшы, Ерхан Есбергенов (Ерхан қазан) – саўда хызметкери, Ислам Бабаджанов – "Меҳрийбанлық үйи"ниң биринши шөлкемлестириўшиси, мийнет қаҳарманлары Оразбай Дилимбетов, Юлдаш Маткаримов, Ҳисметулла Латипов – 1907-жылы мектеп ашқан, Ахмедов Юсуф Кумом улы – 1906-жылы мектеп ашқан, Шамурат малақайшы – бас кийим тигиўши, Сейид Адирали – Әўезжан бийдиң бас нөкери, Төлеген Төлеев – устаз, Исатай Дәўлетов – санаат хызметкери, Қутлымурат Дәўлетмуратов – саўда хызметкери, Алаў Нургазиев –ҳуқық қорғаў хызметкери, прокурор, Артық Ахмедов – саўда хызметкери, Юнус Ахмедов – мийнет ветераны, Исмет Альджанов – мийнет ветераны, финансшы, бухгалтер, Узақбай Қалниязов – тарийх илимлериниң кандидаты, Омар Булешов–илимпаз, профессор, Уразымбет Мурадов – Өзбекстан халық артисти, бақсы. Сондай-ақ, өз иси, мийнет жолы арқалы халыққа үлги болған Сали Бабанов – мийнет ветераны, искер басшы, Ғани Убайдуллаев – устаз, мектеп директоры болған, Тәжигүл Байжанова – устаз, мектеп директоры болған, Тухватулла Халитов – завод директоры болған, Таўви Камалов – РТС директоры болған, Клим Қурбаниязов – планерист, жас техниклер клубы баслығы болған, Асен Жанашев – ишки ислер хызметкери, Райса Жаббарова – гөш комбинаты директоры болған, Панкратов Алексей Константинович – май завод баслығы болған, Вазих Закиров – май завод хызметкери, рационализатор, Айтымбет Үсенов – шебер шөлкемлестириўши, Матжанов Марат Ситжанович – искер басшы, исбилермен, Өсербай Әлеўов — илим докторы, Борис Ратман – искер басшы, Алланазар Юсупов – белгили устаз, Қулмурат Хожалепесов – шайыр, устаз, Ланцев Иван Никитич – устаз, физик, Амина Танташева – узақ жыллар "Меҳрибанлық үйи" директоры, Мусин бабай – халық сыйлаған инсан, Ли Ченгир – белгили устаз, мектеп директоры болған, Бабанияз Қанатов – биринши спортшы-тренер, мийнет ветераны, Тамара Акоповна Дадаева – белгили гинеколоғ шыпакер, Роза Халитова – биринши китапханашы, Қаражалғас Бийсенбаев – баспашылардан халықты қорғаған, батыр милиционер, Өмирзақ Қалбаев — тарийхшы, шайыр, Парахат ҳажы Дилмағамбетов – белгили терапевт шыпакер, Парахат Бектурғанов – таксомотор парк баслығы болған, Сағый Дербасалиев – белгили пахтакеш, бригадир, Ыспан Есиркепов – колхоз баслығы болған, Иван Мамутов – белгили тарийхшы муғаллим, Базар Бабажанова – узақ жыллар ПХАЖ баслығы, мийнет ветераны, Ғайып Якубов – белғили журналист, шайыр, мийнет ветераны, Мақпал Есенгелдиева – бухгалтер, финансшы, Марзия Беркалиева Батыр қызы–белгили

устаз, басланғыш класс муғаллими. Рейимбай лампамайшы – исбилермен, Опа майшы – исбилермен, Тилла домком – белгили ел ақсақалы, белгили етикшилер Балтабай, Бақтыбай, белгили емшилер Қылыш сынықшы, Қурбан сынықшы, өнерментлер Нурымбет зергер, Назарбай үйши, Ешимбет үйши, Бабатай үйши, Сапарбай үйши, Чилангар темирши, Сейтжан баззаз – исбилермен, Қулшанай Мамаев – атақлы темир уста, Камал уста – шебер темирши, Алямин "пөпек" – белгили саўдагер, нанбайшылар Қарабала, Абдураман, Хожамурат, Артық, Мискинбай Уденов – биринши артельди, Профилов Николай – биринши МТС ти шөлкемлестириўши, Белгили исбилерменлер Жәдигер шарбақшы, Салима шарбақшы, Мырзан шарбақшы Асқар шарбақшы, Изимбет шарбақшы, белгили балықшылар Әмет, Оразымбет, Бекмурат дарға – белгили инсан, Сапарбай Терекбаев – белгили устаз, Белбай бажбан – белгили бажбан, Сергей Азимов – белгили кинорежиссер, Исак Устинов – мийнет ветераны, Дәўлетбай Шаленов – устаз, Матяқуб шунай – қайыр-сақаўатлы инсан.

Жақын өтмиште Хожелиге мийнети сиңгенлерден Халмурат палўан Ибадуллаев – жаўрыны жерге тиймеген палўан, Ҳайтмурат Абдурахманов – банкир, финансшы, Сәрсен Каймолдаев – жуқпалы аўырыўлар шыпакери, Сапарбай Кенжебаев – саўда хызметкери, мийнет ветераны, Мақсет Қолбаев – атақлы саўда хызметкери, Атабек Атажанов – эстрада қосықшысы, Тамара Матниязова – қосықшы ҳәм ойыншы, Бахтияр Тәжимуратов – милиция хызметкери, полковник, Қулжан Егизқараев – белгили устаз, мектеп директоры болған, Аяпберген Абдукәримов – белгили устаз, спорт колледж директоры.

Сондай-ақ, берги әўлад ўәкиллеринен Ниязымбет Сабиров – аўылхожалығы хызметкери, министр болған, Ибрайым Досжанов – мәмлекетлик искер, мийнет ветераны, Жумамурат Реджепов– "Айбек" дийқан хожалығын басқарған, Шамурат уста – гербиш устасы, Юлдаш Ибрагимов – филолог, илимпаз, Қармыс Досанов – жазыўшы, Базаргүл Бекниязова – жазыўшы, Муҳаммедшерип Қыдырниязов – тарийхшы, профессор, илим докторы, Төре Клычев – илимпаз, Есен Андиров – саўда хызметкери, исбилермен, Бийсенғали Маханов – педагог, искер басшы, Петрушин И.И. – мәмлекетлик ғайраткер, Юлдаш Абдалов – искер басшы, Қурбанбай Разахбердиев –искер басшы, Қайыпназар Матразов – устаз, филолог, шайыр, Тинан Жаўылбаев – устаз, математик, Көбей Артыков – искер басшы, шабандоз, Сим Сергей Филиппович – устаз, Сабыр Разахбердиев – искер басшы, көп жыл даўамында интернат директоры болған, Салима Юсупова – устаз, Бахый Авезжанов –устаз, мийнет ветераны, Парахат Авезжанов – устаз, Камилжан Нурымбетов – устаз, доцент, Қашарман топ федера-

циясының директоры болған, Шийрин Садуллаева – қалалық атқарыў комитети баслығы болған, устаз, Ситжан Халбаев – район басшысы болған, Досман Файзуллаев – устаз, мектеп директоры болған, Зәрип Файзуллаев – устаз, исбилермен, шебер шөлкемлестириўши, Асетулла Камалов – устаз, мектеп директоры болған, Оразбай Сапарбаев – жергиликли санаат министри болған, Худайберген Раймберғенов – министр болған, Ситжан ҳажы Раймбергенов – темир устасы, Абдулла Қыдырбаев – районлық халық қадағалаў бөлими баслығы болған, мийнет ветераны, Қыдырбаев Абат Абдулла улы — финансшы, Жалғас Айтжанов – энергетика саласы хызметкери, Еркин Байдәўлетов – финансшы, саўда хызметкери, Камал Байдәўлетов – тис докторы, Оразымбет Абдиқадиров – асфальт завод баслығы болған, Ибрайым Жуманиязов – саўда хызметкери, Қалбай Үббиев – спортшы-тренер, Сапарбай Нурхожаев – район ҳәкими болған, Картбаев Андрей – устаз, математик, шежиреши, Қуўанышбай Оразымбетов – филолог, профессор, илим докторы, Оразбай Әбдирахманов – атақлы жазыўшы, жәмийетлик ғайраткер, Злайха Сапарова – қосықшы, Исмайыл Хожахметов – қосықшы, Эргаш Асаматдинов – философия илимлери кандидаты, Пашша Абдуллаева – халық театры актрисасы, Салый Ембергенов – халық театры актеры, Машарип Устинов – халық театры белсендиси, Сапарбай Әбдикаримов – халық театры белсендиси, Юлдаш Аминов – халық театры белсендиси, Наташа Ержанова – актриса, Даўытбай Кәримов – актер, Мақсет Тағаев – актер, Хожабай Жадманов – финансшы, узақ жыллар гербиш завод баслығы болған, Турғанбай Жылқышиев — атақлы уролог-хирург, Өтеген Жантөреев – денсаўлық сақлаў ағласы, окулист, Жалғасбай Сатуллаев — шебер шөлкемлестириўши, денсаўлықты сақлаў ағласы, Мәтибай Бердиев – журналист, шайыр, Бийбисара Өтепбергенова – қосықшы, Әбилқасым Өтепбергенов – философ-шайыр, Жақсылық Мәтжанов – палўан, устаз, искер басшы, техникум директоры болған, Азат Мәтжанов – илимпаз, илим докторы, ҚМУ ректоры, Айтақ Мәтжанов – искер басшы, мийнет ветераны, Улья Мәтжанова – саўда хызметкери, базарком, Салый Хожаниязов – спортшы, бокстен тренер, Амин Атаниязов – шебер шөлкемлестириўши, басшы, Атаниязова Орал Аминовна – илим докторы, Медицина институты директоры, Тоқтарбай Султанов – искер басшы, фармаколог-фармацевт, Раўшан Зайрова – устаз, мектеп директоры, Бекназар Сапаров – саўда хызметкери, министр болған, мийнет ветераны, Агинеш Сарыбопеев – шыпакер, Оралбай Сергеев – хирург, Саги Сергеев – шыпакер, хирург, Жумабек Халмуратов – устаз, физик, Бекбосын Худайбергенов – устаз, мектеп директоры болған, Қуўаныш Байжанов – финансшы, саўда хызметкери, Ҳамидулла Нуратдинов (Хамит) – белгили саўда

хызметкери, Бахыт Рахов – устаз, Жақсылық Төребаев – хирург, бирлеспе басшысы болған, Жумамурат Төремуратов – исбилермен, стоматолог, Қошқарбай Садыков – искер басшы, ҳәким болған, тоғай хожалығы баслығы, Турсынбай Садыков – санаат хызметкери, кәрхана басшысы, Ибадулла Шербаев – искер басшы, устаз, Лепесбай Шербаев – исбилермен, искер басшы, Итекбаев Өтеш Рысбай улы – исбилермен, Атабай Палўанов – искер басшы, министр болған, Нийетбай Юсупов – ишки ислер хызметкери, полковник, Қосбол Ондаганов – искер басшы, спортшы, Базарбай Тулегенов – искер басшы, Текстиль фабрикасы директоры болған, Ахмед Мадаминов – бас шыпакер, шебер шөлкемлестириўши, Қанатбай Сатканқулов – белгили қурылысшы, Алламберген Сатаев – устаз, палўан, Мурат Алеўов – спортшы, футболшы, устаз, Алишер Әўезбаев – боксцен Азия ойынлары чемпионы, Пердебай Утемуратов – устаз, "Водник" поселкасында белгили сазенде, Жолдасбай Уразалиев – Кемесазлаў заводының баслығы болған, Баймурат Гайпов – көрнекли устаз, Амет Нурпейсов – көрнекли устаз, Юлдаш Әўезимбетов – көрнекли устаз, Узақберген Имаматдинов – көрнекли устаз, Мақсет Бекимбетов – көрнекли устаз, Хожабай Юсупов – устаз, шебер шөлкемлестириўши, Төлеген Худайназаров – көрнекли устаз, басқарма баслығы болған, Таваккал Абдухаликов – белгили устаз, Улығбек Юсупов – белғили исбилермен, Ешанбай Бегжанов – хирург шыпакер, Алламберген Дурдиев – урыс ҳәм мийнет ветераны, Сарыбай Нурмедов – "Азатлық" дийқан хожалығының баслығы болған, Зийўар Ешмуратова – устаз, педколледж директоры болған, Зийўар Султанова – қалалық Халық банки баслығы, Өтеген Худайбергенов – атақлы пахтакеш, бриғадир, Бекнияз Файзуллаев – Ахунбабаев дийқан хожалығы баслығы болған, Абдурахман Машарипов – үлгили устаз, Машарипов Абдирейим — қаланың бас архитекторы болған, Мақсет Нурымбетов – исбилермен, Ахмед Ибрагимов – тоғай хожалығы баслығы, Дәўлетназар Султанов – ҳәким болған, исбилермен, Мэлс Бахытжанов – ишки ислер полковниги, Жеңис Лепесов – белгили художник, халықаралық алтын медаль ийеси, Сәрсенбай Байбосынов – художник, Алламберген Жийемуратов – мөканком, Таксибай Наренбаев – ҳәкимият жуўаплы хызметкери, Сәтбай Ғанибаев – нефтебаза хызметкери, мийнет ветераны, Азат Хожамуратов – белгили полиграфия хызметкери, Анвар Хожамуратов – полиграф тараўында исбилермен, Витоль Станислав – инженер-гидротехник, Тахир Ермаков – лётчик-сынаўшы, Зоя Ибрагимова – артистка, Сон Светлана Михайловна – устаз, "Меҳрийбанлық үйи" директоры, Пак Татьяна Андреевна – устаз-муғаллим, Алтын Уразбаева – устаз, "Шуҳрат" медалы менен сыйлықланған, Оралбай Төребеков – илимпаз, илим кандидаты, Мурат Есимов –

халықаралық трансконтиненталь холдинги бас директоры, Петрушин Александр – "Қарақалпақбоян" жәмийети бас инженери, Мурат Худайбергенов – социаллық тараў хызметкери, Караман Қощанов – ишки ислер хызметкери, Махсут Турсунов – исбилермен, газ қуйыў станциясы баслығы, Бийбайым Юсупова – Республикалық кәсиплик аўқам басшысы болған, Марқабай Хожалепесов – спортшы, тренер, экономист, Музарап Дүйсенбаев – устаз, Мақсет Якубов – философ, илимпаз, Аралбаев Абдулла устаз, Найль Галимуллин – белгили саўда хызметкери, Юнус Набийбуллин – пахта завод хызметкери, Имамутдин Надиршин – халық сыйлаған инсан, Садратдин Якубов – статистика бөлими баслығы, Қанат Жакешов – белгили терапевт шыпакер, Назира Дәўлетова – гинеколог-шыпакер, Өтеген Бурханов – бухгалтер, финансшы, Шора Сәрсенбаев – биринши исбилермен, Теңиз Абдулгазиев – терапевт шыпакер, Хегай Сергей – исбилермен, Фарид Утебаев – исбилермен, "Мадад" компаниясы басшысы болған, Мақсетбай Абубакиров – журналист, районлық газета редакторы болған, Базарбай Абубакиров – ҳәкимниң орынбасары болған, Базарбай Таўасаров – журналист, "Достық үни" газетасы редакторы болған, Бухарбай Дүйсекеев – судья, Еденов Абдулла – шыпакер, Өтеш Оңайбаев – "Хатеп" совхозы баслығы болған, Узақбай Ешмуратов – устаз, мектеп директоры болған, Бахтияр Ешмуратов – исбилермен, Мақсет Жадманов – ҳәкимниң орынбасары болған, исбилермен, Гүлшат Назирбаева – сүт заводы директоры болған, Исмайыл Жамалов – устаз, мектеп директоры болған, Жумамурат Жалалов – устаз, Низамий атындағы мектеп директоры болған, Абдижалил Жақсыбаев – таксомотор парк директоры болған, Алламбергенова Шийрин Ҳамидовна – ағла ишки ислер хызметкери, майор, Тагаберген Жубанов – тери кеселликлери шыпакери, Клара Сисенбаева – юрист, нотариус, мийнет ветераны, Хайтбай Абдисадықов – журналист, шайыр, Камилжан Жаббаров (Камалай) – исбилермен, қурылысшы, Тилеўнияз Қаниязов – журналист, район газетасы редакторы болған, Жолдасбай Нурыллаев – журналист, ("Т-тас") газета редакторы, Оңғар Аўезов – қурылысшы, мастер, Қойшиев Өтеген (Өтеш) – кинорежиссер, актер, Қожан Қожбанов – атақлы, шебер шөлкемлестириўши, ветврач, Тәжимурат Мадияров – пахтакеш, шарўа, Али Нурашев – спорт пидайысы, Бахыт Нурмашев – автоинспекция хызметкери, подполковник, Алманов Ахмет – ишки ислер хызметкери, подполковник, Темирғали Нысанов – атақлы травмотолог, сынықшы, Дамеш Балмуканова – белгили гинеколог-шыпакер, Гүлсара Жуманиязова – гинеколог, сондай-ақ, Гүлжан Мамутова – 1-санлы поликлиника бас шыпакери болған, белгили педиатр, Сара Омарғазиева – терапевт шыпакер, Юсупбай Нурпейсов –

устаз, мектеп директоры болған, Муўса Абыллаев — “Хожели-май” кәрханасы баслығы болған, Қару Қаймолдаев — Хожели гүриш заводы баслығы болған, Айсултан Атакузиев — байланыс тараўы хызметкери, Ғайрат Сапаев — исбилермен, шебер шөлкемлестириўши, таярлаў базасы баслығы, Нурмухамед Сапаев — шыпакер бирлеспе баслығы, Ожакай Омаргазиев — финансшы, бухгалтер, Палўанов Рашид — экономист, салық хызметкери, Таңатар Есмурзаев — кәрхана басшысы, пахта санааты хызметкери, Сийсенбай Айтимов — белгили устаз, педколледж директоры, Балтабай Наўрызбаев — денсаўлықты сақлаў хызметкери, мийнет ветераны, Жолдас Есмурзаев — илим кандидаты, исбилермен, “Қырыққыз” саўда орайы баслығы, Жақсылық Дәўлетов — кинорежиссер, Қуўандық Якубов — мийнет ветераны, белгили транспортшы, Жаңабай Бекмуратов — “Найман” хожалығы басшысы болған, Барлықбай Исмайлов — саўда хызметкери, Оразбай Нуржанов — ишки ислер хызметкери, полковник, Хожабай Байжанов — шыпакер-терапевт, Қалжан Көккөзова — банк хызметкери, Ешнияз Оразниязов — қалалық кеңес баслығы болған, мийнет ветераны, Абдикарим Халбаев — шебер шөлкемлестириўши, басшы, Бийбатпа Абылаева — устаз, мийнет ветераны, Аширмурат Жепбаров — эколог, илим кандидаты, Идрис Аккажев — темир жол вокзалы басшысы болған, Тәжетдин Омаров — ишки ислер хызметкери, полковник, Ибрағим Уснатдинов — мәденият үйи басқарыўшысы болған, Бекан Сейтимбетов — устаз, исбилермен, Сабит Раев — мийнет ветераны, Юлдаш Хожанов — саўда хызметкери, мийнет ветераны, Бағибек Атажанов — Гилем фабрикасы баслығы, министр болған, Хасанов Дәўлетбай Реджепович — искер басшы, дийқан, Файзулла Садуллаев — пахта санааты хызметкери, искер басшы, Михайлов Алексей — белгили хызметкер, Оралбай Қалқанов — аўыл-хожалығы хызметкери, Қошқарбай Пирназаров — белгили аўыл-хожалығы хызметкери, басқарма баслығы, Рахман Алманов — инженер, Марьям Қасымова — шайыр-жазыўшы, Амангелди Ембергенов — искер басшы, саўда хызметкери, Гүлмурза Хайтбаев — шыпакер, Сали Камалов — мийнет ветераны, Сабыр Камалов — темиржолшы, қурылысшы, Бекполат Нурпейсов — районлық кәсиплик аўқам басшысы болған, Шукурулла Ешмуратов — Кемесазлаў заводы баслығы, Рейимбай Сейтимбетов — исбилермен, Жеңис Сарбалаев — “Водник”-пристань посёлкасы кеңеси баслығы болған, Қанияз Мамутов — шыпакер, Лабақ “шопыр” Метеров — шофёр, мийнет ветераны, Шәрибай Атаханов — Текстиль фабрикасы басшысы, мийнет ветераны, Қадир Сейтов — хирург-шыпакер, Сағынбай Қудияров — ғазтәмийинлеў станциясы баслығы, инженер, Генжебай Жуманов — мийнет ветераны, салық хызметкери, Мақсет Тилегенов — салық

хызметкери, Мирзахмет Тумышев – "Әмиўдәрья" аўыл кеңеси баслығы болған, Султан Атыраўбаев – мийнет ветераны, спортшы, Орынбай Матжанов – журналист, Орын Юсупов – халық батыры, Айтнияз Ембергенов – автобаза баслығы болған, мийнет ветераны, Набат Тасқынбаева – "Хатеп" мал семиртиў базасы бригадири болған, Айтбай Айтжанов – палўан, Мурат "паранг" Исмайлов – коммуналлық тараў басшысы болған, Төлеген Бисенов – жол хызмети исшиси, Ажигали Садўақасов – терапевт-шыпакер, Махмуд Абдуллаев – ишки ислер хызметкери, подполковник, Бахтияр Мырзамбетов – устаз, Турғанбай Турсунов – устаз, интернат директоры, Алаўатдин Имамов – қурылысшы, Дийханбай Дүзелбаев – темиржолшы, Юлдаш Исмайлов – мийнет ветераны, почта хызметкери, Борис Палўанов – социаллық тараў хызметкери, исбилермен, Турғанбай Кәримов – терапевт-шыпакер, Роза Абуллаева – социаллық бөлим баслығы болған, мийнет ветераны; қайыр-сақаўатлы исбилерменлер Елдес улы Мухит-Олжабаев, Абылла қызы Жума Сейдуллаева, Уктам Худайбергенов – мийнет ветераны, Рейимбай Маткәримов – искер басшы, мийнет ветераны, Амангелди Еримбетов – искер басшы, нанбайшы, мийнет ветераны, Юлдаш Худайбергенов – Ахунбабаев фермер хожалығы басшысы болған, Жапақ Ережепов – искер басшы, саўда хызметкери, мийнет ветераны, Бахтияр Ережепов – саўда хызметкери, исбилермен, Алимжан Сапаров – саўда хызметкери, исбилермен, Мурат Жумабаев – қалалық кеңес баслығы болған, Сапарбай Ходжаев – кәрхана баслығы болған, мийнет ветераны, Худайбергенов Кәримберген – физика-математика илимлериниң докторы, Арзы Фазылов – белгили илимпаз, илим докторы, Баўатдин Уразымбетов — белгили саўда хызметкери, Қудабай Қаржауов — белгили өнермент, исбилермен, Ильхам Файзуллаев — шебер шөлкемлестириўши, исбилермен, Сапарбай Отаров – устаз, мектеп директоры, Бекмурат Турымбетов – устаз, журналист, мийнет ветераны, Садулла Сабиров – искер басшы, транспорт хызметкери, Марат Сулайманов – асфальт-бетон заводы баслығы болған, инженер, Бахтияр Халмуратов – жаслар жетекшиси, автобаза баслығы болған, Жумабай ҳажы Абдуллаев – "Антакия" аўқатланыў комплекси баслығы, Юлдаш Реджепов – искер басшы, саўда хызметкери, Фархад Еримбетов – саўда хызметкери, Нурымбет Ибрагимов – мийнет ветераны, Исмайыл Матназаров – финансшы, бухгалтер ҳәм тағы басқалардың аты-жөнин атап өтсек арзыйды.

## ЖУЎМАҚ

Хожели қаласы тарийхый қала болып есапланады. Сонлықтан да, Хожелиниң Қарақалпақстан Республикасы болып қәлиплесиўине, оның экономикасының, мәдениятының раўажланыўына Хожелиниң қосқан үлеси үлкен. Хожелилилер тарийхта өрлеген көзге түскен сыяқлы, оның ишинен өсип шыққан Хожели қаласы да қарақалпақ халқының мәмлекетшилиги тарийхында, әййемнен белгили аты шыққан қала болып өсип жетискен. Хожели Хожели болғанлы берли қандай ўақыяларды басынан кеширмеген, Хожелиге кимлер келип кетпеген. Орта Азияда хәм Қарақалпақстан Республикасындағы аты шыққан “бес қаланың” бири. Бирақ, хан заманында Хожели халқы неше ўақыт муңлы азапларды, ашәптадалықларды басынан кеширип отырған. Хожелиниң басынан кеширген өткендеги аўыр қыйыншылықлары хәзир тек тарийх сыпатында ғана ойда елеслейди.

Хожелиниң еле де болса келешеги уллы қала. Ол салы менен пахтаның мол тасқын кәнине айланады. Инновация енгизиледи. Хожелиге таза технологиялар хәм инвестициялар келеди хәм таза өндирислик күшлердиң өсип өрлеўи қаланың ертеңги көринисин және де күшейтеди. Хожели жақсы кадрлар қаласы. Хожелиден ел таныйтуғын, халқына хызмет еткен кадрлар өсип жетилискен. Соның менен бирге аўызбиршиликли ел. Халқымыз Хожелини “қыдыр дарыған қала”-деп, ямаса “қыдырдың қаласы” — деп атайды. Хожели қаласының пири “қыдыр баба” — деп есаплайды. Онысы орынлы. Хожели буннан былай да бизиң республикамыздың экономикалық жақтан нығайған, мәдений жақтан раўажланып баратырған ең ири қалаларының бири болады, Қарақалпақстан Республикасы хәм уллы Өзбекстан ўатанымыздың ең көрнекли, ең сулыў қалаларының бирине айланады. Оған Хожели халқы толық исенеди хәм соның ушын да, аўызбиршиликте Хожелим деп тынбастан мийнет ислейди хәм Хожелим, деп жасайды.

Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикаларының ҳақыйқый ғәэрезсизлигин тәмийин етиў ушын аўызбиршиликли Хожели халқы келешекте де үлкен үлес қосады.

**Хожели аймағында жайласқан муқаддес қойымшылықлар**

1. **Мазлумхансулыў** (Миздахқан комплексинде)
2. **Юсуп ийшан** (Таза қала, Гөшкомбинаты аймағы)
3. **Пирим хожа ийшан** (Гөне қалада)
4. **Кетпенши баба** (Найман фермерлер бирлеслиги.)
5. **Қулым ахун**
6. **Улпет ийшан**
7. **Абдижамил молла** (Ташкент дийқан-фермер бирлеслиги)
8. **Султан ахун.** (Хожели дийхан фермер бирлеслиги)
9. **Жилли қум** (Хожели-Тақыятас автомобиль жолы бойында)
10. **Қара Жалғас** (Айбек дийхан фермер бирлеслиги)
11. **Сексен хожа**
12. **Сулайман** (Хатеп аўылы)
13 **Дали баба** (Ҳамза дийхан фермер бирлеслиги)
14. **Қабылжан баба** (гөне қалада)
15. **Бақайбек әўлие** (Гөне қалада, пахтазавод аймағында).
16. **Сейит баба** (Найман фермерлер бирлеслиги)

**Қарақалпақстан Республикасы Хожели қаласы аймағында жайласқан тарийхый археологиялық естеликлердиң дизими**

*1-кесте*

| № | Естеликтиң атамасы | Қорғаў категориясы | Жайласқан орны | Атама тахтайшалары | Қорғаў зона белгиленген жойбар ҳүжжети | Ескертиў |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Гәўир қала | Өз.Рес әҳмийетинде | Хожели районы Дослық ДФХ | 1 | Бар | |

(Мағлыўматлар Қарақалпақстан Республикасы тарийхый естеликлерди қорғаў инспекциясынан алынды).

**Қарақалпақстан Республикасы Хожели қаласы аймағында жайласқан тарийхый, мәдений, архитектуралық естеликлердиң дизими**

*3-кесте*

| № | Естеликтиң атамасы | Қорғаў категориясы | Жайласқан орны | Атама тахтайшалары | Қорғаў зона белгиленген жойбар ҳүжжети | Ескертиў |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Мазлумхан сулыў Махбарасы** | Өз.Р әҳмийетинде | Хожели районы Дослық ДФХ комп. Миздахқан | 2 | Бар | |
| 2 | **Шамун-Набий Махбарасы** | ҚР әҳмийетинде | — | 2 | Бар | |
| 3 | **Ережеп Қәлпе Мешит Медиресе** | — | — | 2 | Бар | |
| 4 | **Жума Мешит** | — | — | 1 | Бар | |
| 5 | **Қырық Шопан Махбарасы** | — | — | 1 | Бар | |
| 6 | **Мадамин Хан Махбарасы** | — | — | 1 | Бар | |
| 7 | **Жомарт қассап төбешиги** | — | — | 1 | Бар | |
| 8 | **Көкли ийшан Махбарасы** | — | — | 1 | Бар | |

(Мағлыўматлар Қарақалпақстан Республикасы тарийхый естеликлерди қорғаў инспекциясынан алынды).

**Қарақалпақстан Республикасы Хожели қаласы аймағында жайласқан Монументаллық естеликлериниң дизими**

*4-кесте*

| № | Естеликтиң атамасы | Жайласқан орны | Орнатылған жылы | Авторы (Скульптор, Архитектор) | Бахасы | Материалы |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1941-1945-жыллардағы Екинши дүнья жүзилик урыс қатнасыўшыларына естелик | Жеңис дем алыў бағы | 1990 | Ильяс Мырзауллаев | 1319,0 | Гипс, мрамор |
| 2 | Аўғанстан урысында набыт болған ўатанласларға естелик | №1 лицей | 1990 | — | 1000,0 | Мрамор |
| 3 | Хожелиши жасларға естелик | Гөне қала | 1984 | — | 39,0 | Бетон, мрамор |
| 4 | Қалдықараев бюсти | Қалдықараев мектеби | 1975 | Ильяс Мырзауллаев | — | Гипс |
| 5 | Х. Х. Ниязий бюсти | Балалар мийирман үйи | 1988 | — | 9,0 | Мрамор |
| 6 | 1941-1945-жыллардағы Екинши дүнья жүзилик урыс қатнасыўшыларына естелик | Айбек ШБ Саманкөл | 1989 | | | |
| 7 | 1941-1945-жыллардағы Екинши дүнья жүзилик урыс қатнасыўшыларына естелик | Найманкөл ШБ | 1989 | | | |

(Мағлыўматлар Қарақалпақстан Республикасы тарийхый естеликлерди қорғаў инспекциясынан алынды).

## 1-январь 2010-жыл халатына Хожели аймағының жасаўшыларының миллий тәртиби

5-кесте

(мың адам)

| Миллетлер | Жасаўшылар саны | % пайыз |
|---|---|---|
| Өзбеклер | 43,5 | 30,0 |
| Қарақалпақлар | 42,3 | 29,2 |
| Қазақлар | 41.6 | 28,7 |
| Тәжиклар | 0,1 | 0,07 |
| Руслар | 0,8 | 0,55 |
| Татарлар | 1,1 | 0,7 |
| Қырғызлар | 0,1 | 0,07 |
| Корейслер | 1,6 | 1,1 |
| Армянлар | 0,1 | 0,07 |
| Әзербайжанлар | 0,1 | 0,07 |
| Түркменлар | 9,8 | 6,7 |
| Басқалар: | 3,8 | 2,77 |

Қосымша:

Хожели қаласы бойынша халық саны — **75727**

Аўыл бойынша халық саны — **69164**

Хожели районы бойынша халық саны — **144891**

**Хожелидеги мәкан кеңеслер ҳәм аўыллық пуқаралар жыйыныңдағы хожалық ҳәм халық саны**

2010-жыл 1-январь ҳалатына

*6-кест*

| № | Қалалық мәкан кеңеслери ҳәм аўыллық пуқаралар жыйынлары | Хожалық саны | Халық саны |
|---|---|---|---|
| 1 | 1 – Мәкан кеңес | 888 | 3922 |
| 2 | 2 – Мәкан кеңес | 484 | 3334 |
| 3 | 3 – Мәкан кеңес | 620 | 3584 |
| 4 | 4 – Мәкан кеңес | 1197 | 6527 |
| 5 | 5 – Мәкан кеңес | 896 | 4670 |
| 6 | 6 – Макан кенес | 385 | 2520 |
| 7 | 7 – Макан кенес | 790 | 4584 |
| 8 | 8 – Мәкан кеңес | 886 | 4503 |
| 9 | 9 – Макан кенес | 630 | 3726 |
| 10 | 10 – Макан кенес | 522 | 3284 |
| 11 | 11 – Макан кенес | 557 | 2341 |
| 12 | 12 – Мәкан кеңес | 841 | 5604 |
| 13 | 13 – Мәкан кеңес | 540 | 3265 |
| 14 | 14 – Мәкан кеңес | 728 | 3887 |
| 15 | 15 – Мәкан кеңес | 670 | 4357 |
| 16 | 16 – Макан кенес | 753 | 4551 |
| 17 | 17 – Макан кенес | 570 | 5185 |
| 18 | Пос. Водник | 907 | 5883 |
| 19 | АПЖ Найман | 1390 | 8902 |
| 20 | АПЖ Кенегес | 970 | 6612 |
| 21 | АПЖ Сарышунгүл | 1711 | 11322 |
| 22 | АПЖ Саманкол | 1450 | 9062 |
| 23 | АПЖ Сарайкол | 594 | 3649 |
| 24 | АПЖ Жанажап 54 | 0 | 3860 |
| 25 | АПЖ Бегжап | 1545 | 9546 |
| 26 | АПЖ Колаб | 1222 | 8519 |
| 27 | АПЖ Әмиў Дәрья | 1054 | 7692 |
| | **Район бойынша:** | **23340** | **144891** |

# МАЗМУНЫ


Кирис сөз ........ 3
Хожели қаласының пайда болыў тарийхы... ........ 7
Гәўир, Антакия, Миздақхан — Хожели ........ 18
Миздақхан комплекси ........ 19
Миздақхан қаласы ........ 20
Шамун Набий ........ 22
3. Мазлумхансулыў ........ 27
Мазлумхансулыў СУЛЫЎ ........ 36
Сулайман Ҳададий Муссевий ........ 49
5. Жомарт қассап ........ 51
6. Ережеп қәлпе ........ 55
7. Қырық шопан ........ 56
Хожалар ҳаққында... ........ 57
Хийўа ханының хожаларға берген жарлығы ........ 59
А. Кун Хожели қаласы ҳаққында ........ 59
А. Вамбери Хожели қаласы ҳаққында ........ 62
Пирим хожа ийшан ........ 63
Ибн Кутлы Мухаммед хожа ........ 63
Бақайбек баба ........ 68
Юсуп ийшан ........ 69
Қабылжан баба ........ 69
1916-жылғы Хожели ўақыясы ........ 71
"Беғжап-Яўмытжап" трагедиясы ........ 82
Қара жалғас ким болған? ........ 83
Хожелиден "Пахта иси"не шатылғанлар ямаса жазықсыз жазаланғанлар ........ 109
Хожели қаласы дәлиллерде ямаса Хожели тарийхынан мын бир дерек ........ 111
Сүўсенли ........
Хатеп ........ 131
Туба ........
"Водник" пристань поселкасы ........ 133
Хожели қаласындағы дәслепки санаат кәрханасы ........ 137
Хожели пахта тазалаў заводы ........ 137
Хожелиде шийше ислеп шығарыў заводы ........ 141
Тақыятас қаласы тарийхы ........ 141
Хожелиден ҳажы сапарына барғанлар дизими ........ 147
XVI — XIX әсирдеги қарақалпақ қалалары ........ 172
Хожелинин аўыллары ........ 149
Хожели базары ........ 152
Елдиң атын ер шығарады ........ 157
Хожели жылнамасында из қалдырған белгили инсанлар (IX-XXI әсирлер) ........ 158
Қосымша кестелер ........ 170